

# M ap li nèt ale

1<sup>e</sup> A.F.

Gid Mèt la

Premye Ane Fondamantal

Tòm 1



# Kreyòl

Leson 1 a 35

# M ap li nèt ale

Gid Mèt la, 1<sup>e</sup> A.F.

2018

# Kreyòl

# M ap li nèt ale

Premye Ane Fondamantal (1<sup>e</sup> A.F.)

## Gid Mèt la

### Tòm I

Leson 1 a 37

**Materyèl pou eksperimantasyon**

2018



**USAID**  
ÈD PÈP AMERIKEN

## Prezantasyon

Paj prezantasyon sa a se pou tout pwofesè ak lòt moun ki pral sèvi ak materyèl : « **M ap li nèt ale** » yo.

Metòd « **M ap li nèt ale** » a fonksyone ak twa materyèl : **Gid mèt la, liv elèv la ak kaye egzèsis elèv la**. Materyèl sa yo fèt nan lide pou ede ak fasilite pwofesè yo nan ansèyman ak aprantisaj kreyòl la ki se lang tout ayisyen. Aprè plizyè remak ak kòmantè ki te fèt sou metòd « **M ap li nèt ale** » lekòl yo t ap itilize nan ane anvan yo, Ministè a, atravè **Inite Devlopman Konpetans Lektik Ekritik ak Matematik (IDKLEM)**, deside pote kèk chanjman enpòtan nan **leson ki nan gid mèt la**.

Chanjman ki fèt nan gid mèt la pral rann pwofesè yo pi efikas nan ansèyman lang kreyòl la. Sa ap pèmèt elèv yo aprann pi byen tou. Nan revizyon ki fèt yo, nou fè anpil efò pou nou konsidere tout remak pwofesè yo, direktè yo ak tout lòt aktè k ap itilize materyèl yo, yon fason pou nou amelyore kalite yo.

Modifikasyon ki fèt nan gid mèt la, konsène : **estrikti aktivite ki nan leson yo, konsiy ki nan ikòn bouch ak nyaj yo, epi kantite tan pou pwofesè a fè leson yo**.

## Tan leson an

Pou chak leson ki genyen nan gid la, nou endike ki kantite tan yon pwofesè dwe pran lè l ap fè aktivite yo. Sa ap pèmèt pwofesè a adapte leson yo selon klas li gen devan li a epi respekte orè ak objektif li gen pou l suiv yo. Nan chanjman ki fèt yo, kèk fwa, pwofesè a gen plis posibilite pou li chwazi aktivite li plis bezwen nan leson li ap travay ak elèv yo. Gen plis aktivite ekritik nou ajoute nan leson yo, yon fason pou devlope konpetans elèv yo nan ekritik.

## Estrikti leson an

Pou chak leson, nou rasanble aktivite yo an 9 blòk, tankou :

**1- Mizantren**

**2- An nou jwe ak imaj**

**3- Konsyans fonemik**

**4- Rekonèt lèt yo**

**5- Lektik (lèt, mo ak fraz)**

**6- Ekritik (lèt, mo ak fraz)**

## 7- Vokabilè

## 8- Konprann istwa

## 9- Evalyasyon ak yon blòk aktivite pratik oubyen ekriti ki nan fen chak leson.

Sa pèmèt yon pi bon pwogresyon nan leson yo. Sa pèmèt tou elèv yo patisipe plis nan travay k ap fèt nan klas la. Sa fè aktivite yo vin plis santre sou elèv yo. Pou fasilite koreksyon egzèsis yo, nou bay plis posibilite pou elèv yo pale, poze kesyon, bay opinyon yo, sou travay yon lòt elèv yo anvan pwofesè a fè entèvansyon pa li. Sa fasilite elèv yo dekouvri pi vit ak pi fasil erè yo fè nan yon egzèsis, epi korije yo ansanm. Pou nou fini, nou ajoute kèk repons posib ki ap sèvi kòm modèl pou pwofesè a ede elèv yo lè y ap reponn yon kesyon. Sa ede elèv yo fòme bon fraz lè y ap reponn kesyon epi bay repons ki pi konplèks menm jan ak modèl repons posib yo.

## Konsiy ki nan ikòn bouch ak nyaj

Gen chanjman ki fèt nan konsiy ikòn bouch ak nyaj yo. Nou bay anpil priyorite ak konsiy ikòn bouch yo, epi nou diminye konsiy ikòn nyaj ki repete anpil yo pou pwofesè yo pa twouble. Chanjman ki fèt nan konsiy yo vin pi senp, pi klè, pi fasil pou elèv yo konprann ak aplike.

## Kantite tan pou pwofesè a pran nan leson yo

Pou nou fasilite elèv yo aprann pi byen, **nou bay posibilite pou pwofesè a fè leson yo an 2 pati pandan jounen an.** Pwofesè a ka fè yon premye pati anvan rekreyasyon, epi fè dezyèm pati a aprè rekreyasyon. Pou sa rive posib, nou ajoute yon aktivite revèy pou separe 2 pati yo.

- **Premye pati a ap soti nan mizantren an pou l rive nan aktivite ki anvan revèy la.**
- **Dezyèm pati a ap kòmanse nan aktivite revèy la pou l rive nan fen leson an.**



# Tablo leson

MEDGRAFIK

Paj

7	Leson oryantasyon 1
10	Leson oryantasyon 2
14	Leson oryantasyon 3
17	Leson oryantasyon 4
20	Leson oryantasyon 5
24	Leson oryantasyon 6
27	Leson oryantasyon 7
30	Leson oryantasyon 8
33	Leson oryantasyon 9
36	Leson oryantasyon 10
40	Leson oryantasyon 11
43	Leson oryantasyon 12
46	Leson oryantasyon 13
49	Leson oryantasyon 14
52	Leson oryantasyon 15
55	Leson oryantasyon 16
58	Leson oryantasyon 17
61	Leson oryantasyon 18
64	Leson oryantasyon 19
67	Leson oryantasyon 20

Paj

69	Leson 1 a
78	Leson 2 A
86	Leson 3 l L
95	Leson 4 L
103	Leson 5 a, A, l , L
107	Leson 6 i
116	Leson 7 I
124	Leson 8 p
133	Leson 9 P
141	Leson 10 Revizyon i, I, p, P
146	Leson 11 e
155	Leson 12 E
162	Leson 13 n
171	Leson 14 N
178	Leson 15 Revizyon e,E,n,N
184	Leson 16 m
193	Leson 17 M
201	Leson 18 an
210	Leson 19 AN
217	Leson 20 Revizyon m, M, an, AN

222	Leson 21 t
230	Leson 22 T
238	Leson 23 pl
242	Leson 24 Revizyon n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl
247	Leson 25 Revizyon a, A, i, I, e, E, pl
252	Leson 26 Revizyon i, I, p, P, an, t, T, l, L, pl
257	Leson 27 Revizyon
261	Leson 28 o
269	Leson 29 O
276	Leson 30 ou
284	Leson 31 OU
290	Leson 32 Revizyon o, O ou, OU
296	Leson 33 s
304	Leson 34 S
311	Leson 35 è
319	Leson 36 È
326	Leson 37 Revizyon s, S, è, È



# Leson oryantasyon 1


## Objektif:

- Prezante tèt ou.
- Prezante lòt moun.
- Fè konesans ak lòt moun.


## Materyèl:

liv lekti paj 6, kreyon, gòm, Kaye egzèsis paj 6.

## Entwodiksyon


-  Anvan elèv yo sèvi ak kaye egzèsis yo, pwofesè a ap ekri non tout elèv yo nan kaye yo avèk lèt enprimri. L ap ekri non yo byen gwo. L ap mete premye lèt non an ak premye lèt siyati a an majiskil.






## Konsiy pou pwofesè respekte nan dewoulman leson yo

-  Men kèk konsiy pwofesè a dwe aplike nan dewoulman leson yo:
  - Mande elèv yo leve men yo pou pran lapawòl.
  - Mande elèv yo fè silans, lè yon kamarad nan klas la ap pale.
  - Ankouraje elèv yo fè fraz konplèt lè yo ap reponn yon kesyon.
  - Ankouraje elèv yo patisipe nan tout aktivite k ap fèt nan klas la.
  - Pase verifye travay elèv yo ap fè nan gwoup.
  - Ankouraje, felisite elèv yo lè yo fè yon bon aksyon.
  - Ankadre epi korije elèv yo lè li nesèsè.
  - Toujou chwazi elèv ki fè egzèsis byen kòm modèl lè w ap fè koreksyon yo.
  - Itilize tablo lèt la pou ede elèv yo lè yo genyen difikilte pou yo fòme oubyen li yon silab ak yon mo.
  - Fè elèv yo idantifye imaj ki anba paj kaye egzèsis la pou yo ka jwenn paj la pi vit.
  - Toujou kopye lekti an etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li selon leson w ap wè a.



## Aktivite 1 Prezantasyon pou fè konesans. (30 mn)

### 1.- Prezante tèt ou (10 mn)




-  Lè w ap fè aktivite sa a montre elèv yo imaj ki nan liv lekti a nan paj 6 la.
-  Kounye a, nou pral aprann prezante tèt nou. Dabò n ap di non nou, answit n ap di siyati nou.
-  Prezante tèt ou pou tout klas la. Epi chwazi kèk elèv pou suiv prezantasyon w lan. Toujou bay vrè non ou ak siyati w lè w ap fè prezantasyon an epi fè jès la ak men w pou elèv yo.
-  Mwen rele *Non ak siyati*, Non mwen se (.....) Siyati mwen se (.....)
-  Repete prezantasyon an 2 fwa pou elèv ka byen konprann. Epi, fè aktivite a ak tout klas la.


### 2. Prezante tèt ou ak yon aktivite w renmen fè (10 minit)

-  Lè w ap fè aktivite sa a montre elèv yo imaj ki nan liv lekti a nan paj 6 la.
-  Kounye a, nou pral prezante tèt nou ak yon aktivite nou renmen fè.

Dabò n ap di non, answit n ap di siyati nou epi n ap di yon aktivite nou renmen fè.

 Fè yon egzanp pou tout klas la. Epi chwazi kèk elèv pou suiv egzanp ou a. Toujou bay vrè non ou ak siyati w epi di aktivite ou renmen fè. Pa bliye fè jès lè w ap fè prezantasyon an pou tout elèv yo.


- ☞ **Mwen rele (Non ak siyati), mwen renmen plante pyebwa,**  
(1) Mwen rele (Non ak siyati), mwen renmen gade televizyon.

 Fè egzanp lan 2 fwa pou elèv yo ka byen konprann. Epi, fè aktivite a ak tout klas la.


### 3.- Fè konesans ak lòt moun (10 minit)

 Lè w ap fè aktivite sa montre elèv yo imaj ki nan liv lekti a ki nan paj 6 la.

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann fè konesans youn ak lòt.**

 Chwazi 5 elèv, fè yo kanpe devan klas la an liy. Fè yo bay klas la fas yo pou youn prezante tèt li bay lòt kamarad li a. Chak elèv ap di non li, siyati li ak yon fwi li renmen. Fè yon egzanp pou tout klas la ak plizyè elèv. Pa bliye, toujou fè jès yo lè w ap fè egzèsis la.

- ☞ **Mwen pral fè yon egzanp pou nou. Se pou nou gade byen pou nou ka fè aktivite a menm jan avèk mwen. Mwen pral di non mwen, siyati mwen ak yon fwi mwen renmen. M ap gade elèv ki bò kote m nan, m ap di l : « E ou menm, kijan w rele » ? Elèv la ap di non li, siyati li ak yon fwi li renmen. Tout elèv yo ap fè menm jan jouk rive nan denye elèv la. Nou konprann?**


 Fè egzanp lan 2 fwa pou elèv yo ka byen konprann. Fè aktivite a ak tout klas la. Epi mande chak elèv pou yo fè konesans ak elèv ki bò kote li a.

(1) Mwen rele (Non ak siyati), mwen renmen mango. E ou menm kijan w rele ?

(2) Mwen rele (Non ak siyati), mwen renmen zoranj. E ou menm kijan w rele (Lòt elèv ki vini apre a) ?

## Aktivite Revèy


- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon jwèt ki rele « tik, tak, boum ». Koute byen mwen pral eksplike nou kijan n ap fè jwèt la. Mwen pral bay premye elèv ki nan premye ranje ban an yon kreyon. Kou li tandè mwen kòmanse di: tik, tak, tik, tak,..... Li ap pase kreyon bay elèv ki bò kote li a. Lè mwen di : Boum! Nan men elèv kreyon an ye a, li ap di non ak siyati elèv ki te ba li kreyon an.**

 Fè yon egzanp ak premye ranje ban an pou elèv yo ka pi byen konprann jwèt la. Si klas la gen anpil elèv, chwazi kèk ranje ban pou fè aktivite a. Si pa gen anpil elèv, fè aktivite ak tout klas la.

## Aktivite 2 Prezante yon lòt moun ak sa li renmen (10 mn)

 Lè w ap fè aktivite sa a montre elèv yo imaj ki nan liv lekti a nan paj 6 la.


- ☞ **Kounye a, nou pral aprann prezante yon lòt moun.**

 Mete elèv yo 2 pa 2. Fè elèv yo prezante yo youn ak lòt. Chak elèv ap di non li, siyati ak yon jwèt li renmen fè. Epi youn ap prezante lòt bay klas la.

Sonje fè jès yo pou elèv yo epi mande yo pou yo fè menm jès avè w.

(1) Mwen rele (Non ak siyati), mwen renmen jwe marèl.


(2) Mwen rele (Non ak siyati), mwen renmen jwe boul.





 Fè egzanj lan 2 fwa pou elèv yo ka byen konprann. Sonje felisite elèv yo lè yo ap fè aktivite a.

**Egzanj :**



**Bravo, felisitasyon, trè byen, nou te byen travay, kontinye konsa.**

### Aktivite 3 Idantifye kaye egzèsis (10 mn)



- ☞ **Kounye a, nou pral aprann idantifye kaye egzèsis nou. Paske chak elèv nan klas la ap genyen yon kaye egzèsis pou yo ka travay pandan tout ane a. Men kijan chak elèv pral idantifye kaye egzèsis li a.**
  -  Bay chak elèv nan klas la yon kaye egzèsis. Mete kaye a sou ban an devan elèv yo. Kanpe yon kote nan klas la pou tout elèv yo ka wè w, ouvri kaye a anfas elèv yo, epi mete dwèt ou nan paj 6 ki genyen egzèsis elèv yo pral fè a.
- ☞ **Tout elèv ouvri kaye egzèsis nou nan menm paj avèk mwen. Gade byen sou ki egzèsis mwen mete dwèt mwen.**
  -  Pase verifye si tout elèv yo mete dwèt yo sou menm egzèsis avèk ou. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou li mete dwèt li sou bon paj 6 la, fè elèv ki bò kote l la ede li jwenn paj la.
- ☞ **Nou pral fè yon desen nou pi renmen nan ti kare blan an. Nou ka fè nenpòt desen nou vle, men fòk desen an pa sanble ak desen kamarad ki bò kote w la. Nou konprann?**
  -  Pase verifye si elèv yo ap fè desen an nan ti kare ou montre yo nan kaye egzèsis la. Apre sa mande yo pou yo fè menm desen an pi gwo nan gwo kare ki nan paj 6 nan kaye egzèsis la. Fè menm jan pou w montre yo paj 6 ki genyen gwo kare a.
- ☞ **Kounye a, nou pral refè menm desen an pi gwo. Gade byen gwo kare kote mwen mete dwèt mwen an. Refè menm desen ou te fè avan an pi gwo.**
  -  Pase verifye si elèv yo ap fè desen an nan gwo kare ki nan paj 6 la nan kaye egzèsis la.
- ☞ **Sonje desen nou fè a byen, paske se avèk desen sa nou pral rekonèt kaye egzèsis nou an.**

### Aktivite 4 Evalyasyon (3 mn)

- ☞ **An nou revize tout sa nou te aprann jodi a.**
  -  Chwazi 3 elèv (fi ak gason) epi mande yo youn apre lòt:
- ☞ **Di mwen non ak siyati elèv ki chita bò kote w la ak sa li renmen ?**
  -  Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou yo di youn apre lòt ki desen yo te fè nan kaye yo.
- ☞ **Kisa ou te desine nan kaye egzèsis ou a ?**

# Leson oryantasyon 2

## Objektif:

- Idantifye epi site non chak dwèt men nou.
- Aprann sèvi ak kaye epi liv nou byen.
- Aprann kenbe kreyon ak plim nou pou ekri.
- Aprann kòman pou chita pou ka ekri byen.

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 7, liv lekti paj 7, kreyon, gòm

## Aktivite 1 Idantifye chak dwèt men nou (12 mn)

### Aprann non chak dwèt men nou

- ☞ Kounye a, nou pral idantifye epi aprann non chak dwèt nou genyen nan men nou.

Èske genyen kèk elèv nan klas la ki ka site non chak dwèt men yo? Montre klas la chak dwèt ou yo epi site yo.

☞ Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pami sa ki leve men yo, pou yo montre epi site non chak dwèt men yo. Bay elèv yo 1 minit pou reponn. Felisite epi ankouraje elèv yo.

- ☞ N ap kontinye ak aktivite a pou tout elèv kapab rive idantifye epi site non chak dwèt nou genyen nan men nou.

☞ Trase desen men dwat ou sou tablo a byen pou elèv yo ka wè imaj chak dwèt ou.

- ☞ Kiyès ki ka fè desen men li menm jan ak imaj la avèk mwen sou tablo a?

☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pami elèv ki leve men yo, pou yo vin fè desen an. Epi mande elèv yo pou yo fè li nan kaye bouyon yo. Pase verifye si elèv fè desen an nan kaye yo. Bay elèv 1 minit pou yo fè desen an menm jan ak desen ki sou tablo a. Epi di :

- ☞ Gade desen men nou te fè sou tablo a ak nan kaye nou a byen. Mwen pral touche epi di non chak dwèt yo pou nou, gade byen chak dwèt m ap touche ak non yo.

☞ Touche dwèt yo epi di non yo dousman pou elèv yo ka idantifye yo.

- ☞ Kounye a, nou pral touche epi di non dwèt yo ansanm avèk mwen.

☞ Mande elèv yo pou yo touche nan kaye bouyon yo menm dwèt ak sa w ap touche sou tablo a.

- ☞ Kounye a, nou pral di non chak dwèt men nou pou kont nou. Dabò n ap sèvi ak desen ki nan paj 7 kaye egzèsis la. Mete nenpòt dwèt nou sou desen kote ki genyen plat men an. Site epi touche non chak dwèt nou wè yo.


☞ Vire kaye egzèsis la anfas elèv yo pou yo ka wè kote ou mete dwèt ou. Epi verifye si tout elèv mete dwèt yo sou bon imaj ki nan paj 7 la.

- ☞ Kounye a, nou pral di non chak dwèt men nou pou kont nou. Fwa sa a, se avèk men nou n ap sèvi pou nou fè sa.

☞ Fè yon egzàn pou elèv yo, chwazi plizyè elèv pou yo montre epi di non chak dwèt men yo. Poze kèk lòt elèv kesyon sa yo :


- ☞ Montre klas la lendèks nou. Montre klas la dwèt pous nou. Montre klas la orikilè nou...

☞ Verifye si elèv yo montre dwèt ou mande yo. Si gen yon elèv ki genyen difikilte fè yon lòt elèv ede li. Epi korije ansanm ak tout klas la.



## Aktivite 2 Sèvi ak liv ak kaye nou byen (10 mn)

### Aprann fason pou nou vire paj liv nou ak kaye nou.



- Ranje yon ban oubyen yon tab ak yon chèz devan klas la. Mete yon liv sou tab la oubyen sou ban an pou elèv yo ka fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann fason pou nou vire paj liv nou.**
  - Bay chak elèv nan klas yon liv lekti. Epi Kanpe yon kote nan klas la pou tout elèv yo ka wè ou. Vire paj liv la anfas elèv yo epi mete dwèt ou sou imaj ou vle elèv yo gade a ki nan paj 7 la.*
  - ☞ **Pran liv lekti a, ouvè li nan paj kote mwen mete dwèt mwen sou imaj la. Nou tout mete dwèt nou sou imaj la. Gade imaj la byen, paske mwen pral poze nou kèk kesyon sou li.**
    - Verifye si tout elèv yo nan paj 7 nan liv lekti a kote w mete dwèt ou sou imaj la.*
    - ☞ **Kisa nou wè nan imaj la ? Kòman li kenbe fèy la ? Kijan li vire paj liv la ?**
      - Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pou eseye fè mouvman li wè ki fèt nan liv la.*
      - ☞ **Nou pral fè aktivite pratik sou imaj nou sot wè a. Sa vle di, nou pral fè menm mouvman ak imaj nou sot wè nan liv la. Nou konprann ! Nou pare ?**
        - Chwazi plizyè elèv (fi ak gason) nan sa ki leve men yo nan klas la pou fè aktivite a. Si gen yon elèv ki fè li byen, mande l pou l eksplike lòt elèv yo jan li fè pou l vire paj liv la. Si pa gen youn ki fè l byen, fè mouvman ansanm ak tout elèv yo. Epi fè yo fè l pou kont yo.*
        - ☞ **Mwen pral fè yon egzanp pou nou gade byen, paske mwen pral mande nou pou nou fè menm aktivite sa pou kont nou. Aktivite sa a pral ede nou konnen kòman pou nou pwoteje liv nou. Paske liv enpòtan anpil epi yo koute chè. Fòk nou pwoteje yo, pou yon lòt elèv ka sèvi avèk yo ankò.**
          - Fè aktivite a 3 fwa : premye fwa a, fè li pou kont ou pandan elèv yo ap suiv sa w ap fè a. Dezyèm fwa a, fè elèv yo fè l ansanm avèk ou. Twazyèm fwa a, fè yo fè l pou kont yo. Pase verifye si tout elèv yo ap vire paj liv yo byen.*
          - ☞ **Kiyès ki ka vin vire paj liv ki sou tab la (oubyen sou ban an) pou klas la ?**
            - Verifye si elèv yo fè aktivite a byen. Ankouraje tout elèv ki te pase devan pou yo fè aktivite a epi felisite tout elèv ki fè l byen.*


**Egzanp :**

**Bravo, felisitasyon, trè byen, ou te byen travay, kontinye konsa.**

## Aktivite Revèy (3 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral fè jwèt ki rele « tik, tak, boum ». Koute byen mwen pral eksplike nou kijan n ap fè jwèt la. Mwen pral bay premye elèv ki nan premye ranje ban an yon kreyon. Kou li tandè mwen kòmanse di: tik, tak, tik, tak,..... L ap pase kreyon bay elèv ki bò kote li a. Lè mwen di : Boum! Nan men elèv kreyon an ye a, l ap pran yon liv epi li ap vire paj yo byen pou klas la menm jan ak aktivite nou sòt fè a.**
  - Fè yon egzanp ak premye ranje ban pou elèv yo ka pi byen konprann jwèt la. Si klas la gen anpil elèv, chwazi kèk ranje ban pou fè aktivite a. Si pa gen anpil elèv, fè aktivite ak tout klas la.*

### Aktivite 3 Fason pou nou kenbe kreyon ak plim pou nou ekri




#### Aprann kenbe kreyon ak plim pou ekri

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann fason pou nou kenbe kreyon ak plim pou nou ekri.**
  - ☞ *Kanpe yon kote nan klas la pou tout elèv yo ka wè liv lekti a nan men w. Vire liv la anfas elèv yo epi mete dwèt ou sou imaj ou vle elèv yo gade a ki nan paj 7 la.*
- ☞ **Ouvè liv lekti a nan paj kote mwen mete dwèt mwen an, gade byen. Tout elèv mete dwèt nou sou imaj la. Gade imaj la byen paske mwen pral poze nou kèk kesyon sou li.**
  - ☞ *Verifye si tout elèv yo nan paj 7 la kote ki genyen imaj la.*
- ☞ **Ki premye jès nou wè ki fèt. Kòman nou wè li fèt ? Eseye fè menm jès la ak men nou ?**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pou eseye fè jès li wè ki fèt nan liv lekti a ki nan paj 7 la. Epi fè menm jan pou tout lòt jès ki fèt yo.*
- ☞ **Nou pral fè aktivite pratik sou imaj nou sot wè a. Sa vle di , nou pral fè menm mouvman ak imaj nou sot wè nan liv la. Nou konprann ! Nou pare ?**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv (fi ak gason) nan sa ki leve men yo nan klas pou fè aktivite a. Si gen yon elèv ki fè li byen, mande l pou l eksplike lòt elèv yo jan li fè pou li kenbe kreyon li byen. Si pa gen youn ki fè l byen, fè mouvman ansanm ak tout elèv yo. Epi fè yo fè l pou kont yo.*
- ☞ **Mwen pral fè yon egzanp, gade byen, paske mwen pral mande nou pou nou fè menm aktivite a pou kont nou. Aktivite sa a pral ede nou konnen kòman pou nou kenbe kreyon ak plim lè nou ap ekri nan kaye nou.**
  - ☞ *Fè aktivite a 3 fwa : premye fwa a, fè li pou kont ou pandan elèv yo ap suiv sa w ap fè a. Dezyèm fwa a, fè elèv yo fè l ansanm avèk ou. Twazyèm fwa a, fè yo fè l pou kont yo. Pase verifye si elèv yo ap kenbe kreyon yo byen.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin kenbe yon kreyon pou klas la?**
  - ☞ *Verifye si elèv yo fè aktivite a. Ankouraje tout elèv ki te pase devan pou yo fè aktivite a epi felisite yo.*



### Aktivite 4 Fason pou nou chita byen pou nou ekri. (12 mn)



- ☞ *Ranje yon ban oubyen yon tab ak yon chèz devan klas la. Mete yon kaye ak yon kreyon sou tab la oubyen sou ban an pou elèv yo ka fè egzèsis la byen.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann fason pou nou chita pou nou ekri byen.**
  - ☞ *Kanpe yon kote nan klas la pou tout elèv yo ka wè liv lekti a nan men ou. Vire paj liv la anfas elèv yo epi mete dwèt ou sou imaj ou vle yo gade a ki nan paj 7 la.*
- ☞ **Ouvè liv lekti a nan paj kote ki gen imaj mwen mete dwèt mwen an. Tout elèv mete dwèt nou sou imaj sa a. Gade imaj la byen paske mwen pral poze nou kèk kesyon sou li.**
  - ☞ *Verifye si tout elèv yo nan paj 7 kote ki genyen imaj la.*
- ☞ **Ki jan elèv la chita?**
  - (1) Li chita dwat sou chèz la.
- ☞ **Ki jan nou wè 2 pye li yo?**
  - (2) Pye li depoze atè plat.
- ☞ **Ki jan nou wè 2 men li yo? Poukisa?**


**Repons posib :**

(3) Li depoze 2 men li sou tab la. (4) Li depoze 2 men li sou kaye a. (5) Li depoze 2 men li sou tab la. (6) 2 men li byen depoze sou tab la epi sou kaye a jis rive nan koud li. (7) Pou li ka ekri byen.


**☺ Ki sa li kenbe nan men li?**

**Repons posib :**


(8) Li kenbe yon kreyon nan men dwat li. (9) Li kenbe yon plim nan men dwat li

 *Chwazi 5 fi ak 5 gason pou eseye fè mouvman yo wè ki fèt nan imaj ki nan liv la nan paj 7 la.*

**☺ Nou pral fè aktivite pratik sou imaj nou sot wè a. Sa vle di , nou pral fè menm mouvman ak imaj nou sot wè nan liv la. Nou konprann ? Nou pare ?**

 *Chwazi 5 lòt fi ak 5 gason nan sa ki leve men yo pou fè aktivite a. Si gen yon elèv ki fè li byen, mande li pou li eksplike lòt elèv yo jan li fè pou li chita byen. Si pa gen youn ki fè li byen, fè mouvman ansanm ak tout elèv yo. Epi fè yo fè li pou kont yo.*

**☺ Mwen pral fè yon egzanp, gade byen, pou nou fè menm aktivite a pou kont nou. Aktivite sa a pral ede nou konnen kòman pou nou chita pou nou ka ekri byen.**

 *Toujou sonje fè aktivite a 3 fwa. Pase verifye si elèv yo chita byen.*

**☺ Kiyès ki ka pase devan pou vin chita byen pou klas la ?**

 *Verifye si elèv yo ap fè aktivite a. Ankouraje tout elèv ki te pase devan pou fè aktivite a epi felisite yo.*

**☺ Lè nou ap ekri, chita dwat, pa panche ni agoch, ni adwat, mete 2 pye nou plat atè, mete 2 men nou sou ban an jis rive nan koud nou.**

# Leson oryantasyon 3

## Objektif:


Rekonèt men dwat, men goch.  
Rekonèt pozisyon bò dwat ak bò goch

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 8, kreyon, gòm, twal nwa, twal blan, afich alfabè kreyòl.




### Aktivite 1 Mizantren (3-4 mn)

#### Rapèl




-  *Chwazi kèk elèv (fi ak gason) nan klas la pou vin montre kòman pou kenbe kreyon epi kijan pou chita sou ban pou ka ekri byen.*
- ☞ **Nan leson jodi a nou pral rekonèt men dwat ak men goch nou.**

### Aktivite 2 Rekonèt pozisyon (12-15 mn)


#### 1 Rekonèt men dwat ak men goch

- ☞ **Kounye a, nou pral rekonèt men dwat ak men goch nou. Èske gen kèk elèv nan klas la ki konnen men dwat yo ak men goch yo? Èske nou ka montre klas la men dwat ak men goch nou?**
-  *Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pami sa ki leve men yo, pou yo vin montre klas la men dwat yo ak men goch yo. Bay elèv 1 minit pou yo reponn. Felisite epi ankourage elèv yo.*
- ☞ **N ap kontinye ak aktivite a pou tout elèv kapab rive rekonèt men dwat yo ak men goch yo.**
-  *“Mare yon moso twal nwa nan men dwat ou epi yon moso twal blan nan men goch ou. Bay elèv yo fas ou epi leve 2 men ou yo anlè pou tout elèv yo wè”.*
- ☞ **Gade 2 men mwen yo byen. Kisa nou wè nan chak men mwen yo?**
-  *Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an.*

#### Repons posib

- (1) Gen yon men ki genyen yon twal blan. (2) Gen yon lòt men ki genyen yon twal nwa.
- ☞ **Men nou wè ki genyen twal nwa a se men dwat mwen. Epi men nou wè ki genyen twal blan an se men goch mwen.**
  -  *Nan yon premye tan bay elèv yo fas ou. Mande yo montre men dwat ou ak men goch ou.*
  - ☞ **Kiyès ki ka montre m men dwat mwen ak men goch mwen?**
  -  *Bay klas do w pou yo ka montre men goch ak men dwat.*
  - ☞ **Kiyès ki ka montre m men dwat mwen ak men goch mwen?**
  -  *Pran repons elèv yo, bay yo 1 minit pou yo reponn. Chwazi lòt elèv ki poko patisipe.*
  - ☞ **Lè mwen bay tablo a fas mwen, nou wè men dwat ak men goch mwen nan menm pozisyon ak men nou. Lè mwen bay tablo a do, men dwat mwen ak men goch mwen pa nan menm pozisyon ak men nou.**




 Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pou vin montre men goch yo ak men dwat yo devan klas la. Fè yo bay klas la fas yo epi do yo pou montre men goch ak men dwat yo.

☞ Kiyès ki ka vin montre klas la men goch li ak men dwat li ?


## Aktivite Revèy (3 mn)

☞ Kounye a, nou pral fè jwèt ki rele « tik, tak, boum ». koute byen mwen pral eksplike nou kijan n ap fè jwèt la. Mwen pral bay premye elèv ki nan premye ranje ban yon plim. Kou li tandè mwen kòmanse di: tik, tak, tik, tak,..... L ap pase plim nan bay elèv ki bò kote li a. Lè mwen di : Boum! Nan men elèv plim nan ye a, l ap touche men dwat ak men goch elèv ki ba li plim nan.


 Fè yon egzanp ak premye ranje ban pou elèv yo ka pi byen konprann jwèt la. Si klas la gen anpil elèv, chwazi kèk ranje ban pou fè aktivite a. Si pa gen anpil elèv, fè aktivite ak tout klas la.

## Aktivite 3 Rekonèt pozisyon (10 mn)


### Egzèsis # 1

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye a an fas klas la, epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè egzèsis w ap fè a.

☞ Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye a. Ouvri kaye nan paj 8 epi mete dwèt nou sou menm imaj avèk mwen. Gade byen sa m ap fè pou nou ka fè menm jan avèk mwen.


 Bay klas la fas ou, ouvri kaye egzèsis la nan paj 8 la. Mete dwèt ou sou premye imaj la pou tout elèv yo wè li. Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon egzèsis la.

☞ Gade imaj la byen, fè yon wonn sou men dwat tifi a, fè yon kwa sou men goch li.


 Fè modèl kwa a ak wonn nan sou tablo a pou elèv yo. Verifye si elèv yo fè egzèsis la byen.



### Egzèsis # 2

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou li fè.

☞ Kounye a, nou pral fè egzèsis sa a pou nou ka montre bò dwat ak bò goch yon moun.


 Toujou rete nan paj 8 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou dezyèm imaj ki nan menm paj la. Epi verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon egzèsis la.

☞ Gade imaj la byen epi fè yon kwa sou objè ki sou bò dwat tifi a epi fè yon wonn sou objè ki sou bò goch li a.

 Verifye si elèv yo fè egzèsis la byen epi korije ak tout klas la.






## Aktivite 4 Chante alfabè kreyòl la pou nou aprann non lèt yo (5mn)


 Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich. Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si w genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.

☞ Kounye a, nou pral aprann chante alfabè kreyòl la. Tandè mizik la byen

**pou nou ka chante l ansanm avèk mwen. Nou konprann !**

-  *Pase chante alfabè kreyòl la pou elèv yo plizyè fwa. Chante l pou elèv yo ak rit mizik la epi touche chak lèt w ap chante pou elèv yo. Fè elèv yo repete chak lèt yo nan bon ton ak bon rit mizik la pou yo ka byen konnen chan an.*
-  *Fè elèv yo aprann 3 oubyen 4 lèt chak jou, jiskaske li fin konnen chan an. Si genyen kèk elèv ki konnen chante a anvan lòt yo, fè yo ede lòt elèv yo aprann chante a.*
- ☞ **a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, l, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z**
-  *Sonje mete anpil aksan sou lèt yo ak elèv yo chak jou jiskaske yo fin konn tout chante a. Felisite tout elèv ki patisipe nan aktivite a.*

**Aktivite 5 Evalyasyon (5 minit)**

- ☞ **N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.**
-  *Mande elèv yo pou montre men goch ak men dwat yo. Epi pou di non elèv ki sou bò goch ak bò dwat yo.*

# Leson oryantasyon 4

## Objektif:


Rekonèt pozisyon: devan, dèyè, sou kote, nan mitan  
Rekonèt pozisyon: sou, anlè, anba

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 9, kreyon, gòm, afich alfabè a




### Aktivite 1 Mizantren (3-4 mn)

#### Rapèl


-  Chwazi kèk elèv (fi ak gason) nan klas la pou montre men dwat ak men goch yo. Fè yo montre yon objè ki nan bò dwat ak bò goch yo. Epi fè yo raple ou non lèt yo te chante nan alfabè a.
- ☞ Nan leson jodi a nou pral rekonèt pozisyon devan, dèyè, sou kote, nan mitan, sou, anlè, anba.

### Aktivite 2 Rekonèt pozisyon (12-15 mn)

#### Rekonèt pozisyon Devan, dèyè, sou kote, nan mitan

- ☞ Kounye a, nou pral aprann pozisyon moun, bèt ak objè nan lespas tank-ou, devan, deyè, sou kote, nan mitan. Èske gen kèk elèv nan klas la ki ka montre ak men li pozisyon devan ?
  -  Fè aktivite a ak tout klas la epi kontinye menm jan an pou pozisyon dèyè, sou kote, ak nan mitan.
- ☞ N ap kontinye ak aktivite a pou tout elèv yo kapab rive rekonèt pozisyon yo san difikilte.
  -  Mete 1 elèv devan klas la. Jwenn 4 objè nan klas la, pa egzanp : Tab, chèz, kreyon, kaye, epi mete chak objè sa yo nan youn nan pozisyon sa yo "Devan, dèyè, sou kote, nan mitan". Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou poze kesyon. Bay 1 minit pou yo reponn 4 kesyon yo.
- ☞ Ki bò tab la ye ? Ki bò chèz la ye ? Ki bò kreyon an ye ? Ki bò kaye a ye ? Ki bò elèv la ye ?
  -  Si gen kèk elèv ki gen difikilte pou yo jwenn repons lan, chwazi lòt elèv ki ka reponn byen pou ede elèv ki genyen difikilte yo. Korije ansanm ak elèv yo. Eksplike klas la, sou kote se pozisyon ki kapab agoch oubyen adwat yon moun, yon bèt ak yon objè.
- ☞ Mèsi paske nou te patisipe nan aktivite a.

### Aktivite Revèy (2-3 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè jwèt ki rele « tik, tak, boum ». Koute byen, mwen pral eksplike nou kijan n ap fè jwèt la. Mwen pral bay premye elèv ki nan premye ranje ban an yon moso lakrè. Lè mwen di: tik, tak, tik, tak,... l ap pase lakrè a bay elèv ki sou kote li a san rete. Lè mwen di : Boum! Nan men elèv lakrè a ye a, l ap fè sa mwen mande l pou l fè a.
  -  Ou ka mande yo: ki elèv ki sou kote goch yo a. Touche elèv ki sou kote dwat ou a. Pran liv lekti w la mete li devan ou. Pran kreyon w lan mete li deyè w. Ou kapab mande elèv yo pou yo fè lòt aksyon tou pou fini jwèt la, pa egzanp

« devan, dèyè ». Fè yon modèl ak premye ranje ban an pou elèv yo ka pi byen konprann jwèt la. Si klas la gen anpil elèv, chwazi kèk ranje ban pou fè aktivite a. Si pa gen anpil elèv, fè aktivite a ak tout klas la.

### Aktivite 3 Rekonèt pozisyon sou, anlè, anba (12-15 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann pozisyon moun, bèt ak objè nan lespas tankou, sou, anlè anba. Èske gen kèk elèv nan klas la ki ka montre ak men li pozisyon "sou" ?
  - ☞ Fè aktivite a ak tout klas la epi kontinye menm jan an pou pozisyon sou, anlè, anba.
- ☞ N ap kontinye ak aktivite a pou tout elèv kapab rive idantifye pozisyon yo san difikilte.
  - ☞ Premyeman mete men w plat sou ban an. Dezyèmman mete men ou anba ban an. Twazyèmman mete men ou anlè, Epi poze menm kesyon an chak fwa ou chanje men w pozisyon.
- ☞ Gade byen jès mwen fè a, pou nou ka fè menm jès la, pou nou ka reponn kesyon sa yo. Nou konprann? Ki kote nou wè mwen mete men m ?
  - ☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn. Pran tout repons elèv yo bay pou chak pozisyon. Epi eksplike elèv yo chak pozisyon men yo: sou, anlè, anba.
- ☞ Mwen mete men mwen anlè ban an. Paske gen yon espas ki separe men mwen avèk ban an.
  - Mwen mete men mwen sou ban an. Paske mwen depoze men mwen sou ban an.
  - Mwen mete men mwen anba ban an. Paske men mwen anba.
  - ☞ Chwazi 3 fi, 3 gason pou mete men yo nan 3 pozisyon sa yo: sou, anlè, anba.
- ☞ Tande byen pozisyon mwen pral di a epi fè jès la.
  - Mete men ou sou tèt elèv ki adwat ou a.
  - Mete kaye w la sou ban an.
  - Leve men goch ou anlè.
  - Mèsi paske nou te patisipe nan aktivite a.

### Aktivite 4 Rekonèt tout pozisyon yo (10 mn)

#### Egzèsis # 1 (5 mn)

Oryantasyon 4

1. Gade desen an epi sòlvi ekaplikasyon pwofèsè a.



2. An nou jwe ak pozisyon.



Oryantasyon 4


Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 9

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ Kounye a, nou pral fè egzèsis ki nan paj 9 la pou nou ka rekonèt tout pozisyon nou sot aprann yo : Devan, dèyè, sou kote, nan mitan
  - ☞ Ale nan paj 9 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou premye imaj la pou tout elèv yo wè l. Epi verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon egzèsis la. Chwazi 2 fi ak 2 gason pou reponn kesyon yo. Bay elèv yo 1 minit pou yo byen gade imaj la.
- ☞ Ki kote boul la ye ? Ki kote liv la ye ? Ki kote nou wè po ki gen kreyon yo ? Ki kote ti gason an kanpe ?
  - ☞ Si gen kèk elèv ki gen difikilte pou yo jwenn repons yo, chwazi lòt elèv ki ka reponn byen pou ede elèv ki genyen difikilte yo. Koriye ansanm ak elèv yo.

## Egzèsis # 2 (5mn)


Oryantasyon 4

1. Gade desen an epi sulv eksplikasyon pwofesè a.



Oryantasyon 4

2. An nou jwe ak pozisyon.



Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 9

*Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*

☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ka rekonèt tout pozisyon nou sot aprann yo : sou, anlè, anba.**

*Ale nan paj 9 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou dezyèm imaj la pou tout elèv yo wè l. Epi verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon egzèsis la. Chwazi 2 fi ak 2 gason pou reponn kesyon sa yo. Bay elèv yo 1 minit pou byen gade imaj la.*

☞ **Ki kote nou wè gita a ye ? Ki kote valiz la ye ? Ki kote tanbou a ye ? Ki kote nou wè boul la ye? Kote nou wè revèy la ye? E panyè a, ki bò nou wè li ye?**

*Si gen kèk elèv ki gen difikilte pou jwenn repons lan, chwazi lòt elèv ki ka reponn byen pou ede elèv ki genyen difikilte yo. Koriye ansanm ak elèv yo.*

## Aktivite 5 Chante alfabè kreyòl la pou nou aprann non lèt yo (5mn)

*Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich. Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si w genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.*

☞ **Kounye a, nou pral aprann chante alfabè kreyòl la pou nou konnen non chak lèt ki ladan l. Tande mizik la byen pou nou chante l ansanm avèk mwen. Nou konprann !**

*Pase chante alfabè kreyòl la pou elèv yo plizyè fwa. Chante l pou elèv yo ak rit mizik la epi touche chak lèt w ap chante pou elèv yo. Fè elèv yo repete chak lèt yo nan bon ton ak bon rit mizik la pou yo ka byen konnen chan an.*

*Fè elèv yo aprann 3 oubyen 4 lèt chak jou, jiskaske li fin konnen chan an. Si genyen kèk elèv ki konnen chante a anvan lòt yo. Fè yo ede lòt elèv yo aprann chante a.*

☞ **a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, l, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z**

*Sonje mete anpil aksan sou lèt yo ak elèv yo chak jou jiskaske yo fin konn tout chante a. Felisite tout elèv ki patisipe nan aktivite a.*

## Aktivite 6 Evalyasyon (3-4 minit)

☞ **N ap fini lesan an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan lesan jodi a.**

*Mande elèv yo rekonèt pozisyon yon objè parapò ak yon lòt. Sèvi ak materyèl ki nan klas la pou fè aktivite sa.*

# Leson oryantasyon 5

## Objektif:


- Rekonèt pozisyon anndan ak deyò
- Rekonèt yon pwen
- Rekonèt epi trase liy vètikal, liy orizontal

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 10-11, kreyon, gòm, kaye bouyon, adwaz, fil.




### Aktivite 1 Mizantren (3 minit)

#### Rapèl



-  Chwazi kèk elèv (fi ak gason) nan klas la pou montre pozisyon yon moun, yon objè oswa yon bèt. Sèvi ak objè ki nan klas la pou fè aktivite a. Epi di non lèt yo te chante nan alfabè a.
- ☞ Nan leson Jodi a nou pral rekonèt epi trase pwen ak pozisyon: anndan, deyò, liy vètikal ak liy orizontal.


### Aktivite 2 Rekonèt pozisyon (12 mn)

#### Rekonèt pozisyon anndan ak deyò (7 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral aprann pozisyon moun, bèt ak objè tankou, anndan ak deyò. Èske gen kèk elèv nan klas la ki ka montre kilè yon objè, yon moun, oswa yon bèt kapab nan pozisyon anndan ak deyò?
  -  Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pami sa ki leve men yo, pou vin fè aktivite a. Bay elèv yo 1 minit pou reponn epi fè egzanj la. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ N ap kontinye ak aktivite a pou tout elèv yo kapab rive rekonèt pozisyon « anndan ak deyò » san difikilte.
  -  "Pran yon bwat mete l sou yon tab devan klas la pou tout elèv yo wè l byen. Mete yon kreyon anndan bwat la epi mete yon plim deyò li. Epi di elèv yo:
- ☞ Gade ki kote kreyon an ak plim nan ye byen pou nou ka reponn kèk kesyon. Nou konprann? Nou pare?
  -  Bay elèv yo 1 minit pou reponn. Pran tout repons elèv yo bay. Si gen elèv ki genyen difikilte pou reponn, fè lòt elèv ede yo oubyen ede yo ou menm. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ Bravo, kreyon an anndan bwat la paske li nan espas ki anndan bwat la, plim nan deyò bwat paske li nan espas ki deyò bwat la.

#### Egzèsis # 1 (5 mn)


-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ Kounye a, nou pral fè egzèsis ki nan paj 10 la pou nou ka rekonèt pozisyon nou sot aprann yo : Anndan, deyò.
  -  Ale nan paj 10 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou premye imaj la pou tout elèv yo wè l. Epi verifye si elèv mete dwèt yo sou bon egzèsis la. Chwazi 2 fi ak 2 gason pou poze yo kesyon sa yo. Bay elèv yo 1 minit pou yo byen gade imaj la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.



- ☞ Gade imaj yo byen pou nou ka reponn kesyon sa yo.

 Bay elèv yo 30 segonn pou yo byen gade imaj la.


- ☞ Nan premye imaj la, antoure ti zwazo ki deyò kay la. Nan dezyèm imaj la, antoure ti zwazo ki anndan kay la?

 Mete yon imaj sou tablo a, epi antoure li pou elèv pou yo ka wè kòman pou yo antoure imaj la. Si yon elèv pa jwenn bon repons lan, chwazi yon lòt elèv pou ede li. Epi ede oubyen korije ansanm ak elèv yo.

### Aktivite Revèy (3 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè jwèt ki rele « tik, tak, boum ». Koute byen mwen pral eksplike nou kijan n ap fè jwèt la. Mwen pral bay premye elèv ki nan premye ranje ban an yon sèk ki tou won. Kou li tandè mwen kòmanse di: tik, tak, tik, tak, ... I ap pase sèk la bay elèv ki bò kote li a. Lè mwen di : Boum! Nan men elèv li ye a, I ap fè sa mwen mande I pou I fè a.


Mete men ou anndan sèk la. Mete men ou deyò sèk la...

 Fè yon egzanp ak premye ranje ban an pou elèv yo ka pi byen konprann jwèt la. Si klas la gen anpil elèv, chwazi kèk ranje ban pou fè aktivite a. Si pa gen anpil elèv, fè aktivite ak tout klas la.

### Aktivite 3 Rekonèt yon pwen. Trase liy vètikal, ak orizontal (21 mn)

#### 1. Rekonèt yon pwen (5 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral aprann fè yon "pwen". Kiyès ki ka vin fè yon pwen sou tablo a.

 Chwazi 2 elèv (fi ak gason) nan sa ki leve men yo pou yo vin fè pwen an sou tablo a. Bay elèv 1 minit, felisite, ankouraje elèv yo. Epi di :


- ☞ Yon pwen se yon ti mak won.

 Trase yon pwen sou tablo a pandan wap bay eksplikasyon.


- ☞ Ak yon pwen nou ka trase plizyè liy.

 Fè egzanp la sou tablo pou elèv yo. Epi fè plizyè pwen sou liy sou tablo, mande elèv yo pou yo fè menm jan nan kaye bouyon yo. Toujou felisite epi ankouraje elèv yo.

#### 2. Rekonèt liy kanpe / liy vètikal (8 mn)

 Trase plizyè liy diferan sou tablo a (liy orizontal, liy vètikal, liy oblik, liy brize).


- ☞ Kounye a, nou pral aprann fè yon "liy vètikal". Kiyès nan klas la ki ka vin montre liy vètikal sou tablo a.

 Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) nan sa ki leve men yo pou yo vin montre liy vètikal sou tablo a. Bay elèv 1 minit pou fè liy lan epi felisite epi ankouraje elèv yo.


- ☞ Nou pral aprann trase yon liy vètikal.

 Mete elè yo 2 pa 2, bay yo chak yon bout fil. Fè aktivite a ansanm ak elèv yo.

- ☞ Mare yon kreyon nan chak pwent fil la epi mete fil la kanpe dwat devan w. Kòman nou wè fil la ye?



 Pran repons tout elèv yo, felisite epi ankouraje elèv yo.

- ☞ Fil ki kanpe dwat devan nou an reprezante yon liy kanpe. Yo rele li "liy vètikal".








 Fè yon liy vètikal sou tablo kòm egzanp : mete 2 pwen sou tablo epi fè yon liy soti nan yon pwen pou rive nan lòt pwen an pou elèv yo. Epi mete plizyè pwen youn anba lòt sou tablo a pou elèv yo ka trase liy vètikal.

- ☞ Kiyès ki ka vin trase yon liy soti nan pwen ki anlè a pou rive nan pwen ki

anba a pou yo ka fè yon liy vètikal pou klas la.




-  Chwazi 2 fi ak 2 gason pou yo vin trase liy yo sou tablo a. Chwazi elèv ki poko patisipe nan aktivite yo. Epi mande elèv yo pou fè liy vètikal nan kaye yo.
- ☞ **Pran kaye bouyon nou, trase kèk liy vètikal tankou sa yo ki sou tablo a.**
-  Fè elèv yo suiv modèl ou te fè sou tablo a. Pase verifye si elèv yo ap fè liy vètikal la nan kaye yo.


### 3. Rekonèt liy kouche / liy orizontal (8 mn)

-  Trase plizyè liy diferan sou tablo a. (liy orizontal, liy vètikal, liy oblik, liy brize)
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann fè yon "liy orizontal". Kiyès nan klas la ki ka vin montre liy orizontal sou tablo a.**
-  Chwazi 2 elèv nan sa ki leve men yo a pou vin montre liy orizontal sou tablo a. Bay elèv 1 minit pou montre liy lan. Felisite, ankouraje elèv yo.
- ☞ **N ap kontinye ak aktivite a pou tout elèv yo kapab rekonèt epi trase liy orizontal.**
-  Mete elèv yo 2 pa 2, bay yo chak yon bout fil. Fè aktivite a ansanm ak elèv.
- ☞ **Mare yon kreyon nan chak pwent fil la epi mete fil la kouche dwat devan w. Kòman nou wè fil la ye ?**
-  Pran repons tout elèv yo, felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ **Fil ki kouche dwat devan nou an reprezante yon liy kouche. Yo rele li liy orizontal.**
-  Fè yon liy kouche dwat sou tablo a kòm egzanp : mete 2 pwen sou tablo epi fè yon liy soti nan yon pwen pou rive nan lòt pwen an. Mete plizyè pwen youn bò kote lòt sou tablo pou elèv yo ka trase liy orizontal yo.
- ☞ **Kiyès ki ka vin trase yon liy soti nan pwen ki agoch la pou rive nan pwen ki adwat la, pou yo ka fè yon liy orizontal.**
-  Chwazi 2 fi ak 2 gason pou vin trase liy orizontal sou tablo a. Chwazi elèv ki poko patisipe nan aktivite yo. Epi mande elèv yo pou yo fè liy orizontal nan kaye bouyon yo.
- ☞ **Pran kaye bouyon nou, trase kèk liy orizontal tankou sa yo ki sou tablo a.**
-  Fè elèv yo suiv modèl ou te fè sou tablo a. Pase verifye si elèv yo ap fè liy orizontal la nan kaye yo.

### Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (8 mn)

#### Egzèsis # 3





-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis ki nan paj 11 la pou nou ka fè pwen epi trase liy vètikal ak liy orizontal.**
-  Ale nan paj 11 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou premye imaj la pou tout elèv yo wè l. Epi verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon egzèsis la.
- ☞ **Gade modèl la byen pou nou ka trase liy yo menm jan ak modèl la.**
-  Bay elèv yo 2 minit pou gade modèl la epi pou fè menm jan avèk li. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.





---

## Aktivite 5 Chante alfabè kreyòl pou nou aprann non lèt yo (3 mn)

-  *Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich. Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si w genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann chante alfabè kreyòl la pou nou ka konnen non chak lèt ki ladan l. Tande mizik la byen pou nou ka chante l ansanm avèk mwen. Nou konprann !**
-  *Pase chante alfabè kreyòl la pou elèv yo plizyè fwa. Chante l pou elèv yo ak rit mizik la epi touche chak lèt w ap chante pou elèv yo. Fè elèv yo repete chak lèt yo nan bon ton ak bon rit mizik la pou yo ka byen konnen chan an.*
-  *Fè elèv yo aprann 3 oubyen 4 lèt chak jou, jiskaske yo fin konnen chan an. Si genyen kèk elèv ki konnen chante a anvan lòt yo, fè yo ede lòt elèv yo aprann chante a.*
- ☞ **a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, l, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z**
-  *Sonje mete anpil aksan sou lèt yo ak elèv yo chak jou jiskaske yo fin konn tout chante a. Felisite tout elèv ki patisipe nan aktivite a.*

---

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 minit)

- ☞ **N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.  
Mwen se yon liy ki soti agoch, ki ale adwat, ki liy mwen ye ?  
Mwen se yon liy ki soti anwo, ki desann anba tou dwat, ki liy mwen ye ?**

# Leson oryantasyon 6

## Objektif:

Rekonèt epi trase liy oblik panche agoch, panche adwat  
Rekonèt epi trase liy brize

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 12-13, kreyon, gòm, kaye bouyon, adwaz







### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl





-  Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pou vin trase liy vètikal ak liy orizontal sou tablo a.
- ☞ Nan leson jodi a nou pral rekonèt epi trase liy oblik ak liy brize.

### Aktivite 2 Rekonèt epi trase liy oblik. (28 mn)

#### 1. Rekonèt liy oblik panche agoch, panche adwat (14 mn)


-  Trase plizyè liy sou tablo a. (vètikal, orizontal, oblik, orizontal)
- ☞ Kounye a, nou pral aprann trase "liy oblik". Kiyès nan klas la ki ka vin montre nou yon liy oblik sou tablo a.
-  Chwazi 2 elèv yon fi, yon gason pami sa ki leve men yo pou vin montre liy oblik.
- ☞ Nou pral aprann trase liy oblik.
-  Mete elèv yo 2 pa 2, bay yo chak yon kreyon. Premye elèv la ap panche kreyon an agoch. Dezyèm elèv la ap panche kreyon li lan adwat. Verifye si tout elèv ap fè aktivite a byen. Di yo, jan kreyon yo panche a, li reprezante yon liy oblik.
- ☞ Kiyès ki ka vin trase yon liy oblik sou tablo a?
-  Chwazi 2 fi ak 2 gason pou vin fè egzèsis la sou tablo a. Chwazi elèv ki pako patisipe nan aktivite a. Epi mande elèv yo pou fè liy oblik nan kaye bouyon yo.
- ☞ N ap kontinye! Kiyès ki ka vin trase yon liy oblik panche adwat? N ap kontinye, kiyès ki ka vin trase yon liy oblik panche agoch?
-  Chwazi 5 fi ak 5 gason pou vin fè egzèsis la sou tablo a pou chak pozisyon yo.
- ☞ Pran kaye bouyon nou, trase kèk liy oblik tankou sa yo ki sou tablo a.
-  Fè elèv yo suiv modèl ou te fè sou tablo a. Pase verifye si elèv yo ap fè liy oblik nan kaye a.

#### 2. Rekonèt liy brize

-  Trase plizyè liy diferan sou tablo a. (liy orizontal, liy vètikal, liy oblik, liy brize)
- ☞ Kiyès nan klas la ki ka vin montre liy brize sou tablo a.
-  Chwazi 2 elèv (fi ak gason) nan sa ki leve men yo a pou vin montre liy brize sou tablo a. Bay elèv la 1 minit pou yo montre liy lan. Felisite, ankouraje elèv yo.
- ☞ N ap kontinye ak aktivite a pou tout elèv yo kapab rekonèt epi trase yon liy brize.
-  Mete elèv yo 2 pa 2 pou fè aktivite sa a. Bay chak elèv yon fèy papye, mande yo pou pliye papye a menm jan lè y ap fè yon akòdeyon. Fè yon modèl pou elèv yo epi mande yo pou fè menm jan avè w.
- ☞ Kiyès nan gwoup la ki ka montre klas la liy brize yo sot fè a?
-  Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ Kiyès ki ka vin trase yon liy brize sou tablo a?

- ☞ Chwazi 1 fi ak 1 gason pou vin trase liy brize sou tablo a. Chwazi elèv ki poko patisipe nan aktivite yo. Epi mande elèv yo pou fè liy brize nan kaye bouyon yo.
- ☞ **Pran kaye bouyon nou, fè kèk liy brize tankou sa yo ki sou tablo a.**
- ☞ Fè elèv yo suiv modèl ou te fè sou tablo a. Pase verifiye si elèv yo ap fè liy brize yo nan kaye yo.

### Aktivite 3 Egzèsis nan kaye (20 mn)



#### Egzèsis # 1

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ka trase liy oblik ak liy brize.**
- ☞ Ale nan paj 12 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou egzèsis la pou tout elèv yo wè l. Epi verifiye si elèv mete dwèt yo sou bon egzèsis la.
- ☞ **Gade modèl la byen pou nou ka trase liy yo menm jan.**
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou gade modèl la epi pou fè menm jan avèk li. Pase verifiye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.





### Aktivite 4 Chante alfabè kreyòl pou nou aprann non lèt yo (4 mn)

- ☞ Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich. Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si w genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann chante alfabè kreyòl la pou nou ka konnen non chak lèt ki ladan l. Tande mizik la byen pou nou ka chante l ansanm avèk mwen. Nou konprann !**
- ☞ Pase chante alfabè kreyòl la pou elèv yo plizyè fwa. Chante l pou elèv yo ak rit mizik la epi touche chak lèt w ap chante pou elèv yo. Fè elèv yo repete chak lèt yo nan bon ton ak bon rit mizik la pou yo ka byen konnen chan an. Fè elèv yo aprann 3 oubyen 4 lèt chak jou, jiskaske yo fin konnen chan an. Si genyen kèk elèv ki konnen chante a anvan lòt yo, fè yo ede lòt elèv yo aprann chante a.
- ☞ **a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, l, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z**
- ☞ Sonje mete anpil aksan sou lèt yo ak elèv yo chak jou jiskaske yo fin konn tout chante a. Felisite tout elèv ki patisipe nan aktivite a.

### Aktivite 5 Evalyasyon (4 minit)

- ☞ **N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifiye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.**
- ☞ Chwazi 3 elèv (fi ak gason) pou vin trase liy oblik panche adwat, liy oblik panche agoch, liy brize.  
N.B. \_Pou fini leson an fè egzèsis # 2 ki nan kaye kòm yon kontwòl sou leson ou sot fè a.

## Egzèsis # 2

-  *Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☛ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ka idantifye liy brize ak liy panche agoch ak liy panche adwat.**
  -  *Ale nan Kaye egzèsis la nan paj 13 la. Mete dwèt ou sou premye imaj la pou tout elèv yo wè l. Epi verifye si elèv mete dwèt yo sou bon egzèsis la.*
- ☛ **Gade egzèsis la byen epi fè kwa sou liy oblik yo. Aprè sa, antoure liy brize yo.**
  -  *Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis la. Pase verifye si tout elèv yo ap fè egzèsis la. Si gen elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.*
- ☛ **Kounye a nou pral korije. Kiyès ki ka montre klas la liy oblik panche agoch ak liy oblik panche adwat.**
  -  *Chwazi 2 elèv, 1 fi ak 1 gason pou montre klas la liy yo antoure yo. Apre, korije ansanm ak tout klas la. Ankouraje, felisite elèv ki patisipe yo.*

# Leson oryantasyon 7

## Objektif:


Rekonèt epi trase espiral ki vire agoch ak espiral ki vire adwat

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 14, kreyon nwa, gòm, kaye bouyon, adwaz.








### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl

-  *Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pou vin trase liy oblik ki panche agoch ki panche adwat sou tablo a.*
- ☞ Nan leson jodi a nou pral rekonèt epi trase : espiral ki vire agoch ak espiral ki vire adwat.




### Aktivite 2 Rekonèt epi trase espiral ki vire adwat. (20 mn)

#### Rekonèt espiral ki vire adwat

-  *Trase plizyè liy sou tablo a (vètikal, orizontal, oblik, orizontal, espiral vire agoch, espiral vire adwat)*
- ☞ Kounye a, nou pral aprann trase "espiral". Kiyès nan klas la ki ka vin montre nou yon espiral sou tablo a.
-  *Chwazi 2 elèv yon fi, yon gason pami sa ki leve men yo pou vin montre yon espiral.*
- ☞ Nou pral aprann trase espiral vire adwat.
-  *Mete yon modèl espiral vire adwat sou tablo a. Kanpe devan klas epi trase yon espiral ak dwèt ou anlè ansanm ak elèv yo. Fè egzèsis la 2 fwa :*
- ☞ Kounye a, nou pral trase yon espiral vire adwat. Mwen fè yon pwen, mwen vire men mwen adwat epi mwen rive men mwen ankò adwat epi mwen fini ak yon pwen?
-  *Fè espiral la sou ban ak elèv yo.*
- ☞ Kounye a, nou pral trase yon espiral vire adwat sou ban an. Mwen fè yon pwen, mwen vire men mwen adwat epi mwen vire men mwen ankò adwat epi mwen fini ak yon pwen.
-  *Pase verifye kijan elèv yo ap fè espiral la sou ban an. Si yo gen difikilte trase li ansanm avèk yo*
- ☞ N ap kontinye! Kiyès ki ka vin trase yon espiral vire adwat sou tablo a ?
-  *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou vin fè egzèsis la.*
- ☞ Pran kaye bouyon nou, fè plizyè espiral vire adwat nan kaye nou.
-  *Fè elèv yo suiv modèl ki sou tablo a epi pase verifye si tout elèv ap trase espiral yo byen.*






**Aktivite Revèy (4 mn)**

**Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele : "Kri bèt".**

-  *Fè jwèt sa a ak tout elèv nan klas la ansanm.*
- ☞ **Mwen pral site non plizyè bèt, chak fwa mwen di non yon bèt n ap fè kri bèt la. Nou pare ? An nou kòmanse.**
-  *Fè aktivite revèy sa ak tout klas la.*
- ☞ **Chen, chat, kabrit, bèf, kòk, poul, ...**
-  *Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe. Sonje fè jwèt la yon premye fwa ak tout elèv kòm egzanp.*

**Aktivite 3 Rekonèt epi trase espiral ki vire agoch. (10mn)**


**Rekonèt espiral ki vire agoch**

-  *Trase yon espiral ki vire agoch sou tablo a.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase yon espiral vire agoch. Mwen fè yon pwen, mwen vire men mwen agoch epi mwen revire men mwen ankò agoch epi mwen fini ak yon pwen?**
-  *Fè espiral la sou ban ak elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase yon espiral vire agoch sou ban an. Mwen fè yon pwen, mwen vire men mwen agoch epi mwen vire men mwen ankò agoch epi mwen fini ak yon pwen.**
-  *Pase verifye kijan elèv yo ap fè espiral la sou ban an. Si yo gen difikilte trase li ansanm avèk yo*
- ☞ **N ap kontinye ! Kiyès ki ka vin trase yon espiral vire agoch sou tablo a ?**
-  *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou vin fè egzèsis la.*
- ☞ **Pran kaye bouyon nou, fè plizyè espiral vire agoch nan kaye bouyon nou.**
-  *Fè elèv yo suiv modèl ki sou tablo a epi pase verifye si tout elèv ap trase espiral yo byen.*


**Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (10 mn)**

Oryantasyon 7




1. Desine dapre eksplikasyon pwofesè a.




Oryantasyon 7


14 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 


**Egzèsis # 1**

-  *Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ka trase espiral vire agoch, vire adwat.**
-  *Ale nan paj 14 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou premye imaj la pou tout elèv yo wè l. Epi verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon egzèsis la.*
- ☞ **Gade modèl la byen pou nou ka trase liy yo menm jan an.**
-  *Bay elèv yo 2 minit pou gade modèl epi pou fè menm jan avèk li. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.*

## Aktivite 5 Chante alfabè kreyòl pou nou aprann non lèt yo (4 mn)


- 

*Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich. Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si w genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann chante alfabè kreyòl la pou nou ka konnen non chak lèt ki ladan l. Tande mizik la byen pou nou ka chante l ansanm avèk mwen. Nou konprann !**
- 

*Pase chante alfabè kreyòl la pou elèv yo plizyè fwa. Chante l pou elèv yo ak rit mizik la epi touche chak lèt w ap chante pou elèv yo. Fè elèv yo repete chak lèt yo nan bon ton ak bon rit mizik la pou yo ka byen konnen chan an. Fè elèv yo aprann 3 oubyen 4 lèt chak jou, jiskaske li fin konnen chan an. Si genyen kèk elèv ki konnen chante a anvan lòt yo, fè yo ede lòt elèv yo aprann chante a.*
- ☞ **a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, l, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z**
- 

*Sonje mete anpil aksan sou lèt yo ak elèv yo chak jou jiskaske yo fin konn tout chante a. Felisite tout elèv ki patisipe nan aktivite a.*

## Aktivite 6 Evalyasyon (3 minit)

- ☞ **N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.**
- 

*Chwazi 3 elèv (fi ak gason) pou vin trase espiral vire adwat, vire agoch.*

# Leson oryantasyon 8

## Objektif:


Rekonèt epi trase koub tèt anlè ak koub tèt anba.

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 15, kreyon nwa, gòm, kaye bouyon, adwaz








### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl


-  *Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pou vin trase espiral agoch ak espiral adwat sou tablo a.*
- ☞ Nan leson Jodi a nou pral rekonèt epi trase koub tèt anba ak koub tèt anlè.

### Aktivite 2 Rekonèt epi trase koub tèt anlè (16 mn)

#### Rekonèt epi trase koub tèt anlè

-  *Trase plizyè liy sou tablo a (vètikal, orizontal, oblik, orizontal, spiral vire agoch, spiral vire adwat, koub tèt anlè ak koub tèt anba)*
- ☞ Kounye a, nou pral aprann trase "koub". Kiyès nan klas la ki ka vin montre nou yon koub sou tablo a.
-  *Chwazi 2 elèv yon fi, yon gason pami sa ki leve men yo pou vin montre yon koub.*
- ☞ Nou pral aprann trase yon koub.
-  *Mete yon modèl koub tèt anlè sou tablo a. Kanpe devan klas la epi trase yon koub tèt anlè ak dwèt ou anlè ansanm ak elèv yo. Fè egzèsis la 2 fwa :*
- ☞ Kounye a, nou pral trase yon koub tèt anlè. Mwen fè yon pwen, mwen desann, mwen vire men mwen adwat epi mwen monte, mwen fini ak yon pwen. Mwen trase yon koub tèt anlè.
-  *Fè koub tèt anlè a sou ban ak elèv yo.*
- ☞ Kounye a, nou pral trase yon koub tèt anlè sou ban an. Mwen fè yon pwen, mwen desann, mwen vire men mwen adwat, mwen monte epi mwen fini ak yon pwen. Mwen trase yon koub tèt anlè.
-  *Pase verifye kijan elèv yo ap fè koub tèt anlè sou ban an. Si yo gen difikilte trase li ansanm avèk yo*
- ☞ N ap kontinye! Kiyès ki ka vin trase yon koub tèt anlè sou tablo a ?
-  *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou vin fè egzèsis la.*
- ☞ Pran kaye bouyon nou, trase plizyè koub tèt anlè nan kaye nou.
-  *Fè elèv yo suiv modèl ki sou tablo a epi pase verifye si tout elèv ap trase koub tèt anlè yo byen.*

### Aktivite Revèy (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele : "Kana vole".
-  *Fè jwèt sa a ak tout elèv nan klas la ansanm.*
- ☞ Mwen pral di non yon bèt, chak fwa mwen di non yon bèt ki vole tout moun ap vole, lè mwen di non yon bèt ki pa konn vole oswa yon objè



tout moun ap kanpe dwat. Nou pare ? An nou kòmanse.

Toutrèl, bèf, papiyon, tab, cheval, pignon, rat, mouch...

*Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe. Sonje fè jwèt la yon premye fwa ak tout elèv yo kòm egzanp.*

### Aktivite 3 Rekonèt epi trase koub tèt anba (10 mn)

#### Rekonèt epi trase koub tèt anba

- Trase yon koub tèt anba sou tablo a.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase yon koub tèt anba. Mwen fè yon pwen, mwen monte, mwen vire men mwen adwat epi mwen desan epi mwen fini ak yon pwen. Mwen fè yon koub tèt anba.**
- Fè koub tèt anba a sou ban ak elèv yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase yon koub tèt anba sou ban, mwen fè yon pwen, mwen monte, mwen vire men mwen adwat, mwen desann epi menm fini ak yon pwen. Mwen fè yon koub tèt anba.**
- Pase verifiye kijan elèv yo ap fè koub tèt anba sou ban an. Si yo gen difikilte trase li ansanm avèk yo*
- ☞ **N ap kontinye, kiyès ki ka vin trase yon koub tèt anba sou tablo a ?**
- Chwazi 2 fi ak 2 gason pou vin fè egzèsis la.*
- ☞ **Pran kaye bouyon nou, fè plizyè Koub tèt anba nan kaye nou.**
- Fè elèv yo suiv modèl ki sou tablo a epi pase verifiye si tout elèv ap trase koub tèt anba yo byen.*

### Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (8 mn)

Oryantasyon 8

1. Desine dapre ekaplikasyon pwofesè a.

Kaye egzèsis 1° A.F. 18

#### Egzèsis # 1

- Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ka trase koub tèt anlè ak koub tèt anba.**
- Ale nan paj 15 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou premye imaj la pou tout elèv yo wè l. Epi verifiye si elèv mete dwèt yo sou bon egzèsis la.*
- ☞ **Gade modèl la byen pou nou ka trase liy yo menm jan an.**
- Bay elèv yo 2 minit pou gade modèl epi pou fè menm jan avèk li. Pase verifiye si elèv ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.*




### Aktivite 5 Rekonèt desen ki nan liv lekti a (9 mn)

2. Idantifye ki sa desen sa yo reprezante nan liv lekti a.




Oryantasyon 8

16 Kaye egzèsis 1° A.F.


- Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral idantifye kisa chak desen ki nan liv lekti a reprezante.**
- Ale nan paj 16 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou imaj la pou tout elèv yo wè l. Epi verifiye si elèv mete dwèt yo sou bon imaj la. Epi fè elèv yo idantifye chak desen ki devan chak liy yo. Mete dwèt ou sou chak desen yo epi mande elèv yo ki desen li ye.*
- ☞ **Mete dwèt nou sou menm desen avèk mwen.**

-  *Pase verifye si tout elèv yo mete dwèt yo sou bon desen an.*
- ☞ **Ki desen li ye?**
-  *A chak fwa, bay elèv yo 30 segonn pou reponn kesyon an. Epi di :*
- ☞ **Desen sa se yon desen zandolit li reprezante liy zandolit.**
-  *Kontinye aktivite a menm jan pou tout rès desen yo.*
- ☞ **Desen sa se yon palmis li reprezante liy palmis ;  
Desen sa se yon desen bis li reprezante liy bis la...**

### Aktivite 6 **Chante alfabè kreyòl pou nou aprann non lèt yo (4mn)**

-  *Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich. Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si w genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann chante alfabè kreyòl la pou nou ka konnen non chak lèt ki ladan l. Tande mizik la byen pou nou ka chante l ansanm avèk mwen. Nou konprann !**
-  *Pase chante alfabè kreyòl la pou elèv yo plizyè fwa. Chante l pou elèv yo ak rit mizik la epi touche chak lèt w ap chante pou elèv yo. Fè elèv yo repete chak lèt yo nan bon ton ak bon rit mizik la pou yo ka byen konnen chan an. Fè elèv yo aprann 3 oubyen 4 lèt chak jou, jiskaske li fin konnen chan an. Si genyen kèk elèv ki konnen chante a anvan lòt yo, fè yo ede lòt elèv yo aprann chante a.*
- ☞ **a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, l, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun , p, r, s, t, ui, v, w, y, z**
-  *Sonje mete anpil aksan sou lèt yo ak elèv yo chak jou jiskaske yo fin konn tout chante a. Felisite tout elèv ki patisipe nan aktivite a.*

### Aktivite 7 **Evalyasyon (2-3 minit)**

- ☞ **N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.**
-  *Chwazi 3 elèv pou vin trase yon liy koub tèt anlè, ak tèt anba.*

# Leson oryantasyon 9

## Objektif:

Rekonèt epi trase fòm won ak kare

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 17-18, kreyon nwa, gòm, kaye bouyon, adwaz








### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl


-  Chwazi kèk elèv pou vin trase koub tèt anlè ak koub tèt anba sou tablo a.
- ☞ Nan leson Jodi a nou pral rekonèt epi trase fòm won ak kare.

### Aktivite 2 Rekonèt epi trase fòm won. (10 mn)

#### Rekonèt epi trase fòm won

-  Trase plizyè liy sou tablo a (vètikal, orizontal, oblik, orizontal, spiral vire agoch, spiral vire adwat, won, kare)
- ☞ Kounye a, nou pral aprann trase fòm "won". Kiyès nan klas la ki ka vin montre nou yon wonn sou tablo a.
  -  Chwazi 2 elèv yon fi, yon gason pami sa ki leve men yo pou yo vin montre yon wonn sou tablo a.
- ☞ Nou pral aprann trase yon wonn.
  -  Mete yon modèl wonn sou tablo a. Kanpe devan klas la epi trase yon wonn ak dwèt ou anlè ansanm ak elèv yo. Fè egzèsis la 2 fwa :
- ☞ Kounye a, nou pral trase yon wonn. Mwen fè yon pwen, mwen vire men m tou won adwat epi mwen fini nan menm pwen an.
  -  Fè wonn nan sou ban ak elèv yo.
- ☞ Kounye a, nou pral trase yon wonn sou ban an. Mwen fè yon pwen, mwen vire men m tou won adwat epi mwen fini nan menm pwen an.
  -  Pase verifye kijan elèv yo ap fè wonn nan sou ban an. Si yo gen difikilte trase li ansanm avèk yo
- ☞ N ap kontinye! Kiyès ki ka vin trase yon wonn sou tablo a ?
  -  Chwazi 2 fi ak 2 gason pou vin fè egzèsis la.
- ☞ Pran kaye bouyon nou, trase plizyè wonn nan kaye nou.
  -  Fè elèv yo suiv modèl ki sou tablo a epi pase verifye si tout elèv ap trase wonn yo byen. Pran plizyè moso katon, fè plizyè wonn, kare, rektang, triyang. Mete fòm yo sou tab la epi mande elèv yo vin identifye fòm wonn pami lòt fòm yo, mande elèv yo chèche nan desen ki nan klas la ki gen fòm won.

### Aktivite Revèy (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon jwèt ki rele : "Simon di".
  -  Fè jwèt sa a ak tout elèv nan klas la ansanm.
- ☞ Tout moun kanpe ! Chak sa Simon di tout elèv ap fè jès la ansanm, yon moun ki pa fè jès la byen, li pèdi epi l ap ret chita nan plas li. Nou pare ? An nou kòmanse. Simon di : « Kanpe ! », Simon di : « leve men dwat ou anlè ! » Simon di : « Touche 2 zepòl ou ak 2 men w ! » Simon di : « Mete




*Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.*

- ☞ **Gade desen yo byen pou nou ka trase wonn ak kare yo menm jan an. Mete dwèt ou sou premye liy ki gen kare a epi pase kreyon ou sou tout fòm kare yo.**

*Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.*

- ☞ **Gade desen yo byen pou nou ka trase wonn ak kare yo menm jan an. Mete dwèt ou sou dezyèm liy ki gen kare an epi fè menm jan ak modèl la.**

*Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.*



**Egzèsis # 2**

*Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*

- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ka konekte fòm ki sanble yo .**

*Ale nan paj 18 la nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.*

- ☞ **Gade desen yo byen pou nou ka konekte fòm ki sanble yo ansanm. Gade modèl ki fèt la epi fè menm jan ak modèl la.**

*Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.*

**Aktivite 5 Chante alfabè kreyòl pou aprann non lèt (4 mn)**

*Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich. Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si w genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.*

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann chante alfabè kreyòl la pou nou ka konnen non chak lèt ki ladan l. Tande mizik la byen pou nou ka chante l ansanm avèk mwen. Nou konprann !**

*Pase chante alfabè kreyòl la pou elèv yo plizyè fwa. Chante l pou elèv yo ak rit mizik la epi touche chak lèt w ap chante pou elèv yo. Fè elèv yo repete chak lèt yo nan bon ton ak bon rit mizik la pou yo ka byen konnen chan an. Fè elèv yo aprann 3 oubyen 4 lèt chak jou, jiskaske li fin konnen chan an. Si genyen kèk elèv ki konnen chante a anvan lòt yo, fè yo ede lòt elèv yo aprann chante a.*

- ☞ **a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, l, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun , p, r, s, t, ui, v, w, y, z**

*Sonje mete anpil aksan sou lèt yo ak elèv yo chak jou jiskaske yo fin konn tout chante a. Felisite tout elèv ki patisipe nan aktivite a.*

**Aktivite 6 Evalyasyon (2-3 minit)**

- ☞ **N ap fini lesan an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan lesan jodi a.**

*Chwazi 2 elèv (fi ak gason) pou vin trase yon wonn ak yon kare sou tablo a.*

# Leson oryantasyon 10

## Objektif:


Rekonèt epi trase fòm rektang ak triyang

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 19-20, kreyon nwa, gòm, kaye bouyon, adwaz, katon, sizo.









### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl

-  Chwazi kèk elèv pou vin trase wonn ak kare sou tablo a.
- ☞ Nan leson jodi a nou pral aprann rekonèt epi trase fòm rektang ak triyang.

### Aktivite 2 Rekonèt epi trase fòm rektang. (10 mn)

#### Rekonèt epi trase fòm rektang

-  Trase plizyè fòm sou tablo a (espiral vire agoch, espiral vire adwat, won, kare, rektang, triyang )
- ☞ Kounye a, nou pral aprann trase fòm "rektang". Kiyès nan klas la ki ka vin montre nou yon rektang sou tablo a.
-  Chwazi 2 elèv yon fi, yon gason pami sa ki leve men yo pou vin montre yon rektang sou tablo a.
- ☞ Nou pral aprann trase yon rektang.
-  Mete elèv yo pa gwoup 3 bay chak yon modèl rektang ou te deja prepare avèk katon. Bay chak gwoup yon model, mande yo pou repwodui rektang la sou yon fèy blanch. Chak gwoup ap montre klas la travay yo fè a.
- ☞ Kiyès ki ka montre klas la travay yo fè a.
-  Bay gwoup yo yon minit pou prezante travay yo a. Lè elèv yo fin prezante, fè yon modèl sou tablo a pou elèv yo. Epi di :
- ☞ Kijan nou wè liy yo ye? Èske yo menm longè?
-  Chwazi kèk elèv pou vin fè yon rektang sou tablo menm jan ak modèl la.
- ☞ Kiyès ki ka vin trase yon rektang sou tablo a pou klas la?
-  Bay elèv yo 1 minit pou fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral trase rektang nan kaye bouyon nou.
-  Bay elèv yo yon 1 minit pou trase rektang lan nan kaye bouyon yo. Verifye si tout elèv ap fè aktivite a. Epi pran 2 bandlèt papyè : youn ki menm longè ak liy orizontal yo, yon lòt ki menm longè ak liy vètikal yo. Epi mezire chak kote yo pou elèv yo ka wè tout liy yo pa gen menm longè. Chwazi kèk elèv pou vin fè menm aktivite a.
- ☞ Kiyès ki ka vin mezire liy rektang a sou tablo a?
-  Bay elèv yo menm bandlèt ou te sèvi a pou yo mezire liy rektang ki sou tablo a. Mande elèv yo montrew kèk objè nan klas la ki gen fòm rektang.

**Aktivite Revè (4mn)**

- ☺ Kounye a, nou pral fè jwèt yo rele : “Simon di”.  
☺ *Fè jwèt sa a ak tout elèv nan klas la ansanm.*
- ☺ Tout moun kanpe ! Chak sa Simon di tout elèv ap fè jès la ansanm, yon moun ki pa fè jès la byen, li pèdi epi l ap ret chita nan plas li. Nou pare ? An nou kòmanse. Simon di : « Kanpe ! », Simon di : « leve men dwat ou anlè! » Simon di : « Touche 2 zepòl ou ak 2 men w! » Simon di : « Mete 2 men w sou anch ou! » Simon di : « balanse kò w agoch, balanse kò w adwat! » Simon di : « Chita! » Simon di : « Bat bravo! »  
☺ *Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe. Sonje fè jwèt la yon premye fwa ak tout elèv yo kòm egzanp.*

**Aktivite 3 Rekonèt epi trase fòm triyang. (10mn)**

**Rekonèt epi trase fòm triyang**

- ☺ *Trase plizyè fòm sou tablo a (espiral vire agoch, espiral vire adwat, won, kare, rektang, triyang )*
- ☺ Kounye a, nou pral aprann trase fòm “triyang”. Kiyès nan klas la ki ka vin montre nou yon triyang sou tablo a?  
☺ *Chwazi 2 elèv yon fi, yon gason pami sa ki leve men yo pou vin montre yon triyang sou tablo a.*
- ☺ Nou pral aprann trase yon triyang.  
☺ *Mete elèv yo pa gwoup 3 bay chak yon modèl triyang ou te deja prepare avèk katon. Bay chak gwoup yon modèl, mande yo pou repwodui triyang lan sou yon fèy blanch. Chak gwoup ap montre klas la travay yo fè a.*
- ☺ Kiyès ki ka montre klas la travay yo fè a.  
☺ *Bay gwoup yo yon minit pou yo prezante travay yo a. Lè elèv yo fin prezante, fè yon modèl sou tablo a pou elèv yo. Epi di :*
- ☺ Kijan nou wè liy yo ye?  
☺ *Chwazi kèk elèv (fi ak gason) pou vin trase yon triyang la sou tablo menm jan ak modèl la.*
- ☺ Kiyès ki ka vin trase yon triyang sou tablo a pou klas la?  
☺ *Bay elèv 1 minit pou yo fè egzèsis la.*
- ☺ Kounye a, nou pral trase triyang nan kaye bouyon nou.  
☺ *Bay elèv yo yon 1 minit pou yo trase triyang lan nan kaye bouyon yo. Verifye si tout elèv ap fè aktivite a.*

**Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 mn)**

Oryantasyon 10

1. Desine fòm yo dapre modèl yo.

Oryantasyon 10

**Egzèsis # 1**

- ☺ *Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☺ Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ka trase rektang ak triyang.  
☺ *Ale nan paj 19 la nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.*
- ☺ Gade desen yo byen pou nou ka trase triyang ak rektang yo menm jan an. Mete dwèt ou sou premye liy ki gen triyang lan epi pase kreyon ou

sou tout fòm triyang yo.

- ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.
- ☞ **Gade desen yo byen pou nou ka trase triyang ak rektang yo menm jan. Mete dwèt ou sou dezyèm liy ki gen triyang la epi fè menm jan ak modèl la.**
  - ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.
- ☞ **Gade desen yo byen pou nou ka trase triyang ak rektang yo menm jan. Mete dwèt ou sou premye liy ki gen rektang la epi pase kreyon ou sou tout fòm rektang yo.**
  - ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.
- ☞ **Gade desen yo byen pou nou ka trase triyang ak rektang yo menm jan. Mete dwèt ou sou dezyèm liy ki gen rektang lan epi fè menm jan ak modèl la.**
  - ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.


### Egzèsis # 2

- ☁ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ka idantifye triyang ak rektang.**
  - ☁ Ale nan paj 20 nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ **Gade desen yo byen. Fè yon kwa sou tout triyang yo, antoure tout rektang yo.**
  - ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.

### Egzèsis # 3

- ☁ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ka trase triyang ak rektang.**
  - ☁ Ale nan paj 20 nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ **Gade desen yo byen. Trase fòm yo menm jan ak modèl la nan chak bwat yo.**
  - ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.

2. Gade desen an epi suiv eksplikasyon pwofesè a.



Oryantasyon 10

3. Kontinye desen yo.


□	○	□	○	□	○	□	○	□	○
□	○	□	○	□	○	□	○	□	○
□	○	△	○	□	○	□	○	□	○

20 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


## Aktivite 5 Chante alfabè kreyòl pou nou aprann non lèt yo (5mn)

- ☁ Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich. Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si w genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann chante alfabè kreyòl la pou nou ka konnen non chak lèt ki ladan l. Tande mizik la byen pou nou ka chante l ansanm avèk mwen. Nou konprann !**



 *Pase chante alfabè kreyòl la pou elèv yo plizyè fwa. Chante l pou elèv yo ak rit mizik la epi touche chak lèt w ap chante pou elèv yo. Fè elèv yo repete chak lèt yo nan bon ton ak bon rit mizik la pou yo ka byen konnen chan an. Fè elèv yo aprann 3 oubyen 4 lèt chak jou, jiskaske li fin konnen chan an. Si genyen kèk elèv ki konnen chante a anvan lòt yo, fè yo ede lòt elèv yo aprann chante a.*


☞ **a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, l, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z**

 *Sonje mete anpil aksan sou lèt yo ak elèv yo chak jou jiskaske yo fin konn tout chante a. Felisite tout elèv ki patisipe nan aktivite a.*

---

## **Aktivite 6** Evalyasyon (2-3 minit)

☞ **N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.**

 *Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason) pou vin trase yon rektang ak yon triyang sou tablo a.*

# Leson oryantasyon 11

## Objektif:



Rekonèt koulè wouj ak koulè ble  
Fè prediksyon dapre imaj

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 21, liv lekti elèv paj 8, kreyon nwa, gòm, kaye bouyon, postè, drapo ayisyen, kaye ble, kaye wouj, moso twal blan, moso twal nwa, moso twal wouj.








### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl

-  Mande kèk elèv pou vin trase yon rektang ak yon triyang sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka vin trase yon triyang oswa yon rektang sou tablo a ?**
-  Chwazi 2 elèv, yon fi ak yon gason pou fè egzèsis sa a.
- ☞ **Jodi a nou pral aprann rekonèt koulè wouj ak koulè ble.**

### Aktivite 2 Rekonèt koulè wouj ak koulè ble. (15 mn)

#### Rekonèt koulè wouj ak ble

-  Mete kèk fòm jewometrik sou tablo a, epi kolorye yo ak lakrè jòn, wouj, ble, vèt. Mande kèk elèv pou vin montre koule wouj sou tablo a.
  - ☞ **Kiyès ki kapab vin montre nou koulè wouj ak ble sou tablo a ?**
  -  Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a. Montre elèv yo drapo ayisyen an epi mete li yon kote pou tout klas la ka wè l. Mete elèv yo 2 pa 2, bay chak gwoup yo yon moso papye pou yo fè desen drapo a epi kolorye li menm jan ak modèl la.
  - ☞ **Fè desen drapo a epi kolorye men m jan ak drapo mwen montre nou an. Gade drapo a byen pou nou ka fè desen an epi gade byen pou nou wè ki koulè n ap chwazi pou nou ka kolorye drapo a ?**
  -  Pase verifye si tout gwoup yo ap fè desen an e si yo chwazi bon koulè pou kolorye drapo a. Bay elèv yo yon minit pou fè aktivite a. Apre sa, mande chak gwoup pou montre klas la desen drapo yo fè a.
  - ☞ **Kiyès ki ap montre klas la desen drapo li fè a? Ki koulè drapo a ye? Ki koulè nou wè ki anwo? Ki koulè nou wè ki anba?**
  -  Mande kèk elèv pou vin montre koulè wouj ak koulè ble nan drapo a. Bay timoun yo 30 segonn pou reponn. Chwazi 4 elèv (2 fi ak 2 gason) pou vin montre koulè yo nan drapo a.
  - ☞ **Kiyès ki ka vin montre koulè wouj nan drapo a ? Kiyès ki ka vin montre koulè ble nan drapo a ?**
  -  Chwazi kèk elèv pou reponn kesyon yo, bay yon minit pou egzèsis sa.
  - ☞ **Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè wouj.**
  -  Bay elèv yo yon minit pou fè aktivite sa :
- Repons posib :**
- (1) Kaye sa a gen koulè wouj. (2) Twal sa a gen koulè wouj. (3) Kreyon sa a gen koulè wouj. (4) Desen sa a gen koulè wouj.
-  Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.

- ☞ N ap kontinye ak kesyon yo. Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout-objè ki gen koulè ble.


Repons posib :

- (5) Plim sa a gen koulè ble. (6) Kaye sa a gen koulè ble. (7) Twal sa a gen koulè ble. (8) Kreyon sa a gen koulè ble.


 Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a. Felisite yo epi ankouraje tout elèv yo.

### Aktivite 3 Rekonèt koulè jòn. (15 mn)


#### Rekonèt koulè jòn

 Mete kèk fòm jewometrik sou tablo a, epi kolorye yo ak lakrè jòn, wouj, ble, vèt. Mande kèk elèv pou vin montre koule wouj sou tablo a.


- ☞ Kiyès ki kapab vin montre nou koulè jòn sou tablo a ?

 Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a. Montre elèv yo fig mi epi mete li yon kote pou tout klas la ka wè l. Mete elèv yo 2 pa 2, bay chak gwoup yon moso papye pou fè desen fig mi an epi mande yo pou kolorye li menm jan ak modèl la.

- ☞ Fè desen fig mi an epi kolorye l menm jan ak fig mi mwen montre nou an. Gade fig mi an byen pou nou ka fè desen an epi gade byen pou nou wè ki koulè n ap chwazi pou nou ka kolorye fig mi an ?

 Pase verifye si tout gwoup yo ap fè desen an e si yo chwazi bon koulè pou kolorye fig la. Bay elèv yo yon minit pou fè aktivite a. Apre sa, mande chak gwoup pou montre klas la desen fig mi yo fè a.

- ☞ Kiyès ki ap montre klas la desen fig mi li fè a? Ki koulè fig mi an ye?


 Bay timoun yo 30 segonn pou reponn.

- ☞ Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè jòn.

 Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa :

Repons posib :


- (1) Kaye sa gen koulè jòn. (2) Twal sa gen koulè jòn. (3) Kreyon sa gen koulè jòn. (4) Desen sa gen koulè jòn.

 Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.

- ☞ N ap kontinye ak kesyon yo. Kounye a, nou pral di kèk lòt fwi nou konnen ki gen koulè jòn.


Repons posib :

Chadèk mi.

 Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a. Felisite yo epi ankouraje tout elèv yo.


### Aktivite Revèy (4mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè jwèt yo rele : "Simon di".


 Fè jwèt sa a ak tout elèv nan klas la ansanm.

- ☞ Tout moun kanpe ! Chak sa Simon di tout elèv ap fè jès la ansanm, yon moun ki pa fè jès la byen, li pèdi epi l ap ret chita nan plas li. Nou pare ? An nou kòmanse. Simon di : « Kanpe ! »

Simon di : « Panche adwat ! » Simon di : « Panche agoch ! » Simon di : « Kanpe rèd ! » Simon di : « Chita ! » Simon di : « Bat bravo ! »

 Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe. Sonje fè jwèt la yon premye fwa ak tout elèv yo kòm egzanp.


## Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (15 mn)



### Egzèsis # 1

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou kolorye imaj ak koulè ble, ak koulè wouj, jòn.
- ☞ Ale nan paj 21 nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ Gade desen yo byen pou nou ka kolorye yo. Chwazi kreyon koulè ki ale ak chak desen pou nou ka kolorye yo.
- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 5 Fè deskripsyon imaj. (5 mn)



### Fè deskripsyon imaj

- ☞ Pou chak aktivite ou pral fè nan liv la toujou vire liv lekti a anfas klas epi mete dwèt ou sou imaj ou pral fè yo dekri a.
- ☞ Kounye a, nou pral dekri yon imaj, sa vle di, nou pral di tout sa nou wè nan imaj la.
- ☞ Mete dwèt ou sou premye imaj ki nan paj 8 la, epi di elèv yo mete dwèt yo sou imaj sa. Gade byen pou nou ka di tout sa nou wè ki nan imaj sa epi pou nou ka reponn kesyon sa yo :
- ☞ Ki sa nou wè nan imaj la ? Ki sa nou wè ki genyen sou tab la ? Ki sa nou wè atè a ? Kòman nou wè timoun yo abiye ? Èske nou wè timoun yo kontan? Poukisa? Dapre nou menm, ki sa nou wè k ap pase nan imaj sa?
- ☞ Felisite epi ankouraje tout elèv yo.

## Aktivite 6 Evalyasyon (3 minit)

- ☞ N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.
- ☞ Chwazi 3 elèv pou site kèk fwi kèk objè ki gen koulè jòn wouj, ble.

# Leson oryantasyon 12

## Objektif:

Rekonèt koulè vèt ak koulè oranj



Rekonèt fòm ki menm

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 22, liv lekti paj 8, kreyon oranj, gòm, kaye bouyon, postè, kaye vèt, moso twal Oranj, moso twal vèt, kreyon koulè, fèy vèt.







### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)


#### Rapèl

-  Mande kèk elèv (fi ak gason) vin montre yon objè ki gen koulè wouj, ki gen koulè ble epi di yon fwi li konnen ki gen koulè jòn nan klas la.
- ☞ Kiyès ki ka vin montre yon objè ki gen koulè wouj, ki gen koulè ble, epi di kèk fwi nou konnen ki gen koulè wouj ?
-  Chwazi 2 elèv (1 fi ak 1 gason), yon fi ak yon gason pou fè egzèsis sa a.
- ☞ Jodi a nou pral rekonèt koulè vèt.

### Aktivite 2 Rekonèt koulè vèt. (14 mn)







#### Rekonèt koulè vèt

-  Mete kèk fòm jewometrik sou tablo a, epi kolorye yo ak lakrè jòn, wouj, ble, vèt, oranj. Mande kèk elèv vin montre koulè vèt sou tablo a.
  - ☞ Kiyès ki kapab vin montre nou koulè vèt sou tablo a ?
  -  Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a. Montre elèv yo fèy bwa vèt, epi mete li yon kote pou tout klas la ka wè l. Mete elèv yo 2 pa 2, bay chak gwoup yon moso papyè pou fè desen fèy bwa vèt la epi kolorye li menm jan ak modèl la.
  - ☞ Desine fèy la epi kolorye l menm jan ak fèy mwen montre nou an. Gade fèy la byen pou nou ka fè desen li epi gade byen koulè fèy la pou nou ka kolorye li ak menm koulè fèy la.
  -  Pase verifye si tout gwoup yo ap fè desen an e si yo chwazi bon koulè pou kolorye fèy la. Bay elèv yo yon minit pou fè aktivite a. Apre sa, mande chak gwoup pou montre klas la desen fèy la. Kiyès ki ap montre klas desen fèy li fè a? Ki koulè fèy la ? Fè tout klas la repete koulè fèy la.
  -  Bay elèv yo 30 segonn pou reponn.
  - ☞ Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè vèt.
  -  Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa. Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a.
- Repons posib :**
- (1) Kreyon sa a gen koulè vèt. (2) Twal sa a gen koulè vèt. (3) Fèy sa a gen koulè vèt. (4) Desen sa a gen koulè vèt.
-  Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.
  - ☞ N ap kontinye ak kesyon yo. Kounye a, nou pral di kèk fwi nou konnen ki gen koulè vèt.
- Repons posib :**
- (5) Zaboka gen koulè vèt. (6) Sitwon gen koulè vèt. (8) Mango gen koulè vèt. (9) Kowosòl gen koulè vèt.


 Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Felisite yo epi ankouraje tout elèv yo .

### Aktivite 3 Rekonèt koulè oranj. (10 mn)



#### Rekonèt koulè oranj

-  Mete kèk fòm jewometrik sou tablo a, epi kolorye yo ak lakrè jòn, wouj, ble, vèt, oranj. Mande kèk elèv pou vin montre koule oranj sou tablo a.
  - ☞ **Kiyès ki kapab vin montre nou koulè oranj sou tablo a ?**
    -  Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a. Montre elèv yo yon kreyon ki gen koulè oranj, epi mete li yon kote pou tout klas la ka wè l. Mete elèv yo 2 pa 2, bay chak gwoup yon moso papye pou fè desen kreyon oranj lan epi mande yo pou kolorye li menm jan ak modèl la.
  - ☞ **Desine kreyon oranj lan epi kolorye l menm jan ak kreyon oranj lan mwen montre nou an. Gade kreyon oranj lan byen pou nou ka desine li epi gade byen pou nou wè ki koulè n ap chwazi pou nou ka kolorye kreyon oranj lan?**
    -  Pase verifye si tout gwoup yo ap fè desen an e si yon chwazi bon koulè pou kolorye kreyon an. Bay elèv yo 3 minit pou fè aktivite a. Apre sa, mande chak gwoup pou montre klas la desen kreyon yo fè a.
  - ☞ **Kiyès ki ap montre klas la desen kreyon li fè a? Ki koulè kreyon an ye?**
    -  Bay timoun yo 30 segonn pou reponn.
  - ☞ **Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè oranj.**
    -  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa :
- Repons posib :**  
 (1) Kaye sa a gen koulè oranj. (2) Twal sa a gen koulè oranj. (3) Kreyon sa a gen koulè oranj. (4) Desen sa a gen koulè oranj.
-  Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.
- ☞ **N ap kontinye ak kesyon yo. Kounye a, nou pral di kèk lòt fwi nou konnen ki gen koulè oranj.**

**Repons posib :**  
 (5) Karòt (6) Abriko (7) Zoranj,

  -  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a. Felisite yo epi ankouraje tout elèv yo .


### Aktivite Revèy (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele : "Sou pon / Nan rivyè".**
  -  Fè jwèt sa a ak tout elèv nan klas la ansanm.
- ☞ **Tout moun kanpe ! Chak fwa mwen di "sou pon" tout moun ap kanpe, chak fwa mwen di "nan rivyè" tout moun ap chita. Nou pare ? An nou kòmanse : - Chen an sou pon an - Tòti a nan rivyè a - Kabrit la pase sou pon an - Pwason an nan rivyè a - Timoun yo ap kouri sou pon an - Pechè yo tann nas yo nan rivyè a...**
  -  Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe. Sonje fè jwèt la yon premye fwa ak tout elèv yo kòm egzanp.

## Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 mn)

Oryantasyon 12

1. Mete koulè, suiv eksplikasyon pwofesè a.



Oryantasyon 12




2. Antoure lèt ki menm ak modèl la.

(P) b P d P b d  
d b P d P b




(abd) dbb dbd qbd  
bbq bq b qbd dbq

22 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1


-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou kolorye imaj ak koule vèt, ak koulè oranj.
-  Ale nan paj 22 nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ Gade desen yo byen pou nou ka kolorye yo. Chwazi kreyon koulè ki ale ak chak desen yo pou nou ka kolorye yo.
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.

### Egzèsis # 2

-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè. Fè egzèsis nimewo 2 a sou tablo a anvan ou travay nan kaye egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou antoure desen ki menm yo.
-  Ale nan paj 22 nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ Gade desen yo byen pou nou ka antoure sa ki menm ak modèl la.
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.

Oryantasyon 12

1. Mete koulè, suiv eksplikasyon pwofesè a.



Oryantasyon 12

2. Antoure lèt ki menm ak modèl la.


(P) b P d P b d  
d b P d P b

(abd) dbb dbd qbd  
bbq bq b qbd dbq

22 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.




## Aktivite 5 Prediksyon dapre imaj. (8 mn)

Pre lekti




8 Liv lekti 1 AF

### Fè prediksyon sou imaj

-  Pou chak aktivite ou pral fè nan liv la toujou vire liv lekti a anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral fè yo dekri a.
- ☞ Kounye a, nou pral dekri yon imaj, sa vle di, nou pral di tout sa nou wè nan imaj la. Ale nan paj 8 la, nou pral sèvi ak dezyèm imaj la pou nou fè sa.
-  Mete dwèt ou sou dezyèm imaj ki nan paj 8 nan liv lekti a, epi di elèv yo mete dwèt yo sou imaj sa a. Gade byen pou nou ka di tout sa nou wè ki nan imaj sa epi poun n ka reponn kesyon sa yo :
- ☞ Kisa nou wè nan imaj la ? Kisa nou wè timoun yo ap fè? Ki bò timoun yo ye ? Kisa nou wè bò rivyè a? Kòman nou wè timoun yo? Kisa timoun anba pyebwa a ap fè? Dapre nou menm, kisa nou wè k ap pase nan imaj sa?
-  Felisite epi ankouraje tout elèv yo.

## Aktivite 6 Evalyasyon (3 minit)

- ☞ N ap fini lesan an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan lesan jodi a.
-  Chwazi 3 elèv pou site kèk fwi kèk objè ki gen koulè vèt ak oranj.

# Leson oryantasyon 13

## Objektif:



Rekonèt koulè mov ak koulè woz  
Antoure objè ki menm yo  
Fè prediksyon sou imaj

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 23, liv lekti elèv paj 9, kreyon oranj, gòm, kaye bouyon, postè, moso twal woz, moso mov, Kreyon koulè. Twal wouj. Berejèn. Flè woz.





### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl

-  Mande kèk elèv pou vin montre yon objè ki gen koulè oranj, ki gen koulè vèt epi di yon fwi li konnen ki gen koulè vèt ak oranj sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka vin montre yon objè ki gen koulè vèt, ki gen koulè oranj, epi di kèk fwi nou konnen ki gen koulè vèt ki gen koulè oranj?**
-  Chwazi 3 elèv, yon fi ak yon gason pou fè egzèsis sa a.
- ☞ **Jodi a nou pral rekonèt koulè woz ak koulè mov, fòm ki menm yo epi tou nou pral fè prediksyon sou imaj.**

### Aktivite 2 Rekonèt koulè woz. (14 mn)

#### Rekonèt koulè woz

-  Mete kèk fòm jewometrik sou tablo a, epi kolorye yo ak lakrè jòn, wouj, ble, vèt, oranj, woz, move. Mande kèk elèv pou vin montre koulè woz sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki kapab vin montre nou koulè woz sou tablo a ?**
-  Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a.  
Montre elèv yo yon kreyon koulè woz, epi mete li yon kote pou tout klas la ka wè l. Mete elèv yo 2 pa 2, bay chak gwoup yo yon moso papyè pou fè desen Kreyon an ki gen koulè woz. Epi kolorye li ak bon koulè a dapre modèl la.
- ☞ **Fè desen kreyon an epi kolorye l menm jan ak kreyon mwen montre nou an. Gade kreyon an byen pou nou ka fè desen an epi gade byen pou nou wè ki koulè kreyon desen n ap chwazi pou nou ka kolorye kreyon an?**
-  Pase verifye si tout gwoup yo ap fè desen an e si yo chwazi bon koulè pou kolorye kreyon an . Bay elèv yo 3 minit pou fè aktivite a. Apre sa, mande chak gwoup pou montre klas la desen kreyon yo fè a.
- ☞ **Kiyès ki ap montre klas la desen kreyon li fè a? Ki koulè kreyon an? Fè tout klas la repete koulè kreyon an .**
-  Bay timoun yo 30 segonn pou reponn.



☞ **Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè woz.**

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa. Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a  
**Repons posib :**

(1) Kreyon sa gen koulè woz. (2) Twal a gen koulè woz. (3) Flè sa gen koulè woz.

☞ Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.

## Aktivite 3 Rekonèt koulè mov. (12mn)

### Rekonèt koulè mov

☞ Mete kèk fòm jewometrik sou tablo a, epi kolorye yo ak lakrè jòn, wouj, ble, vèt, oranj,woz,move. Mande kèk elèv pou vin montre koulè woz sou tablo a.

☞ **Kiyès ki kapab vin montre nou koulè mov sou tablo a ?**

☞ Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a. Montre elèv yo yon kreyon ki gen koulè mov, epi mete li yon kote pou tout klas la ka wè l. Mete elèv yo 2 pa 2, bay chak gwoup yo yon moso papyè pou fè desen kreyon an epi mande yo pou kolorye li menm jan ak modèl la.

☞ **Fè desen kreyon sa a, epi kolorye l menm jan ak kreyon mwen montre nou an. Gade kreyon an byen pou nou ka fè desen an epi gade byen pou nou wè ki koulè kreyon desen n ap chwazi pou nou ka kolorye desen kreyon an?**

☞ Pase verifye si tout gwoup yo ap fè desen an e si yo chwazi bon koulè pou kolorye kreyon an. Bay elèv yo 3 minit pou fè aktivite a. Apre sa, mande chak gwoup yo pou montre klas la desen kreyon yo fè a.

☞ **Kiyès ki ap montre klas la desen kreyon li fè a? Ki koulè kreyon an ye?**

☞ Bay timoun yo 30 segonn pou reponn, fè klas la repete bon repons lan.

☞ **Kreyon sa gen koulè mov**

**Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè mov.**

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa. Chwazi 4 elèv pou aktivite sa 2 fi 2 gason :  
**Repons posib :**

(1) Kaye sa gen koulè mov. (2) Twal sa gen koulè mov. (3) Kreyon sa gen koulè mov. (4) Desen sa gen koulè mov. (5) Berejèn nan gen koulè mov.

☞ Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.

☞ **N ap kontinye ak kesyon yo. Kounye a, nou pral di kèk lòt fwi nou konnen ki gen koulè mov.**

**Repons posib :**

(6) Berejèn (7) Kayimit ki gen koulè mov (8) Rezen ki gen koulè mov.

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Felisite yo epi ankouraje tout elèv yo.

2. Antoure chak gwoup desen ki menm yo.



Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 23

Oryanto

## Aktivite Revèy (4 mn)

☞ **Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele : "Kana vole".**


☞ Fè jwèt sa a ak tout elèv nan klas la ansanm.

☞ **Mwen pral di non yon bèt, chak fwa mwen di non yon bèt ki vole tout moun ap vole, lè mwen di non yon bèt ki pa konn vole oswa yon objè tout moun ap kanpe dwat. Nou pare ? An nou kòmanse. Egzanp : toutrèl, bèf, papiyon, tab, cheval, pijon, rat, mouch...**

☞ Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe. Sonje fè jwèt la yon premye fwa ak tout elèv yo kòm modèl.

## Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 mn)

### Egzèsis # 1




- ☁ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou kolorye imaj ak koule woz, ak koulè mov.**
- ☁ Ale nan paj 23 nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifiye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ **Gade desen yo byen pou nou ka wè ki koulè n ap chwazi pou chak desen yo.**
- ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifiye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou edè l.

### Egzèsis # 2

- ☁ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou antoure desen ki menm yo.**
- ☁ Ale nan paj 23 nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifiye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ **Gade desen yo byen pou nou ka antoure sa ki menm ak modèl sa.**
- ☁ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifiye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 5 Prediksyon sou imaj. (10 mn)

### Fè prediksyon sou imaj



- ☁ Pou chak aktivite ou pral fè nan liv la toujou vire liv lekti a anfas klas epi mete dwèt ou sou imaj ou pral fè yo dekri a.
- ☞ **Kounye a, nou pral dekri yon imaj, sa vle di, nou pral di tout sa nou wè nan imaj la.**
- ☁ Mete dwèt ou sou imaj ki nan paj 9 nan liv lekti a, epi di elèv yo mete dwèt yo sou imaj sa. Gade byen pou nou ka di tout sa nou wè ki nan imaj sa epi pounn ka reponn kesyon sa yo :
- ☞ **Kisa nou wè nan imaj la ? Kiyès nou wè ki kanpe devan machann nan? Kisa moun ki kanpe devan tab la vin fè ? Kisa machann nan ap fè? kisa nou wè sou tab la? Kòman mounn yo abiye? Kijan nou wè bak la kouvri? Dapre nou menm, kisa nou wè k ap pase nan imaj sa?**
- ☁ Felisite epi ankouraje tout elèv yo.

## Aktivite 6 Evalyasyon (2-3 minit)

- ☞ **N ap fini lesan an ak yon evalyasyon pou nou ka verifiye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan lesan jodi a.**
- ☁ Chwazi 3 elèv pou site kèk fwi kèk objè ki gen koulè woz ak mov.

# Leson oryantasyon 14

## Objektif:

Idantifye son ki menm ak son ki pa menm



## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 24, Liv lekti paj 10.

kreyon koulè, moso twal plizyè koulè, ak plizyè lòt objè pou elèv yo pwodwui son.





## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

### Rapèl

-  Mande kèk elèv pou vin montre yon objè ki gen koulè woz ak koulè mov nan klas la.
- ☞ Kiyès ki ka vin montre yon objè ki gen koulè woz ak koulè mov nan klas la.
-  Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou fè egzèsis sa a.
- ☞ Jodi a nou pral aprann rekonèt koulè nwa ak koulè blan epi nou pral idantifye son ki menm ak son ki pa menm.


## Aktivite 2 Rekonèt koulè nwa. (10 mn)

### Rekonèt koulè nwa

-  Mete plizyè ti moso twal sou yon tab oubyen sou yon ban devan tablo a : Twal jòn, wouj, ble, vèt, oranj, woz, mov, nwa. Apre sa, mande kèk elèv pou vin montre klas la koulè nwa pami moso twal yo.
- ☞ Kiyès ki kapab vin montre nou ti moso twal ki genyen koulè nwa sou tab ki devan klas la ?
-  Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a. Epi chwazi kèk kreyon desen nwa ak koulè elèv yo konnen déjà epi ajoute yon kreyon desen koulè nan yo. Apre sa, mande elèv yo koulè chak kreyon desen yo.
- ☞ Ki koulè kreyon sa ye ?
-  Bay elèv yo tan pou idantifye koulè kreyon jiskaske w rive sou koulè nwa. Chwazi plizyè elèv pou fè aktivite sa a.
- ☞ Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè nwa.
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa. Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a. Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.


## Aktivite 3 Rekonèt koulè blan. (10 mn)

### Rekonèt koulè blan

-  Mete plizyè ti moso twal sou yon tab oubyen yon ban devan tablo a : Twal jòn, wouj, ble, vèt, oranj, woz, mov, nwa, blan. Apre sa, mande kèk elèv pou vin montre klas la koulè nwa pami moso twal yo.
- ☞ Kiyès ki kapab vin montre nou ti moso twal ki genyen koulè nwa sou tab ki devan klas la ?

- ☞ Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a. Epi chwazi kèk kreyon desen ak koulè elèv yo konnen déjà epi ajoute yon kreyon desen koulè blan. Apre sa, mande elèv yo ki koulè chak kreyon desen yo.
- ☞ **Ki koulè kreyon sa ye ?**
  - ☞ Bay elèv yo tan pou idantifye koulè kreyon jiskaske w rive sou koulè blan. Chwazi plizyè elèv pou fè aktivite sa a.
- ☞ **Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè blan.**
  - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa. Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a. Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.

## Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (10 mn)



### Egzèsis # 1

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou kolorye imaj ak koulè nou sot aprann nan.**
  - ☞ Ale nan paj 24 la nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ **Gade desen yo byen pou nou ka wè ki koulè n ap bay desen an. Ki imaj nou wè nan premye egzèsis la? Ki koulè nou konn wè imaj sa konn ye ?**


#### Repons posib :

(1) Desen sa se yon kawochtchou (2) Mwen konn wè kawochtchou gen koulè nwa.

- ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou edè l.

### Egzèsis # 2

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis pou nou ka kolorye fòm jewometrik ak koulè nou sot aprann yo.**
  - ☞ Ale nan paj 24 la nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ **Gade fòm yo byen pou nou ka kolorye yo. Kiyès ki ka site fòm yo wè na egzèsis nimewo 2.**
  - ☞ Bay elèv 1 minit pou idantifye fòm yo.
- ☞ **Nou pral kolorye kare yo ak koulè nwa. Epi n ap mete yon kwa sou fòm wonn yo. Nou konprann?**
  - ☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou edè l.



## Aktivite Revèy (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele : "Kana vole".**
  - ☞ Fè jwèt sa a ak tout elèv nan klas la ansanm.
- ☞ **Mwen pral di non yon bèt, chak fwa mwen di non yon bèt ki vole tout moun ap vole, lè mwen di non yon bèt ki pa konn vole oswa yon objè tout moun ap kanpe dwat. Nou pare ? An nou kòmanse. Egzanp : toutrèl, bèf, papiyon, tab, cheval, pijon, rat, mouch...**

Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe. Sonje fè jwèt la yon premye fwa ak tout elèv yo kòm modèl.

## Aktivite 5 Rekonèt son ki menm ak son ki pa menm. (6 mn)

### Rekonèt son ki menm ak son ki pa menm

Chwazi 4 elèv nan klas la. Mete yo kanpe deyè pòt klas la. Bay chak elèv kenbe yon objè nan men yo. Epi di yo chak fwa mwen mande frape yon objè n ap frape li byen pou tout klas la ka tande son objè a. Di elèv yo sa tou ba pou klas la pa tande objè w di frape a. Apre sa mande elèv yo mete pous yo anlè si yo tande menm son an. Si yo pa tande menm son an pou yo mete men yo plat sou ban.

☞ **Elèv 1 : Frape yon boutèy.**  
**Ki son objè nou sot tande la ?**

☞ Bay elèv yo tan pou reponn.

Repons :

(3) Nou sot tande son yon boutèy.

☞ **Elèv 2 : Frape pòt klas la byen fò.**  
**Ki son objè nou sot tande la ?**

Repons posib :

(4) Nou sot tande son yon pòt.

☞ **Nou pral frape kèk lòt objè ankò si yo genyen menm son ak « boutèy la » n ap mete dwèt nou anlè. Si yo pa genyen menm son « ak boutèy la » n ap mete men nou plat sou ban an. Nou konprann ?**

☞ Kontinye fè elèv frape lòt objè pou yo ka fè aktivite a. Si genyen elèv ki genye difikilte fè kamarad li ede li.

## Aktivite 6 Prediksyon sou imaj (10 mn)

### Fè prediksyon sou imaj

☞ Pou chak aktivite ou pral fè nan liv la toujou vire liv lekti a anfas klas epi mete dwèt ou sou imaj ou pral fè yo dekri a.

☞ **Kounye a, nou pral dekri yon imaj, sa vle di, nou pral di tout sa nou wè nan imaj la. Pran liv lekti nou an, ouvri li nan paj 10 la, gade imaj la byen pou nou ka di tout sa ki ladan li.**

☞ Mete dwèt ou sou imaj ki nan paj 10 nan liv lekti a, epi di elèv yo mete dwèt yo sou imaj sa a. Gade byen pou nou ka di tout sa nou wè ki nan imaj sa epi pou nou ka reponn kesyon sa yo :

☞ **Kisa nou wè nan imaj la ? Kisa timoun yo ap fè? Konbyen timou nou wè nan imaj la. Kibò timoun yo ye? Kijan nou wè timoun yo ye? Kisa nou wè ankò sou plas la?**

☞ Felisite epi ankouraje tout elèv yo.



## Aktivite 7 Evalyasyon (2-3 minit)

☞ **N ap fini lesan an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan lesan jodi a.**

☞ Chwazi 3 elèv pou montre klas la kèk objè ki kenyen koulè yo sot aprann yo.

# Leson oryantasyon 15

## Objektif:



Rekonèt koulè gri ak koulè mawon  
Rekonèt mèb ak materyèl ki nan klas la.

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 25, 26, 27, kreyon nwa, gòm, kaye bouyon, postè, moso twal nwa twal blan, moso mov, kreyon koulè, twal wouj, twal gri, twal mawon, adwaz nwa.





### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl

-  Mande kèk elèv pou vin montre yon objè ki gen koulè nwa ak blan sou tab la.
- ☞ Kiyès ki ka vin montre yon objè ki gen koulè blan, ki gen koulè nwa pami materyèl ki sou tab la.
-  Chwazi 3 elèv, yon fi ak yon gason pou fè egzèsis sa a.
- ☞ Jodi a, nou pral rekonèt koulè nwa ak koulè gri ak koulè mawon, epi tou mèb ak materyèl ki nan klas la.


### Aktivite 2 Rekonèt koulè gri (10 mn)

#### Rekonèt koulè gri

-  Mete plizyè ti moso twal sou yon tab oubyen sou yon ban devan tablo a : Twal jòn, wouj, ble, vèt, oranj, woz, mov, gri. Apre sa, mande kèk elèv vin montre klas la koulè nwa pami moso twal yo.
- ☞ Kiyès ki kapab vin montre nou ti moso twal ki genyen koulè gri sou tab ki devan klas la ?
-  Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a. Epi chwazi kèk kreyon desen nwa ak koulè elèv yo konnen deja epi ajoute yon kreyon desen koulè nan yo. Apre sa, mande elèv yo koulè chak kreyon desen yo.
- ☞ Ki koulè kreyon sa ye ?
-  Bay elèv yo tan pou idantifye koulè kreyon jiskaske w rive sou koulè gri. Chwazi plizyè elèv pou fè aktivite sa a.
- ☞ Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè gri.
-  Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa. Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a . Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.

### Aktivite 2 Rekonèt koulè mawon. (10 mn)

#### Rekonèt koulè mawon

-  Mete plizyè ti moso twal sou yon tab oubyen sou yon ban devan tablo a : Twal jòn, wouj, ble, vèt, oranj, woz, mov, mawon. Apre sa, mande kèk elèv vin montre klas la koulè mawon pami moso twal yo.
- ☞ Kiyès ki kapab vin montre nou ti moso twal ki genyen koulè mawon sou tab ki devan klas la ?

☞ Chwazi 2 elèv yon fi ak yon gason pou fè aktivite sa a. Epi chwazi kèk kreyon desen nwa ak koulè elèv yo konnen deja epi ajoute yon kreyon desen koulè nan yo. Apre sa, mande elèv yo koulè chak kreyon yo.

☞ **Ki koulè kreyon sa ye ?**

☞ Bay elèv yo tan pou idantifye koulè kreyon jiskaske w rive sou koulè mawon. Chwazi plizyè elèv pou fè aktivite sa a.

☞ **Kounye a, nou pral chèche nan klas la tout objè ki gen koulè mawon .**

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite sa. Chwazi 4 elèv pou fè aktivite sa a . Felisite tout elèv ki bay bon repons yo.

**Aktivite Revèy (4 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele : “Jak di”.**

☞ Fè jwèt sa a ak tout elèv nan klas la ansanm.

☞ **Tout moun kanpe ! Chak sa Jak di tout elèv ap fè jès la ansanm, yon moun ki pa fè jès la byen, li pèdi epi l ap ret chita nan plas li. Nou pare ? An nou kòmanse. Jak di : Domi, Jak di : Kanpe, Jak di : Vole, Jak di : Kadanse ! Jak di : bat bravo ! Jak di : Chita !**

☞ Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe. Sonje fè jwèt la yon premye fwa ak tout elèv yo kòm modèl.

**Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 mn)**

**Egzèsis # 3**

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou kolorye imaj ak koule mawon.**

☞ Ale nan paj 25 nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.

☞ **Gade desen an byen. Kisa nou wè ?**

**Repons posib:**

(1) gous pwa, (2) gous tamaren,

☞ Repons mèt la :

☞ **Sa se yon gous tamaren. Ki koulè nou konn wè gous tamaren ?**

**Repons posib:**

(3) Gous tamaren gen koulè mawon.

☞ Fè tout klas la repete repons la.

☞ **Ki koulè n ap chwazi pou nou kolorye gous tamaren yo ?**

**Repons :**

(4) mawon.

☞ **Kounye a, pran kaye nou kolorye gous tamaren yo.**



☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè egzèsis la.

**Egzèsis # 4**

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou kolorye won yo ak koulè nwa epi fè kwa sou kare blan yo.**

☞ Ale nan paj 25 nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.



- ☞ Gade desen yo byen pou nou ka kolorye triyang yo ak koulè gri epi rektang yo ak koulè mawon.

☞ Bay elèv yo 2 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si elèv yo ap fè egzèsis la. Si genyen yon elèv ki gen difikilte, chwazi yon lòt elèv pou edè l. Apre sa ede elèv la jwenn bon kreyon koulè ki mache ak konsiy lan.

## Aktivite 5 Rekonèt mèb ak materyèl ki nan klas la. (12mn)

### 1. Rekonèt mèb ki nan klas la

- ☞ Kounye a, nou pral aprann konnen non tout mèb ki nan klas la.

☞ Montre klas la yon chèz epi mande yo :

- ☞ Kisa sa ye ?

☞ Kite yo ti tan pou elèv yo reponn.

- ☞ Sa se yon chèz.

An nou repete ansanm sa se yon chèz.

☞ Suiv menm demach sa pou fè elèv yo konnen tout mèb ki nan klas la tankou : biwo, tab, ban, bifèt, klasè ak tablo.

### 2. Rekonèt materyèl ki nan klas la

- ☞ Kounye a, nou pral aprann konnen non tout materyèl ki nan klas la.

☞ Montre klas la yon liv epi mande yo :

- ☞ Kisa sa ye ?

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn.

- ☞ Sa se yon liv.

An nou repete ansanm sa se yon liv.

☞ Suiv menm demach sa pou fè elèv yo konnen tout materyèl ki nan klas la tankou : bwòs, bwat pou pote manje, sak, krè, règ, katab, liv, bwat kreyon koulè, kaye, adwaz, kreyon nwa, sizo, tay kreyon, lè ou fin fè aktivite sa pase nan kaye egzèsis la pou elèv yo ka fè desen yon materyèl yo pi renmen nan chak bwat yo.

- ☞ Kounye a nou pral idantifye nan Kaye egzèsis nou mèb ak materyèl nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis nou. Ale nan paj 26 nan egzèsis #5 lan. Gade imaj la byen pou nou ka idantifye mèb ak materyèl klas yo.

☞ Fè elèv yo ale nan kaye egzèsis la nan paj 26, fè yo gade imaj ki nan #5 lan byen, epi poze yo kesyon sa:

- ☞ Ki mèb nou wè nan imaj la?


☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn.

- ☞ Ki materyèl nou konn itilize nan klas nou wè nan imaj la.

☞ Bay elèv yo 1 minit pou reponn.

- ☞ Kounye a, fè desen youn nan mèb oubyen materyèl sa yo nan espas vid ki anba a.

☞ Egzèsis nan # 5 lan se fè yo desine yon materyèl yo pi renmen.



## Aktivite 6 Evalyasyon (2-3 minit)

- ☞ N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.

☞ Chwazi 3 elèv pou site kèk objè ki gen koulè gri ak koulè mawon epi mande yo pou site kèk mèb ak kèk materyèl ki nan klas la.



# Leson oryantasyon 16

## Objektif:



- Distenge bri ak silans
- Rekonèt kri bèt ak son objè.

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 28-29, kreyon nwa, gòm, wòch, mamit, gode, pòt, tab, biwo, tanbou





### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl



-  Mande kèk elèv pou yo site kèk objè yo konn sèvi lè y ap travay nan klas la.
- ☞ Kiyès ki ka vin touche yon objè nou konn itilize lè n ap travay nan klas la.
-  chwazi 2 elèv, 1 fi ak 1 gason pou fè egzèsis sa a.
- ☞ Jodi a, nou pral aprann fè diferans ant bri ak silans epi rekonèt kri bèt ak son objè.

### Aktivite 2 Distenge silans ak bri (20 mn)


#### 1. Rekonèt silans (10 mn)

-  Mete dwèt ou sou bouch ou san ou pa pale pandan yon ti tan. Epi mande elèv yo :
  - ☞ kisa sa vle di, lè mwen fè jès sa?
- Repons posib :
- (1) Jès sa vle di ou pa pale, (2) ou fèmen bouch ou, (3) ou fè silans.
  -  Bay elèv yo 30 segond pou reponn kesyon an, epi di :
  - ☞ Se vre, lè mwen mete dwèt mwen sou bouch mwen, sa vle di : Mwen pa pale, m pa ouvri bouch mwen, sa vle di : « Mwen fè silans ». Ou fè silans pou w ka tande oubyen koute lè yon lòt moun ap pale. Sa vle di depi genyen moun k ap pale ou dwe fè silans pou w ka tande sa moun nan ap di.
  -  Mande tout elèv nan klas la, pou fè silans pandan 30 segond. Epi chwazi 2 elèv 1 fi ak 1 gason pou fè aktivite sa. Mande youn nan elèv ki pase devan klas la, pou li prezante tèt li bay kamarad li a, l ap di: (Non, siyati, laj, ak kote li rete). Epi mande lòt elèv yo pou yo repete tout sa premye elèv la sot di a.
  - ☞ Èske nou te byen suiv sa elèv yo te fè a ? Kisa premye elèv la te fè ? Kisa kamarad li a t ap fè lè elèv la t ap pale a ? Èske li te tande tout sa kamarad li a te di l? Poukisa ?
  -  Felisite, epi ankouraje tout elèv yo.


#### 2. Rekonèt bri (10 mn)

-  Chwazi 5 elèv, fè yo frape anmenmtan: tablo a, ban an, biwo a, pòt la, mi an. Epi mande elèv yo kisa yo tande pandan elèv yo ap frape objè sa yo.
- ☞ Nou te byen suiv sa elèv yo t ap fè a ? Kisa nou te wè elèv yo t ap fè ? kisa nou te tande lè yo t ap frape objè sa yo : tablo a, ban an, biwo a, pòt la, mi an ?
-  (NB)


- ☞ Lè nou frape tab la li bay yon son, lè nou frape biwo a li bay yon lòt son, epi lè nou frape tout objè sa yo anmenmtan li bay yon bri. Lè nou t ap tande tout bri sa yo, kòman nou te santi nou ?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn kesyon an. Epi chwazi yon elèv pou pase devan klas la pou repete fraz sa : Manman rita ale nan mache a maten an. Pandan elèv la ap repete fraz la, mande tout lòt elèv nan klas la, pou yo pale byen fò anmenmtan avèk li. Apre sa, mande tout klas la pou fè silans. Epi chwazi nenpòt elèv pou repete fraz elèv la te di a.

- ☞ Kiyès nan klas la ki ka repete fraz elèv la sot di ?

 Bay elèv yo 1 minit pou reponn, epi chwazi 2 elèv, 1 fi ak 1 gason pou repete fraz la. Epi poze kesyon sa :

- ☞ Di pou klas la fraz elèv la sot di a ?

 Si elèv yo gen difikilte pou repete fraz la, poze kesyon sa :


- ☞ Kisa ki fè nou pa t ka tande fraz elèv la te di a ?

**Repons posib :**

(4) paske tout moun t ap pale ansanm, (5) paske te gen bri nan klas la.

- ☞ Li bon lè yon lòt moun ap pale pou nou pa fè bri sa vle di plizyè moun pa dwe pale anmenmtan. Lè genyen anpil bri yon kote li fè w pa ka tande sa yon lòt moun ap di.

Ki lòt bri w konn tande bò lakay ou ?

 Bay elèv yo 2 minit pou site tout bri yo konn tande yo.

- ☞ Ki bri nou renmen tande ?ki bri ki deranje nou ?

### Aktivite 3 Rekonèt kri bèt (10 mn)

#### 1. Rekonèt kri bèt yo


 Mande elèv yo site kèk non bèt yo konnen.

- ☞ Kiyès ki ka site kèk non bèt li konnen bò lakay li ?

 Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a.

**Repons posib:**


(1) Chen, chat, poul, (2) zwazo, kòk, pentad, (3) kabrit, bèf, mouton, (4) cheval, bourik, lapen, kana.

 Mande kèk elèv pou vin fè kri bèt sa yo tankou : Chen, chat, poul, zwazo, kòk, pentad, kabrit, bèf, mouton, cheval, bourik, lapen, kana. Si gen elèv ki pa ka jwenn kri bèt sa yo mande kèk elèv pou ede yo. Mèt la kapab ede yo tou si pa gen elèv nan klas la ki konnen kri bèt yo.

**Repons posib:**

(5) Chat : miaaw !.. chen: woup! woup !


### Aktivite Revèy (4 mn)

 Aprann elèv yo chante chan sa :

**Ti zwazo kote ou prale.**

Ti zwazo kote ou prale,  
mwen prale kay fiyèt lalo  
Fiyèt lalo konn manje timoun  
Si w ale lap manje ou tou  
Brit ! kolobrit ! (bis)


Wosiyòl manje kowosòl  
 Woulo woulo woulo  
 An soti m lavil okap  
 Tout bèt tonbe nan bwa

 Repete pawòl chan an pou timoun yo. Fè yo repete apre w epi chante pou yo pandan y ap koute. Apre sa fè yo chante chan an plizyè fwa avèk ou jiskaske yo konnen chan an.


## Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 mn)

Oryantasyon 16






1. Touche chak bèt epi fè kri yo.








Oryantasyon 16

28 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 


### Egzèsis # 1

-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
-  **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou idantifye kri chak bèt.**
-  Ale nan paj 28 la nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
-  **Gade desen yo byen epi fè kri chak bèt nou touche.**
-  Si yon elèv genyen difikilte pou fè kri bèt la, mande yon lòt elèv pou l touche l epi fè kri bèt la pou kamarad li a. Epi fè premye elèv la fè kri bèt la pou klas la.


### Egzèsis # 2

-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
-  **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou jwenn bon wout pou l la.**
-  N ap kontinye fè egzèsis. Ale nan paj 29 nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
-  **Gade desen yo byen, epi fè yon liy pou soti nan poul la pou rive nan zepi mayi yo ?**
-  Si yon elèv genyen difikilte pou jwenn chemen an, mande yon lòt elèv pou ede kamarad li a. Epi korije ansanm ak tout klas la.



2. Ede poul la jwenn mayi a.



Oryantasyon 16

 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 29

## Aktivite 5 Evalyasyon (2-3 minit)

-  **N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.**
-  Chwazi 3 elèv bouche je yo fè kèk kri bèt epi mande yo pou yo di kri ki bèt yo tande epi frape kèk objè mande yo son ki objè yo tande a.

# Leson oryantasyon 17

## Objektif:



Distenge son ki fò ak son ki ba.  
Rekonèt kilè pou nou pale fò ak kilè pou nou pale ba.

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 30, kreyon nwa, gòm, wòch, mamit, gode, pòt, tab, biwo, tanbou.





### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl

-  *Mande kèk elèv pou vin fè kri kèk bèt yo konnen pou klas la.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin fè kri kèk bèt pou klas la?**
-  *Chwazi 2 elèv, 1 fi ak 1 gason pou fè egzèsis sa a.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann distenge son ki fò ak son ki ba. Epi kilè pou nou pale fò ak kilè pou nou pale ba.**

### Aktivite 2 Distenge son ki fò ak son ki ba. (15 mn)

#### Distenge son ki fò ak son ki ba.

-  *Chwazi 2 elèv, 1 fi ak 1 gason pou vin fè aktivite sa a. Mande premye elèv la pou li frape tab la byen fò epi mande dezyèm elèv la pou li frape tou piti. Site non elèv la, lè w ap mande pou l fè aktivite sa a. Lè w ap bay konsiy lan, pa kite lòt elèv yo tande.*
  - ☞ **Elèv 1: Frape ban byen fò pou klas la. Elèv 2: Frape ban an tou piti pou klas la.**
  -  *Bay elèv yo 30 segond pou fè aktivite a. Epi mande klas la, ki diferans yo fè ant aksyon premye elèv la fè a, ak aksyon dezyèm elèv la fè a.*
  - ☞ **Ki diferans nou fè, ant 2 aksyon elèv yo sot fè pou klas la ?**
- Repons posib :**
- (1) Premye elèv la frape men li fò sou ban, (2) Mwen tande bri ban an byen fò,
  - (3) Dezyèm elèv la, frape ban an tou piti (4) Nou pa tande son ban an fè a.
  - (4) Nou tande bri ban an, byen ba.
-  *Bay elèv yo 30 segond pou reponn kesyon an, epi di :*
  - ☞ **Nou sot tande 2 son: yon son ki fò ak yon son ki ba. Lè elèv la frape tab la ak men li byen fò nou te tande yon son ki fò, lè li frape men li tou piti sou ban an, nou te tande yon son ki ba.**
  -  *Chwazi 2 elèv nan klas la, di fraz sa nan zorèy yo : Mwen renmen lekòl mwen anpil. Apre sa, fè premye elèv la repete fraz la byen fò epi fè lòt elèv la repete li byen ba. Epi mande klas la ki elèv yo tande pi byen epi poukisa ? Toujou site non elèv yo lè w ap mande yo pou fè aktivite a.*
  - ☞ **Elèv (1) repete fraz sa byen fò : «Mwen renmen lekòl mwen anpil». Elèv (2) repete menm fraz sa a tou ba pou klas la. Nan 2 elèv sa yo, kiyès nou tande pi byen ? Poukisa ?**

- Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a epi pou reponn kesyon yo. Epi di :
- ☞ Lè nou ap poze kesyon, lè nou ap reponn kesyon oubyen fè yon lekti pou klas la, fòk nou pale fò pou tout elèv nan klas la ka tandè sa n ap di.
- ☞ Felisite, epi ankouraje tout elèv yo.

## Aktivite Revèy (4 mn)

☞ Reprann chan sa avèk elèv yo:

Ti zwazo kote ou prale ?  
 Ti zwazo kote ou prale ?  
 mwen prale kay fiyèt lalo  
 Fiyèt lalo konn manje timoun  
 Si w ale l ap manje ou tou  
 Brit ! kolobrit ! (2 fwa)  
 Wosiyòl manje kowosòl  
 Woulo woulo woulo  
 An soti m lavil Okap  
 Tout bèt tonbe nan bwa

☞ Repete pawòl ki nan chan an pou elèv yo, fè yo repete apre w epi chante pou yo pandan y ap koute. Apre sa fè yo chante fò. Apre sa, fè yo chante li tou ba. Verifye si tout elèv chante nan rit ou mande a.

## Aktivite 3 Egzèsis nan kaye (15 mn)

Oryantasyon 17

1. Gade desen yo.



2. Suv ekplikasyon mèt la pou ka mete desen yo nan lòd.



30 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou ranje istwa nan lòd.
- ☞ Ale nan paj 30 la nan kaye egzèsis la. Pase dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ Gade desen an pou nou ka mete istwa a nan lòd. Gade modèl la byen. Kisa nou wè nan premye imaj la ? Kisa nou wè nan imaj ki vini apre a ? Kisa nou wè nan twazyèm imaj la ? Kisa nou wè nan dènye imaj la ?
- ☞ Pran repons elèv yo, epi di yo kisa ki genyen nan chak imaj yo. Apre sa, mande yo pou ranje imaj ki apre yo, menm jan ak modèl la. Fè yo mete yon nimewo anba chak imaj, pou yo ka ranje li nan lòd. Mete nimewo sa yo: 1,2,3,4 sou tablo a epi di elèv yo mete nimewo sa yo nan bwat ki anba chak imaj yo.
- ☞ Mete dwèt nou sou menm imaj avèk mwen, mete yon chif (1, 2, 3, 4) anba chak imaj nou wè pou nou ka ranje dezyèm gwoup imaj la dapre modèl ki anlè a. Nou konprann? Nou pare ?
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo ap fè aktivite a. Si genyen kèk elèv ki genyen difikilte, mande kamarad ki bò kote li a, ki fè aktivite a byen, pou li ede li. Apre sa, korije egzèsis la ak tout klas la.

---

**Aktivite 4** **Evalyasyon (2-3 minit)**

- ☞ N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.



*Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou di yon fraz byen fò epi redi menm fraz la tou ba.*

# Leson oryantasyon 18

## Objektif:



Distenge rit son yo (vit, dousman)  
Fè prediksyon sou imaj.

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 31, kreyon nwa, gòm, wòch, mamit, gode, pòt, tab, biwo, tanbou.






### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl

-  Mande kèk elèv pou vin di yon fraz byen fò epi redi menm fraz la tou ba.
- ☞ Kiyès ki ka di yon fraz byen fò epi redi menm fraz la tou ba pou tout elèv yo?
  -  Chwazi 2 elèv, 1 fi ak 1 gason pou fè egzèsis sa a.
- ☞ Jodi a, nou pral aprann distenge rit son ki vit ak rit son ki dousman. Epi fè prediksyon sou imaj.

### Aktivite 2 Distenge rit son ki vit, ak rit son ki dousman (30mn)

#### 1. Distenge rit son ki vit, ak rit son ki dousman

-  Chwazi 2 elèv, 1 fi ak 1 gason pou vin fè aktivite sa a. Mande premye elèv la pou li frape ban an dousman. Epi mande dezyèm elèv la pou li frape ban an byen vit. Fè yon modèl pou chak elèv yo epi fè yo fè menm mouvman pou klas la. Lè w ap bay konsiy lan, pa kite lòt elèv yo tande.
- ☞ Elèv 1: Frappe ban an dousman pou klas la. Elèv 2: Frappe ban an byen vit pou klas la.
  -  Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite a. Epi mande kèk elèv nan klas, Kijan yo wè chak elèv frappe ban an.
- ☞ Kijan nou wè premye elèv la frappe ban ? Kijan nou wè dezyèm elèv la frappe ban an ?  
Repons posib :
  - (1) Premye elèv la frappe ban an dousman, (2) Dezyèm elèv la, frappe ban an vit
  -  Bay elèv yo 30 segond pou reponn kesyon an, epi di :
- ☞ Nou sot tande 2 rit: yon rit ki dousman ak yon rit ki vit. Lè elèv la frappe ban an dousman, li fè yon rit son ki dousman, lè li frappe men li vit sou ban an, li fè yon rit son ki vit.
  -  Fè tout elèv ki nan klas chante chan sa dousman.
- ☞ Kounye a, nou pral chante chan sa dousman. Nou pare ?
  -  Bay elèv yo 1 minit pou chante chan sa.

**Ti zwazo kote ou prale ?**

Ti zwazo kote ou prale ?

mwen prale kay fiyèt lalo


Fiyèt lalo konn manje timoun

Si w ale l ap manje ou tou

Brit ! kolobrit ! (2 fwa)  
 Wosiyòl manje kowosòl  
 Woulo woulo woulo  
 An soti m lavil Okap  
 Tout bèt tonbe nan bwa

- ☞ Fè tout elèv ki nan klas la chante menm chan sa vit.
- ☞ **Kounye a, nou pral chante menm chan sa vit. Nou pare ?**
- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou chante chan sa
- ☞ **Nan 2 fason nou sot chante chan « Tizwazo a » kiyès nou te pi renemn ? Poukisa ?**
- Repons posib :**
- (3) Mwen te renmen chan an, lè mwen t ap chante li vit la. Paske chante a te bèl anpil, li te genyen anpil gete, li te fèm anvi danse. (4) Mwen pa t renmen lè mwen t ap chante chan an dousman an. Paske li pa t bèl, li pa t genyen gete, li te ban m domi nan je.

**Aktivite 3 Egzèsis nan kaye (12 mn)**



**Egzèsis # 1**

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou aprann konplete desen.**
- ☞ Ale nan paj 31 nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou premye desen an pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ **Gade premye liy desen an byen pou ka reponn kesyon sa yo.**
- Egzanp:**
- Kisa nou wè nan premye imaj ki nan premye liy desen an. Kijan nou wè chapo li mete a fèt ?...**
- ☞ Kontinye poze kesyon pou ka ede yo jwenn repons sa yo.

**Repons posib :**

- (1) Nan premye desen an nou wè ti tonton an genyen yon chapo ki fèt an triyang,
- (2) Figi li fèt tou won, (3) Je li fèt ak 2 ti pwèn, (4) Bouch li fèt ak yon koub tèt anlè,
- (5) Li genyen 2 zorèy ki fèt ak 2 ti koub. (6) Epi li genyen yon brezo ki fèt ak 2 ti triyang kouche.
- ☞ **Konplete lòt imaj yo ki nan liy desen an, menm jan ak premye a. Gade byen pou w ka wè tout sa ki manke yo.**
- ☞ Pase verifye si tout elèv yo ap fè aktivite a. Si genyen kèk elèv ki genyen difikilte. Mande kamarad ki bò kote li a, ki fè aktivite a byen, pou li ede li. Apre sa korije egzèsis la ak tout klas la.

**Egzèsis # 2**

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou jwenn bon wout tizwazo a.**
- ☞ Nan kontinye fè egzèsis. Ale nan paj 31 la nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou desen yo pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.





- ☞ Gade desen yo byen, epi fè yon liy pou soti nan ti zwazo a pou rive jwenn pitit li yo nan nich la.

☞ *Si yon elèv genyen difikilte pou jwenn chemen an, mande yon lòt elèv pou ede kamarad li a. Epi korije ansanm ak tout klas la.*

## Aktivite 4 Prediksyon sou imaj (10 mn)



### Fè prediksyon sou imaj

- ☞ *Pou chak aktivite ou pral fè nan liv la toujou vire liv lekti a anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral fè yo dekri a.*
- ☞ Kounye a, nou pral dekri yon imaj, sa vle di, nou pral di tout sa nou wè nan imaj la.
  - ☞ *Mete dwèt ou sou dezyèm imaj ki nan paj 11 la, epi di elèv yo mete dwèt yo sou imaj sa. Gade byen pou nou ka di tout sa nou wè ki nan imaj sa epi poun n ka reponn kesyon sa yo :*
- ☞ Kisa nou wè nan imaj la ? Kiyès nou wè? Kijan li abiye ? Kòman li chita ? Kisa nou wè li ap fè? Sou kisa l ap panse ? Ki lòt moun nou wè nan imaj la ? Dapre nou menm, kisa tigason an renmen ?

## Aktivite 5 Evalyasyon (2-3 minit)

- ☞ N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.
  - ☞ *Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou yo chante yon chan yo konnen byen vit epi reprann menm chan an dousman.*

# Leson oryantasyon 19

## Objektif:

Rekonèt koulè : Wouj, ble, jòn, oranj, vèt, mov.



Rekonèt pozisyon: Agoch, adwat, sou kote, nan mitan, anwo, anba, anlè, devan, deyè, anndan, deyò.

## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 32, kreyon nwa , kreyon koulè, gòm, kaye bouyon.



### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)

#### Rapèl


-  *Separe klas an 2 gwoup epi fè yo chante chan « ti zwazo » a anmentan. Yon gwoup ap chante, lòt gwoup la ap chante Dousman.*
- ☞ **Nou pral chante chan « ti zwazo » n ap separe klas an 2 gwoup pou fè sa. Chak gwoup ap chante nan rit pa yo. Gwoup sa ap chante vit, lòt gwoup la ap chante dousman. Nou konprann?**
-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral fè revizyon sou koulè ak pozisyon nou te aprann deja.**

### Aktivite 2 Revize koulè (20 mn)




#### 1. Revize koulè : Wouj, ble, jòn, oranj, vèt, mov

-  *Chwazi 10 elèv, 5 fi ak 5 gason pou idantifye koulè sa yo : Wouj, ble, jòn, oranj, vèt, mov, nwa, mawon. Chak elèv ap pran koulè kreyon met la di a.*
- ☞ **Kiyès ki ka montre klas la koulè ? (E1) ble, (E2 ) wouj, (E3 )jòn... Epi montre nou yon objè nan klas la ki genyen kou lè a?**
-  *Bay elèv yo 5 minit pou fè aktivite sa a. Epi si gen kèk elèv ki genyen difikilte, fè yon lòt elèv ki fè aktivite a byen ede kamarad li a. Korije ansanm ak tout klas la.*

### Aktivite 3 Egzèsis nan kaye (10 mn)



#### Egzèsis # 1

-  *Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
  - ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou nou kolorye imaj ak koulè sa yo : Wouj, ble, jòn, oranj, vèt, mov .**
  -  *Ale nan paj 32 nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou imaj la pou tout elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.*
  - ☞ **Gade desen an byen. Kisa fòm yo ye ?**
- Repons posib:**
- (1) nou wè triyang, rektang, kare, won.
  -  *Mande yo kolorye fòm yo ak koulè sa yo.*

- ☞ Kolorye premye rektang lan ak koulè wouj, premye triyang lan ak koulè nwa, won an ak koulè jòn, dezyèm triyang lan ak koulè vèt, dezyèm rektang lan ak koulè mov, epi kare ak koulè ble.

*Pase verifye si elèv yo kolorye fòm yo ak bon koulè a. Si genyen yon elèv ki genyen difikilte reprann pou li epi ede li idantifye koulè a.*

### Aktivite Revèy (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele : "Kana vole".
- ☞ Mwen pral di non yon bèt, chak fwa mwen di non yon bèt ki vole tout moun ap vole, lè mwen di non yon bèt ki pa konn vole oswa yon objè tout moun ap kanpe dwat. Nou pare ? An nou kòmanse.

**Toutrèl, bèf, papiyon, tab, cheval, pijon, rat, mouch...**

*Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe. Sonje fè jwèt la yon premye fwa ak tout elèv yo kòm modèl.*

### Aktivite 4 Revize pozisyon (20 mn)

#### 1-Revize pozisyon :

**Agoch, adwat, sou , nan mitan, anwo, anba, anlè,devan, deyè,anndan, deyò.**

- ☞ Chwazi 10 elèv, 5 fi ak 5 gason pou idantifye koulè sa yo : Wouj, ble, jòn, oranj, vèt, mov, nwa, mawon. Chak elèv ap pran koulè kreyon met la di a. Pou fè aktivite sa a : Mete kèk objè sou biwo a, anba biwo a, anlè tablo a, .....
- ☞ **Kiyès ki ka site non elèv ki chita : Agoch li, adwat li ; devan li, deyè li. Kiyès ki ka montre klas la yon objè ki : anba biwo a, sou biwo a, anlè tablo a.**
- ☞ Pou fè elèv yo idantifye pozisyon « nan mitan », chwazi 3 elèv, fè yo kanpe devan klas la youn bò kote lòt. Epi mande elèv yo pou yo site non elèv ki nan mitan an.
- ☞ **Gade elèv ki kanpe devan yo byen. Kiyès ki ka site non elèv ki nan mitan an ?**
- ☞ Si gen kèk elèv ki genyen difikilte, fè yon lòt elèv ki fè aktivite byen, ede kamarad li a. Epi pran yon bwat katon, mete yon kreyon andan li epi mete yon kaye sou li. Mande elèv yo pou idantifye objè ki andan bwat ak objè ki deyò a.
- ☞ **Kiyès nan klas la ki ka idantifye objè ki anndan bwat la? Kiyès nan klas la ki ka idantifye objè ki deyò bwat la?**
- ☞ Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a. Epi si gen kèk elèv ki genyen difikilte, fè yon lòt elèv ki fè aktivite a byen ede kamarad li a. Korije ansanm ak tout klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 mn)




2. Suvl ekaplikasyon mèt la pou ka idantifye pozisyon

#### Egzèsis # 2

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis pou jwenn pozisyon chak objè, moun, ak bèt ki nan imaj la.**
- ☞ Toujou rete nan paj 32 ki nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou imaj la pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.


- ☞ Gade imaj la byen pou nou ka di tout sa nou wè ladan li epi nan ki pozisyon yo ye. Nou konprann.

 Bay elèv yo 1 minit pou byen gade imaj la. Epi chwazi kèk elèv pou di sa yo wè nan imaj la.

- ☞ Kiyès ki ka di tout sa li wè nan imaj li sot gade a?

**Repons posib :**

(1) Mwen wè yon mesye k ap pile. (2) Mwen wè yon madanm ki chita. (3) Mwen wè timoun ki chita sou yon chèz ki ap li. (3) Mwen wè yon panye ki gen fig ki atè a. (4) Mwen wè yon anana ki atè a devan pye madanm nan. (5) Mwen wè yon papiyon ki sou pyebwa a. (6) Mwen wè, yon tifi, yon mesye, yon madanm ki chita anba 2 pyebwa.


 Mande elèv yo pou di nan ki pozisyon, moun, objè yo ak bèt yo ye.

- ☞ Ki bò nou wè Mesye a ye? Ki bò nou wè madanm nan ye. Ki bò nou wè papiyon an ye...

 Kontinye avèk aktivite menm jan . Epi felisite, ankouraje tout elèv yo.

### Aktivite 6 Evalyasyon (3 minit)

- ☞ N ap fini leson an ak yon evalyasyon pou nou ka verifye sa nou te aprann epi sa nou te konprann nan leson jodi a.

 Chwazi 4 elèv, 2 fi ak 2 gason pou ka idantifye koulè wouj, ble, jòn, oranj. vèt, mov.

# Leson oryantasyon 20


## Objektif:

Trase liy ak fòm.


## Materyèl:

Kaye egzèsis paj 33, kreyon nwa , gòm, kaye bouyon.

### Aktivite 1 Mizantren (4 minit)


 Aprann elèv yo chante chan sa :

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann yon lòt chan ki rele « Ti lekòl mwen »**

 Repete pawòl chan pou timoun yo fè yo repete apre w epi chante pou yo pandan y ap koute apre sa fè yo chante chan plizyè fwa avèk ou jistan yo konnen chan.

### Chan


Bèl lekòl mwen, bèl lekòl mwen  
Mwen renmen w anpil, anpil  
O, se lekòl mwen, nan lekòl mwen  
Mwen aprann li ak ekri  
Tout timoun, tout timoun  
Si w vle vin bon sitwayen  
Pa chita lakay, pa chita,  
an n al lekòl la chak jou (2 fwa)

 Felisite elèv yo pou bèl chan sa yo sot chante a.


- ☞ **Jodi a, nou pral trase liy ak fòm.**

### Aktivite 2 Revize liy ak fòm (20 mn)


#### Trase liy ak fòm

 Prepare tablo a menm jan ak kaye egzèsis la davans. Trase liy vetikal, orizantal, oblik nan liy yo. Epi trase fòm won, triyang, rektang nan menm liy yo. Epi fè elèv yo vin idantifye liy ak fòm yo sou tablo a. Bay elèv yo 1 minit pou fè aktivite sa a.


- ☞ **Kiyès ki ka vin montre klas la liy vètikal sou tablo a.**

 Fè menm jan pou tout lòt liy ak fòm yo. Chwazi 6 elèv, 3 fi ak 3 gason pou idantifye liy ak fòm ki sou tablo a. Epi mande kèk elèv pou vin trase kèk liy ak fòm sou tablo a.

- ☞ **Kiyès ki ka vin trase liy (Orizantal, vètikal, oblik), fòm (won, triyang, rektang)**

 Chwazi 6 elèv, 3 fi ak 3 gason pou vin fè aktivite sa. Bay elèv yo 4 minit pou fè sa. Si gen kèk elèv ki genyen difikilte, fè yon lòt elèv ki fè aktivite yo byen ede kamarad li a. Korije ansanm ak tout klas la. Felisite, ankouraje elèv yo.

### Aktivite 3 Egzèsis nan kaye (12 mn)



#### Egzèsis # 1

- Pou chak egzèsis toujou vire kaye egzèsis la anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè egzèsis trase liy, vètikal, oblik, won ak kèk lòt fòm nan kaye.**
- Ale nan paj 33 nan kaye egzèsis la. Mete dwèt ou sou imaj la pou tout elèv yo wè nan ki paj ou ye. Epi verifye si tout elèv yo nan menm paj la.
- ☞ **Gade desen an byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la?**
- Mande elèv yo pou di ki liy yo pral trase.
- ☞ **Trase liy yo menm jan ak modèl ki nan kaye nou an. Gade modèl la byen, pou nou ka fè menm jan.**
- Bay elèv 10 minit pou fè aktivite a. Pase verifye si tout elèv yo ap fè egzèsis la. Si gen kèk elèv ki genyen difikilte, reprann konsiy lan pou elèv yo pandan w ap ede yo fè liy lan byen. Koriye ansanm ak tout klas la. Felisite, ankouraje elèv yo.

### Aktivite 4 Chante alfabè kreyòl la pou nou aprann non lèt yo (10 mn)

- Ekri lèt alfabè kreyòl yo sou yon afich. Mete afich la yon kote nan klas la pou tout elèv ka wè tout lèt yo. Si w genyen chan alfabè kreyòl la, fè elèv yo chante l.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann chante alfabè kreyòl la pou nou ka konnen non chak lèt ki ladan l. Tande mizik la byen pou nou ka chante l ansanm avèk mwen. Nou konprann !**
- Pase chante alfabè kreyòl la pou elèv yo plizyè fwa. Chante l pou elèv yo ak rit mizik la epi touche chak lèt w ap chante pou elèv yo. Fè elèv yo repete chak lèt yo nan bon ton ak bon rit mizik la pou yo ka byen konnen chan an.
- Fè elèv yo aprann 3 oubyen 4 lèt chak jou, jiskaske li fin konnen chan an. Si genyen kèk elèv ki konnen chante a anavan lòt yo. Fè yo ede lòt elèv yo aprann chante a.
- ☞ **a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, l, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z**
- Sonje mete anpil aksan sou lèt yo ak elèv yo chak jou jiskaske yo fin konn tout chante a. Felisite tout elèv ki patisipe nan aktivite a.

# Leson 1 a


## Objektif yo :

- Dekouvri son ak non lèt «a».
- Distenge lèt «a» pami plizyè lèt.
- Aprann ekri lèt miniskil «a».
- Dekri yon imaj.
- Fè prediksyon sou istwa dapre imaj.
- Koute epi konprann yon istwa.

## Materyèl :



- Liv lekti, leson 1 paj 12
- Kaye egzèsis, leson 1 paj 34 rive paj 37
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon

## Konsiy pou pwofesè respekte nan dewoulman leson yo


-  Men kèk konsiy pwofesè a dwe aplike nan dewoulman leson yo:
  - Mande elèv leve men yo pou pran lapawòl.
  - Mande elèv yo fè silans, lè yon kamarad nan klas la ap pale.
  - Ankouraje elèv yo fè fraz konplèt lè yo ap reponn yon kesyon.
  - Ankouraje elèv yo patisipe nan tout aktivite k ap fèt nan klas la.
  - Pase verifye travay elèv yo ap fè nan gwoup.
  - Ankouraje, felisite elèv yo lè yo fè yon bon aksyon.
  - Ankadre epi korije elèv yo lè li nesesè.
  - Toujou chwazi elèv ki fè egzèsis byen kòm modèl lè w ap fè koreksyon yo.
  - Itilize tablo lèt la pou ede elèv yo lè yo genyen difikilte pou fòme oubyen li yon silab ak yon mo.
  - Fè elèv yo idantifye imaj ki anba paj kaye egzèsis la pou yo ka jwenn paj la pi vit.
  - Toujou kopye lekti an etwal la sou tablo a pou fè elèv yo li selon leson w ap wè a.

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

### 1 Kontin (2 mn)

-  Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.
-  Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Alina al Leyogàn  
Li kale yon bèl anana  
Kala pa vle ladan l  
Li manje l pou kò l.

-  Felisite epi ankouraje elèv yo.

## 2 Rapèl (3 mn)

- ☞ *Mete yon ban oswa yon chèz ak yon tab devan klas la davans epi chwazi 4 elèv ( 2 fi/ 2 gason pou pase devan klas la ak yon objè nan men yo pou fè aktivite sa a.*
- ☞ **Koute byen, mwen pral eksplike nou sa pou nou fè.**
  - Premye elèv la ap itilize ban oswa chèz ak tab la pou li montre klas la kijan pou yon moun chita lè l ap ekri. **Ou pare ? Ou mèt kòmanse.**
  - ☞ *Bay elèv la 1 mn pou li fè aktivite a, epi mande klas la si elèv la fè aktivite a byen ? Epi korije ansanm ak elèv yo*  
*Fè menm jan pou chak elèv...*
- ☞ **Koute toujou ! Dezyèm elèv la ap pase devan klas la ak yon kreyon nan men l pou l montre kijan pou yon elèv kenbe yon kreyon lè li ap ekri.**
  - Twazyèm elèv la ap pase devan klas la ak yon liv nan men l pou li montre kèk pati ki genyen nan yon liv.
  - Dènye elèv la ap pase devan klas la ak yon liv nan men l pou li montre elèv yo kijan pou yo louvri liv yo, kijan pou yo byen vire paj liv yo.

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (4 mn)



- ☞ *Ouvri liv la nan paj ki gen imaj ou pral itilize pou fè egzèsis ki nan paj 12 la. Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Jodi a, nou pral fè yon jwèt. Nou pral jwe ak desen ki nan liv la. Pran liv lekli a, ale nan paj 12 la. Tout moun wè desen yo ? Gade 4 premye desen yo byen.**
  - ☞ *Bay elèv yo 30 segond pou yo byen gade desen yo.*
- ☞ **Chak fwa mwen di non yon dwèt ak non yon desen n ap mete dwèt la sou desen an.**
  - Nou pare ? An nou kòmanse !**
  - Mete lendèks nou sou desen anana a.**
  - ☞ *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen asyèt la.**
  - ☞ *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen avyon an.**
  - ☞ *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen alimèt la.**
  - ☞ *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
  - ☞ *Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **anana; asyèt; avyon; alimèt.**
  - Ki son nou tande nan kòmansman chak mo nou sot di yo ?**
  - ☞ *Reprann mo yo pou elèv yo. Koute repons yo, aksepte kèk repons epi si elèv la gen difikilte ede yo jwenn ki son ki kòmanse chak mo yo. Fè yo repete chak mo yo plizyè fwa pou yo ka jwenn son ki nan chak mo yo. Epi di :*
- ☞ **Son an se /a/.**
  - Jodi a se son /a/ nou pral aprann.**



## Aktivite 3 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son /a/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak son /a/. Si mo a kòmanse ak son /a/, leve pous nou anlè . Si li pa kòmanse ak son /a/ mete de men nou plat sou ban an .

Èske nou konprann ?

 Si gen kèk elèv ki pa konprann bay yo plis eksplikasyon.

- ☞ Son an se /a/. Mo a se avyon.


 Verifye si elèv yo suiv konsiy lan.

- ☞ Lòt mo a se : mou.


An n kontinye ak kèk egzanp : achte, elèv, atè, anana, chen, ble, asyèt, avyon, abriko, kreyon, biwo, awozwa, liv, achte.

 Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.


### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

 Ekri lèt la "a" miniskil sou tablo a pou elèv yo ka repete non ak son lèt la.  
- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.

- ☞ Son lèt sa a se /a/

 - Mande elèv yo pwononse son lèt la epi pwononse son an ansanm avèk yo.  
Poze elèv yo kesyon sa a. Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo.


- ☞ Ki son lèt sa a ? (/a/)

 Chwazi kèk elèv pou repete "son lèt la".


Repons posib :

(1) son lèt sa a se /a/.


- ☞ Kounye a, nou pral aprann di non lèt "a" miniskil.

 - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
- Di non lèt la byen fò pou tout klas la.

- ☞ Non lèt sa a se "a" miniskil.


 Mande elèv yo di non lèt la epi di non an ansanm avèk yo.  
Poze elèv yo kesyon sa a. Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo.

- ☞ Ki non lèt sa a ?

 Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la".

Repons posib :

(1) non lèt sa a se "a" miniskil.

 Touche lèt la yon dènye fwa sou tablo a pou elèv yo ka konnen byen non ak son lèt la se menm. Epi di :

- ☞ Son lèt sa a se /a/, non lèt sa a se "a" miniskil,

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (15 mn)

☁ Ale sou tablo a, ekri plizyè lèt miniskil tankou : **a, z, n, a, m, a, b, a, w, d, a, o, a, p**. Epi chwazi plizyè elèv pou vin antoure lèt "a" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure lèt "a", mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "a". Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "a" sou tablo a pou klas la.

☞ Èske se lèt "a" miniskil elèv la antoure ?

☁ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an pou tout lèt "a" miniskil yo.

### Egzèsis # 1 (4-5 mn)

☁ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan menm paj la avèk mwen.

☁ Ouvri kaye a nan paj 34 la egzèsis # 1. Ekri # 34 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

☁ Si yon elèv gen difikilte pou reponn, mande yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :

☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

☁ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☁ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt "a" miniskil ?

☁ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè si li pa t sou lèt "a". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (6 mn)

☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "a" miniskil . Toujou nan paj 34 kaye egzèsis la.

☁ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 34 la, nan egzèsis # 2.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "a" miniskil ki menm jan ak modèl la.

☁ Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ Nou konprann ? Kòmanse !

☁ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☁ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt "a" miniskil ?

Leson 1 a

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	r	e	d	b	a
e	l	a	a	j	p
a	r	d	o	a	i
p	a	n	a	w	e

2- Antoure lèt a miniskil yo.

@ v a b l n z a a v  
a a m n e v a w a a  
v a b l a n z a a w  
m a m n e v a w v a

34 Kaye egzèsis 1° A.F.

Leson 1 a

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	r	e	d	b	a
e	l	a	a	j	p
a	r	d	o	a	i
p	a	n	a	w	e

2- Antoure lèt a miniskil yo.

@ v a b l n z a a v  
a a m n e v a w a a  
v a b l a n z a a w  
m a m n e v a w v a

34 Kaye egzèsis 1° A.F.

Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "a". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.



### Egzèsis # 3 (3-4 mn)

N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /a/. Ale nan paj 35.

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 35 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 35 la nan egzèsis # 3.

Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son /a/.

Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.

Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?

Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

Antoure menm jan ak premye imaj la tout lòt imaj kote nou tande son /a/. Nou konprann ? Kòmanse !

Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

Kounye a, nou pral korije ansanm.

Chwazi 4 elèv (2 fi / 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3 mn)

N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "a" miniskil. Toujou nan paj 35, nan kaye egzèsis la.

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 35 la nan egzèsis # 4 la.

Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt miniskil "a" nan chak mo ki anba imaj yo.


Idantifye lèt yo ansanm ak tout klas la.

Antoure lèt miniskil "a" nan chak mo ki anba imaj yo. Nou wè yon lèt « a » miniskil ki nan chak mo ki anba imaj yo. Nou ap fè menm jan an pou tout mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !

Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo sa yo sou tablo a : « avyon, anana, asyèt, alimèt » pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.

Kounye a, nou pral korije ansanm.

Pandan elèv yo ap travay ekri lèt yo sou tablo a nan de ranje. Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi / 2 gason) pou eksplike ki lèt yo antoure epi poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Chwazi kèk elèv pou repete non lèt yo te antoure yo.



**Aktivite**

**Revèy (2 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele : "Fè mouvman ak son".**  
**Mwen pral di yon mo, Si mo a kòmanse ak son /a/ n ap panche agoch, lè li pa kòmanse ak son /a/ n ap kanpe dwat.**
  - ☞ *Li mo yo byen fò pou elèv ka tandè tout son ki nan mo w ap li yo. Fè yon egzanp ak tout klas la avan w kòmanse jwèt la.*
  - Nou pare ? An nou kòmanse.**  
**achte, elèv, atè, anana, chen, ble, asyèt, Anita, sitwon, kalalou, fig.**
- ☞ **Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe.**

**Aktivite 5**


**Ekri lèt (18 mn)**

**1. Trase lèt «a» ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)**

- ☞ *Avan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl nimewo 5 ki nan paj 36, nan kaye egzèsis la. Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.*
- ☞ **Toudabò, nou pral ekri lèt "a" miniskil ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m apre :**  
**Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen !**  
**Mwen trase yon wonn, sou bò dwat li, mwen trase yon liy dwat kanpe tou kout ki kole ak li.**  
**Nou konprann jès mwen sot fè a? Nou pral fè li ansanm.**
  - ☞ *Nòt : Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Reprann modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la anmenm tan.**
  - ☞ *Repete jès la 2 fwa pou elèv yo ka trase lèt la sou ban yo. Mande elèv yo fè jès la ansanm, anmenmtan.*
- ☞ **Nou konprann? An nou kòmanse !**  
**Mwen trase yon wonn, sou bò dwat li m ap trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li.**
  - ☞ *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban yo. Fè elèv yo fè jès la 3 fwa sou ban an*

**2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)**

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "a" sou tablo a nan liy sa yo.**
  - ☞ *Chwazi 5 fi ak 5 gason pou ekri lèt "a" nan liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo.*
- ☞ **Trase yon wonn, sou bò dwat li trase yon liy kanpe tou kout ki kole ak li. Tout moun pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "a".**
  - ☞ *Verifye si elèv yo genyen kaye bouyon an devan yo epi gen yon kreyon nan men yo. Verifye si elèv yo ap byen ekri lèt "a" yo, epi si lèt yo byen chita nan liy yo. Lè yo fin ekri lèt la byen nan kaye bouyon yo, mande yo pran kaye egzèsis la pou yo kontinye ekri lèt la, nan paj 36 la.*




### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la.

☞ *Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 36 lan nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « a » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt ki nan kaye egzèsis la epi kopye li sou liy kaye a.**

☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*



### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la.

☞ *Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 37 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « a » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt ki nan kaye egzèsis la epi kopye li sou liy kaye a.**

☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

## Aktivite 6 Vokabilè (5 mn)

### Mo a se : vakans

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.**

**Nan istwa nou pral li jodi a gen mo vakans.**

**Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo vakans ?**

**Kisa moun fè lè li an vakans ?**

☞ *Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*

☞ **Vakans vle di : moman tout timoun rete lakay yo pou yo jwe pou yo benyen, paske nan moman vakans lekòl fèmen.**

☞ *Fè 2 fraz kòm egzanp ak mo vakans pou elèv yo.*

**Egzanp :**

**-Lè vakans tout timoun kontan paske yo jwe, yo pran plezi epi yo ede paran yo fè travay lakay yo.**


**-Chak ane granfrèm nan ale an vakans kay granm li lè lekòl fèmen.**

☞ *Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fè ak mo "vakans". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.*

☞ **Kiyès ki ka fè yon fraz ak mo "vakans"**

☞ *Bay elèv yo 1 mn pou yo di fraz yo.*

## Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (19 mn)



### 1. Prediksyon dapre desen (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa.

☞ *Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a ki nan paj 12 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*

- ☞ Ki kote tifi a ye? Ki rad tifi a mete? Ki koulè rad la? Kisa ki nan pye li? Ki koulè soulye ki nan pye l? Kisa li gen sou do li? Kòman li penyen tèt li? Ki koulè barèt li gen nan tèt li a ye? Èske kè li kontan? Ki bò ou panse tifi a prale? Poukisa? Ki lòt moun nou wè nan imaj la? Kisa y ap fè?

☞ *Chwazi 3 elèv pou fòmè yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòmè yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòmè fraz yo epi bay yo egzanp sa a :*

#### Egzanp :

**Alina mete yon bèl inifòm pou li ale lekòl**

- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.

☞ *Chwazi 3-4 elèv pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 1 mn pou reponn.*

- ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a.

☞ *Ekri nan yon kaye oubyen sou fèy papye, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite "verifye prediksyon" an. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

### 2. Koute istwa a (2 mn)

☞ *Lè w ap li istwa pou elèv yo, asire w tout elèv fè silans epi konsantre pou koute w. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.*

- ☞ Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a.

**Nou pare? M ap kòmanse li istwa a!**

#### Premye jou lekòl

Jodi a se lendi, se premye jou lekòl. Ana ak paran l t ap prepare pou lekòl la. Pandan vakans la, manman Ana fè inifòm lekòl la. Papa l te achte valiz ak lòt materyèl. Lè Ana rive lekòl la, li salye elèv yo. Li kontan wè elèv yo sou lakou lekòl la. Li souri paske li pral genyen lòt zanmi.

### 3. Verifye prediksyon (4 mn)


- ☞ Anvan mwen te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a, dapre desen an. Nou sonje? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou li istwa a. Kiyès ki sonje sa li te imajine ki pral pase nan istwa a?

☞ *Chwazi kèk elèv nan sa ki leve men yo pou yo redi sa yo te panse a. Si yo gen difikilte reprann pou yo repons yo te bay sou prediksyon dapre desen an. Epi di :*

- ☞ Èske sa w te panse dapre desen an, se sa ki pase nan istwa a?

☞ *Bay elèv yo tan pou yo reponn epi di yo ki pati nan istwa a ki sanble ak prediksyon yo te fè sou desen an. Toujou sonje chwazi 1 fi ak 1 gason pou reponn.*

#### 4. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon pou jounen anvan an. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

#### Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon pou jounen an.

##### 1. De kiyès istwa a pale ?

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de yon tifi ki rele Ana (2) Istwa a pale de yon elèv lekòl. (3) Istwa a pale de premye jou lekòl. (4) De yon timoun yo t ap pare pou yo voye lekòl.

##### 2. Ki premye jou Ana te ale lekòl ?

##### 3. Kisa manman Ana fè pandan vakans la ?

**Repons posib :**

(5) Manman Ana fè inifòm lekòl la (6) Li fè inifòm lekòl la. (7) Li fè inifòm pou pitit li.

##### 4. Kisa papa Ana te achte pou li ?

**Repons posib :**

(8) Li te achte valiz. (9) Papa l te achte valiz ak lòt materyèl.

##### 5. Kisa Ana te fè lè li rive lekòl la ?

##### 6. Ki kote li te wè elèv yo ?

##### 7. Poukisa Ana souri ?

**Repons posib :**

(10) Li souri paske li pral genyen lòt zanmi. (11) Li souri paske li kontan wè elèv yo. (12) Li souri paske li kontan wè lekòl la.

##### 8. Èske Ana te kontan premye jou lekòl la ? Poukisa ?

**Repons posib:**

(13) wi li te kontan (14) Paske li te salye tout timoun yo epi li te souri.

---

#### Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

#### Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /a/. (2) Nou te aprann ekri lèt «a». (3) Nou te koute istwa sou premye jou lekòl Ana. (4) Nou te dekri imaj Ana ki pral lekòl.

## Leson 2 A

### Objektif yo:


- Dekouvri son ak non lèt «A».
- Idantifye lèt «A» majiskil pami plizyè senbòl.
- Aprann ekri lèt majiskil «A».
- Dekri yon imaj.
- Fè prediksyon sou istwa dapre imaj.

### Materyèl :


- Liv lekti, leson 2 paj 13
- Kaye egzèsis, leson 2 paj 38
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon

### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)



#### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Alina ale lekòl  
Li tande yon ti istwa  
Se istwa yon anana.



-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : **avyon, men, asyèt, liv, atè, wouj, chat, won, anana.** Chwazi 5 (fi ak gason) elèv pou yo vin antoure lèt "a" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt "a" nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt majiskil « A ». Dekri imaj ak fè prediksyon sou istwa.**


### Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt majiskil /A/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak son /A/. Si mo a kòmanse ak son /A/, leve pous nou anlè . Si li pa kòmanse ak son /A/ mete de men nou plat sou ban an .Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /A/. Mo a se Ayiti.**
-  *Verifye si elèv yo suiv konsiy lan.*




- ☞ Lèt mo a se : chosèt.  
An n kontinye ak kèk egzanzp :  
Ana, nèf, Ali, wouj, Ayiti, vet, Anayiz, jòn, Albè, sitwon.

 Si yon elèv gen difikilte fè yon lèt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

## 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

 Ekri lèt la "a" miniskil ak lèt "A" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("a" ak "A"). fè yo repete son lèt /a/ miniskil la avan.  
- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.

- ☞ Son lèt sa a se /a/, son lèt sa a tou se /A/.


 Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo.  
Poze elèv yo kesyon sa a. Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo.

- ☞ Ki son lèt sa a se /a/, ki son lèt sa a tou se /A/ ?


Repons posib :

(1) son lèt sa a se /a/. (2) son lèt sa a se /A/.


- ☞ Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("a", "A") .

 - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a  
- Di non lèt yo byen fò pou tout klas la.

- ☞ Non lèt sa a se "a" miniskil , non lèt sa a se "A" majiskil .


 Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo.  
Poze elèv yo kesyon sa a. Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo.

- ☞ Ki non lèt sa a ? ("a") Ki non lèt sa a ? "A"

 Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo" .


Repons posib :

(1) non lèt sa a se "a" miniskil. (2) non lèt sa a se "A" majiskil.


 Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen non ak son lèt ("a"/a/; "A"/A/) a se menm. Epi di :

- ☞ Tou 2 lèt sa yo se menm, piti a se lèt "a" miniskil, son li se /a/. Gwo a se lèt "A" majiskil, son li se /A/. Menm si yo pa sanble, tou lè 2 lèt yo se menm epi yo gen menm son.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (18 mn)

 Ale sou tablo a, ekri plizyè lèt majiskil tankou : **A, Z, N, A, M, A, B, A, A, W, D, A, O, A, P, I**. Epi chwazi plizyè elèv pou vin antoure lèt "A" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "A". Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "A" sou tablo a pou klas la.


- ☞ Èske se lèt "A" majiskil elèv la antoure ?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.


- ☞ wi se lèt "A" majiskil.

 Kontinye menm jan an pou tout lèt "A".

## Egzèsis # 1 (5 mn)

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

- ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen.

 Ouvri kaye a nan paj 38 la, ki gen egzèsis # 1 ou pral fè ak elèv yo. Ekri # 38 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka

Leson 2 A

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki ogoch la.

O	R	A	D	U	P
A	L	I	P	A	P
P	R	A	O	E	A
P	A	N	A	U	E

2- Antoure lèt A majiskil yo.

Ⓐ V A B L N Z A A V  
A A M N E V A W A A  
V A B L A N Z A A W  
M A M N E V A W V A

38 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

- ☞ Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la !  
Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib :

- (1) Yon lèt "A" ki nan yon wonn (2)...
- ☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !  
☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.  
☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ Èske lèt sa a se lèt "A" ?  
☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè si li pa t sou lèt "A". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

**Egzèsis # 2 (5 mn)**

- ☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt majiskil "A". Toujou nan menm paj kaye egzèsis la.  
☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan menm paj 38 la nan egzèsis nimewo 2 a.
- ☞ Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la !  
Antoure lèt "A" majiskil ki menm jan ak modèl la.  
☞ Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendex yo sou premye lèt « A » ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ Nou konprann ? Kòmanse !  
☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.  
☞ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ Èske lèt sa a se lèt "A" majiskil ?  
☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "A". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

Leson 2 A

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

O	R	A	D	U	P
A	L	I	P	A	P
P	R	A	O	E	A
P	A	N	A	U	E

2- Antoure lèt A majiskil yo.

A	V	A	B	L	N	Z	A	A	V
A	A	M	N	E	V	A	W	A	A
V	A	B	L	A	N	Z	A	A	W
M	A	M	N	E	V	A	W	V	A

38 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**Egzèsis # 3 (4 mn)**


- ☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /A/. Ale nan lòt paj la.  
☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 39 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 39 nan egzèsis nimewo 3 a.
- ☞ Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la !  
Antoure imaj kote nou tande son /A/ a.  
☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.
- ☞ Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?  
☞ Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte.  
Epi di :
- ☞ Antoure menm jan ak premye imaj la tout lòt imaj kote nou tande son /A/ a. Nou konprann ? Kòmanse !


3- Antoure imaj kote ou tande son /A/.


4- Antoure lèt majiskil A nan chak mo ki anba imaj yo.

AVYON ANANA ASYÈT ALIMÈT

39 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.


 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (4 mn)

 **N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "A". Toujou nan menm paj la, nan kaye egzèsis la.**


 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 39 lan ak nan egzèsis nimewo 4 la.


 **Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt majiskil "A" nan chak mo ki anba imaj yo.**

 Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj yo.

 **Kiyès ki ka di non imaj yo wè yo ?**


 Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

 **Antoure lèt "A" majiskil si nou tande son /A/ nan tout mo yo, menm jan ak premye lèt la ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !**


 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

Ekri 4 mo yo sou tablo a pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.


 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

3- Antoure imaj kote ou tande son /A/.




4- Antoure lèt majiskil A nan chak mo ki anba imaj yo.



AVYON ANANA ASYÈT ALIMÈT

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 39

### Aktivite Revèy (2 mn)

 Chwazi kèk elèv pou repete non lèt la

 **Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis. Tout elèv kanpe.**


M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa, m ap mande nou fè menm mouvman an.


 Eksplike mouvman an pandan w ap fè l avèk elèv yo.

1. Kage sou do
2. Vire tèt ou agoch adwat
3. Yon ti vole
4. Kanpe an plas


### Aktivite 5 Ekri lèt (18 mn)

#### 1. Trase lèt «A» ak dwèt nou anlè, sou ban (5 mn)


 Avan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl nimewo 5 ki nan paj 40, nan kaye egzèsis la. Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.

 **Toudabò, nou pral ekri lèt majiskil "A" ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m apre. Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen !**

Mwen trase yon ti baton panche adwat, yon ti baton panche agoch ki kole ak tèt premye baton an epi mwen trase yon ti baton kouche nan mitan yo. Nou konprann jès mwen sot fè a? Nou pral fè li ansanm :


 Nòt : Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Reprann modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.

☞ **Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la anmenm tan.**

 Repete jès la 2 fwa pou elèv yo ka trase lèt la sou ban yo. Mande elèv yo fè jès la ansanm, anmenmtan.


☞ **Nou konprann? An nou kòmanse!**

**Mwen trase yon ti baton panche adwat, yon ti baton panche agoch ki kole ak tèt premye baton an epi mwen trase yon ti baton kouche nan mitan yo.**

 Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban yo. Fè elèv yo fè jès la 3 fwa sou ban an.


## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (5 mn)


☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "A" majiskil sou tablo a nan liy sa yo.**

 Chwazi 5 fi ak 5 gason pou ekri lèt "A" nan liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :


☞ **Mwen trase yon ti baton panche adwat, yon ti baton panche agoch ki kole ak tèt premye baton an epi mwen trase yon ti baton kouche nan mitan yo.**

**Tout moun pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "A" majiskil.**


 Verifye si elèv yo genyen kaye bouyon an devan yo epi gen yon kreyon nan men yo. Verifye si elèv yo ap byen ekri lèt "A" yo, epi si lèt yo byen chita nan liy yo. Le yo fin ekri lèt la byen nan kaye bouyon yo, mande yo pran kaye egzèsis la pou yo kontinye ekri lèt la, nan paj 40 ak 41 an.




## Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)


 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 40 lan nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « A » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ki nan kaye egzèsis la.

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt ki nan kaye egzèsis la epi kopye l sou liy kaye a.**


 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.



## Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 41 lan nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « A » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt ki nan kaye egzèsis la.

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt ki nan kaye egzèsis la epi kopye l sou liy kaye a.**

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo..

## Aktivite 6 Vokabilè (8 mn)

### 1. Premye mo a se : syèl (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo syèl. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo syèl ? Èske ou konn wè syèl la ?

 Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


- ☞ Syèl vle di : Espas ble ki sou tèt nou lè nou deyò. Yo konn gen nyaj ak zetwal.

 Fòme 2 fraz kòm egzanp ak mo syèl pou elèv yo.

#### Egzanp :

- Adan ap gade zetwal yo nan syèl la.

- Maten an mwen leve, mwen gade syèl la, li te gen anpil nyaj.

 Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fè ak mo "syèl". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.

- ☞ Kiyès ki ka fòme yon fraz ak mo "syèl"

 Bay elèv yo tan pou yo di fraz yo.

- ☞ An n kontinye ak yon dezyèm mo ki nan istwa a.

### 2. Dezyèm mo a se : lanmè

- ☞ Dezyèm mo sa a se : lanmè. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo lanmè ? Èske ou konn ale nan lanmè ? Kòman nou konn wè lanmè a ?

 Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


- ☞ lanmè vle di : Gwo kantite dlo sale moun benyen, moun peche, epi moun pran bato pou yo vwayaje.

 Fòme 2 fraz kòm egzanp ak mo lanmè pou elèv yo.

#### Egzanp :

- Anita wè yon gwo bato sou lanmè a.

- Papa m ale peche pwason nan lanmè a pou manman mwen al vann nan mache a.

 Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fè ak mo "lanmè". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.


- ☞ Kiyès ki ka fè yon fraz ak mo "lanmè"

 Bay elèv yo tan pou yo di fraz yo fòme yo.

## Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (16 mn)


### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa.

 Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 13 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

- ☞ Kisa nou wè nan imaj la ? Ki rad moun ki nan imaj genyen sou yo ? Ki koulè rad yo ? Kisa ki nan pye yo ? Kisa ti gason an ap fè ? Kisa li gen nan do li ? Ki bò yo te kanpe ? Ki koulè pyebwa yo ye ? Èske kè tigason an


**kontan ? ki bò ou panse tigason an prale ? Poukisa ?**

-  Chwazi 3 elèv pou yo fòme yon fraz ki dekri imaj la, chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a :


**Egzanp :**

**Papa Aman pral mennen li lekòl, sou wout la Aman wè yon bèl pyebwa.**


- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.**

-  Chwazi 3-4 elèv pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 1 mn pou reponn.

- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

-  Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papye, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite "verifye prediksyon" an. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

**2. Koute istwa a (4 mn)**

-  Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans epi konsantre pou koute w. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a.**

**Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

**Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou, koute byen.**

**Yon apre midi apre lekòl**

*Papa Aman mande li : « Kisa ou te aprann nan lekòl la jodi a »*

*Aman di : «Jodi a, mwen te aprann koulè nan lekòl la».*

*Papa Aman di l : Ki koulè ou te aprann lekòl la ?*

*Aman reponn : Mwen aprann koulè ble, jòn, vèt, nwa, wouj, blan, mawon, gri. Papa Aman kontan anpil, epi li di Aman : konpliman !*


*Aprè sa, papa a di : « Ki koulè syèl la? »*

*Aman reponn : « Syèl la ble. Lanmè a ble tou, papa. Solèy la jòn, epi pyebwa yo vèt. »*

*Papa Aman bat bravo pou Aman, Aman kontan anpil.*


**3. Verifye prediksyon (3 mn)**

- ☞ **Anvan mwen te li istwa a pou nou, kèk elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje sa? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te koute istwa a.**

-  Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo pandan w ap sèvi ak repons ou te ekri yo.

- ☞ **Ki diferans nou te wè ant sa ki te pase nan istwa a ak sa nou te predi ki te pral pase nan istwa a?**

**4. Reponn kesyon (5 mn)**

-  Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon pou jounen anvan an. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yon elèv gen difikilte pou yo reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

-  Chwazi elèv ki poko reponn kesyon pou jounen an.

**1. De kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de Aman ak papa li.

**2. Kisa Aman te aprann nan lekòl la jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Aman te aprann koulè (2) Li te aprann tout koulè (3) Aman te aprann koulè nan lekòl la.

**3. Poukisa papa Aman t ap poze Aman kesyon ?**

**Repons :**

(4) Pou li te ka konnen kisa Aman te aprann nan lekòl la jodi a

**4. Di ki koulè Aman te aprann yo ?**

**5. Èske Aman te kontan ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

(5) Wi li te kontan (6) Paske li te travay byen lekòl. (7) Paske papa li te di li Konpliman epi li te bat bravo pou li.

---

## **Aktivite 8** Evalyasyon (3 mn)



*Si gen tan ki rete lè w fin fè leson an ou ka fè egzèsis sa a.*

**☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann ekri lèt A majiskil. (2) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a.

(3) Nou te koute istwa : Yon apre midi apre lekòl.

## Leson 3 I L

### Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt "l".
- Distenge lèt "l" pami plizyè senbòl
- Aprann ekri lèt miniskil "l".
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

### Materyèl :

- Liv lekti, leson 3 paj 14-15
- Kaye egzèsis, leson 3 paj 42-45
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon


### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

#### 1. Kontin (2 mn)


 Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Avèk valiz li sou do li  
Alina ale lekòl  
Ak yon anana nan valiz li.  
Alen li menm vini

 Felisite epi ankouraje elèv yo.


#### 2. Rapèl (3 mn)

 Ekri plizyè mo sou tablo a : avyon, men, Alina, asyèt, liv, Ana, atè, wouj, chat, Ali, won, anana. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "a" ak « A » nan mo ki sou tablo a.


- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt "a" miniskil ak lèt « A » majiskil nan mo ki ekri sou tablo a ?

 Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.

- ☞ Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « l » miniskil.








 Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.

### Aktivite 2 An nou jwe ak imaj (4 mn)

 Ouvri liv la nan paj ki gen imaj ou pral itilize pou fè egzèsis la. Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.




- ☞ Jodi a, nou pral fè yon jwèt. Nou pral jwe ak desen ki nan liv la. Ouvri liv lekti a nan paj 14. Tout moun wè desen yo ? Gade 4 premye desen yo byen.







-  Bay elèv yo 30 segonn pou yo byen gade desen yo.
- ☞ Chak fwa mwen di non yon dwèt ak non yon desen n ap mete dwèt la sou desen an. Nou pare ? An nou kòmanse !  
Mete lendèks nou sou desen linèt la.
-  Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ Mete lemajè nou sou desen lanp la.
-  Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ Mete lanilè nou sou desen lapli a.
-  Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ Mete orikilè nou sou desen liv la.
-  Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa yo ye.
-  Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo :
- ☞ Ki son ki repete plis nan 4 mo nou sot di yo : linèt, lanp, lapli, liv ?
-  Koute repons yo, aksepte kèk repons epi si elèv la gen difikilte ede yo jwenn ki son ki kòmanse chak mo yo. Fè yo repete chak mo yo plizyè fwa pou yo ka jwenn son ki nan chak mo yo. Epi di :
- ☞ Son an se //.  
Jodi a, nou pral aprann son //.

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son // . M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak son // . Si mo a kòmanse ak son // , leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son // mete de men nou sou ban an . Èske nou konprann ?
-  Si gen kèk elèv ki pa konprann bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ Son an se // . Mo a se liv.
-  Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ Lòt mo a se : avyon.  
An n kontinye ak kèk egzanp :  
leti, moun, lina, zoranj, li, Lila, koulè, pòm, dlo, biblo, lanp, lanbi, larivyè, anana, lapli.
-  Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

-  Ekri lèt "l" miniskil sou tablo a pou elèv yo ka repete non ak son lèt la.  
-Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
-Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ Son lèt sa a se //
-  Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt la epi pwononse son an ansanm avèk yo .Poze elèv yo kesyon sa a.
- ☞ Ki son lèt sa a ? //.
-  Chwazi kèk elèv pou repete "son lèt la".
- ☞ Kounye a, nou pral aprann di non lèt "l" miniskil.
-  - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
- Di non lèt la byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se "l" miniskil.**

☞ Mande elèv yo di non lèt la epi di non an ansanm avèk yo.  
Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Poze elèv yo kesyon sa a.

☞ **Ki non lèt sa a ? « l »**

☞ Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo.  
Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen non ak son lèt "l" a se menm. Epi di :

☞ **Son lèt sa a se /l/, non lèt sa a se "l" miniskil.**

**Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (17 mn)**

☞ Ekri lèt sa yo sou tablo a : **l, p, i, l, m, l, b, i, w, p, a, l, a, p.** Epi mande :

☞ **Kiyès ki vle vin antoure lèt « l » sou tablo a ?**

☞ Chwazi plizyè elèv (fi ak gason) pou vin antoure lèt "l" pami lèt ki sou tablo a.  
Aprè chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "l". Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "l" sou tablo a.

**Egzèsis # 1 (4-5 mn)**

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen. Louvri kaye a nan paj 42, nou pral fè egzèsis # 1.**

☞ Ekri # 42 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis avèk ou.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Gade lèt ki antoure agoch la byen epi antoure tout lèt ki menm ak li. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè # 1 an. Pase verifye si tout elèv yo antoure bon lèt la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Mande chak elèv pou touche lèt « l » yo te antoure nan bwat la. Si genyen ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

**Egzèsis # 2 (6 mn)**

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "l". toujou nan menm paj kaye egzèsis la.**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan menm paj 42 a nan egzèsis nimewo 2.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "l" miniskil ki menm jan ak modèl la.**

☞ Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt la ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase verifye si tout elèv yo antoure bon lèt la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Mande chak elèv pou touche lèt « l » yo te antoure nan lis la. Si genyen ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

Leson 3 | l l

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

l	r	e	l	v	a
e	l	a	j	l	p
l	r	d	l	a	i
p	g	l	s	l	e

2- Antoure lèt l miniskil yo.

Ⓛ b a z k y w l g l d a

s w r l o i b v c h l l z

v a b l a n z a a w

m a m n e v a w v a

42 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

Leson 3 | l l

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

l	r	e	l	v	a
e	l	a	j	l	p
l	r	d	l	a	i
p	g	l	s	l	e

2- Antoure lèt l miniskil yo.

Ⓛ b a z k y w l g l d a

s w r l o i b v c h l l z

v a b l a n z a a w

m a m n e v a w v a


42 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

### Egzèsis # 3 (4 mn)



- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /l/. Ale nan lòt paj la.**
  - ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 43 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 43 nan egzèsis nimewo 3.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son /l/.**
  - ☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.*
- ☞ **Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*
- ☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la tout lòt imaj kote nou tande son /l/ . Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase verifye si tout elèv yo antoure bon lèt la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Mande chak elèv pou touche lèt « l » yo te antoure nan lis la. Si genyen ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

### Egzèsis # 4 (2 mn)



- ☞ **N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "l". Toujou nan paj 43 a.**
  - ☞ *Metete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 43 nan egzèsis nimewo 4.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt miniskil « l » nan chak mo ki anba imaj yo.**
  - ☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.*
- ☞ **Kiyès ki ka idantifye imaj yo ?**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*
- ☞ **Antoure lèt "l" si nou tande son /l/ nan tout mo yo, menm jan ak premye lèt la ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase verifye si tout elèv yo antoure bon lèt ki anba chak imaj.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Mande chak elèv pou touche lèt « l » yo te antoure nan mo ki anba imaj la. Si genyen ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

## Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (14 mn)

- ☞ *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

### 1. 1. Lekti sou tablo (7 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**



- ☞ *Aprè ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

**Lekti nan liv (7 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 14 la. Ekri # 14 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.*
- ☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a. Oubyen chwazi yon mo l te li ki gen silab yo (lina/linèt)(anana/Linèt).
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

**Aktivite Revèy (2 mn)**


- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon jwèt ki rele : "Fè mouvman ak son". Mwen pral di yon mo, chak fwa mo a kòmanse ak son /l/ n ap panche agoch, lè li pa kòmanse ak son /l/ n ap panche adwat.**
  - ☞ *Li mo yo byen fò pou elèv yo ka tande tout son ki nan mo yo. Fè yon modèl avan w kòmanse jwèt la ak elèv yo.*
- ☞ **Nou pare ? An nou kòmanse : leti, lina, li, Lila, koulè, pòm, dlo, biblo, lanp, lanbi, lekòl, lapli.**
  - ☞ *Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe.*

**Aktivite 6 Ekri lèt (16 mn)**


**1. Trase lèt «l» ak dwèt nou anlè, sou ban (4 mn)**

- ☞ *Avan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl nimewo 5 ki nan paj 44, nan kaye egzèsis la. Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.*
- ☞ **Toudabò, nou pral ekri lèt " l " miniskil ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen !**


Mwen trase yon liy kanpe. Nou konprann jès mwen sot fè a? Nou pral fè li ansanm.

 Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Reprann modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.

☞ **Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè. N ap trase lèt la anmenm tan m ap fè jès la.**


 Repete jès la 2 fwa pou elèv yo ka trase lèt la sou ban yo. Mande elèv yo fè jès la ansanm.

☞ **Nou konprann? An nou kòmanse!**


 Pase verifye si tout elèv yo ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban yo. Fè elèv yo fè jès la 3 fwa sou ban an.


## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)

☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "l" sou tablo a nan liy sa yo.**


 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "l" nan liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo.

☞ **Trase yon liy kanpe. Tout moun pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "l" miniskil.**


 Verifye si elèv yo genyen kaye bouyon yo devan yo epi gen yon kreyon nan men yo. Gade si elèv yo ap byen ekri lèt "l", epi si lèt yo byen chita nan liy yo. Lè yo fin ekri lèt la byen nan kaye bouyon yo.




### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)


 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 44 la nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « l » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**


 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.



### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 45 lan nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « l » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 6 Vokabilè (3-5 mn)

### 1. Premye mo a se : zanmi

☞ **Nou pral koute yon istwa. Anvan nou tande istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo zanmi. Èske nou gen zanmi ? Kisa zanmi vle di ?**

- ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*
- ☞ **Zanmi vle di : 2 ouswa plizyè moun ki byen anpil, ki toujou ansanm.**
- ☞ *Fè 2 fraz kòm egzanp ak mo zanmi pou elèv yo.*

**Egzanp :**

- Mwen gen anpil zanmi nan klas mwen an.
- Manman poul ak konpè chen se de bon zanmi.

- ☞ *Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fòme ak mo "zanmi". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.*
- ☞ **Kiyès ki ka fòme yon fraz ak mo "zanmi"**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou yo fòme fraz yo.*

**2. Dezyèm mo a se : remèd**

- ☞ **Dezyèm mo an se remèd. Èske nou konnen kisa remèd vle di ? Nan ki moman nou konn tande mo remèd ?**

- ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*
- ☞ **Remèd vle di: Medikaman doktè preskri yon moun ki malad, remèd la ap ede malad la geri.**
- ☞ *Fè 2 fraz kòm egzanp ak mo remèd pou elèv yo.*


**Egzanp :**

- Michèl malad; manman li ale kay doktè avèk li. Doktè a preskri li yon remèd.
- Kou Michèl pran remèd la, li refè.

- ☞ *Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fòme ak mo "remèd". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.*
- ☞ **Kiyès ki ka fòme yon fraz ak mo "remèd" ?**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou yo fòme fraz yo.*

**Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (18-20 mn)**


**1. Prediksyon dapre desen (5 mn)**



Leson 3 ak 4 I L

- ☞ *Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 15 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*
- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Konbyen zannimo ki ladan li ? Ki bèt yo ye ? Ki kote zannimo yo ye ? Kisa y ap fè ? Kisa chen an ap fè ? Kisa poul la ap fè ?**
- ☞ *Chwazi 3 elèv pou yo fòme yon fraz ki dekri imaj la, chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a :*
- Egzanp :**
- Gen yon chen ki ap gade tèt li nan yon miwa.**
- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.**
- ☞ *Chwazi 3-4 elèv pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 1 mn pou reponn.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
- ☞ *Ekri nan yon kaye oubyen sou fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite "verifye prediksyon" an. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

## 2. Koute istwa a (2 mn)

 Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande elèv yo fè silans. Lè tout moun konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.


- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a pou nou !**

### Bravo Manman Poul.


Chak maten, Manman Poul toujou salye Konpè Chen. Yo pa bon zanmi toulejou. Maten an, Konpè Chen pa leve byen. Manman Poul salye l, men li pa reponn. Manman Poul ale devan pòt Mèt Kay la. Li chante jistan mèt kay la sòti deyò a. Manman Poul mennen l devan Konpè Chen. Li wè Konpè Chen malad. Li bay Konpè Chen remèd, epi li refè. Konpè chen remèsye Manman Poul. Mèt kay la kontan. Li bay Manman Poul manje pou li ak pitit li. Li di : "Bravo Manman Poul".

## 3. Verifye prediksyon (4 mn)

- ☞ **Anvan mwen te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a, dapre desen an. Nou sonje ? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a. Kiyès ki sonje sa li te imajine ki pral pase nan istwa a?**


 Chwazi kèk elèv nan sa ki leve men yo pou yo redi sa yo te panse a. Si yo gen difikilte reprann pou yo repons yo te bay sou prediksyon dapre desen an. Epi di :

- ☞ **Èske sa w te panse dapre desen an, se sa ki pase nan istwa a?**

 Bay elèv yo tan pou yo reponn, epi di yo ki pati nan istwa a ki sanble ak prediksyon yo te fè sou desen an.

- ☞ **Toujou sonje chwazi 1 fi ak 1 gason pou reponn.**

## 4. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki pako reponn kesyon pou jounen an.

### 1. De kiyès istwa ap pale ?

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de yon poul. (2) Istwa a pale de yon chen. (3) Istwa a pale de yon manman poul ki entelijan.

### 2. Kisa ki te rive konpè Chen ?

### 3. Kisa manman poul la te fè?

### 4. Kisa mèt kay la te fè pou konpè chen ?

(4) Mèt kay la te bay konpè chen remèd.

### 5. Èske konpè chen te kontan ? Poukisa ?

**Repons posib :**

(5) Wi, konpè chen te kontan. (6) Konpè chen te kontan paske li te geri. (7) Paske mèt kay la te ba l remèd ?

### 6. Èske konpè chen janti ? Poukisa ?

**Repons posib :**

(8) Wi, konpè chen janti. (9) Konpè chen janti paske li te remèsye manman poul.

### 7. Kisa mèt kay la te di manman poul ?

---

**Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)**

 *Si gen tan ki rete lè w fin fè leson an ou ka fè egzèsis sa a.*


 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /l /. (2) Nou te aprann ekri lèt «l ». (3) nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te koute istwa manman pou la.

---

**Aktivite Lib**

 *Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy “**aktivite lib yo**” ki nan nan kaye egzèsis la.*



# Leson 4 L

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt /L/.
- Distenge lèt «L» pami plizyè senbòl.
- Aprann ekri lèt majiskil «L».
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 4 paj 14-15
- Kaye egzèsis, leson 4 paj 46-49
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)



### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Alina ale lekòl  
Li renmen lekòl la  
Lè li kontre ak Alen  
Li di: « Nou nan menm lekòl ! »



-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)


-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : liy, men, lapli, asyèt, liv, Ana, atè, wouj, chat, Ali, lila. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "l" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt "l" miniskil nan mo ki ekri sou tablo a ?
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ Jodi a nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « L » majiskil. Dekri imaj ak pwòp mo pa w.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)






### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son lèt /L/majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di si mo sa yo kòmanse ak son /L/. Si mo a kòmanse ak son /L/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /L/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Son an se /L/. Mo a se Lalàn.
-  *Verifye si elèv yo suiv konsiy lan.*



- ☞ **Lòt mo a se : « sik ». An nou kontinye ak kèk egzanj :**  
sik ; lang ; boul ; labouyi ; limyè ; savon ; lapli ; papa ; dodin ; linèt.

 Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.




**2. Di son ak non lèt la (2 mn)**

- ☞  Ekri lèt la "l" miniskil ak lèt "L" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("l" ak "L"). Fè yo repete son lèt /l/ miniskil la anvan.  
- Touche lèt ki sou tablo a pou elèv yo.  
- Repete son lèt yo byen fò pou tout klas la ka tande yo.
- ☞ **Son lèt sa a se /l/, son lèt sa a tou se /L/.**  
 Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa yo :
- ☞ **Ki son lèt sa a ? /l/. Ki son lèt sa a ? /L/**  
**Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("l", "L").**  
 Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a. Apre sa, di non lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "l" miniskil, non lèt sa a se "L" majiskil.**  
 Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo.  
Poze elèv yo kesyon sa yo.
- ☞ **Ki non lèt sa a ? "l". Ki non lèt sa a ? "L".**  
 Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo".  
Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen non ak son lèt ("l"/"/l"; "L"/"/L") a se menm. Epi di :
- ☞ **Lèt sa a se "l" miniskil, son li se /l/.**  
**Lèt sa a se "L" majiskil, son li se /L/. Lèt miniskil « l » ak lèt majiskil « L » gen menm son.**

**Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (18 mn)**

- ☞  Ale sou tablo a, ekri plizyè lèt majiskil tankou : **A, L, I, L, M, L, B, L, P, E, L, A, L, A, P, I, L.** Epi chwazi plizyè elèv pou vin antoure lèt majiskil "L" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "L". Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "L" sou tablo a pou klas la.
- ☞ **Èske se lèt "L" majiskil elèv la antoure ?**  
 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.

**Egzèsis # 1 (4 mn)**

- ☞  Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen.**  
 Ouvri kaye a nan paj 46, nou pral fè egzèsis # 1. Ekri # 46 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè ki antoure agoch ?**  
 Bay elèv yo tan pou reponn epi di :
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki sanble ak lèt ki antoure agoch la.**

Leson 4 L

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.


P	L	E	D	L	A
E	B	A	L	J	L
L	R	L	O	N	O
P	L	N	L	I	E

2- Antoure lèt L majiskil yo.


Ⓛ Z A Z I Y D W L G L D  
S W R L O I V D C H L L Z  
A A M N E V A W A A  
V A B L A N Z A A W

46 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


## Antoure tout lèt ki menm ak sa ki antoure agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase verifye si tout elèv yo antoure bon lèt la.

### ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Mande chak elèv pou touche lèt « L » yo te antoure nan bwat la.  
Si genyen ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

### ☞ Èske lèt sa a, se lèt majiskil "L" ?


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "L". Si genyen ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

## Egzèsis # 2 (4 mn)


### ☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt majiskil "L" nan menm paj kaye a.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 46 la nan egzèsis # 2.


### ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "L" majiskil ki menm jan ak modèl la.

 Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.


### ☞ Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

### ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Touche chak lèt pou elèv yo epi di :

### ☞ Èske lèt sa a se lèt "L" majiskil ?


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "L" majiskil. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

## Egzèsis # 3 (4 mn)


### ☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "L" majiskil. Nan paj 47 la, nan egzèsis 3 a.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 47 la nan egzèsis # 3 la.


### ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt majiskil "L" nan chak mo ki anba imaj yo.

 Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj yo.

### ☞ Kiyès ki ka di non imaj yo wè yo?

 Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

### ☞ Antoure lèt "L" majiskil si nou tande son /L/ nan tout mo yo, menm jan ak premye lèt la ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo yo sou tablo a pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.

### ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

2- Antoure lèt L majiskil yo.

L Z A Z I Y D W L G L D  
S W R L O I V D C H L L Z  
A A M N E V A W A A  
V A B L A N Z A A W

3- Antoure lèt majiskil L nan chak mo ki anba imaj yo.




4- Antoure imaj kote ou tande son /L/.



Kaye egzèsis 1° A.F.

47

Leson 4 L



☁ Chwazi 4 elèv ( 2 fi ak 2 gason ) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Chwazi kèk elèv pou repete non lèt la.

### Egzèsis # 4 (4 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou /L/. toujou nan menm paj kaye a.**
  - ☁ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 47 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 47 nan egzèsis nimewo 4.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son /L/ .**
  - ☁ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.*
- ☞ **Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?**
  - ☁ *Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*
- ☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la tout lòt imaj kote nou tande son /L/ a. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☁ *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☁ *Chwazi 4 elèv ( 2 fi, 2 gason ) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*

### Aktivite 4 Lektè lèt, mo ak fraz (15 mn)

☁ *Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

#### 1. 1. Lektè sou tablo (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☁ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☁ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - ☁ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☁ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

#### Lektè nan liv (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 14 la. Ekri # 14 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**

☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

**Aktivite Revèy (2 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral fè yon egzèsis. Tout elèv kanpe. M ap fè yon mouvman ak kò mwen. Apre sa, m ap mande nou fè menm mouvman an.**

☞ Repete mouvman an pandan w ap fè l avèk elèv yo.

1. Kage sou do
2. Vire tèt ou agoch adwat
3. Yon ti vole
4. Kanpe an plas
5. Chita

**Aktivite 5 Ekri lèt (16 mn)**

**1. Trase lèt «L» ak dwèt nou anlè, sou ban an (5 mn)**

☞ Avan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl # 5 ki nan paj 48, nan kaye egzèsis la. Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.

☞ **Toudabò, nou pral ekri lèt majiskil “L” ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m apre : Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen ! Mwen trase yon liy kanpe epi nan pwent anba a mwen trase yon liy kouche ki tou kout adwat. Nou konprann jès mwen sot fè a ? Nou pral fè li ansanm.**

☞ Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Reprann modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.



☞ **Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la anmenm tan.**

**2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (5 mn)**

☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt “L” majiskil sou tablo a nan liy sa yo.**

☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “L” majiskil nan liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :

☞ **Mwen trase yon liy kanpe epi nan pwent anba a trase yon liy kouche ki kout.**



- ☞ Fè elèv yo ekri lèt "L" majiskil nan kaye bouyon yo.
- ☞ **Tout moun pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "L" majiskil.**
  - ☞ Verifye si elèv yo genyen kaye bouyon yo devan yo epi gen yon kreyon nan men yo. Gade si elèv yo ap byen ekri lèt "L", epi si lèt yo byen chita nan liy yo. Lè yo fin ekri lèt la byen nan kaye bouyon yo.

**Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 48 la nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « L » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

**Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 49 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « L » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo !

**Aktivite 6 Vokabilè (7-8 mn)**

**1. Premye mo a se : Match**

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo match. Èske nou konnen mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo match ? Èske nou konn gade match ?
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :
- ☞ **Match vle di : Jwèt ant 2 moun oubyen 2 ekip.**
  - ☞ Fòme 2 fraz kòm egzanp ak mo match pou elèv yo.

**Egzanp :**

- Jodi a ekip foutbòl Ayiti ap jwe yon bèl match kont ekip Jamayik la.
- Apre midi a, mwen pral gade match la sou plas la ak zanmi mwen yo.

- ☞ Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye fòme kèk fraz yo fè ak mo "match". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.
- ☞ **Kiyès ki ka fòme yon fraz ak mo "match"?**
  - ☞ Bay elèv yo tan pou yo di fraz yo.

**2. Dezyèm mo a se : Gòl**

- ☞ An n kontinye ak yon dezyèm mo ki nan istwa a. Dezyèm mo sa a se : "gòl". Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo gòl ? Kouman yo fè yon gòl ?
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

- ☞ **Gòl vle di : Se lè balon an antre nan kan lòt ekip la.**

☞ Fè 1 fraz kòm egzanp ak mo gòl pou elèv yo.

**Egzanp :**

- **Ekip Ayti a bat ekip Jamayik la 3 gòl a zero.**

☞ Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fòme ak mo "gòl". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.

- ☞ **Kiyès ki ka fòme yon fraz ak mo "gòl"?**

☞ Bay elèv yo tan pou yo di fraz yo.

## Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

☞ Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 15 lan, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**

☞ Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :

- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Kisa ti gason yo ap fè ? Ki rad yo gen sou yo? Ki koulè rad yo gen sou yo ? kisa y ap jwe ? Ki lòt moun ou wè nan imaj la?**

☞ Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la, chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a:

**Egzanp :**

**Yon ti gason ki gen yon boul anba pye l, ki pral jwe foutbòl.**

**Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.

- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

☞ Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

### 2. Koute istwa a (4 mn)

☞ Lè w ap li istwa a pou elèv yo, mande yo fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute istwa a, li istwa a ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.


- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kesyon sou istwa a.**

**Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a pou nou!**

**Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou :**

#### Match foutbòl

Te gen yon bèl match sou teren an. Tout fanatik yo te la pou yo chofe ekip Fefe a. 2 ekip yo monte teren an, abit la soufle, match la kòmanse. Tout fanatik yo ap rele : "Fefe ! Fefe !" Youn nan jwè ki nan ekip Fefe a resevwa balon an, li drible yon



Leson 3 ak 4

Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

15

jwè epi li bay Fefe yon bèl pas devan kan an. Fefe bloke balon an epi li fè yon bèl gòl. Tout fanatik yo kontan, match la fini, ekip Fefe a genyen.

### 3. Verifye prediksyon (4 mn)

- ☞ Anvan mwen te li istwa a pou nou, kèk elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje sa? An nou retounen sou sa nou te di anvan nou te koute istwa a.
- ☞ *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo pandan w ap sèvi ak repons ou te ekri yo.*
- ☞ Ki diferans nou te wè ant sa ki te pase nan istwa a ak sa nou te panse ki te pral pase nan istwa a?

### 4. Reponn kesyon (4 mn)

☞ *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yon elèv gen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

☞ *Chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou.*

#### 1. De kisa istwa a pale ?

(1) Istwa pale de yon match foutbòl.

#### 2. Ki kote match la t ap jwe ?

Repons posib :

(2) Sou teren an (3) Match la ap fèt sou teren an.

#### 3. Kiyès ki te vin gade match la ?

(4) Fanatik yo vin gade match la

#### 4. Kiyès fanatik yo t ap chofo ?

(5) Yo t ap chofo Fefe

#### 5. Kijan Fefe te bay gòl la ?

(6) Fefe bloke balon an epi li choute nan kan an, li bay gòl la. (7)...

## Aktivite 8 Evalyasyon (3 mn)

☞ *Si gen tan ki rete lè w fin fè leson an ou ka fè egzèsis sa a.*

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

Repons posib :

(1) Nou te aprann ekri «L» majiskil. (2) Nou te aprann definisyon mo nan istwa a.

(3) Nou te koute istwa : **Match foutbòl**

## Aktivite Lib

☞ *Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.*



# Leson 5 a, A, I, L

## Objektif:


Distenge lèt majiskil ak lèt miniskil (**a, A, I, L**).  
Ekri lèt miniskil ak lèt majiskil (**a, A, I, L**).  
Repwoudi lèt, mo ak fraz senp.

## Materyèl :

Liv lekti, leson 5 paj 16-17  
Kaye egzèsis, leson 5 paj 50-51  
Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

### 1 Kontin (2 mn)

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Alina ale lekòl  
Avèk valiz li sou do li  
Alen li menm vini  
Ak yon anana nan valiz li!

 Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Rapèl (3 mn)

 Ekri plizyè mo sou tablo a : **liy, Lik, lapli, Lewogàn, liv, chat, Ali, lila, lig, Lima.**  
Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "l" nan mo ki sou tablo a.

- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt miniskil « a, l » ak lèt majiskil "A, L" nan mo ki ekri sou tablo a ?

 Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifeye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.

- ☞ Jodi a, nou pral revize epi ekri lèt miniskil « a, l » ak lèt majiskil "A, L".


## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Idantifye premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral idantifye premye son a, A, I, L M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak youn nan son sa yo (/a/, /A/, /I/, /L/). Si li kòmanse ak youn nan son sa yo (/a/, /A/, /I/, /L/) leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak youn nan son sa yo (/a/, /A/, /I/, /L/) mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?

 Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.

- ☞ Son an se /a/. Mo a se : Ana.

 Verifeye si elèv yo leve pous yo anlè.

- ☞ Lèt mo a se : tablo.  
An n kontinye ak lòt pè mo pou son /a/: (avion/savon); (Gason/alimèt).

☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an. Epi swiv menm modèl son (/a/,/A/) a pou son (/I/,/L/). Itilize pè mo sa yo: (lalin/pele); (Lala/sapen); (Kasav/ Lanp) sonje reprann konsiy nan lè w ap kontinye ak lòt son yo.

- ☞ An n kontinye ak kèk mo ki genyen son /I/:  
(lalin/pele); (Lala/sapen); (Kasav/ Lanp)

☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

## 2. Di son ak non lèt (2 mn)

☞ Ekri lèt sa yo (a, A, I, L). sou tablo a. Fè elèv yo repete son ak non tout lèt yo.

-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a pou yo repete yo byen.

- Fè tout elèv yo di son ak non lèt yo byen fò.

- Chwazi kèk elèv pou di son ak non lèt ki sou tablo a.

- ☞ Ki son lèt sa a ? /a/. Ki non lèt sa a ? « a ».  
Ki son lèt sa a ? /A/. Ki non lèt sa a ? « A ».  
Ki son lèt sa a ? /I/. Ki non lèt sa a ? « I ».  
Ki son lèt sa a ? /L/. Ki non lèt sa a ? « L ».

☞ Si kèk elèv gen difikilte, fè yon kamarad ede l, epi korije ansanm. Felisite epi ankouraje elèv yo !

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (6 mn)

☞ Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo: **a, I, s, L, p, A, L, k, I, a, b, A.**  
Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt (a, A, I, L) pami lèt ki sou tablo a.

- ☞ Kiyès ki ka vin idantifye lèt « a » sou tablo a pou klas la.

☞ Bay elèv yo yon mn pou antoure lèt la sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt la. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt la sou tablo a pou klas la.

- ☞ Èske se lèt "a" miniskil elèv la antoure ?

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt (A, I, L) yo.

- ☞ Kiyès ki ka vin idantifye lèt « A » majiskil ?  
Kiyès ki ka vin idantifye lèt « I » miniskil ?  
Kiyès ki ka vin idantifye lèt « L » majiskil ?

## Egzèsis # 1 (4 mn)

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

- ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann yo. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen. Ouvri kaye a nan paj 50, nan egzèsis # 1.

☞ Ekri # 50 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis avèk ou.

- ☞ Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil. An nou gade egzanz sa a. Nou wè yon lèt « A » majiskil ki konekte ak yon lòt lèt « a » miniskil. Nou pral fè menm jan ak egzanz sa a. Nou konprann ? Kòmanse !

Leson 5 Revizyon a, A, I, L

1- Konekte **A** miniskil ak **A** majiskil

a m n a v a w

A V A B L N A A

2- Kopye lèt yo sou lly kaye a.


a

A


I

L


50 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 1 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo yo sou tablo a pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Pandan elèv yo ap travay ekri lèt yo sou tablo a an 2 ranje. Apre sa chwazi 4 elèv 2 fi, 2 gason pou yo eksplike ki lèt yo konekte, epi di poukisa yo konekte lèt sa yo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

**Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)**


 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

**1. 1. Lekti sou tablo (5 mn)**


**☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


**☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

**☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

**☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2. Lekti nan liv (5 mn)**

**☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 Ouvri liv lekti a nan paj 16 la. Ekri # 16 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

**☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**


 Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite 5 Ekri lèt (6 mn)

### 1. Ekri lèt, silab, mo sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

- ☞ *Prepare tablo a menm jan ak liy ki nan kaye a. Chwazi kèk elèv pou vin ekri lèt sa yo sou tablo a : a, A, I, L*
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt sa yo sou tablo a ? Lèt : a, A, I, L.**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv pou ekri lèt sa yo sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral ekri lèt sa yo (a, A, I, L) nan kaye bouyon nou.**
  - ☞ *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri menm lèt ki ekri sou tablo a nan kaye bouyon yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt ki sou tablo a. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade lèt yo byen pou nou ka fè menm jan.**
  - ☞ *Pase verifye si tout elèv ap ekri silab ak mo yo ak kreyon yo nan kaye bouyon yo.*




### Egzèsis # 2 nan kaye egzèsis (4 mn)

- ☞ *Vire kaye egzèsis la anfas klas la, mete dwèt ou sou egzèsis elèv yo pral fè a, ki nan paj 50 lan. Ekri # 50 lan byen gwo sou tablo a pou tout klas la ka wè l. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.*
- ☞ **Chak elèv pran kaye egzèsis nou an pou nou ekri lèt sa yo : ( a, A, I, L)**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap byen kopye lèt yo : a, A, I, L. Pase verifye si elèv yo kopye lèt yo byen. Si gen elèv ki gen difikilte reprann eksplikasyon lèt la pou elèv yo. Epi fè yo ekri lèt la ankò.*

### Egzèsis # 3 nan kaye egzèsis (4 mn)

- ☞ *Vire kaye egzèsis la anfas klas la, mete dwèt ou sou egzèsis elèv yo pral fè a, ki nan paj 51 an. Ekri # 51 an byen gwo sou tablo a pou tout klas la ka wè l. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la.*
- ☞ **Chak elèv pran kaye egzèsis nou an pou nou ekri fraz sa yo :**
  - Lala la,
  - Lala al la a.
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap byen kopye fraz yo. Si gen elèv ki gen difikilte reprann eksplikasyon lèt la pou elèv yo. Epi fè yo ekri lèt la ankò.*



## Aktivite 7 Relekti (4 mn)

### Lekti fraz (4 mn)

- ☞ *Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 17 la.*
- ☞ **Chwazi kèk elèv pou li fraz la ki anba imaj la.**

## Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ *Si gen tan ki rete lè w fin fè leson an ou ka fè egzèsis sa a.*
  - ☞ **Kisa nou te revize nan leson jodi a ?**
- Repons posib :**
- (1) Nou te revize lèt miniskil «a, l», lèt majiskil «A, L». (2) Nou te ekri fraz.

# Leson 6 i

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt «i».
- Distenge lèt "i" pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « i » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 6 paj 18 -19
- Kaye egzèsis, leson 6 paj 52 - 55
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### 1 Kontin

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Fanmi mwen se pa mwen  
 Manman mwen, papa mwen  
 Frè mwen ak sè mwen  
 Mwen renmen fanmi mwen!


 Felisite epi ankouraje elèv yo.


- ☞ Jodi a, nou pral aprann idantifye son ak non lèt « i » miniskil.


## Aktivite 2 An nou jwe ak imaj (3 mn)

Leson 6 ak 7 i I

  
inifòm

  
pilon

  
izin

  
liv

a A I L

★ L < A = LA I < a = Ia I < l = Il I < l = Il

✎ a la al a al la la al la

🗣️ li Li la li Li la li la Li


👂 ala Lala ala lala ala Lala

🗣️ li Lili Lila ala Lila lali


👂 Ali al li.  
Lila al li.  
Ali li, Lila li.

18 Liv lekti 1<sup>er</sup> A.F.


- ☞ Jodi a, nou pral jwe ak desen ki nan liv la. Ouvri liv lekti nou nan paj 18 la. Tout elèv wè desen yo ? Gade 4 premye desen yo byen.

 Bay elèv yo 30 segonn pou yo byen gade desen yo.

- ☞ Chak fwa mwen di non yon dwèt ak non yon desen, n ap mete dwèt la sou desen an. Nou pare ? An nou kòmanse !  
Mete lendèks nou sou desen inifòm nan.

 Verifye si elèv yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si nesèsè.

- ☞ Mete lemajè nou sou desen pilon an.

 Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si nesèsè.

- ☞ Mete lanilè nou sou desen izin lan.

 Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si nesèsè.

- ☞ Mete orikilè nou sou desen liv la.

 Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si nesèsè.

- ☞ Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.

- ☞ *Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo sa yo : inifòm ; pilon ; izin ; liv*
- ☞ **Ki son ki repete plis nan 4 mo nou sot di yo ?**
  - ☞ *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi si elèv la gen difikilte ede yo jwenn ki son ki kòmanse chak mo yo. Fè yo repete chak mo yo plizyè fwa pou yo ka jwenn son ki nan chak mo yo.*
- ☞ **Son an se /i/.**  
Jodi a, nou pral aprann son /i/.

### Aktivite 3 **Konsyans fonemik (6 mn)**

#### 1. Rekonèt son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /i/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo gen son /i/ ladan yo. Si mo a gen son /i/, n ap leve pous nou anlè. Si li pa gen son /i/ mete de men nou plat sou ban an. Èske nou konprann ? An nou kòmanse**
  - ☞ *Si gen kèk elèv ki pa konprann bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Premye mo a se « izin », li gen son /i/ m ap leve pous mwen anlè.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo suiv konsiy lan.*
- ☞ **Dezyèm mo a se « plato », m ap mete men mwen sou ban an. An n kontinye ak mo sa yo : lekti, initil, lago, pilon, imajine, kowosòl, lakou, antoure, itilize, pile, kaye, plim.**
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

- ☞ *Ekri lèt "i" miniskil sou tablo a pou elèv yo ka repete non ak son lèt la.*  
-Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /i/.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt la epi di son an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a.*
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (/i/).**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv pou repete "son lèt la". Si yo fè yon erè, mande lòt elèv pou korije.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt "i".**
  - ☞ *- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
- Di non lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "i" miniskil.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt la epi pwononse son an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a.*
- ☞ **Ki non lèt sa a ? « i ».**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv pou repete "son lèt la". Si yo fè yon erè, mande lòt elèv pou korije. Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen non ak son lèt "i" a se menm. Epi di :*
- ☞ **Son lèt sa a se /i/, non lèt sa a se "i" miniskil.**

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (16 mn)

Ekri lèt miniskil sa yo : *i, n, i, l, e, i, l, a, i, w, p, i, l, i, p*. Epi chwazi plizyè elèv pou vin antoure lèt "i" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "i". Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "i" sou tablo a pou klas la.

☞ Èske se lèt "i" elèv la antoure a ?

☞ Chwazi kèk lòt elèv pou vin idantifye lèt "i" pami lèt ki sou tablo a. Ankouraje epi korije ansanm.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen. Ouvri kaye egzèsis la nan paj 52 nou pral fè egzèsis # 1.

☞ Ekri # 52 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis avèk ou.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan won agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt "i" ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè si li pa t sou lèt "i". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)

☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "i" toujou nan menm paj kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan menm paj 52 nan egzèsis # 2.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "i" miniskil ki menm jan ak modèl la.

☞ Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt "i" ?

Lesson 6 i

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	y	i	d	i	a
e	i	a	a	i	p
g	i	d	i	a	i
p	z	i	a	o	e

2- Antoure lèt i miniskil yo.

① b a i h y w i g i d a  
s w r i o i b v c h i l z  
i a b l i n z i a i  
m a m n e v i w v a

52 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

Lesson 6 i

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	y	i	d	i	a
e	i	a	a	i	p
g	i	d	i	a	i
p	z	i	a	o	e

2- Antoure lèt i miniskil yo.

① b a i h y w i g i d a  
s w r i o i b v c h i l z  
i a b l i n z i a i  
m a m n e v i w v a

52 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

☁ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt il". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3 mn)



☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /i/. Ale nan lòt paj la.

☁ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 53 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 53 ak nan egzèsis # 3.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son /i/ a.

☁ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.

☞ Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?

☁ Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ Antoure menm jan ak premye imaj la tout lòt imaj kote nou tande son /i/. Nou konprann ? Kòmanse !

☁ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3 mn)

☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "i". Toujou nan paj 53 a, nan kaye egzèsis la.

☁ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv nan egzèsis # 4 la.

☞ Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen ! Antoure lèt miniskil "i" nan chak mo ki anba imaj yo.

☁ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj yo.

☞ Kiyès ki ka di non imaj yo wè yo ?

☁ Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ Antoure lèt "i" si nou tande son /i/ nan tout mo yo, menm jan ak premye lèt la ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !

☁ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo sa yo sou tablo a : « inifòm, pilon, izin, viv »

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo antoure nan mo yo, ak chak lèt yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.



## Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)

☁ Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.



### 1. Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 18 la. Ekri # 18 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.*
- ☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit





### Aktivite Revèy (2 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral fè yon jwèt ki se : “Fè mouvman ak son”. Mwen pral di yon mo, si mo a gen son /i/ n ap panche agoch, si li pa gen son /i/ n ap panche adwat.
  - ☞ *Li mo yo byen fò pou elèv yo ka tande tout son ki nan mo w ap li yo. Fè yon egzanp ak tout klas la anvan ou kòmanse jwèt la.*
- ☞ Nou pare ? An nou kòmanse. « leti, kaye, inifòm, li, kreyon, lanbi, Lila, koulè, pòm, dlo ; biblo, lanp, kouto, lapli »
  - ☞ *Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe.*

## Aktivite 6 Ekri lèt (10 mn)


### 1. Trase lèt «i» ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

- 

Anvan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl # 5 ki nan paj 54, nan kaye egzèsis la. Mande elèv yo leve dwèt yo pou fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.
- ☞ Toudabò, nou pral ekri lèt “i” miniskil ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avèk mwen. Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen ! Mwen trase yon liy kout kanpe byen dwat epi mwen mete yon pwèn sou tèt li.
- ☞ Nou konprann jès mwen sot fè a? Nou pral fè li ansanm !
- 


Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Reprann modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la anmenm tan.
- 


Repete jès la 2 fwa pou elèv yo ka trase lèt la sou ban yo. Mande elèv yo fè jès la ansanm.
- ☞ Nou konprann ? An nou kòmanse !

Mwen trase yon liy kout kanpe byen dwat epi mwen mete yon pwèn sou tèt li.
- 

Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban yo. Fè elèv yo fè jès la 3 fwa sou ban an


### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)


- 

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 54 la nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « i » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
- 

Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- 

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 55 lan nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « i » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
- 

Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

5- Kopye lèt yo, mo yo ak fraz la sou liy kaye a.

Leson 6 i

i

i

i

Li

Lila

Lili la.

6- Kopye lèt yo ak fraz la sou liy kaye a.

Leson 6 i

i

i

Lila a Li.


## Aktivite 7 Vokabilè (6 mn)

### 1. Premye mo a se : kap (3 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral aprann mo vokabilè ki nan istwa a. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo kap. Èske nou konnen mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo kap? Kisa kap vle di ?

 Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


- ☞ Kap vle di : Jwèt ki fèt ak bwa fen epi ki kouvri ak plastik oswa papyè fen koulè. Ak yon fisèl epi gras ak van yo monte kap la

 Fè 2 fraz kòm egzanp ak mo « kap » pou elèv yo. Ekri 2 fraz yo sou tablo a, epi li yo :

**Egzanp:**

Lè vakans rive timoun yo renmen monte kap ak zanmi yo.

Papa Emil ede li fè yon bèl kap pou fèt li.

 Chwazi 3 fi ak 3 gason pou fòmè kèk fraz yo fè ak mo "kap". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.

- ☞ Kiyès ki ka fè yon fraz ak mo "kap" ?


 Bay elèv yo tan pou yo di fraz yo.

### 2. Dezyèm mo a se : tonton

- ☞ Èske nou konnen mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo tonton? Kisa tonton vle di ?

 Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


- ☞ Tonton vle di : Frè manman oswa frè papa w. Gen de lòt yo di monnonk.

 Fòmè 2 fraz kòm egzanp ak mo « tonton » pou elèv yo. Ekri 2 fraz yo sou tablo a, epi li yo :


**Egzanp :**

Manman Katya gen twa frè, tou le twa se tonton Katya.


Erik toujou monte kap ak tonton li lè li an vakans.

 Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye fòmè kèk fraz yo fè ak mo "tonton". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.


- ☞ Kiyès ki ka fòmè yon fraz ak mo "tonton" ?

 Bay elèv yo tan pou yo fòmè fraz la.


## Aktivite 8 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (18-20 mn)



### 1. Prediksyon dapre desen (5-7 mn)


 Pran liv lekti a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon an ki nan paj 19 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

- ☞ Kisa nou wè nan desen an ? Konbyen moun nou wè nan desen an ? Kisa yo ap fè ? Ki kote yo ye ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa ki nan men yo ? Ki koulè ?


 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo di yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòmè yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòmè fraz yo epi bay yo egzanp sa a :

- ☞ "Mwen wè yon ti gason ki ap monte kap".


Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.

 Chwazi 4 lòt elèv pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 30 segonn pou reponn.

☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

 Ekri nan yon kaye oswa sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite “verifye prediksyon” an. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

**2. Koute istwa a (1-2 mn)**

 Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande elèv yo fè silans pou konsantre. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.


☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

**Monte Kap**


Jodi a, se vandredi Sen. Tonton David achte yon bèl kap pou li. Kap la gen anpil koulè, tankou ble ak wouj. David pran kap la pou li monte l, men kap la pa janm pran. Lè Tonton Jan wè sa, li parèt sou timòn kote David t ap monte kap la. Tonton Jan pran men David epi li montre l kijan pou l fè kap la pran. David kontan, li di tonton l mèsi. David fè jounen an ap monte kap avèk zanmi li yo.

**3. Verifye prediksyon (4 mn)**

☞ **Anvan mwen te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a, dapre desen an. Nou sonje ? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou li istwa a. Kiyès ki sonje sa li te imajine ki pral pase nan istwa a?**


 Chwazi kèk elèv nan sa ki leve men yo pou yoredi sa yo te panse a. Si yo gen difikilte reprann pou yo repons yo te bay sou prediksyon dapre desen an. Epi di :

☞ **Èske sa w te panse dapre desen an, se sa ki pase nan istwa a?**

 Bay elèv yo tan pou yo reponn, epi di yo :

☞ **Ki pati nan istwa a ki sanble ak prediksyon yo te fè sou desen an ? Toujou sonje chwazi 1 fi ak 1 gason pou reponn.**

**4. Reponn kesyon (8 mn)**

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki pako reponn kesyon ditou.

**1. De kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de David ak tonton li. (2) Istwa a pale de monte kap. (3) Istwa a pale de yon ti gason ki vin aprann fè kap.

**2. Kiyès ki achte kap la pou David ?**

(4) Tonton Jan.

3. Èske David konn monte kap ? Poukisa ?

(5) Non, David pa konn monte kap. (6) Paske David pat janm fè kap la pran van.

4. Kisa Tonton Jan te fè pou David ?

**5. Ki bò David t ap monte kap la ?**

**6- Ki koulè kap la ?**

**7- Èske David se yon timoun ki janti ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

(7) Wi, David se yon timoun ki janti. (8) Paske li te di Tonton Jan mèsj, poutèt li te montre l monte kap.

**8- Èske David renmen monte kap ?**

**Repons posib :**

(9) Wi, David te renmen monte kap. (10) Paske li te fè jounen an monte kap ak ti zanmi li yo

---

**Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)**

**☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /i/. (2) Nou te aprann ekri lèt «i». (3) Nou te aprann definisyon mo vokabilè nan istwa a.(4) Nou te koute istwa « **David ak tonton li** ».

---

**Aktivite Lib**



*Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy “**aktivite lib yo**” ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 7 I

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt «I».
- Distenge lèt «I» pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil «I».
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 7 paj 18 - 19
- Kaye egzèsis, leson 7 paj 56 - 59
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)



### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Fanmi m se pa m  
Frè m ak sè m  
Manman m, papa m  
Mwen renmen fanmi m.



-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : liy, Lik, lapli, Lewogàn, liv, il, Ali, lila, lig, Lima. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "i" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt miniskil «i» nan mo ki ekri sou tablo a ?
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ Jodi a, nou pral l idantifye epi ekri lèt majiskil « I » .


## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral aprann son lèt majiskil /I/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di mwen si mo sa yo kòmanse ak son /I/. Si mo a kòmanse ak son /I/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /I/ mete de men nou plat sou ban an. Èske nou konprann ?
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, ba yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Son an se /I/. Mo a se Inifòm.
-  *Verifye si tout elèv leve pous yo anlè.*
- ☞ Lòt mo a se : sik.

 Verifye si tout elèv mete 2 men yo plat sou ban an.

- ☞ An n kontinye ak kèk egzanp : inè, lou, itil, inifòm, ligo, imid, lang, ala, inite.

 Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt elèv ede l oubyen ede l ou menm.


## 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

 Ekri lèt "i" miniskil ak lèt "I" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("i" ak "I"). Fè yo repete son lèt /i/ miniskil la avan.

- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.

- ☞ Son lèt sa a se /i/, son lèt sa a tou se /I/.


 Mande elèv yo pou di son lèt yo epi di son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a. Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo.

- ☞ Ki son lèt sa a? /i/. Ki son lèt sa a tou? /I/.

Repons posib :


(1) Son lèt sa a se /i/. (2) Son lèt sa a se /I/.

- ☞ Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("i", "I").


 - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a.

- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.

- ☞ Non lèt sa a se "i" miniskil, non lèt sa a se "I" majiskil.


 Mande elèv yo pou di non lèt yo epi di non lèt yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a. Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo.

- ☞ Ki non lèt sa a? "i". Ki non lèt sa a? "I".

 Chwazi yon fi ak yon gason pou di "non lèt yo".


Repons posib :

(3) Non lèt sa a se "i" miniskil. (4) Non lèt sa a se "I" majiskil.


 Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen non ak son lèt ("i"/"i"; "I"/"I") a se menm. Epi di :

- ☞ Tou 2 lèt sa yo se menm, piti a se lèt "i" miniskil, son li se /i/. Gwo a se lèt "I" majiskil, son li se /I/. Menm si yo pa sanble, tou lè 2 lèt yo se menm epi yo gen menm son.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (18 mn)

 Ale sou tablo a, ekri plizyè lèt majiskil tankou : **I, A, L, I, L, M, N, T, I, L, I, L, P, E, L, A, L, A, P, I, L**. Epi chwazi plizyè elèv pou vin antoure lèt "I" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "I". Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "I" sou tablo a pou klas la.


- ☞ Èske se lèt "I" majiskil elèv la antoure ?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.

- ☞ Repons : Wi se lèt "I" majiskil.

 Kontinye menm jan an pou tout lèt "I".

## Egzèsis # 1 (4 mn)

 Pou chak egzèsis, toujou vire kaye ou anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

- ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye anan paj 56 nan menm paj avèk mwen.


Leson 7 I


1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

O	I	K	D	I	A
E	L	I	I	P	P
A	I	D	L	A	I
P	A	I	A	I	E

2- Antoure lèt I majiskil yo.




B A I H P W I G I D A  
W R I O I B V C H I L Z  
A M N E V A W I I  
A B L A N Z I I W

56 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 






 Ouvri kaye egzèsis la nan paj 56 nan # 1 ou pral fè ak elèv yo. Ekri # 56 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis avèk ou.

- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?




Repons posib :

- (1) Yon lèt "I" ki nan yon wonn (2)...
- ☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !  
 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.  
 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ Èske lèt sa a se lèt "I" majiskil ?  
 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la, pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "I". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.


### Egzèsis # 2 (4 mn)


- ☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "I" majiskil, toujou nan menm paj kaye egzèsis la.  
 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan menm paj 56 la nan egzèsis nimewo 2 a.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "I" majiskil ki menm jan ak modèl la.  
 Mande elèv yo pou mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ Nou konprann ? Kòmanse !  
 Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.  
 Touche chak lèt pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ Èske lèt sa a se lèt "I" majiskil ?  
 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "I". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.


### Egzèsis # 3 (4 mn)

- ☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "I". Nan paj 57 la.  
 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv nan egzèsis # 3 la.
- ☞ Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen ! Antoure lèt majiskil "I" nan chak mo ki anba imaj yo.  
 Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj yo.
- ☞ Kiyès ki ka di non imaj yo wè yo ?  
 Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ Antoure lèt "I" majiskil si nou tande son /I/ nan tout mo yo, menm jan ak premye lèt la ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !




 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo sa yo sou tablo a : « INIFÒM, PILON, IZIN, LIV »

 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo antoure nan mo yo, ak chak lèt yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.


### Egzèsis # 4 (4 mn)

 **N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "I" majiskil ak lòt lèt nou konnen yo. Toujou nan menm paj la, nan kaye egzèsis la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 57 la nan egzèsis # 4 la.


 **Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil li a.**


 Fè yon egzanp sou tablo a. Idantifye ansanm ak tout klas la lèt majiskil ak lèt miniskil egzanp la.


 **Kiyès ki ka di non lèt yo wè yo ?**

 Chwazi plizyè elèv pou idantifye lèt yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :





 **Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil li a. Nou konprann ? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri lèt yo nan de ranje sou tablo a pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.

 **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2fi/2 gason) pou yo eksplike ki lèt miniskil yo relye ak ki lèt majiskil. Chwazi 2 fi ak 2 gason pou repete non lèt yo.

3- Antoure lèt majiskil I nan chak mo.


4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

a	I
l	A
i	L
a	L
l	A
i	I
l	L
i	I


Lesson 7 I

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 57

## Aktivite 3 Lekti lèt, mo ak fraz (15 mn)


 Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo (5 mn)


 **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**


 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


 **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

 **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

 **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

## 2. Lekti nan liv (5 mn)

Leson 6 ak 7 i I



inifòm pilon izin liv

a A I L

★ L A LA I a la I L

✂ a la al a al al la al al la

🚗 li Li la li Li la li la la Li

🎵 ala Lala ala lala ala Lala

🗣️ li Lili Lila ala Lila lali

➤ Ali al li.  
Lila al li.  
Ali li, Lila li.

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - 💡 Ouvri liv lekti a nan paj 18 la. Ekri # 18 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòm silab pou klas la ?**
  - 💡 Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite Revèy (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon egzèsis. Tout elèv kanpe. M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa, m ap mande nou fè menm mouvman an.**
  - 💡 Eksplike mouvman an pandan w ap fè l avèk elèv yo.
    1. Kage sou do
    2. Vire tèt ou agoch adwat
    3. Yon ti vole
    4. Kanpe an plas
    5. Chita

## Aktivite 4 Ekri lèt (16 mn)

### 1. Trase lèt «I» ak dwèt nou anlè, sou ban an (4 mn)

- 💡 Avan ou kòmanse aktivite sa a, prepare tablo a menm jan ak modèl # 5 ki nan paj 58 kaye egzèsis la. Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.
- ☞ **Dabò, nou pral ekri lèt majiskil “I” ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m : Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen ! Mwen trase yon liy kanpe byen dwat epi mwen trase yon ti liy orizontal kout anba li epi yon ti liy orizontal kout anlè li.**
- ☞ **Nou konprann jès mwen sot fè a? Nou pral fè l ansanm :**
  - 💡 Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Reprann modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la anmenm tan.**

## 2. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "I" majiskil sou liy sou tablo a ?
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "I" nan liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo :
- ☞ Mwen trase yon liy kanpe byen dwat epi mwen trase yon ti liy orizontal kout anba li epi yon ti liy orizontal kout anlè li.
 

Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "I" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 58 la nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « I » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 59 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « I » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.



## Aktivite 5 Vokabilè (8 mn)

### 1. Premye mo a se : Vwal (3 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo vwal. Èske nou konnen mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo vwal ? Èske nou konnen kisa yon vwal ye ?
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :
- ☞ Nan istwa nou pral li jodi a vwal vle di : Gwo moso twal byen laj, byen solid ki ede bato deplase sou lanmè gras ak van.
  - ☞ Fòmè yon fraz kòm egzanp ak mo vwal pou elèv yo. Ekri fraz la sou tablo a epi li l.

**Egzanp :**

**Bato Jak la gen yon gwo vwal, li deplase rapid.**


  - ☞ Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fè ak mo "vwal". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.

## 2. Dezyèm mo a se : Pechè (3 mn)

- ☞ An n kontinye ak yon dezyèm mo ki nan istwa a. Dezyèm mo a se : pechè. Èske nou konnen mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo pechè ? Kòman nou konn wè yon pechè ?
    - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :
  - ☞ Nan istwa n ap li jodi a, pechè vle di : Moun ki konn peche pwason, lanbi ak lòt kalite bèt nan lanmè oswa nan larivyè.
    - ☞ Fòme yon fraz kòm egzanzp ak mo pechè pou elèv yo. Ekri fraz la sou tablo a epi li l.
- Egzanzp:**
- **Maten an, pechè yo kenbe anpil pwason.**
  - ☞ **Kiyès ki ka fòme yon fraz ak mo “pechè” ?**
    - ☞ Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo.
    - Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou fòme kèk fraz yo fè ak mo “pechè”. Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.

## Aktivite 6 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn)



- ☞ Pran liv lekli a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon an ki nan paj 19 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :
- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Ki moun ki ladan li ? Kisa yo ap fè ? Nan kisa yo ye ? Kisa ki nan men yo ? Ki kote yo ye ?**
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo fòme yon fraz ki dekri imaj la, chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanzp sa a :
- ☞ **“Mwen wè 2 moun ki sou lanmè k ap peche pwason”.**  
**Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.**
  - ☞ Chwazi 4 lòt elèv pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 30 segonn pou reponn.
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**
  - ☞ Ekri nan yon kaye oswa sou yon fèy papye, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite “verifye prediksyon” an. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

### 2. Koute istwa a (2 mn)

- ☞ Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans pou koute w. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a.**  
**Nou pare ? M ap kòmanse !**

### Vwalye

Lendi matin, Tina ak zanmi li yo : Remi, Katya ak Emil rive lekòl bonè. Tina pran rakonte zanmi li yo :

- Dimanch pase, mwen te monte sou yon vwalye.

Zanmi li yo mande li : « Kisa yon vwalye ye? ».


Tina reponn

Yon vwalye se yon bato ki mache ak vwal. Lè li sou dlo, li lejè tankou pay. Tout ti van pouse li ale. Li glise sou lanmè a san fè

bri. Se pou sa anpil moun renmen monte li. Yo sèvi avèk li pou vwayaje, pou peche, pou pwomennen tou.  
Remi mande li :  
Ou konn kondui vwalye?  
Tina reponn : Non, men papa mwen konn kondui vwalye pou li ale peche.  
Aprè sa, yo rantre nan klas.


### 3. Verifye prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan mwen te li istwa a, gen elèv ki te imajine sa ki pral pase nan istwa a. Èske nou sonje ? .

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay, sèvi ak repons ou te ekri yo.*

- ☞ Èske sa nou te di ki pral pase nan istwa a te rive ?

### 4. Reponn kesyon (5 mn)

 *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yon elèv gen difikilte pou reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

 *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

#### 1. De kiyès istwa a pale ?

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de Tina ak papa li. (2) Istwa a pale de wikenn Tina.

#### 2. Ki kote istwa a ap pase?

**Repons posib :**

(3) Sou lanmè (4) Nan lakou lekòl la (5) Timoun yo nan lakou lekòl la men istwa a pase dimanch sou lanmè a.

#### 3. Kiyès ki ap rakonte istwa a ?

(6) Tina ap rakonte istwa a.

#### 4. Èske Tina konn monte vwalye ?

(7) Tina pa konn monte vwalye

#### 5. Èske papa Tina konn monte vwalye ? Poukisa ?

**Repons posib :**

(6) Papa Tina konn monte vwalye. (7) Papa Tina konn monte vwalye paske li se yon pechè.

## Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann ekri « I » majiskil byen. (2) Nou te koute Istwa « vwalye a » (3) Nou te reponn kesyon sou istwa « vwalye a ».

# Leson 8 p

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt « p ».
- Distenge lèt « p » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « p » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

## Materyèl :


- Liv lekti, leson 8 paj 20-21
- Kaye egzèsis, leson 8 paj 60-63
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (4 mn)



### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Papa Pipo gen yon pip.  
Pip la poze sou pwent tab la.  
Pip la tonbe atè a,  
Li kase.



-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*







### 2. Rapèl (2 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : Ivon, liy, Lik, Ivlin, Lewogàn, liv, Irak, papa, Iran, lig, anana. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt « i » miniskil ak lèt "I" majiskil nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt miniskil «i» ak lèt « I » majiskil nan mo ki ekri sou tablo a ?
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ Jodi a, nou pral ldantifye epi ekri lèt miniskil « p » .

## Aktivite 2 An nou jwe ak imaj (4 mn)







-  *Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.*
- ☞ Jodi a nou pral jwe ak desen ki nan liv la. Ouvri liv lekti nou nan paj 20. Tout elèv wè desen yo ? Gade 4 premye desen yo byen.
-  *Bay elèv yo 30 segonn pou yo byen gade desen yo.*
- ☞ Chak fwa mwen di non yon dwèt ak non yon desen, n ap mete dwèt la sou desen an. Nou pare ? An nou kòmanse !  
Mete lendèks nou sou desen parapli a.




-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si nesesè.*
  - ☞ **Mete lemajè nou sou desen peny lan.**
  -  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si nesesè.*
  - ☞ **Mete lanilè nou sou desen pil la.**
  -  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si nesesè.*
  - ☞ **Mete orikilè nou sou desen pòt la.**
  -  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si nesesè.*
  - ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
  -  *Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- parapli ; peny ; pil ; pòt.**
- ☞ **Ki son ki repete plis nan 4 mo nou sot di yo ?**
  -  *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi si elèv la gen difikilte ede yo jwenn ki son ki kòmanse chak mo yo. Fè yo repete chak mo yo plizyè fwa pou yo ka jwenn son ki nan chak mo yo.*
  - ☞ **Son an se /p/.**  
Jodi a, nou pral aprann son /p/.

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /p/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak son /p/. Si mo a gen son /p/ ladan l, leve pous nou anlè. Si li pa gen son an, mete de men nou sou ban an . Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /p/. Mo a se pil.**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : laj.**
-  *Verifye si tout elèv mete 2 men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk egzanp : papa, asyèt, pil, pitimi, lago, plato, legim, liv, asyèt, plim.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

-  *Ekri lèt "p" miniskil sou tablo a pou elèv yo ka repete non ak son lèt la.*  
-Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /p/**
-  *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt la epi di son an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a.*
- ☞ **Ki son lèt sa a ? /p/.**
-  *Chwazi kèk elèv pou repete "son lèt la". Si elèv la pa pwononse son lèt la byen, mande yon lòt elèv ede l. Chwazi kèk lòt elèv pou pwononse son yo, korije si nesesè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt "p".**  
- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se “p” miniskil.**

☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi pwononse non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a.*

☞ **Ki non lèt sa a ? « p ».**

☞ *Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt la”. Si elèv la pa di non lèt la byen, mande yon lòt elèv ede l. Chwazi kèk lòt elèv pou di non yo, korije si nesesè. Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen non ak son lèt la byen. Epi di :*

☞ **Son lèt sa a se /p/, non lèt sa a se “p” miniskil.**

**Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (14 mn)**

☞ *Ekri lèt miniskil sa yo sou tablo a : i, p, i, l, p, i, l, p, i, w, p, i, l, i, p. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt “p” pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil “p”. Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “p” sou tablo a pou klas la.*

☞ **Èske se lèt “p” miniskil elèv la antoure ?**

☞ *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Si elèv la pa ka pwononse lèt yo, chwazi kèk lòt elèv pou reponn.*

☞ **Kontinye menm jan an pou tout lèt “p” miniskil yo.**

**Egzèsis # 1 (3 mn)**

☞ *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan menm paj avèk mwen. Louvri kaye a nan paj 60 . Nou pral fè egzèsis #1.**

☞ *Ekri # 60 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*

☞ **Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

☞ *Pran repons elèv yo, korije si yo fè erè.*

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a se lèt “p” miniskil ?**

☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè si li pa t sou lèt “p”. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

Leson 8 p

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

p	r	e	p	s	a
k	l	p	a	j	p
a	p	t	p	a	i
p	a	n	a	p	e

2- Antoure lèt p miniskil yo.

Ⓟ b a p k y w i p i d p  
s p r i o p b v c h p l z  
p p r i o i b v p i p z  
p a b l i p n z a p i

60 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.



Leson 8 p

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki egoch la.

p	r	e	p	s	a
k	l	p	a	j	p
a	p	t	p	a	i
p	a	n	a	p	e

2- Antoure lèt **p** miniskil yo.

Ⓟ b a p k y w i p i d p  
s p r i o p b v c h p l z  
p p r i o i b v p i p z  
p a b l i p n z a p i

60 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "p" miniskil toujou nan menm paj kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan menm paj 60 nan egzèsis # 2.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt "p" miniskil ki menm jan ak modèl la.**
  - ☞ *Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt a ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "p" ?**
  - ☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "p". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.*

3- Antoure imaj kote nou tande son /p/.

4- Antoure lèt miniskil **p** nan chak mo.

Ⓟ arapl̃i   peny   pil   pòt

Aktivite lib

61 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /p/. Ale nan paj 61 an nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 61 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 61 ak nan egzèsis # 3.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son /p/.**
  - ☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.*
- ☞ **Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*
- ☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la tout lòt imaj kote nou tande son /p/ a. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*


### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ **N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "p". Toujou nan menm paj 61 an, nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan egzèsis nimewo 4 la.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! Antoure lèt miniskil "p" nan chak mo ki anba imaj yo.**
  - ☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka di non imaj yo wè yo ?**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*


- ☞ Antoure lèt “p” si nou tande son /p/ nan tout mo yo, menm jan ak premye lèt la ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo sa yo sou tablo a : parapl, peny, pil, pòt.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou eksplike chak lèt yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

## Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (8 mn)


 Mande elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo (4 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.

 Ouvri liv lekti a nan paj 20 an. Ekri # 20 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

- ☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?

 Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.


- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon jwèt ki rele : "Fè mouvman ak son". Mwen pral di yon mo, chak fwa mo a kòmanse ak son /p/ n ap panche agoch, lè li pa kòmanse ak son /p/ n ap panche adwat.
  - ☞ *Li mo yo byen fò pou elèv ka tandè tout son ki nan mo w ap li yo. Fè yon egzàn p ak tout klas la anvan ou kòmanse jwèt la.*
- ☞ Nou pare ? An nou kòmanse. **Peny, lakou, plato, tanbou, parapli, pèmèt, pouse, ale, tandè, pale, kouto, pran.**
  - ☞ *Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe.*

## Aktivite 5 Ekri lèt (10 mn)



## 1. Trase lèt «p» ak dwèt nou anlè, sou ban (3 mn)

- ☞ *Anvan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl nimewo 5 ki nan paj 62, nan kaye egzèsis la. Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.*
- ☞ Toudabò, nou pral ekri lèt "p" miniskil ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m apre : **Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen !**  
Mwen trase yon liy vètikal kanpe byen dwat, anwo sou bò dwat liy nan, mwen trase yon koub ki kole ak liy vètikal la, jis rive nan mitan liy nan. **Nou konprann jès mwen sot fè a ? Nou pral fè li ansanm :**
  - ☞ *Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Repran modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.*
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la ansanm.
  - ☞ *Repete jès la 2 fwa pou elèv yo ka trase lèt la sou ban yo. Mande elèv yo fè jès la ansanm ak ou.*
- ☞ **Nou konprann ? An nou kòmanse !**  
Mwen trase yon liy vètikal kanpe byen dwat, anwo sou bò dwat liy nan, mwen trase yon koub ki kole ak liy vètikal la, jis rive nan mitan liy nan.
  - ☞ *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban yo. Fè elèv yo fè jès la 3 fwa sou ban an*

## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)


- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "p" sou tablo a sou liy sa yo.
  - ☞ *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "p" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :*
- ☞ Mwen trase yon liy vètikal kanpe byen dwat, anwo sou bò dwat liy nan, mwen trase yon koub ki kole ak liy vètikal la, jis rive nan mitan liy nan.
  - ☞ *fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « p » miniskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.*
- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "p" miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.
  - ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

**Egzèsis # 5 - Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 62 a nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « p » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*



**Egzèsis # 6 - Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 63 a ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « p » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

**Aktivite 6 Vokabilè (3 mn)**

**Mo a se : Abitid (3 mn)**

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a.**

**Nan istwa nou pral li jodi a gen mo abitid. Èske nou konnen mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo abitid? Kisa abitid vle di ?**

*Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*

☞ **Nan istwa nou pral li jodi a abitid vle di : Aksyon yon moun fè toutan san li pa bezwen reflechi sou sa li ap fè a.**

*Fòme yon fraz kòm egzanp ak mo « abitid » pou elèv yo. Epi li l.*

☞ **Mwen gen abitid mwen kite lakay mwen vè setè lè mwen prale lekòl.**

*Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fè ak mo "abitid". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.*

**Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (17 mn)**


**1. Prediksyon dapre desen (5 mn)**

*Pran liv lekli a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon sou li an nan paj 21 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*

☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Ki moun ki ladan li ? Kisa yo ap fè ? Ki kote yo ye ? Ki koulè rad ki sou li ? Kisa ki nan men yo ?**

*Chwazi 4 elèv (2fi/2gason) pou yo fòme yon fraz ki dekri imaj la, chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a :*

**Egzanp :**  
**Mwen wè yon tifi ki ap li.**



☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.**

☞ *Chwazi 4 lòt elèv pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.*

☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a.**

☞ *Ekri nan yon kaye oswa sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite "verifye prediksyon" an. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

**2. Koute istwa a (1-2 mn)**

☞ *Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande yo fè silans, Lè yo byen konsantre pou koute w li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.*

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

**Lila ap li.**

Lila se yon ti fi setan ki renmen li anpil. Depi lè li tou piti, chak swa anvan Lila al dòmi papa li gen abitud li anpil istwa pou li. Se yon moman Lila renmen pataje ak papa li anpil. Yo pale sou istwa yo, chak moun di kisa li renmen. Yon dimanch Lila di papa li :

- Apati jodi a, se mwen k ap li istwa pou ou.

Papa li reponn li :

- Se vre pitit mwen?

Konsa chak dimanch apre midi Lila li yon bèl istwa pou papa li.

Papa Lila kontan li di :

- Bravo Lila pou bèl istwa sa a !

**3. Verifye prediksyon (4 mn)**

☞ **Anvan mwen te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a, dapre desen an. Nou sonje ? An nou retounen nan sa nou te di anvan nou li istwa a. Kiyès ki sonje sa li te imajine ki pral pase nan istwa a?**

☞ *Chwazi kèk elèv nan sa ki leve men yo pou yo redi sa yo te panse a. Si yo gen difikilte reprann pou yo repons yo te bay sou prediksyon dapre desen an. Epi di :*

☞ **Èske sa w te panse dapre desen an, se sa ki pase nan istwa a?**

☞ *Bay elèv yo tan pou yo reponn epi di yo ki pati nan istwa a ki sanble ak prediksyon yo te fè sou desen an.*

☞ **Toujou sonje chwazi 1 fi ak 1 gason pou reponn.**

**4. Reponn kesyon (8 mn)**

☞ *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki pako reponn kesyon pou jounen anvan. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

☞ *Chwazi elèv ki pako reponn kesyon.*

**1. De kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de Lila ak papa li. (2) Istwa a pale de moun k ap li. (3) Istwa a pale de yon ti fi ki ap li pou papa li.

**2. Kisa papa Lila gen abitud fè, nan ki moman ?**

(4) Papa Lila toujou li ak li lè swa anvan li ale dòmi

**3. Ki sipriz Lila gen pou papa li ?**

(5) Lila ap li pou papa li

**4. Kijan papa Lila reyaji pou sipriz la?**

(6) Papa Lila kontan anpil paske Lila ap li.

**5. Ki nouvo abitud Lila vle pran ?**

(7) Lila vle pran abitud li istwa pou papa li .

**6. Ki jou Lila li istwa pou papa li ?**

**7. Kisa papa Lila di lè Lila fin li istwa pou li ?**

**8. Èske Lila renmen li ? Poukisa ?**

(8) Wi Lila renmen li. (9) Paske li toujou li pou papa l chak dimanch.

**Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)**

 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /p/. (2) Nou te aprann ekri lèt «p» miniskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa (4) Nou te koute istwa « **Lila ak papa li** »

**Aktivite Lib**



*Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy “**aktivite lib yo**” ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 9 P

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt « P ».
- Distenge lèt « P » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « P » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 9 paj 20-21
- Kaye egzèsis, leson 9 paj 64-67
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)



### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Papa pipo  
Gen yon pip  
Pip la poze sou pwent tab la.  
Pip la tonbe atè a,  
Li kase.



-  *Felсите epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : **plise, liy, pip, lapli, Lewogàn, liv, kap, il, kepi, pen, lig, Lima, patat.** Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "p" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt miniskil «p» nan mo ki ekri sou tablo a ?
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ Jodi a, nou pral ldantifye epi ekri lèt majiskil « P ».

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son lèt /P/majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di mwen si mo sa yo kòmanse ak son /P/. Si mo a kòmanse ak son /P/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /P/ mete de men nou plat sou ban an. Èske nou konprann ?
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, ba yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Son an se /P/. Mo a se « Pate ».
-  *Verifye si tout elèv leve pous yo anlè.*

☞ **Lèt mo a se « Men ».**

☞ Verifye si tout elèv mete 2 men yo plat sou ban an.

☞ **An n kontinye ak mo sa yo : pen; Papa, piman, Pòl, pip, asyèt, Pòtoprens, lapli, patat, plato, lakou, parapli.**

☞ Si yon elèv gen difikilte, fè yon lòt elèv ede l oubyen ede l ou menm.

**2. Di son ak non lèt la (2 mn)**

☞ Ekri lèt "p" miniskil ak lèt "P" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou 2 lèt yo : ("p" ak "P"). fè yo repete son lèt /p/ miniskil la anvan.

-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

-Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.

☞ **Son lèt sa a se /p /, son lèt sa a tou se / P /.**

☞ Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi di son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a.

☞ **Ki son lèt sa ? (/p/), ki son lèt sa ? / P /**

☞ Si elèv yo pa jwenn bon repons lan, di yo :

Son lèt sa a se /p /. son lèt sa a se / P /.

☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("p "; " P ").**

☞ - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se "p" miniskil , non lèt sa a se " P " majiskil .**

☞ Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a.

☞ **Ki non lèt sa ? ("p") Ki non lèt sa ? " P "**

☞ Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo pa jwenn bon repons lan, di yo :

☞ **Non lèt sa a se " p " miniskil. Non lèt sa a se " P " majiskil.**

☞ Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen lèt « p » miniskil ak lèt « P » majiskil gen menm son. Epi di :

☞ **Lèt « p » miniskil ak lèt « P » majiskil gen menm son.**

**Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (15-17 mn)**

☞ Ekri lèt majiskil sa yo sou tablo a : **P, I, A, P, I, L, P, N, O, I, P, I, L, P, E, S, P, L, A, P, K, L.** Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "P" majiskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "P". Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "P" sou tablo a pou klas la.

☞ **Èske se lèt "P" majiskil elèv la antoure ?**

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Si elèv la fè erè, chwazi kèk lòt elèv pou reponn. Kontinye menm jan an pou tout lèt "P" majiskil yo.

**Egzèsis # 1 (3 mn)**

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Louvri kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan paj 64 la nan menm paj avèk mwen.**

☞ Louvri kaye a nan paj 64 la egzèsis # 1. Ekri # 64 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la !**



Leson 9 P

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

P	V	E	P	K	A
E	P	B	R	J	P
A	R	C	C	P	I
P	P	N	A	S	E

2- Antoure lèt P majiskil yo.

Ⓟ B A P K Y W I P I D P  
S P R I O P B V C H P L Z  
P A M N P V A W I P  
P L B L A P Z I I P

64 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

*Si elèv yo pa jwenn repons lan, mande yon lòt elèv reponn.*

**☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**

*Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*

**☞ Èske lèt sa a se lèt "P" majiskil ?**

*Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè si li pa t sou lèt "P". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.*

### Egzèsis # 2 (3 mn)

**☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "P" majiskil. Toujou nan menm paj kaye egzèsis la.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan menm paj 64 la egzèsis # 2.*

**☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "P" majiskil ki menm jan ak modèl la.**

*Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*

**☞ Nou konprann ? Kòmanse !**

*Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*

**☞ Èske lèt sa a se lèt "P" majiskil ?**

*Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "P". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.*

### Egzèsis # 3 (3 mn)

**☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "P" majiskil. Nan paj 65 lan, nan egzèsis # 3 a.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 65 lan nan egzèsis # 3 la.*

**☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt majiskil "P" nan chak mo ki anba imaj yo.**

*Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj yo.*


**☞ Kiyès ki ka di non imaj yo wè yo?**

*Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*

**☞ Antoure lèt "P" majiskil si nou tande son /P/ nan tout mo yo, menm jan ak premye lèt la ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !**


*Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo yo sou tablo a pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.*

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Chwazi 4 elèv ( 2 fi ak 2 gason ) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Chwazi kèk elèv pou repete non lèt la.

### Egzèsis # 4 (3 mn)


 N ap fè 2 lòt egzèsis sou lèt "P". Toujou nan paj 65 lan.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 65 egzèsis # 4 la.

 Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte lèt miniskil ak lèt majiskil li a.

 Idantifye lèt yo ansanm ak tout klas la.





 Konekte lèt miniskil ak majiskil li a. Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri tout lèt yo sou tablo a pou ka fè koreksyon an ak elèv yo.

 Kounye a, nou pral korije ansanm.

 Chwazi 4 elèv pou yo eksplike chak lèt miniskil yo konekte ak lèt majiskil.

3- Antoure lèt majiskil P nan chak mo.

ARAPLI PENY PIL PÒT

---

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.


i a l p

A L P I


---


5- Konekte mo ki menm.

Papa	LILA	pali
Pip	LILI	lila
Pil	PALI	lili
Lila	PAPA	pip
Lili	PIP	pil
Pali	PIL	papa


 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 65

### Egzèsis # 5 (3 mn)


 An nou fè lòt egzèsis la sou mo nou konnen ak lèt majiskil ak lèt miniskil. Nan kaye egzèsis la.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 65 lan nan egzèsis # 5.


 Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte mo ki menm yo.

 Idantifye lèt yo ansanm ak tout klas la.


 Konekte mo ki menm yo. Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.


 Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak mo yo konekte. Mande yo di nan ki pozisyon mo yo ye nan chak nan kolòn yo.

## Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)


 Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo (5 mn)


 Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


 Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

 Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.


## 2. Lekti nan liv (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 Ouvri liv lekti a nan paj 20 an. Ekri # 20 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.


☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**

-  Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.



## Aktivite Revèy (2 mn)


☞ **Kounye a, nou pral fè yon egzèsis. Tout elèv kanpe. M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa, m ap mande nou fè menm mouvman an.**

 Di mouvman an pandan w ap fè l avèk elèv yo.


1. Kage sou do
2. Vire tèt ou agoch adwat
3. Yon ti vole
4. Kanpe an plas
5. Chita


## Aktivite 5 Ekri lèt (16 mn)

### 1. Trase lèt «P» ak dwèt nou anlè, sou ban (4 mn)

 Avan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl # 5 ki nan paj 66, nan kaye egzèsis la. Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo. Sonje di elèv yo ke lèt « P » majiskil la pi gwo ke lèt « p » miniskil la. men yo fèt menm jan.

☞ **Toudabò, nou pral ekri lèt majiskil "P" ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m apre : Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen ! Mwen trase yon liy vètikal kanpe byen dwat, anwo sou bò dwat liy nan, mwen trase yon koub ki kole ak liy vètikal la, jis rive nan mitan liy nan. Nou konprann jès mwen sot fè a? Nou pral fè li ansanm :**

 Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Reprann modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.



- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la ansanm.

## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "P" majiskil sou tablo a sou liy sa yo?
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "P" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo :
- ☞ Mwen trase yon liy vètikal kanpe byen dwat, anwo sou bò dwat liy nan, mwen trase yon koub ki kole ak liy vètikal la, jis rive nan mitan liy nan. Nou konprann jès mwen sot fè a? Nou pral fè li ansanm.
  - ☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « P » majiskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.
- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "P" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 66 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « P » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Egzèsis # 7-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 67 la nan egzèsis # 7 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « P » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 6 Vokabilè (7-8 mn)

### 1. Premye mo a se : Tchatcha (3 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo tchatcha. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo tchatcha ? Èske ou konn kisa yon tchatcha ye ?
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :
- ☞ « tchatcha » se : Enstriman mizik ki fèt ak kalbas netwaye epi seche. Apre sa yo mete grenn tchatcha ladan li. Lè yo souke tchatcha a li bay yon bon son.
  - ☞ Fè yon fraz kòm egzanzp ak mo tchatcha pou elèv yo.

☞ Felina ap souke tchatcha nan kanaval la.

☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fè ak mo "tchatcha". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.

**2. Dezyèm mo a se : Gete (3 mn)**

☞ An n kontinye ak yon dezyèm mo ki nan istwa a. Dezyèm mo sa a se : gete. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo gete ?

☞ Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ Gete vle di : Kè kontan yon moun genyen.

☞ Fòm fraz kòm egzanp ak mo gete pou elèv yo.

☞ Lora an gete nan kanaval la.


☞ Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fòm ak mo "gete". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.

☞ Kiyès ki ka fòm yon fraz ak mo "gete"?

☞ Bay elèv yo tan pou yo fòm fraz yo.

**Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (16 mn)**

**1. Prediksyon dapre desen (3 mn)**



Leson 8 ak 9 p. P

☞ Pran liv lekti a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon an ki nan paj 21 an, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

☞ Kisa nou wè nan desen an? Ki moun ki ladan li ? Kisa yo ap fè ? Kisa yo gen nan men yo ? Kòman yo abiye ? Ki koulè rad ki sou yo ? Ki kote yo ye?

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo fòm yon fraz ki dekri imaj la, chak elèv dwe fòm yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòm fraz yo epi bay yo egzanp sa a :

**Egzanp :**

"Mwen wè plizyè timoun ki degize ak blad nan men yo".

☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.

☞ Chwazi 4 lòt elèv pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 30 segonn pou reponn.

☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?

☞ Ekri nan yon kaye oswa sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite "verifye prediksyon" an. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

**2. Koute istwa a (3 mn)**

☞ Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande yo fè silans, lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.

☞ Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kesyon sou istwa a.

**Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

**Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou :**

## Kanaval

Chak mwa fevriye, se epòk kanaval. Madan Riche toujou fè preparasyon ak elèv premye ane li yo pou yo fè bèl kanaval nan lekòl la. Ane sa a, Ali ak kamarad li yo, deside fè yon konkou degizman pou mete plis gete nan kanaval lekòl la. Ali mete yon bèl chapo ki genyen plizyè koulè. Lila menm mete yon bèl mas nan figi l epi li kenbe yon tchatcha nan men li. Bèl mizik ak mereng se wololoy ! Tout elèv anpenpan se bèl fèt. Madan Riche, kontan anpil pou bèl kanaval sa timoun yo òganize a. Epi li di : « Ala yon bèl fèt se kanaval » !

### 3. Verifye prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan mwen te li istwa a pou nou, kèk elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje sa? An nou retounen sou sa nou te imajine anvan nou te koute istwa a.
  - ☁ Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo pandan w ap sèvi ak repons ou te ekri yo.
- ☞ Ki diferans nou wè ant sa ki te pase nan istwa a ak sa nou te predi ki pral pase nan istwa a?

### 4. Reponn kesyon (6 mn)

- ☁ Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yon elèv gen difikilte pou yo reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.
- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.
  - ☁ Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

#### 1. De kisa istwa a pale ?

Repons posib :

(1) Istwa a pale Kanaval. (2) Istwa a pale Kanaval nan lekòl Lila a.

#### 2. Ki kote istwa la ap pase?

Repons posib :

(3) Nan lekòl la (4) Nan klas Ali a (5) Istwa a ap pase nan klas Ali a.

#### 3. Kilè yo selebre kanaval?

(6) Yo selebre kanaval nan mwa fevriye

#### 4. Kijan pwofesè klas la rele?

(7) Pwofesè a rele Madan Riche

#### 5. Kisa ki te pase nan kanaval la ?

(8) Demen pral gen kanaval nan lekòl la ak yon konkou degizman nan klas yo.

#### 6. Kijan Madan Riche te santi l ? Poukisa?

Repons posib :

(9) Madan Riche te kontan. (10) Paske li wè ane sa a elèv yo òganize yon bèl konkou degizman.

### Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

Repons posib :

(1) Nou te aprann ekri « P » majiskil. (2) Nou te koute istwa Kanaval la (3) Nou te reponn kesyon sou istwa Kanaval nan lekòl Ali a.

# Leson 10 Revizyon i, I, p, P

## Objektif:


Distenge lèt majiskil ak lèt miniskil (**i, I, p, P**) .  
Ekri lèt miniskil ak lèt majiskil (**i, I, p, P**) byen.  
Ekri mo kout byen.  
Repwodui lèt, mo ak fraz senp.

## Materyèl :

Liv lekti, leson 10 paj 22 rive paj 23  
Kaye egzèsis, leson 10 paj 68 rive paj 69  
Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon


## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### 1 Kontin

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Papa pipo  
Gen yon pip  
Pip la poze sou pwent tab la.  
Pip la tonbe atè a,  
Li kase.

 Felisite epi ankouraje elèv yo.

- ☞ Jodi a, nou pral revize epi ekri lèt miniskil ak majiskil «i, I, p, P».


## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Idantifye premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral idantifye premye son i, I, p, P. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak youn nan son sa yo (/i/, /I/, /p/, /P/) Si li kòmanse ak youn nan son sa yo (/i/, /I/, /p/, /P/) leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak youn nan son sa yo (/i/, /I/, /p/, /P/) mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?


 Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.

- ☞ Son an se /i/. Mo a se : imaj.

 Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.

- ☞ Lòt mo a se : sapat.

An n kontinye ak lòt pè mo pou son /i/: (tapi/lv); (Ivon/Toupi).

 Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an. Epi swiv menm modèl son (/i/,/I/) a pou son (/p/,/P/). Itilize pè mo sa yo: (Pipo/lapli); (patat/vakans); (pilon/savon) sonje reprann konsiy nan lè w ap kontinye ak lòt son yo.

- ☞ An n kontinye ak kèk mo ki genyen son /p/:

(Pipo/lapli); (patat/vakans); (pilon/savon).

Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

## 2. Di son ak non lèt (2 mn)

Ekri lèt sa yo (i, I, p, P) sou tablo a. Fè elèv yo repete son ak non tout lèt yo.

- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a pou yo repete yo byen.

- Fè tout elèv yo repete son ak non lèt yo byen fò.

- Chwazi kèk elèv pou di son ak non lèt ki sou tablo a.

☞ **Ki son lèt sa a? /i/. Ki non lèt sa a? « i ».**

**Ki son lèt sa a? /I/. Ki non lèt sa a? « I ».**

**Ki son lèt sa a? /p/. Ki non lèt sa a? « p ».**

**Ki son lèt sa a? /P/. Ki non lèt sa a? « P ».**

Si kèk elèv gen difikilte, fè yon kamarad ede l, epi korije ansanm. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (16 mn)

Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo: p, i, b, k, i, d, I, P, m, I, L, p, i, n, P.

Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt (i, I, p, P) pami lèt ki sou tablo a.

☞ **Kiyès ki ka vin idantifye lèt miniskil ak majiskil « i, I, p, P » sou tablo a pou klas la.**

Bay elèv yon mn pou antoure lèt la sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt la. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt la sou tablo a pou klas la.

☞ **Èske se lèt “i” miniskil elèv la antoure ?**

Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt (I, p, P) yo.

☞ **Kiyès ki ka vin idantifye lèt « I » majiskil?**

**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « p » miniskil?**

**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « P » majiskil?**

## Egzèsis # 1 (4-5 mn)

Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan paj 68 la nan menm paj avèk mwen. Louvri kaye a nan paj 68 n ap fè egzèsis # 1.**

Ekri # 68 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ **Nwasi kare ki anba silab ki genyen lèt “p”. An n gade egzanp la. Nou wè yon mo ki ekri. Mo a se « pote ». Mo an gen 2 silab. Premye silab la se « po », dezyèm silab la se « te ». Nou wè premye silab la nwasi. Se silab sa ki gen son /p/. Nou pral fè menm jan an pou lòt mo yo. Chèche silab ki gen son /p/ epi nwasi li.**

Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 1. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo sa yo sou tablo a : Pote, pale, pase, papi. Mete yon kare anba chak mo pou ka korije egzèsis la ak elèv yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Apre sa chwazi 3 elèv pou yo di ki silab yo nwasi epi poukisa.

Leson 10 Revizyon i, I, p, P

1- Nwasi kare ki anba silab ki gen P yo.

pote	pale	pase	papi
------	------	------	------

2- Konekte mo ki sanble yo.

Papa	lili	PAPI
Lili	papa	PAPA
Pal	papi	LILI
Papi	pipa	PIPA
Pipa	pal	PAL

68 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.





### Egzèsis # 2 (4 mn)

- ☞ **Nou pral fè yon dezyèm egzèsis. Toujou nan menm paj la, ale nan # 2 a.**  
☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 68 lan nan egzèsis nimewo 2 a.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte mo ki sanble yo.**  
☞ *Idantifye mo yo ansanm ak tout klas la.*
- ☞ **An n gade egzanzp la. Nou wè plizyè mo ki ekri, ann gade egzanzp la. Gen twa mo nan chak kolòn ki konekte. Yon mo konekte ak mo ki sanble ak li a. Nou konprann ? Kòmanse !**  
☞ *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**  
☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi/2gason) pou yo eksplike ki lèt yo konekte ansanm epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ **Nou pral fè yon twazyèm egzèsis. Kounye a nou pral nan paj 69 la. Nou pral fè egzèsis# 3 a.**  
☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 69 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 69 la nan egzèsis # 3 a.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Mete imaj yo nan lòd pou nou kreye yon istwa.**  
☞ *Mande elèv yo gade imaj yo epi dekri bay kamarad yo kisa k ap pase. Apre sa korije egzanzp la ak klas la.*
- ☞ **Gade egzanzp sa a. Nou wè twa desen k ap rakonte yon istwa. Nou wè yon nimewo anba chak desen. Nimewo ki anba desen yo ba nou lòd istwa a. Nou pral fè menm jan pou twa lòt desen yo. Nou konprann ? Kòmanse !**  
☞ *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

3- Mete imaj yo nan lòd pou ou kreye yon istwa.

4- Kopye lèt yo, mo a ak fraz la sou liy kaye a.

I \_\_\_\_\_

P \_\_\_\_\_

Pip \_\_\_\_\_


Lila ap li \_\_\_\_\_

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 69





### Egzèsis # 4 (3 mn) Kopye lèt, mo ak fraz yo sou liy kaye egzèsis la.

- ☞ **Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 69 la nan egzèsis # 4 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt miniskil ak majiskil « i, l, p, P ». Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.**
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**  
☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*



## Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (15 mn)

 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  -  *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  -  *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  -  *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  -  *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  -  *Ouvri liv lekti a nan paj 22 a. Ekri # 22 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.*
- ☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**
  -  *Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

Leson 10 Revizyon i I p P

a A L L i I p P


pi ap pa li pal pil la al  
pi ap pa la al li pal pil

papa papi Lala Lili  
Lala Lili papi papa

Papa Lala li.  
Papa Lili ap li.  
Lila ap li.  
Papa Ali pa la.

22 Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

## Aktivite 5 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (8 mn)



### 1. Koute ak li istwa (2 mn)

☁ *Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 23 a.*

*Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.*

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

#### Lili ap li

Lili ap li.  
Lala pa la.  
Papa Lili pa la.  
Lili ap li, Lala pa la.

☁ *Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.*

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

☁ *Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi 10 elèv ki poko li pou fè yo li istwa a pou kont yo.*

### 2. Reponn kesyon (4 mn)

☁ *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

☁ *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki bò Lili chita ?
3. Kisa Lili gen nan men l ?
4. Kisa Lili ap fè ?

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

- (1) Nou te revize «i» miniskil «I» majiskil. (2) Nou te revize «p» miniskil «P» majiskil.
- (3) Nou te lèt sa yo epi nou te ekri mo ak fraz.

# Leson 11 e

## Objektif yo :

- Distenge son ak non lèt « e ».
- Distenge lèt « e » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « e » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 11 paj 24-25
- Kaye egzèsis, leson 11 paj 70-73
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### Kontin (3 mn)

- Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Pou nou fè lapwòpte  
 Tout moun pote kole  
 N ap wouze, n ap bale  
 N ap jete fatra nan poubèl,  
 Konsa, katye a va pi bèl.

- Felisite epi ankouraje elèv yo
- ☞ Jodi a, nou pral l idantifye epi ekri lèt miniskil « e »

## Aktivite 2 An nou jwe ak imaj (4 mn)

elèv

elikoptè

manje

zye

a A I L I P P

★ P → e = Pe    e → p = ep    l → e = le

✂ li la pa pi al ap pil pal

🗨 e pe le e pe le e pe le e

👂 apa papa papi Ali Lila Lala

🗨 ale epi Pele pile pale Pepe

➤ Eli ap li.  
Papa Eli ap li.  
Papa Ali ap pile.  
Ali ap li, Eli ap li.

24 Liv lekti 1<sup>er</sup> A.F.

- Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.
- ☞ Jodi a, nou pral jwe ak desen ki nan liv la. Ouvri liv lekti nou nan paj 24 la. Tout moun wè desen yo ? Gade 4 premye desen yo byen.
- Bay elèv yo 30 segonn pou yo byen gade desen yo.
- ☞ Chak fwa mwen di non yon dwèt ak non yon desen, n ap mete dwèt la sou desen an. Nou pare ? An nou kòmanse !  
**Mete lendèks nou sou desen elèv la.**
- Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.
- ☞ Mete lemajè nou sou desen elikoptè a.
- Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.
- ☞ Mete lanilè nou sou desen manje a.
- Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.
- ☞ Mete orikilè nou sou desen zye a.
- Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesèsè.

- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye.**
  - ☞ *Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **manje ; elèv ; elikopè ; zye. Ki son ki repete plis nan 4 mo nou sot di yo ?**
  - ☞ *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi si elèv la gen difikilte ede yo jwenn ki son ki kòmanse chak mo yo. Fè yo repete chak mo yo plizyè fwa pou yo ka jwenn son ki nan chak mo yo.*
- ☞ **Son an se /e/.**  
Jodi a, nou pral aprann son /e/.

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /e/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo gen son /e/. Si mo a gen son /e/ ladan li, leve pous nou anlè. Si li pa gen son /e/ ladan li mete de men nou sou ban an . Èske nou konprann ?**
  - ☞ *Si gen kèk elèv ki pa konprann bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /e/. Mo a se : « elèv » .**
  - ☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : « pou » .**
  - ☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak mo sa yo :**  
**elefan; chante, lago, ekri, ede, ban, elèv, elan, kalalou, esplike, zanmi, telefòn**
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

- ☞ *Ekri lèt "e" miniskil sou tablo a pou elèv yo ka repete non ak son lèt la.*  
-Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /e/.**
  - ☞ *- Mande elèv yo pwononse son lèt la epi pwononse son an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a. Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo.*
- ☞ **Ki son lèt sa a ? /e/.**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv pou repete "son lèt la". Si yon elèv gen difikilte, mande yon lòt elèv pou di son an. Apre sa korije ansanm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt "e" miniskil.**
  - ☞ *- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*  
- Pwononse non lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "e" miniskil.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt la epi repete non an ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa a ? « e » miniskil.**

Leson 11 e

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	r	e	d	b	e
e	l	g	a	e	p
a	r	d	w	a	i
p	e	n	a	n	e

2- Antoure lèt e miniskil yo.

p @ a e k y w e p e d p

e p r e o e b v f e l z g

e p r e o p b v e p e z

e p e i o i e v p i p m

70 Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.

☞ Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt la”.

Si yon elèv gen difikilte, mande yon lòt elèv pou repete son an. Apre sa korije ansanm

Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen non ak son lèt “e” a se menm. Epi di :

☞ Son lèt sa a se /e/, non lèt sa a se “e” miniskil.

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (18 mn)

☞ Mande elèv yo si yo konprann sa sa vle di rekonèt lèt. Ale sou tablo a, ekri lèt a ak lèt e, epi mande kiyès ki lèt “e”

Ale sou tablo a, ekri plizyè lèt miniskil tankou : e, n, i, l, e, k, l, a, i, w, p, e, l, i, p. Epi chwazi plizyè elèv pou vin antoure lèt “e” pami lèt ki sou tablo a.

Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil “e”. Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “ e ” sou tablo a pou klas la.

☞ Èske se lèt “e” elèv la antoure ?

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.

☞ Kontinye menm jan an pou tout lèt “e”.

☞ Si yon elèv gen difikilte, mande yon lòt elèv pou pwononse son an. Apre sa korije ansanm.

### Egzèsis # 1 (3 mn)

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan paj 70 lan nan menm paj avèk mwen. Ouvri kaye a nan paj 70 nan egzèsis # 1.

☞ Ekri # 70 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

☞ Si elèv yo pa jwenn repons lan, mande yon lòt elèv reponn

☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la byen.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt “e” miniskil ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè si li pa t sou lèt “e”. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "e" toujou nan menm paj kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan menm paj 70 la nan egzèsis nimewo 2 a.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "e" miniskil ki menm jan ak modèl la.**
  - ☞ *Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt a ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kouye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "e" miniskil ?**
  - ☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "e". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

3- Antoure imaj kote nou tande son /e/.

4- Antoure lèt miniskil e nan chak mo.

5- Antoure mo ki ankadre a.

epi - lapilè, tepalepil, pelepil, papapil, papilale

pale - lapilpale, papilale, pelepil, papilale, papilale, papilale, papilale

epi - lapilpale, papilale, pelepil, papilale, papilale, papilale, papilale

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 71

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /e/. Ale nan lòt paj la.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 71 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 71 lan nan egzèsis # 3 a.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son /e/.**
  - ☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.*
- ☞ **Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*
- ☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la tout lòt imaj kote nou tande son /e/. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kouye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*

### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ **N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "e". Toujou nan paj 71 la, nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv nan egzèsis # 4 la.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy la pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt miniskil "e" nan chak mo ki anba imaj yo.**
  - ☞ *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka di non imaj yo wè yo ?**
  - ☞ *Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*

- ☞ Antoure lèt miniskil "e" si nou tande son /e/ nan tout mo yo, menm jan ak premye lèt la ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo sa yo sou tablo a : elèv, poupe, manje, zye, pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 5 (2 mn)

- ☞ N ap fè yon dènye egzèsis sou mo nou konnen yo. Toujou nan paj 71 nan egzèsis # 5 la.
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan egzèsis # 5 lan.
- ☞ Mwen pral li konsiy la pou nou. Antoure mo ki menm ak mo ki ankadre a. Kiyès ki ka li mo ki ankadre a ?
  - ☞ Chwazi yon elèv pou li mo ki ankadre a. Apre sa mande elèv yo fè egzèsis la. Lè yo fini, verifye si tout elèv yo antoure mo ki menm ak mo ki ankadre a.

## Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (15 mn)

- ☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.





### 1. Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  - ☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.
  - ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 24 la. Ekri # 24 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?
  - ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

Leson 11 ak 12 e E

 elèv
  elikoptè
  manje
  zye

a A l l i i p P

★ P → e = Pe e → p = ep l → e = le

✂ li la pa pi al ap pil pal

☞ e pe le e pe le e pe le e

☞ apa papa papi Ali Lila Lala

☞ ale epi Pele pile pale Pepe

☞ Eli ap li.  
Papa Eli ap li.  
Papa Ali ap pile.  
Ali ap li, Eli ap li.

24 Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.



- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite Revèy (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon jwèt ki rele : "Fè mouvman ak son". Mwen pral di yon mo, chak fwa mo a kòmanse ak son /e/ n ap panche agoch, lè li pa kòmanse ak son /e/ n ap panche adwat.
  - ☞ Li mo yo byen fò pou elèv yo ka tandè tout son ki nan mo w ap li yo. Fè yon egzansp ak tout klas la anvan ou kòmanse jwèt la.
- ☞ Nou pare ? An nou kòmanse !  
 Elèv, lakou, etidye, kòmansman, epina, jiskaske, elefan, pilon, elektrisyen, vwalye.
  - ☞ Menm si yon elèv pa respekte konsiy jwèt la, li ka kontinye jwe.

## Aktivite 6 Ekri lèt (10 mn)

### 1. Trase lèt «e» ak dwèt nou anlè, sou ban (3 mn)

3- Antoure imaj kote nou tandè son /e/.



4- Antoure lèt miniskil e nan chak mo.

5- Antoure mo ki ankadre a.

epil - lapilepilalepalepilepilepapipapilale  
 epale - lapilepalepalepalepilepilepalepalepapipapilalepale  
 epi - lapilepalepalepalepilepilepalepalepapipapilalepi

Kayè egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 71

- ☞ Anvan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl # 5 ki nan paj 71, nan kayè egzèsis la. Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.
- ☞ Toudabò, nou pral ekri lèt "e" miniskil ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m apre :  
 Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen !  
 Mwen trase yon demi sèk ouvri sou bò dwat, nan pwent anlè demi sèk la mwen fè yon ti koub desann pou rive nan mitan demi sèk la.  
 Nou konprann jès mwen sot fè a ? Nou pral fè li ansanm.
  - ☞ Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Repran modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.
- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la anmenm tan.
  - ☞ Repete jès la 2 fwa pou elèv yo ka trase lèt la sou ban yo. Mande elèv yo fè jès la ansanm, anmenmtan.
- ☞ Nou konprann! An nou kòmanse!  
 Mwen trase yon demi sèk louvri sou bò dwat, nan pwent anlè demi sèk la mwen fè yon ti koub desann pou rive nan mitan demi sèk la
  - ☞ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban yo. Fè elèv yo fè jès la 3 fwa sou ban an.



## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “e” sou tablo a sou liy sa yo?
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “e” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo.
- ☞ Mwen trase yon demi sèk ouvri sou bò dwat, nan pwent anlè demi sèk la mwen fè yon ti koube desann pou rive nan mitan demi sèk la. Kiyès ki kapab vin ekri lèt la sou tablo a ?
  - ☞ Chwazi 4 fi /4 gason pou vin ekri sou tablo a.
- ☞ Tout moun pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “e ”.
  - ☞ Verifye si elèv yo genyen kaye bouyon an devan yo epi gen yon kreyon nan men yo. Verifye si elèv yo ap byen ekri lèt “e” yo, epi si lèt yo byen chita sou liy yo.

## Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 72 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « e » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Egzèsis # 7-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 73 la nan egzèsis # 7 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « e » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 7 Vokabilè (3-5 mn)

### Mo a se : Transpòte (3 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo transpòte. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo transpòte ? Kisa transpòte vle di ?
    - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :
  - ☞ Transpòte vle di : Pote moun oubyen machandiz soti yon kote ale yon lòt kote.
    - ☞ Fòme 1 fraz kòm egzanp ak mo transpòte pou elèv yo.
- Egzanp :**  
**Machann yo transpòte machandiz yo nan kamyon oubyen sou bourik.**  
**Dlo lapli a transpòte tout fatra yo nan ravin nan.**
- ☞ Chwazi 3 fi ak 3 gason pou yo fòme yon fraz ak mo “transpòte”. Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.

## Aktivite 8 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (18-20 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 25 lan, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

☞ Kisa nou wè nan desen an ? Ki moun ki ladan li ? Kisa li ap fè ? Ki koulè rad ki sou li ? Kisa ki nan men li ? Ki zannimo ki nan imaj la ? Kisa l ap fè ?

Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a :

☞ Mwen wè yon ti gason ak yon bourik k ap pwomennen.

Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.

Chwazi 4 elèv (2 fi / 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.

☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?

Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite sa a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

### 2. Koute istwa a (2 mn)

Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.

☞ Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!

#### Bourik Klodi a

Sabrina se yon machann. Li se manman Klodi. L ap viv nan katye Lajwa. Chak samdi, li al vann vyann, pwa, legim ak fwi nan mache a. Pou li transpòte machandiz yo, Sabrina toujou itilize bourik li a. Anvan li ale nan mache a, Sabrina ramase tout viv yo, li chaje yo sou bourik la. Lè pa gen lekòl, Klodi renmen al ede manman l nan mache a ak bourik la. Bourik la se bon zanmi Klodi. Depi bourik la wè Klodi, l ap monte desann, l ap ranni : «Yihan, Yihan »

### 3. Verifeye prediksyon (4 mn)


☞ Anvan mwen te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a, dapre desen an. Nou sonje ? An nou retounen nan sa nou te imajine anvan nou li istwa a. Kiyès ki sonje sa li te imajine ki pral pase nan istwa a?

Chwazi kèk elèv nan sa ki leve men yo pou yo di sa yo te panse a. Si yo gen difikilte reprann pou yo repons yo te bay sou prediksyon dapre desen an. Epi di :


☞ Èske sa w te panse dapre desen an, se sa ki pase nan istwa a?

Bay elèv yo tan pou yo reponn epi di yo ki pati nan istwa a ki sanble ak prediksyon yo te fè sou desen an.

Toujou sonje chwazi 1 fi ak 1 gason pou reponn.



#### 4. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

 **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

**1. Sou kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de yon machann ak yon bourik. (2) Istwa a pale de Klodi, Manman Klodi ak bourik yo. (3) Istwa a pale de yon timoun ak bourik li.

**2. Kiyès manman Klodi ye ?**

(4) Manman Klodi se yon machann

**3. Ki lè manman Klodi al nan mache?**

(5) Li ale nan mache lè samdi

**4. Kisa manman Klodi vann?**

**Repons posib :**

(6) Manman Klodi ap vann anpil machandiz tankou : vyann, legim, fwi.

**5. Kisa Klodi fè lè li pa al lekòl ?**

**6. Kisa bourik la fè lè li wè Klodi ?**

(7) Li ranni "Yiyan, yihan".

**7. Èske Klodi se yon timoun janti ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

(8) Wi, paske li konn ede manman l. (9) Wi, paske lè li pa al lekòl li konn ede manman l.

#### Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)

 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /e/. (2) Nou te aprann ekri lèt «e». (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te koute istwa Bourik Klodi a.

# Leson 12 E

## Objektif yo :


- Dekouvri son ak non lèt « E » majiskil.
- Distenge lèt « E » majiskil pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « E » byen
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

## Materyèl :


- Liv lekti, leson 12 paj 24-25
- Kaye egzèsis, leson 12 paj 74-77
- Gòm, kreyon, adwaz, kaye bouyon

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)



### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Tout moun pote kole  
Pou nou fè lapwòpte  
N ap wouze, bale  
N ap jete fatra nan poubèl,  
Konsa katye a va pi bèl.



-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : **Pote, manje, liy, sale, elèv, Lik, lapli, Lewogàn, liv.** Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "e" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt miniskil «e» nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifiye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral ldantifye epi ekri lèt majiskil « E » .**

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt majiskil /E/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /E/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /E/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /E/. Mo a se : « Etyèn ».**
-  *Verifiye si elèv yo leve pous yo anlè.*

☞ **Lòt mo a se : « ban ».**

☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*

☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo :**

**ban, elastik, tab, Evodi, Edwa, pale, tablo, anana, asyèt, Emili, Eva, soulye, Ejip.**

☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

**2. Di son ak non lèt la (2 mn)**

☞ *Ekri lèt la "e" miniskil ak lèt "E" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("e" ak "E"). fè yo repete son lèt /e/ miniskil la avan.*

- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.

☞ **Son lèt sa a se /e/, son lèt sa a tou se /E/.**

☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki son lèt sa ? /e/, ki son lèt sa a tou ? /E/.**

☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /e/ ak son /E/ se menm.*

☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("e", "E") .**

- ☞ *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*
- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se "e" miniskil , non lèt sa a se " E " majiskil .**

☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki non lèt sa a ? "e" miniskil. Ki non lèt sa a ? " E " majiskil.**

☞ *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, repete non lèt « e » ak « E ».*

*Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt ("e"/e/; " E "/E/) se menm.*

**Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (13 mn)**

☞ *Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo : M, E, P, I, E, P, I, L, E, N, E, I, P, I, L, P, E, S, P, L, E, P, K, E.*

*Chwazi plizyè elèv pou vin antoure lèt "E" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "E". Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "E" sou tablo a pou klas la.*

☞ **Èske se lèt "E" majiskil elèv la antoure ?**

☞ *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "E" yo.*

**Egzèsis # 1 (4-5 mn)**

☞ *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

☞ *Ouvri kaye a nan paj 74 nan egzèsis # 1. Ekri # 74 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

☞ *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, mande yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*

Leson 12 E

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

T	R	E	D	E	V
E	L	G	E	N	P
A	R	D	E	A	E
P	E	N	A	N	E

2- Antoure lèt E majiskil yo.

P A E T Y W E P E D P

E P R E O E B V F E L Z

P A M N P V A W I P

E L B E A P Z P I P

74 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "E" majiskil ?**
  - ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè si li pa t sou lèt "E". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

**Egzèsis # 2 (3 mn)**

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "E". Toujou nan paj 74 kaye egzèsis la.**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 74 la, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt "E" majiskil ki menm jan ak modèl la.**
  - ☞ Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "E" majiskil ?**
  - ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "E". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

- ☞ **N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "E" majiskil. Nan paj 75 lan, nan egzèsis # 3 a.**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 75 lan nan egzèsis # 3 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen ! pou nou ka fè egzèsis la. Antoure lèt majiskil "E" nan chak mo ki anba imaj yo.**
  - ☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj yo.
- ☞ **Kiyès ki ka di non imaj yo wè yo.**
  - ☞ Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ **Antoure lèt "E" majiskil si nou tande son /E/ nan tout mo yo, menm jan ak premye lèt la ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo yo sou tablo a pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Chwazi 4 elèv ( 2 fi ak 2 gason ) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Chwazi kèk elèv pou repete non lèt la.

3- Antoure lèt E majiskil nan chak mo.

ÈLÈV ELIKOPTÈ MANJE ZYE

4- Konekte lèt majiskil ki menm yo.

E	P
A	E
L	I
P	L
I	A

Aktivite lib

Leson 12 E

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 75

3- Antoure lèt E majiskil nan chak mo.

ELÈV ELIKOPTÈ MANJE ZYE

4- Konekte lèt majiskil ki menm yo.

E	P
A	E
L	I
P	L
I	A

Aktivite lib

Lesson 12 E

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 75

### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "E" majiskil. Toujou nan paj 75, nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 75 lan nan egzèsis # 4 la.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte lèt majiskil ki menm yo.
  - ☞ Idantifye lèt yo ansanm ak tout klas la.
- ☞ Konekte lèt majiskil ki menm yo. An n gade egzanzp la. Nou wè yon lèt « E » majiskil ki konekte ak yon lòt lèt « E » majiskil. Nou ap fè menm jan an pou tout lèt yo. Nou konprann ? Kòmanse !
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 lèt sa yo sou tablo a : « E, A, L, P, I » pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Pandan elèv yo ap travay ekri lèt yo sou tablo a nan de ranje. Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi / 2 gason) pou eksplike ki lèt yo konekte epi poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Chwazi kèk elèv pou repete non lèt yo te konekte yo.

### Aktivite Revèy (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.
  - ☞ Ekri tout lèt sa yo sou tablo : e, p, l, i, a
- ☞ Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « e ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « p ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « l ».
- ☞ Kontinye menm jan an ak lèt « i », lèt "a". Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.


### Aktivite 4 Ekri lèt (12 mn)

#### 1. Trase lèt «E» ak dwèt nou anlè, sou ban (3 mn)

- ☞ Anvan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl # 5 ki nan paj 76, nan kaye egzèsis la. Epi di :
- ☞ Gade lèt majiskil « E » a byen. Konbyen liy vètikal ak liy orizontal nou wè ki fòm lèt « E » majiskil la ?
  - ☞ Pran repons elèv yo, korije si yo fè erè.
- ☞ Toudabò, nou pral ekri lèt majiskil "E" ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m. Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen !
  - ☞ Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.
- ☞ Mwen trase yon liy vètikal soti anwo rive anba, apre sa mwen trase twa liy orizontal menm longè : youn nan pwent anwo kole ak liy vètikal la, yon lòt nan mitan kole ak liy vètikal la ak yon dènye nan pwent anba kole ak liy vètikal la.
 

Nou konprann jès mwen sot fè a? Nou pral fè li ansanm :




 Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Repran modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.

- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la ansanm.

## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (3 mn)


- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "E" majiskil sou tablo a sou liy sa yo.

 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "E" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :


- ☞ Mwen trase yon liy vètikal soti anwo rive anba, apre sa mwen trase twa liy orizontal menm longè : youn nan pwent anwo kole ak liy vètikal la, yon lòt nan mitan kole ak liy vètikal la ak yon dènye nan pwent anba kole ak liy vètikal la.

 Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « E » majiskil.


- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "E" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.


## Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 76 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « E » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.


- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.


 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 77 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « E » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.

- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.

 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.




## Aktivite 5 Vokabilè (7-8 mn)

### Premye mo a se : papiyon (4 mn)

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo papiyon. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo papiyon ? Èske ou konn kisa yon papiyon ye ?


 Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

- ☞ Papiyon vle di : Ensèk ki gen kat zèl, zèl yo konn gen anpil koulè.

 Fòme 1 fraz kòm egzanzp ak mo papiyon pou elèv yo.

**Egzanp :**

**Papiyon jòn nan poze sou flè wouj la.**

 Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fòm ak mo "papiyon". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.

### Dezyèm mo a se : nòs (4 mn)

- ☞ An n kontinye ak yon dezyèm mo ki nan istwa a. Dezyèm mo sa a se nòs. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo nòs ? Èske nou konn ale nan yon nòs ?


 Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :


- ☞ **Nòs : se maryaj yon fi ak yon gason.**

 Fòm 1 fraz kòm egzanp ak mo gete pou elèv yo.

**Egzanp :**

**Kalo marye ak Ana yo fè yon bèl nòs.**

 Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fè ak mo "nòs". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo.

 ede oswa korije si nesesè.  
Toujou fè elèv yo fè fraz ki diferan.

- ☞ **Kiyès ki ka fè yon fraz ak mo "nòs" ?**


 Bay elèv yo tan pou yo di fraz yo.

## Aktivite 6 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)


### 1. Prediksyon dapre desen (3 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a. N ap sèvi ak desen a pou nou fè sa.


Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.

 Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.

- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papye, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

### 2. Koute istwa a (3 mn)

 Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.


- ☞ Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a.  
Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a ! Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou :

**Maryaj wa papiyon ak rèn papiyon.**

Vwala, se te nòs wa papiyon ak rèn papiyon. Tout papiyon yo te abiye byen bwòdè. Te gen tout kalite koulè papiyon nan nòs la : papiyon vèt, papiyon jòn, menm papiyon lasenjan. Yo t ap danse, yo t ap vole sou flè yo. Aaa ! Se te pi bèl nòs ki te genyen jou sa a !


### 3. Verifye prediksyon (2 mn)

- ☞ Anvan mwen te li istwa a pou nou, kèk elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje sa? An nou retounen sou sa nou te imagine anvan nou te koute istwa a.


 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo pandan w ap sèvi ak repons ou te ekri yo.*

- ☞ Èske sa nou te imagine ki pral pase nan istwa a te rive ?

### 4. Reponn kesyon (3 mn)

 *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yon elèv gen difikilte pou yo reponn yon kesyon, reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

 *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

#### 1. De kiyès istwa a pale ?

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de papiyon (2) Istwa a pale de papiyon ki ap marye.

#### 2. Ki lès ki vin nan nòs la?

**Repons posib :**

(1) Tout kalite papiyon (2) Anpil papiyon (3) Papiyon anpil koulè. (4) papiyon vèt, papiyon jòn.

#### 3. Kisa papiyon yo t ap fè?

**Repons posib :**

(5) Papiyon yo t ap marye. (6) Papiyon yo ap fè yon nòs pou wa ak rèn yo. (7) Wa papiyon ak rèn papiyon t ap fè yon nòs.


## Aktivite 7 Evalyasyon (3 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

**Repons posib :**

Nou te aprann ekri « E » majiskil. (2) Nou te koute istwa Nòs papiyon an (3) Nou te reponn kesyon sou istwa nòs papiyon an.

## Aktivite Lib

 *Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 13 n

## Objektif:

- Dekouvri son /n/ ak non lèt « n ».
- Distenge lèt « n » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « n » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

## Materyèl:

- Liv lekti, leson 13 paj 26-27
- Kaye egzèsis, leson 13 paj 78-81

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

### 1 Kontin (2 mn)

- Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.
- Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Nou gen kè kontan.  
Nou pral plante pyebwa nan Nip.  
Nou pral plante legim nan Nò.  
N ap plante, n ap manje.



- Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Rapèl (3 mn)

- Ekri plizyè mo sou tablo a : **epi, nou, Pele, salon, Emil, pile pale, won, Eli, Pepe.** Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "e" nan mo ki sou tablo a.
- Kiyès ki ka vin antoure lèt "e" miniskil ak « E » majiskil nan mo ki ekri sou tablo a ?
- Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifie si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.
- Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « n » miniskil.
- Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.

## Aktivite 2 Jwe ak imaj (5 mn)

Leson 13 ak 14 n N


a A I L i P e E

★ n







l = ni  
a = na  
e = ne

N

I = NI  
A = NA  
E = NE





- la ap pe la li pil pal pip
- ni na ne ni na nap nip
- pil epi pile papa pale Pepe
- Nini Nana lalin Lina Lana
- Lina ap li.  
Ana, Eli ap pale.

- Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.
- Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti a. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.
- Ouvri liv la nan paj 26 la. Ekri # 26 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifie si elèv yo nan menm paj avèk ou.
- Mete lendèks nou sou desen ne a.






-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen nich la.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen nat la.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen lalin nan.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
-  *Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande plis nan kòmansman 4 mo nou sot di yo ?**
-  *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
- ☞ **Son an se /n/.**
- Jodi a, nou pral aprann son /n/.**

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (5 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (3 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /n/. M ap di son /n/ epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /n/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /n/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /n/. Mo a se : « ne ».**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : « papa ».**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo : naje, nati, rad, nan, non, nimewo, epi, nich, pale, nwèl.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*


#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

-  *Ekri lèt "n" miniskil sou tablo a. Fè yo repete son lèt /n/ miniskil la.*
- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*
- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Son lèt sa a se /n/.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa a? /n/.**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt « n ».**
-  *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*
- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "n" miniskil.**
-  *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa a ? ("n").**


 Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt la”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « n »

- ☞ Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou yo ka repete non ak son lèt la byen.


## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (16 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo sou tablo : n, i, r, n, e, r, n, s.  
Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt “n” pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil “n”. Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “n” sou tablo a pou klas la.


- ☞ Èske se lèt “n” miniskil elèv la antoure ?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt “n” yo.


### Egzèsis # 1 (4 mn)

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.


- ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.

 Ouvri kaye a nan paj 78 la egzèsis # 1. Ekri # 78 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, mande yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :


- ☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

- ☞ Èske lèt sa a se lèt “n” ?


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè si li pa t sou lèt “n”. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)


- ☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt “n”. Toujou nan paj 78 kaye egzèsis la.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 78 la, nan egzèsis # 2.

- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt “n” miniskil ki menm jan ak modèl la.

 Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

- ☞ Nou konprann ? Kòmanse!

 Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


Leson 13 n


1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

n	r	n	e	r	n	s
e	n	r	n	r	s	
a	v	n	z	n	r	
n	n	è	r	è	n	


2- Antoure lèt n miniskil yo.

(n) b a n e n y w n p i d n  
s n r i o n b v n p l z f  
n o u s n a n a n e n t s n  
è s n n m v n è o u t n

78 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 


 Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a, se lèt “n” ?**

 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “n”. Si genyen ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

**Egzèsis # 3 (3 mn)**


☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /n/. Ale nan paj 79.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 79 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 79 lan nan egzèsis # 3.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son /n/.**

 Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.


☞ **Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?**

 Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la tout lòt imaj kote nou tande son /n/. Nou konprann ? Kòmanse !**


 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

**Egzèsis # 4 (3 mn)**


☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt “n”. Toujou nan paj 79, nan avan dènye egzèsis paj la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 79 lan nan egzèsis # 4 la.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt miniskil “n” nan chak mo ki anba imaj yo.**

 Idantifye lèt yo ansanm ak tout klas la.

☞ **Antoure lèt miniskil “n” nan chak mo ki anba imaj yo. Gade modèl la epi fè menm jan an pou tout lòt mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo sa yo sou tablo a : « ne, nich, nat, kònè » pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Pandan elèv yo ap travay ekri lèt yo sou tablo a nan de ranje. Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou eksplike ki lèt yo antoure epi poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Chwazi kèk elèv pou repete non lèt yo te antoure yo.

**3- Antoure imaj kote nou tande son /n/.**



**4- Antoure lèt miniskil “n” nan chak mo ki anba imaj yo.**



Ⓜ    nich    nat    kònè

Aktivite lib

.....

.....

.....

.....

.....

.....

 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.    79

## Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)

Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.





### 1. Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  - ☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.
  - ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 26 la. Ekri # 26 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?
  - ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

Leson 13 ak 14      n N

 ne
  nich
  nat
  lalin

☞ a A I L I P P e E

★ n

l	-nl
a	-na
e	-ne

N

I	-NI
A	-NA
E	-NE

☞ la ap pe la li pil pal pip  
 ☞ ni na ne ni na nap nip  
 ☞ pil epi pile papa pale Pepe  
 ☞ Nini Nana lalin Lina Lana

☞ Lina ap li.  
 Ana, Eli ap pale.  
 Papa Lana ap pale.  
 Eli pile pil papa li a.

26      Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.



**Aktivite**

**Revèy (2 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.**  
🗨️ *Ekri tout lèt sa yo sou tablo : e, n, i, a, p.*
- ☞ **Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « e ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « n ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « i ».**  
🗨️ *Kontinye menm jan an ak lèt « a ». lèt “p”. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.*

**Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)**

**1. Trase lèt «n» ak dwèt nou anlè, sou ban (4 mn)**

- 🗨️ *Anvan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl # 5 ki nan paj 76, nan kaye egzèsis la. Epi di :*
- ☞ **Gade lèt miniskil « n » a byen. Konbyen liy vètikal ak liy orizontal nou wè ki fòme lèt « n » miniskil la ?**  
🗨️ *Pran repons elèv yo, korije si yo fè erè.*
- ☞ **Toudabò, nou pral ekri lèt miniskil “n” ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m : Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen !**  
🗨️ *Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.*
- ☞ **Mwen trase yon liy vètikal tou kout, epi mwen trase yon koub ki soti pi ba tèt liy vètikal la ki vire desann, nan menm longè ak liy vètikal la. Nou konprann jès mwen sot fè a ? Nou pral fè li ansanm**  
🗨️ *Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Reprann modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou sot trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la ansanm.**  
🗨️ *Repete jès la 2 fwa pou elèv yo ka trase lèt la sou ban yo. Mande elèv yo fè jès la ansanm.*
- ☞ **Nou konprann! An nou kòmanse! Mwen trase yon liy vètikal tou kout, epi mwen trase yon koub ki soti pi ba tèt liy vètikal la ki vire desann, nan menm longè ak liy vètikal la.**  
🗨️ *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban yo. Fè elèv yo fè jès la 3 fwa sou ban an.*

**2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)**

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt “n” sou tablo a sou liy sa yo.**  
🗨️ *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “n” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :*
- ☞ **Mwen trase yon liy vètikal tou kout, epi mwen trase yon koub ki soti pi ba tèt liy vètikal la ki vire desann, nan menm longè ak liy vètikal la.**  
🗨️ *Chwazi 4fi/4 gason pou vin ekri lèt la sou tablo a.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “n”.**  
🗨️ *Verifye si elèv yo genyen kaye bouyon an devan yo epi gen yon kreyon nan men yo. Verifye si elèv yo ap byen ekri lèt “n” yo, epi si lèt yo byen chita sou liy yo.*

5- Kopye lèt yo ak mo yo sou liy kaye a.

Leson 13 n

n

n

ne

nap

lalin

nana

### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 80 an ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « n » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

NB: Toujou fè koreksyon apre chak egzèsis.

6- Kopye lèt la, mo a ak fraz la sou liy kaye a.

Leson 13 n

n

Lina

Lina pile Ani.

### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 80 an ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « n » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

## Aktivite 7 Vokabilè (8 mn)

### 1. Premye mo a se : « patisyè » (4 mn)

☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo patisyè. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo patisyè ? Èske ou konn kisa yon patisyè ye ?**

*Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*

☞ **Patisyè vle di : yon moun ki konn fè gato, tout kalite pate ak lòt manje ki fèt avèk farin.**

*Fòme 2 fraz kòm egzanp ak mo patisyè pou elèv yo.*

**Egzanp :**

**Mwen renmen achte gato ak pate kay patisyè a.**

**Madan Dodo se yon bon patisyè.**

*Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fòme ak mo "patisyè". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.*

### 2. Dezyèm mo a se : « pat ». (4 mn)

☞ **An n kontinye ak yon dezyèm mo ki nan istwa a. Dezyèm mo sa a se : pat. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo pat ? Èske nou konnen kijan yo fè yon pat ?**

*Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :*

☞ **Pat se : mas farin ki melanje ak likid (dlo, lèt...) epi lòt engredyan. Lè pat la pare, yo fè pen, pate oubyen gato avèk li.**

*Fòme 1 fraz kòm egzanp ak mo gete pou elèv yo.*

**Egzanp :**

**Pat la dwe byen woule avan ou fè pate avèk li.**


☞ Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fòm ak mo "pat". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.

Toujou fè elèv yo fòm fraz ki diferan.

☞ **Kiyès ki ka fòm yon fraz ak mo "pat"?**

☞ Bay elèv yo tan pou yo di fraz yo.

## Aktivite 8 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (16 mn)



### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

☞ Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 27 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Ki moun ki ladan li ? Kisa nou wè patisyè a ap fè ? Ki koulè rad ki sou li ? Kisa ki nan men li ? Kisa ti gason an ap fè ? Ki kote pat farin yo ye ? Konbyen pat farin ki genyen ? konbyen pate nou panse patisyè a ka fè ak pat farin sa yo ? Ki kote yo ye ?**

☞ Chwazi 3 elèv pou yo fòm yon fraz ki dekri imaj la, chak elèv dwe fòm yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòm 1 fraz yo epi bay yo egzanp sa a :

☞ **Mwen wè yon patisyè k ap prepare pat yo.**

**Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi / 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.

☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a?**

☞ Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite sa a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

### 2. Koute istwa a (2 mn)

☞ Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

#### **Nennenn Natali**

Natali se marenn Neli. Neli bay marenn li yon ti non ki se « nennenn ». Nennenn Natali se patisyè. Lè li ap prepare pat yo, Neli toujou ede li. Yo toujou prepare pat yo pou fè tout kalite pate : aransò, ze, vyann.


Tout moun renmen pate nennenn Natali yo.

### 3. Verifeye prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan mwen te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a, dapre desen an. Nou sonje ? An nou retounen nan sa nou te imajine anvan nou li istwa a. Kiyès ki sonje sa li te imajine ki pral pase nan istwa a?**


☞ Chwazi kèk elèv nan sa ki leve men yo pou yo di sa yo te panse a. Si yo gen difikilte reprann pou yo repons yo te bay sou prediksyon dapre desen an. Epi di :

☞ **Èske sa w te panse dapre desen an, se sa ki pase nan istwa a?**

 Bay elèv yo tan pou yo reponn epi di yo ki pati nan istwa a ki sanble ak prediksyon yo te fè sou desen an.

Toujou sonje chwazi 1 fi ak 1 gason pou reponn.

#### 4. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

#### ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

##### 1. Sou kiyès istwa a pale ?

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de yon patisyè. (2) Istwa a pale de Neli ak marenn li. (3) Istwa a pale de Natali ki se yon patisyè.

##### 2. Kisa Natali konn prepare ?

**Repons posib :**

(4) Natali konn prepare pat. (5) Natali konn prepare pat pou fè pate.

##### 3. Ak kiyès Natali konn prepare pat yo ?

**Repons posib :**

(6) Natali konn prepare pat yo ak Neli. (7) Neli toujou ede Natali prepare pat yo.

##### 4. Ki kalite pate Natali konn prepare ?

**Repons posib :**

(8) aransò (9) ze (10) vyann

##### 5. Poukisa tout moun renmen pate Natali yo ?

(11) ...


#### Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

#### ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /n/. (2) Nou te aprann ekri lèt «n». (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te koute istwa Nennenn Natali.

#### Aktivite Lib

 Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.

# Leson 14 N

## Objektif:


- Dekouvri son ak non lèt /N/ .
- Distenge lèt « N » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « N » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 14 paj 26
- Kaye egzèsis, leson 14 paj 82

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Nou gen kè kontan.  
Nou pral plante pyebwa nan Nip.  
Nou pral plante legim nan Nò.  
N ap plante, n ap manje.


-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : **won, anana, talon, salon, kana, nou**. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "n" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt "n" nan mo ki ekri sou tablo a ?
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « N » majiskil.
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son lèt /N/majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt /N/majiskil, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt /N/majiskil mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Son an se /N/. Mo a se : « Nadia ».

- ☞ Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ **Lòt mo a se : « Papa ».**
- ☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: naje, lalin, rad, nan, non, nimewo, epi, nich, pale, nwèl.**
- ☞ Si elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

## 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

- ☞ Ekri lèt "n" miniskil ak lèt "N" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("n" ak "N"). Fè yo repete son lèt /n/ miniskil la avan.  
-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a.  
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /n/, son lèt sa a tou se /N/.**
- ☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (/n/). Ki son lèt sa a tou ? (/N/).**
- ☞ Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /n/ ak son /N/ se menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("n"; "N").**
- ☞ - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a.  
- pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "n" miniskil , non lèt sa a se "N" majiskil.**
- ☞ Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki non lèt sa a ? ("n") Ki non lèt sa ? ("N").**
- Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « n » ak « N ».
- Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt /n/ ak son lèt /N/ se menm.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (16 mn)

- ☞ Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: **N, I, R, N, E, R, N, S.**  
Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "N" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "N". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "N" sou tablo a pou klas la.
- ☞ **Èske se lèt "N" majiskil elèv la antoure ?**
- ☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "N" majiskil yo.

## Egzèsis # 1 (4 mn)

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri kaye a nan paj 82 a nan menm paj avèk mwen.**
- ☞ Ouvri kaye a nan paj 82 a egzèsis # 1. Ekri # 82 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt**

Leson 14 N

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

R	N	E	R	N	S
E	L	R	N	R	N
N	V	N	Z	T	R
S	N	È	R	N	E

2- Antoure lèt N majiskil yo.

(N) B A N B Y W N P I D N  
S N R I O N B V N P L Z F  
N O U S N A N E N T N N  
È N S N M V N È N T N

82 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**nou wè agoch ?**

**Repons posib :**

(1) Yon lèt « N » majiskil

*Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**

*Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a se lèt "N" ?**

*Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "N" nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

Leson 14 N

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

R	N	E	R	N	S
E	L	R	N	R	N
N	V	N	Z	T	R
S	N	È	R	N	E

Leson 14 N

2- Antoure lèt N majiskil yo.

N B A N B Y W N P I D N  
S N R I O N B V N P L Z F  
N O U S N A N E N T N N  
È N S N M V N È N T N

82 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

**Egzèsis # 2 (6 mn)**

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "N". Toujou nan paj 82 la, nan kaye egzèsis la.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 82 la, nan egzèsis # 2 a.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "N" majiskil ki menm jan ak modèl la.**

*Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

*Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a se lèt "N" ?**

*Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "N" nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /N/. Toujou nan menm paj la.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 83 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 83 nan egzèsis # 3.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son /N/.**





*Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.*

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?**

*Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /N/. Nou konprann ? Kòmanse !**

3- Antoure lèt N majiskil yo.

			
NÈ	NICH	NAT	KÒNÈ

4- Konekte mo ki menm yo.

ne	Lina	LINA
nap	Pole	PAPA
epi	Papa	PALE
papa	Epi	NE
pale	Nap	NAP
lina	Ne	EPI

Aktivite lib

83 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

- Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

3- Antoure lèt **N** majlakl yo.

4- Konekte mo ki menm yo.

ne	Lina	LINA
nap	Pale	PAPA
epi	Papa	PALE
papa	Epi	NE
pale	Nap	NAP
lina	Ne	EPI

Aktivite lib

Leson 14 N

Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F. 83

**Egzèsis # 4 (3-4 mn)**

- ☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "N". Toujou nan paj 83 a.**
  - Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 83 a nan egzèsis # 4 la.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Konekte mo ki menm yo.**
  - Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.
- ☞ **Konekte mo ki menm nan 3 kolòn yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse!**
  - Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

**Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)**

Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

**1. Lekti sou tablo. (5 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2. Lekti nan liv (5 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - Ouvri liv lekti a nan paj 26 lan. Ekri # 26 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv

Leson 13 ak 14 n N

a A I L I p P e E

★	n	i	= ni	N	I	= NI
	a	a	= na		A	= NA
	e	e	= ne		E	= NE

✂ la ap pe la li pil pal pip  
 🐛 ni na ne ni na nap nip  
 🐜 pil epi pile papa pale Pepe  
 🌕 Nini Nana lalin Lina Lana

➤ Lina ap li.  
 Ana, Eli ap pale.  
 Papa Lana ap pale.  
 Eli pile pil papa li a.

Liv lekti 5<sup>o</sup> A.F. 26



yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**

- ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt la pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit..

**Aktivite Revèy (2 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.**
- ☞ Ekri tout lèt sa yo sou tablo : l, e, n, i, a, p.
- ☞ **Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « e ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « n ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « i ».**
- ☞ Kontinye menm jan an ak lèt « a ». lèt « p ». Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.


**Aktivite 5 Ekri lèt (16 mn)**

**1. Trase lèt « N » majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (5 mn)**

- ☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 84 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /N/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « N » majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil « N » nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**
- ☞ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ **Toudabò, mwen fè yon liy vètikal soti anba pou rive anwo. Nan tèt liy vètikal la, mwen trase yon liy oblik ki desann sou bò dwat. Pou m fini, mwen trase yon liy vètikal monte toudwat.**
- ☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lèt « N » majiskil la ansanm : Toudabò, mwen fè yon liy vètikal soti anba pou rive anwo. Nan tèt liy vètikal la, mwen trase yon liy oblik panche adwat. Pou m fini, mwen trase yon liy vètikal monte toudwat.**
- ☞ mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « N » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
- ☞ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.


## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (5 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "N" sou tablo a sou liy sa yo ?
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "N" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :
- ☞ Toudabò, mwen fè yon liy vètikal soti anba pou rive anwo. Nan tèt liy vètikal la, mwen trase yon liy oblik ki desann sou bò dwat. Pou m fini, mwen trase yon liy vètikal monte toudwat.
  - ☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « N » majiskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.
- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "N" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.



### Egzèsis # 5 - Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 84 la nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « N » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.



### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 85 lan nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « N » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.


## Aktivite 6 Vokabilè (7-8 mn)

### Mo a se marenn

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo marenn. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo marenn ? Èske ou konn kisa marenn vle di ? Ki lè yon moun se marenn yon lòt moun. Èske yon gason ka marenn yon moun ? Poukisa ?
  - ☞ Bay elèv yo tan pou reponn:
    - (1)... (2)... (3)...
- ☞ Marenn vle di : Fi ki akonpanye manman ak papa yon timoun jou y ap batize l la.
  - ☞ Fòme 1 fraz kòm egzanp ak mo marenn pou elèv yo.


**Egzanp :**

- Mwen renmen marenn mwen anpil.

 Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou fòme fraz ak mo "marenn". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.

**Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (10 mn)**

**1. Koute istwa a (1-2 mn)**


 Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare? M ap kòmanse li istwa a!**

**Marenn Nina**

Emil gen yon marenn ki rele « Nina ». Marenn Nina renmen Emil anpil anpil. Chak vandredi, lè Emil soti lekòl, li renmen pase lakay marenn li bò mache a. Lè li rive lakay marenn Nina li anbrase li, li fè gwo bizou pou li. Marenn nina apresye Emil anpil. Emil se yon timoun ki byen janti.

**4. Reponn kesyon (8 mn)**

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

**1. De kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de Marenn Nina. (2) Istwa a pale de Emil. (3) Istwa a pale de Emil ak marenn li.

**2. Kijan marenn Emil la rele ?**

**3. Ki bò marenn Nina rete ?**

**4. Poukisa Emil renmen pase ka marenn li ?**

**Repons posib :**

(4) Paske Emil renmen marenn li. (5) Paske marenn Emil renmen li. (6) Paske marenn li apresye li anpil.

**5. Poukisa marenn Nina renmen Emil anpil ?**

(7) Paske Emil toujou pase lakay li lè li sot lekòl (8) Paske Emil renmen fè bo pou li. (9) Paske li janti anpil.


**Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)**

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /N/. (2) Nou te aprann ekri lèt « N » majiskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a. (4) Nou te koute istwa « Marenn Nina. »

**Aktivite Lib**

 Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.

# Leson 15 Revizyon e, E, n, N

## Objektif:


- Idantifye son ak non lèt (**e, E/ n, N**) .
- Distenge lèt (**e, E/ n, N**) pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil ak lèt majiskil (**e, E/ n, N**) byen.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:

- Liv lekti, leson 15 paj 28-29
- Kaye egzèsis, leson 15 paj 86-87

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

### 1. Kontin (2 mn)


-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Avèk valiz li sou do li.




Alina ale lekòl.

Ak yon anana nan valiz li.

Alen li menm vini.


-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : **epi, anana, Emil, Nina, ban, Eli, manje, pile, Natali**. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt e, E, n, N nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt e, E, n, N nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a nou pral revize non ak son lèt e, E, n, N nou te aprann yo.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Idantifye premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral idantifye premye son e, E, n, N. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak youn nan son sa yo (/e/, /E/, /n/, /N/). Si li kòmanse ak youn nan son sa yo (/e/, /E/, /n/, /N/) leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak youn nan son sa yo (/e/, /E/, /n/, /N/) mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /e/. Mo a se : epi.**

Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.

**☞ Lòt mo a se : Papa.**

**An n kontinye ak lòt pè mo pou son /n/: (Natacha/kole); (Nina/pile).**

Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an. Epi swiv menm modèl son (/e/, /E/) a pou son (/n/, /N/). Itilize pè mo sa yo: (anana/Emil); (naje/bèl) sonje reprann konsiy nan lè w ap kontinye ak lòt son yo.

**☞ An n kontinye ak kèk mo ki genyen son /n/: (anana/Emil); (naje/bèl)**

Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

**2. Di son ak non lèt (2 mn)**

Ekri lèt sa yo (e, E, n, N) sou tablo a. Fè elèv yo repete son ak non tout lèt yo.

- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a pou yo repete yo byen.

- Fè tout elèv yo repete son ak non lèt yo byen fò.

- Chwazi kèk elèv pou repete son ak non lèt ki sou tablo a.

**☞ Ki son lèt sa a ? /e/. Ki non lèt sa a ? « e ».**

**Ki son lèt sa a ? /E/. Ki non lèt sa a ? « E ».**

**Ki son lèt sa a ? /n/. Ki non lèt sa a ? « n ».**

**Ki son lèt sa a ? /N/. Ki non lèt sa a ? « N ».**

Si kèk elèv gen difikilte, fè yon kamarad ede l, epi korije ansanm. Felisite epi ankouraje elèv yo.

**Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (10 mn)**

Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo: N, l, n, R, e, N, E, R, N, e, n, S, E. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt e, E, n ak N pami lèt ki sou tablo a.

**☞ Kiyès ki ka vin idantifye lèt « e » sou tablo a pou klas la.**

Bay elèv yo yon mn pou antoure lèt la sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt la. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt la sou tablo a pou klas la.

**☞ Èske se lèt “e” miniskil elèv la antoure ?**

Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt (E, n, N) yo.

**☞ Kiyès ki ka vin idantifye lèt « E » majiskil ?**

**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « n » miniskil ?**

**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « N » majiskil ?**

**Egzèsis # 1 (4 mn)**

Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

**☞ Nou pral fè egzèsis pou nou ranje lèt nan lòd pou ou ekri yon mo nou konnen. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

Ouvri kaye a nan paj 86 la egzèsis # 1. Ekri # 86 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

**☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Gade egzanzp ki nan bwat la byen pou nou ekri mo ki kòrèk la ak lèt yo sou liy yo.**

Mande elèv yo idantifye chak lèt yo, avan yo ekri mo a.





☞ **Kiyès ki ka di non ak son tout lèt li wè nan premye liy lèt yo ?**

(1) Nan premye liy lèt yo, mwen wè lèt : i, A, l.

☞ **Ekri yon mo ak lèt sa yo ki sanble ak youn nan egzanzp ki nan bwat la.**

☞ *Pase verifye si elèv yo ap ekri mo a nan kaye yo. Si kèk elèv gen difkilte pou yo ekri mo ki korèk la, mande yo pou yo konpare mo yo ekri a ak kamarad yo, epi mande elèv ki te fè erè yo pou yo efase mo ki pat korèk la epi ekri li byen nan kaye yo. Epi ekri mo a byen sou tablo a pou tout elèv yo ka korije menm jan.*

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

☞ **Nou pral kontinye ak egzèsis # 2 a. Toujou nan paj 86 la, nan kaye egzèsis la.**

☞ *Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 86 la, nan egzèsis # 2 a.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure mo ki sanble ak mo ki ankadre a. Nou konprann ? Kòmanse!**

☞ *Mande elèv yo pou yo li mo ki nan bwat la epi di non chak lèt yo. Fè yo antoure mo ki sanble ak mo ki ankadre a nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a. Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Epi chwazi kèk elèv pou li mo yo antoure yo.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Li mo nou antoure nan lis lèt la pou klas la byen fò.**

☞ *Si kèk elèv gen difkilte pou yo li mo yo antoure a, mande yo pou yo konpare mo yo ekri yo ak kamarad yo, epi mande elèv ki te fè erè yo pou yo efase mo ki pat korèk yo epi pou yo ekri yo byen nan kaye a. Epi ekri mo a byen sou tablo a pou tout elèv yo ka korije menm jan.*

**Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (15 mn)**

☞ *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

**1. Lekti sou tablo (5 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

## 2. Lekti nan liv (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

🗨️ *Ouvri liv lekti a nan paj 28 la. Ekri # 28 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.*

☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòm silab pou klas la ?**

🗨️ *Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*

- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*
- *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*

Leson 15 Revizyon e E n N

A a l l i i p p e e n n

🗨️ la ne pe al pa pi nap pil

🗨️ epi Ana lalin pale pile anana

☞ Lila pale.

Lana pa pale.

Papa Eli ap li.

Nina pa pile nap la.

Eli ap li epi Ali pale.

Ana ap pile, Nini ap pale.

28 Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

## Aktivite 5 Ekri lèt (16 mn)

### 1. Ekri lèt sou tablo ak nan kaye (4 mn)

🗨️ *Prepare tablo a menm jan ak liy ki nan kaye egzèsis la. Epi mande :*

☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt (e, E, n, N) sou tablo a sou liy sa yo ?**

🗨️ *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt (e, E, n, N) yo sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt yo : (e, E, n, N).*

### 2. Ekri lèt (e, E, n, N) nan kaye bouyon. (4 mn)

🗨️ *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt (e, E, n, N).*

☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt (e, E, n, N). Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl yo.**

🗨️ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt yo ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt yo : (e, E, n, N).*

### Egzèsis # 3- Kopye fraz. (4 mn)

🗨️ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 86 la, nan egzèsis # 3 a. Fè elèv yo kopye fraz ki nan # 3 a. Mande yo pou yo li fraz la pandan y ap kopye l.*

☞ **Kounye a, nou pral kopye fraz ki nan # 3 a. Suiv modèl fraz la epi kopye li sou liy kaye a. Epi li fraz la pandan n ap kopye l. Nou konprann ? Kòmanse !**

🗨️ *Pase verifye si tout elèv ekri fraz la byen. Si gen elèv ki gen difikilte, ekri fraz la sou tablo a byen nan liy yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

Leson 63 ak 64 v V

🗨️ vis volan vantilatè vè

r R y Y on On w W è è b B

🗨️ bo bòl bat bal bon pre krab byen

🗨️ vè vo viv vit ven vòl van vin vèt

🗨️ bato kaba balon prete bonbon kalite trakase sibatman prekosyon

🗨️ veye vole valè avyon nouvo vakans vakans travay verite volonte veterinè

☞ Mina lave men li avan li soupe.

Yo plante anpil lam veritab nan bouk la.

Vakans la rive, tout elèv yo kontan.

Ana pran prekosyon lè li ap travèse lari a.

Avyon yo vole nan ayewopò lematen.

Yo ap bay nouvel peyi a nan televizyon an.

86 Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

4- Dikte (souv ekaplikasyon pwofesè a.)


Leson 15 Revizyon e, E, n, N

### Egzèsis # 4- Dikte. (4 mn)

- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 87 la, nan egzèsis # 4 la. Apre sa fè yo ekri kèk mo ou pral di pou yo. Mande yo pou yo li mo yo apre yo fin ekri yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri mo sa yo. Koute byen pou nou ka ekri mo yo byen. M ap li yo youn pa youn pou nou ka ekri yo : « epi, Ana, lalin, pale, pile, anana”.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap ekri mo yo byen. Si gen elèv ki mal ekri yon mo, ekri mo yo sou tablo a epi mande yo pou yo korije si yo te fè er e. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

## Aktivite 6 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (8 mn)

Papa ap pile



Papa ap pile.  
Ni Ana ni Lina pa pile.  
Ana ap li epi Lina ap pale.  
Papa pa pale, papa pa li.  
Lina la epi papa Ana ap pile.

Leson 15 Revizyon e, E, n, N

Liv lekòl 1<sup>e</sup> A.F. 29

### 1. Koute istwa a (4 mn)

- ☞ *Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 29 la.*
- ☞ **Li istwa a pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respektive poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.**
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

#### Papa ap pile

Papa ap pile.  
Ni Ana ni Lina pa pile.  
Ana ap li epi Lina ap pale.  
Papa pa pale, papa pa li.  
Lina la epi papa Ana ap pile.

- ☞ *Lè w fin li istwa pou elèv yo mete yo 2 pa 2, fè youn li pou lòt. Pase verifye si elèv yo ap li istwa.*
- ☞ **Kiyès ki ka li istwa a byen fò pou klas la?**
- ☞ *Chwazi kèk elèv nan klas la pou li istwa byen fò. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Reponn kesyon (4 mn)

- ☞ *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**
- ☞ *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*
- ☞ **1. Kisa papa a ap fè ?**
- 2. Site non tout moun ki nan istwa a ?**
- 3. Kisa Ana ap fè ?**
- 4. Kisa Lina ap fè ?**



---

## Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

Repons posib :

(1) Nou te revize son /e/, /n/ miniskil ak /E/, /N/ majiskil. (2) Nou te fè dikte. (3) Nou te li istwa « **Papa ap pile** ». (4) Nou te reponn kesyon.

# Leson 16 m

## Objektif:

- Dekouvri son ak non lèt /m/ .
- Distenge lèt « m » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « m » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa elèv la.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:

- Liv lekti, leson 16 paj 30-31
- Kaye egzèsis, leson 16 paj 88-91

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

### 1. Kontin (2 mn)

- Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Nou gen kè kontan.  
Nou pral plante pyebwa nan Nip.  
Nou pral plante legim nan Nò.  
N ap plante, n ap manje.

- Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Rapèl (3 mn)

- ☞ Kiyès ki ka di pou klas la non kèk lèt yo te aprann ?
- Bay elèv yo 1 mn pou yo reponn. Chwazi 3 fi ak 3 gason pou reponn kesyon an. Ankouraje elèv yo, korije si nesesè.
- ☞ Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « m » miniskil.
- Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

Leson 16 ak 17      m M






m a A l l i P p e E n N

l	-	m	-	im
a	-	m	-	am

m

l	-	mi
a	-	ma
e	-	me

✂ li la pa pi pe na ni ne pi  
pe nap nip pip pil pal






🗨 me ma mi mil lam mal  
epi apa papa papi lalin  
pile pale anana

🗨 mele Meme Mama mimi lame lime

➡ Emil ap pale, li pa li.  
Mina ap pale, Lana ap li.  
Papa, Mama pile pil la.  
Ni Emil ni Nina pap pile lam.





30      Liv lekti 1<sup>er</sup> A.F.

- Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.
- ☞ Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti a. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.
- Ouvri liv la nan paj 30 la. Ekri # 30 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.
- ☞ Mete lendèks nou sou desen mab la.
- Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.
- ☞ Mete lemajè nou sou desen men an.





-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen moto nan.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen mòn yo.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
-  *Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman 4 mo nou sot di yo ?**
-  *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
- ☞ **Son an se /m/.**  
Jodi a, nou pral aprann son /m/.

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /m/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak son /m/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /m/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /m/. Mo a se : moto.**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : tapi.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: manje, lari, nimewo, mamit, epi, mil, nich, pale, moun, nwèl.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

-  *Ekri lèt "m" miniskil sou tablo a. Mande yo repete son lèt /m/ miniskil la.*  
- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /m/.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (/m/).**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt « m ».**
-  *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.*

☞ **Non lèt sa a se “m” miniskil.**

☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki non lèt sa a ? (“m”)**


☞ *Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt la”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « m ».*  
*Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou yo ka repete non ak son lèt la byen.*

**Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (16 mn)**

☞ *Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: **m, i, l, p, m, n, k, l, m, n.***  
*Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt “m” pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil “m”. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “m” sou tablo a pou klas la.*

☞ **Èske se lèt “m” miniskil elèv la antoure ?**

☞ *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.*



**Egzèsis # 1 (4 mn)**

☞ *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

☞ *Ouvri kaye a nan paj 88 la egzèsis # 1. Ekri # 88 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib :**

(1) Yon lèt « m » miniskil

☞ *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!**

☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a, se lèt “m” ?**

☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “m” nan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.*

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt “m” miniskil. Toujou nan paj 88 la, nan kaye egzèsis la.**

☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 88 la, nan egzèsis # 2 a.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la!**

**Antoure lèt "m" miniskil ki menm jan ak modèl la.**

*Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*

**Nou konprann ? Kòmanse!**

*Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

**Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*

**Èske lèt sa a, se lèt "m".**

*Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt « m ». Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

**N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /m/. Nan paj 89 la.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 89 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 89 la egzèsis # 3.*

**Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure imaj kote nou tande son /m/.**

*Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.*

**Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**

*Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*

**Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /m/. Nou konprann ? Kòmanse!**

*Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

**Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.*

**Egzèsis # 4 (3 mn)**

**N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "m". Toujou nan paj 89 la, nan kaye egzèsis la.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 89 lan nan egzèsis # 4 la. Epi fè elèv yo idantifye chak imaj yo pou yo ka antoure lèt miniskil nan chak mo ki anba yo.*

**Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka idantifye imaj yo epi antoure lèt miniskil « m » ki nan mo yo.**

*Chwazi kèk elèv pou fè aktivite a, ba yo yon mn pou yo fè sa.*

**Kiyès ka di m kisa premye imaj la ye?**

*Bay elèv yo 1-2 mn pou yo reponn. Fè menm jan an pou lòt imaj yo.*

**Antoure lèt « m » chak fwa nou wè li nan yon mo anba imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse!**

*Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè travay la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

**Kounye a, nou pral korije ansanm.**

**3- Antoure imaj kote nou tande son /m/.**



**4- Antoure lèt miniskil m nan chak mo.**



Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 89

Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo te antoure nan yon mo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)

Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 30 la. Ekri # 30 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.*
- ☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

Leson 16 ak 17      m M






mab      men      moto      mòn

a A L L i P e E n N

l	-m	=lm	l	=mi
a	-m	=am	a	=ma
			e	=me

✎ li la pa pi pe na ni ne pi  
pe nap nip pip pil pal

👤 me ma mi mil lam mal  
epi apa papa papi lalin  
pile pale anana

👩 mele Meme Mama mimi lame lime

➡ Emil ap pale, li pa li.  
Mina ap pale, Lana ap li.  
Papa, Mama pile pil la.  
Ni Emil ni Nina pap pile lam.

30      Liv Lekti 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.

☞ Ekri tout lèt sa yo sou tablo : m, p, l, m, e, n, i, m, a, p, m, n.

- ☞ Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « m ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « p ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « l ».

☞ Kontinye menm jan an ak lòt lèt yo.

## Aktivite 6 Ekri lèt (14 mn)

### 1. Trase lèt « m » miniskil ak dwèt nou anlè epi sou ban (4 mn)

☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 90 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /m/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt la anlè.

- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « m » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « m » nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.

☞ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.

- ☞ Toudabò, mwen fè yon premye koub tèt anba epi mwen fè yon dezyèm koub tèt anba ki kole avèk premye a.

☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.

- ☞ Kounye a, nou pral fè lèt « m » miniskil la ansanm : Toudabò, mwen fè yon koub tèt anba epi mwen fè yon dezyèm koub tèt anba ki kole avèk premye a.

☞ Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.

- ☞ Kounye a, nou pral trase lèt « m » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.

☞ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “m” sou tablo a sou liy sa yo?

☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “m” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :

- ☞ Toudabò, mwen fè yon koub tèt anba epi mwen fè yon dezyèm koub tèt anba ki kole avèk premye a.


☞ Bay elèv yo yon mn pou yo trase lèt la sou ban an.

- ☞ Ekri lèt “m” miniskil nan kaye bouyon.

☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « m » miniskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.

- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “m” miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.



**Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**

*☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 90 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « m » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.*

**☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

*☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

6- Kopye lèt la, mo a ak fraz la sou liy kaye a.

m

mimi

Emil pale a papa li.

Leson 16 m

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 91

**Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**

*☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 91 an ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « m » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*

**☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

*☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

**Aktivite 7 Vokabilè (4 mn)**

**Mo a se : Krapo**

**☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo krapo. Èske nou konn wè krapo ? Ki bò nou konn wè krapo ? Èske ou konn kisa yon krapo ye ?**

*☞ Bay elèv yo tan pou reponn:  
(1)... (2)... (3)...*

**☞ Krapo se : yon ti bèt san ke, po glise ki viv kote ki mouye oswa ki fre. Li ka viv nan dlo tou.**

*☞ Fòm 1 fraz kòm egzanp ak mo krapo pou elèv yo.*

**Egzanp :**

**Mwen wè yon gwo krapo bò rivyè a.**

*☞ Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou fòm fraz ak mo "krapo". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.*

**Aktivite 8 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (18 mn)**

Leson 16 ak 17 m M

**1. Prediksyon dapre desen (4 mn)**


*☞ Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou premye desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 31 an, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*

**☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**

*☞ Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :*




- ☞ Kisa nou wè nan desen an ? Ki moun ki ladan li ? Kisa nou wè tifi a genyen nan men li ? Ki koulè rad ki sou li ? Kisa tifi an ap fè ? Ki kote li ye ? Èske tifi a kontan ? Poukisa ?

 Chwazi 3 elèv pou yo fòme fraz ki dekri imaj la, chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a:


**Egzanp :**

**Mwen wè yon tifi ki kenbe yon bel krapo nan men li.**


- ☞ **Kounye a, nou pral eksplike kisa ki pral pase nan istwa.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.

- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

## 2. Koute istwa a (4 mn)

 Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.


- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

### Istwa Jana ak Nino

Yon apremidi, Jana ale pwomennen nan jaden mayi papa li a. Pandan li ap pase bò kote yon bèl pye choublak, se konsa li wè yon krapo tou piti bò kote pye choublak la. Jana di : « Oo, ala yon bèl ti krapo! Kijan ou rele ? » Ti krapo a di : « Mwen rele Nino, mèsè anpil pou konpliman an! Mwen pral chante pou ou. » Ti Krapo a tonbe chante : « Koki, koki, koki, koki. » Jana di : « Ou gen bèl vwa ». Ti krapo a reponn : « Mèsè anpil ». Epi Jana retounen ak kè li kontan. Nan tout wout la l ap chante chante krapo a : koki, koki...


## 3. Verifye prediksyon (2 mn)

- ☞ **Anvan mwen te li istwa a pou nou, kèk elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje sa? An nou retounen sou sa nou te imajine anvan nou te koute istwa a.**

 Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo pandan w ap sèvi ak repons ou te ekri yo.

- ☞ **Èske sa nou te imajine ki pral pase nan istwa a te rive ?**

## 4. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

1. Kilè istwa a pase ?
2. De kiyès istwa a pale ?

**Repons posib :**

- (1) Istwa a pale de yon krapo ki rele Nino. (2) Istwa a pale de yon tifi ki rele Jana. (3) li pale de Nino ak Jana.

**3. Ki bò istwa te pase ?**

**4. Ki bò krapo a te ye ?**

**Repons posib :**

- (4) Krapo a te nan jaden an. (5) Krapo a te bò pye choublak la.

**5. Poukisa Nino te di Jana mesi ?**

**Repons posib :**

- (6) Paske Jana te di Nino li bèl. (7) Paske li te fè l yon konpliman.

**6. Èske Nino se yon krapo ki janti ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

- (8) Wi, paske li te di Jana mèsè pou konpliman li te fè l la. (9) Wi, paske li te chante pou Jana.

**7. Èske Jana te renmen Nino ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

- (10) Wi, paske Jana te pwoteje Nino. (11) Wi, paske li te pale ak krapo a. (12) Paske li te fè krapo a konpliman.

**Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)**

 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

- (1) Nou te aprann son /m/. (2) Nou te aprann ekri lèt « m » miniskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a. (4) Nou te koute istwa : « Istwa Jana ak Nino ».

**Ativite 10 Lib**



*Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 17 M

## Objektif:


Dekouvri son ak non lèt /**M**/ majiskil.  
Distenge lèt « **M** »majiskil pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt majiskil « **M** » byen.  
Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.  
Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:

Liv lekti, leson 17 paj 30-31  
Kaye egzèsis, leson 17 paj 92-95


## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

### 1. Kontin (2 mn)


 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*

- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Matant Manita  
Se yon machann  
Melon nan Mibalè.  
Li toujou pote  
Bèl melon dlo.

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*


### 2. Rapèl (3 mn)

 *Ekri plizyè mo sou tablo a : **mòn, matant, melon, mache, machin, malen.** Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "m" nan mo ki sou tablo a.*

- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt "m" nan mo ki ekri sou tablo a ?

 *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*


- ☞ Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « **M** » majiskil.

 *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*




## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)








- ☞ Kounye a, nou pral aprann son lèt /**M**/ majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt /**M**/ majiskil, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt /**M**/ majiskil mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?

 *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*



- ☞ Son an se /**M**/. Mo a se : Magi.

-  Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ **Lèt mo a se : tape.**
-  Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: mele, Meme, Mama, mimi, lame, lime.**
-  Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.



**2. Di son ak non lèt la (2 mn)**

-  Ekri lèt "m" miniskil ak lèt "M" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("m" ak "M"). Fè yo repete son lèt /m/ miniskil la avan.
-  -Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /m/, son lèt sa a tou se /M/.**
-  Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (/m/). Ki son lèt sa a tou ? (/M/).**
-  Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /m/ ak son /M/ se menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("m"/"M").**
-  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "m" miniskil , non lèt sa a se "M" majiskil .**
-  Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki non lèt sa a ? ("m"). Ki non lèt sa a ? ("M").**
-  Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « m » ak « M ».
- Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt /m/ ak son lèt /M/ se menm.

**Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (16 mn)**

-  Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo : N, I, M, R, N, E, M, R, M, P, N, S M. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "M" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "M". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "M" sou tablo a pou klas la.
- ☞ **Èske se lèt "M" majiskil elèv la antoure ?**
-  Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "M" majiskil yo.

**Egzèsis # 1 (4 mn)**

-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
-  Ouvri kaye a nan paj 92 nan egzèsis # 1. Ekri # 92 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt**

Leson 17 M

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

M	R	E	M	K	E
E	L	M	A	M	P
M	R	D	T	A	M
P	M	N	M	N	E

2- Antoure lèt M majiskil yo.

P M A P K M W I P M D F  
S P M I O M B V M P L M  
Z P M E M P B V E P E M  
E M E M O I M V P P I M

92 Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

**nou wè agoch ?**

**Repons posib :**

(1) Yon lèt « M » majiskil



*Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*

☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**



*Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**



*Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a, se lèt “M” majiskil ?**



*Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “N” nan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt “M”. Toujou nan paj 92 la, nan kaye egzèsis la.**



*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 92 la, nan egzèsis # 2 a.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt “M” majiskil ki menm jan ak modèl la.**



*Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*

☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**



*Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**



*Di non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*

☞ **Èske lèt sa a se lèt “M”?**



*Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “M”. Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son lèt /M/ majiskil. Nan paj 93 la.**



*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 93 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 93 la egzèsis # 3.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure imaj kote nou tande son /M/.**



*Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.*

☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?**



*Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /M/. Nou konprann ? Kòmanse !**



*Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

3- Antoure lèt M majiskil yo.

MAB

MEN

MOTO

MÒN

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

l m e p a i n

M E L A P N I

Aktivite lib

---



---



---



---

Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F.

99

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

**Egzèsis # 4 (3-4 mn)**

☞ **N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "M" majiskil. Toujou nan paj 93 la, nan kaye egzèsis la.**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 93 la ak nan egzèsis # 4 la.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Konekte mo ki menm yo.**

☞ Li mo yo liy pa liy ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.

☞ **Konekte mo ki menm nan 2 liy yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse!**

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

**Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)**

☞ Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

**1. Lekti sou tablo (5 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2. Lekti nan liv (5 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 26 la. Ekri # 26 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

Leson 13 ak 14 n N

ne nich nat lalin

a A I L I P P E E

★	n	i	ni	N	i	NI
	a	na	na	A	NA	NA
	e	ne	ne	E	NE	NE

✂ la ap pe la li pil pal pip  
 🗨 ni na ne ni na nap nip  
 🐣 pil epi pile papa pale Pepe  
 🗨 Nini Nana lalin Lina Lana

➤ Lina ap li.  
 Ana, Eli ap pale.  
 Papa Lana ap pale.  
 Eli pile pil papa li a.

26 Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòm silab pou klas la ?**

- ☞ *Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

**Aktivite Revèy (2 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.**
  - ☞ *Ekri tout lèt sa yo sou tablo : m, n, p, l, i, a, p.*
- ☞ **Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « m ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « n ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « p ».**
  - ☞ *Kontinye menm jan an ak lèt lòt lòt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.*

**Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)**

**1.Trase lèt «M»majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)**

☞ *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 94 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /M/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*

- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «M» majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil «M» nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou, gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**

☞ *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*

- ☞ **Toudabò, Mwen fè yon liy vètikal soti anba pou rive anwo. Nan tèt liy vètikal la, mwen trase yon liy oblik ki desann sou bò dwat, nan pye liy oblik la mwen trase yon lòt liy oblik monte epi nan tèt liy oblik sa a mwen retrase yon dènne liy vetikal desann.**


☞ *Mande elèv yo trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*


- ☞ **Kounye a, nou pral fè lèt « M » majiskil la ansanm : Mwen fè yon liy vètikal soti anba pou rive anwo. Nan tèt liy vètikal la, mwen trase yon liy oblik ki desann sou bò dwat, nan pye liy oblik la mwen trase yon lòt liy oblik monte epi nan tèt lòt liy oblik sa a mwen retrase yon dènne liy vetikal desann.**

☞ *mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*

- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « M » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**

☞ *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*





## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "M" sou tablo a sou liy sa yo?
  - ☁ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "M" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :
- ☞ Mwen fè yon liy vètikal soti anba pou rive anwo. Nan tèt liy vètikal la, mwen trase yon liy oblik ki desann sou bò dwat, nan pye liy oblik la mwen trase yon lòt liy oblik monte epi nan tèt liy oblik sa a mwen ret-rase yon dènve liy vètikal desann.
  - ☁ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « M » majiskil. Fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.
- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "M" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.
  - ☁ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 94 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « M » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
  - ☁ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
  - ☁ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 95 lan nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « M » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
  - ☁ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
  - ☁ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.


## Aktivite 6 Vokabilè (7-8 mn)

### 1. Premye mo a se : « karesan »

- ☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo karesan. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo karesan ? Èske ou konn kisa karesan vle di ? Ki lè yon moun oubyen yon bèt karesan ?
    - ☁ Bay elèv yo tan pou reponn:  
(1)... (2)... (3)...
  - ☞ Karesan vle di : Ki renmen bay afeksyon.
    - ☁ Fòme 1 fraz kòm egzanp ak mo karesan pou elèv yo.
- Egzanp :**




- Jaki karesan, li bay manman li anpil afeksyon.

 Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou fòmè fraz ak mo "karesan". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.

## 2. Dezyèm mo a se : veterinè (4 mn)

☞ Nan istwa nou pral li jodi a gen mo veterinè. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo veterinè ? Èske ou konn kisa veterinè vle di ?


 Bay elèv yo tan pou reponn:  
(1)... (2)... (3)...

☞ Veterinè se : Yon doktè ki okipe zannimo (bèt ki malad).

 Fòmè 1 fraz kòm egzanzp ak mo veterinè pou elèv yo.

**Egzanzp :**


**Veterinè a bay kochon an yon piki.**

 Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou fòmè fraz ak mo "veterinè". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè


## Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (18 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)




 Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 31 an, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.

 Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :


☞ Kisa nou wè nan desen an ? Ki bèt nou wè nan imaj la ? Ki koulè bèt yo ? Kisa tifi an ap fè ? Èske chat la menm jan ak poul la ? Èske tifi a kontan ? Poukisa ? Ki kote istwa a ap pase ?

 Chwazi 3 elèv pou yo fòmè yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòmè yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòmè fraz yo epi bay yo egzanzp sa a :


**Egzanzp :**

**Yon tifi ki ap jwe ak yon chat epi yon poul.**


☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.

 Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.

☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?

 Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papye, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

### 2. Koute istwa a (3 mn)

 Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.


☞ Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!

### Chouboulout

Chouboulout se yon chat koulè nwa e blan ki karesan anpil. Li renmen fè lago ak poul yo epi timoun yo nan lakou a. Yon jou vandredi timoun yo sot lekòl, yo chèche Chouboulout yo pa wè li. Lè yo gade byen, yo wè Chouboulout kouche nan lakou a bò kizin nan. Chouboulout malad! Yo mennen li kay veterinè. Veterinè a konsilte li, epi li ba li remèd. Apre sa, Chouboulout vin geri. Tout timoun yo kontan retounen jwe avèk li.


### 3. Verifye prediksyon (3 mn)

- ☞ Anvan mwen te li istwa a pou nou, kèk elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje sa? An nou retounen sou sa nou te imajine anvan nou te koute istwa a.

 *Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo pandan w ap sèvi ak repons ou te ekri yo.*

- ☞ Èske sa nou te imajine ki pral pase nan istwa a te rive ?

### 4. Reponn kesyon (8 mn)

 *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen kèk elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou yo.*

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

 *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

- ☞ 1. Sou kiyès istwa a pale ?

Repons posib :

(1) Istwa pale de Chouboulout. (2) Istwa a pale de Chouboulout ak timoun yo.

2. Kisa Chouboulout te renmen fè ?

3. Ak kiyès Chouboulout te renmen jwe ?

4. Ki bò yo te konn jwe ?

5. Kisa ki te rive jou vandredi a ?

6. Ki bò timoun yo te mennen chouboulout ?

7. Èske veterinè a te pran swen Chouboulout ? Poukisa ?

(3) Wi, paske veterine a te ba li yon remèd.

8. Èske timoun yo te renmen chouboulout ? Poukisa ?

Repons posib :

(4) Wi, timoun yo renmen Chouboulout. (5) Paske yo te konn jwe ave l. (6) Paske yo te mennen li kay veterinè.


### Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

Repons posib :

(1) Nou te aprann son /M/. (2) Nou te aprann ekri lèt « M » majiskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a. (4) Nou te koute istwa « Chouboulout ».

### Aktivite Lib

 *Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 18 an

## Objektif:

- Dekouvri son ak non lèt /an/ .
- Distenge lèt « an » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « an » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:

- Liv lekti, leson 18 paj 32-33
- Kaye egzèsis, leson 18 paj 96-99

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

### 1. Kontin (2 mn)

- Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.
- Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Vag lanmè  
Toujou ap fè ale vini.  
Fè bato panche,  
Danse de bò.

- Felisite epi ankouraje elèv yo.


### 2. Rapèl (3 mn)

- Ekri plizyè mo sou tablo a : **mòn, Milo, melon, mache, machin, Manita, malen.** Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "m" ak « M » nan mo ki sou tablo a.
- Kiyès ki ka vin antoure lèt "m" ak « M » nan mo ki ekri sou tablo a ?
- Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.
- Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « an » miniskil.
- Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

Leson 18 ak 19 an AN






mango manman piman letan

ILiIpPeEnNmM

★ I -- an = lan n -- an = nan  
P -- an = Pan m -- an = man







pe me ap pa lim lam nap pil nip  
mal pip mil pile

an lan pan nan man pan

epi mimi Mama Meme pami papi  
mele papa Pamela





elan anpil piman manmi nannan  
manman

- Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.
- Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti a. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.
- Ouvri liv la nan paj 32 a. Ekri # 32 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.
- Mete lendèks nou sou desen mango a.






-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen manman an.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen piman an.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen letan an.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo! Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
-  *Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande plis nan 4 mo nou sot di yo ?**
-  *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
- ☞ **Son an se /an/.**
- Jodi a, nou pral aprann son /an/.**

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt /an/miniskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt /an/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt /an/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /an/. Mo a se : ban.**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : kap.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo : ansanm, ban, tapi, anba, elan, anbasad, lame, anlè.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*


#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

-  *Ekri lèt "an" miniskil sou tablo a. Fè yo repete son lèt /an/ miniskil la.*
- Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*
- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Son lèt sa a se /an/.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa ? (/an/).**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt « an » miniskil**
-  *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*
- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "an" miniskil.**
-  *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa ? ("an").**


 Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt la”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « an ».

- ☞ Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou yo ka repete non ak son lèt la byen.

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (7 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: en, m, i, an, l, p, an, m, n, an, k, l, m, n. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt “an” miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil “an”. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt miniskil “an” sou tablo a pou klas la.

- ☞ Èske se lèt “an” miniskil elèv la antoure ?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.

Lesson 18 an

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.


an	r	an	a	m	e
e	an	g	an	e	p
an	r	d	w	an	i
p	an	n	an	n	e

2- Antoure lèt an miniskil yo.


p b (an) p t an w an p an p  
s an r i o an b v ch an l z  
an p m e m a b an e p an m  
an m e an o i m v p p an m

96 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 🍌🍌

### Egzèsis # 1 (3 mn)

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.


- ☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.

 Ouvri kaye a nan paj 96 nan egzèsis # 1. Ekri # 96 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.


- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib :

(1) Yon lèt « an » miniskil

 Si kèk elèv gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :


- ☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

- ☞ Èske lèt sa a se lèt “an” ?


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “an” an. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (3 mn)

- ☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt miniskil “an”. Toujou nan paj 96 la, nan kaye egzèsis la.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 96 la, nan egzèsis # 2 a.

- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt “an” miniskil ki menm jan ak modèl la.

 Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

Lesson 18 an

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.


an	r	an	a	m	e
e	an	g	an	e	p
an	r	d	w	an	i
p	an	n	an	n	e

2- Antoure lèt an miniskil yo.


p b (an) p t an w an p an p  
s an r i o an b v ch an l z  
an p m e m a b an e p an m  
an m e an o i m v p p an m

96 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 🍌🍌

3- Antoure imaj kote nou tande son /an/.



4- Antoure lèt miniskil an nan chak mo.






5- Antoure mo ki sanble ak mo ki ankadre a.






manman	manman	manman	manman	manman	manman	manman	manman	manman	manman
mango	mango	mango	mango	mango	mango	mango	mango	mango	mango
manman	manman	manman	manman	manman	manman	manman	manman	manman	manman
plant	plant	plant	plant	plant	plant	plant	plant	plant	plant

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 97






**Nou konprann ? Kòmanse !**

-  Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- Èske lèt sa a, se lèt "an" ?**
-  Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "an". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

- N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son lèt miniskil "an". Nan 97 paj la.**
-  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 97 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 97 la egzèsis # 3.
- Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son lèt miniskil /an/.**
-  Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.
- Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?**
-  Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son lèt miniskil /an/. Nou konprann ? Kòmanse !**
-  Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

**Egzèsis # 4 (3 mn)**

- N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "an". Toujou nan paj 97, nan kaye egzèsis la.**
-  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 97 la nan egzèsis # 4 la. Epi fè elèv yo idantifye chak imaj yo pou yo ka antoure lèt miniskil an nan chak mo ki anba yo.
- Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka idantifye imaj yo epi antoure lèt miniskil « an » ki nan mo yo.**
-  Chwazi kèk elèv pou fè aktivite a, ba yo yon mn pou yo fè sa.
- Kiyès ka di m kisa premye imaj la ye?**
-  Bay elèv yo 1-2 mn pou yo reponn. Fè menm jan an pou lòt imaj yo.
- Antoure lèt miniskil « an » chak fwa nou wè li nan yon mo anba imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse !**
-  Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè travay la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo te antoure nan yon mo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

### Egzèsis # 5 (6 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis # 5 lan. Toujou nan paj 97 la, nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 97 la, nan egzèsis # 5 lan.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure mo ki sanble ak mo ki ankadre a. Nou konprann ? Kòmanse!**
  - ☞ *Mande elèv yo pou yo li mo ki nan bwat la epi repete non chak lèt yo. Fè yo antoure mo a nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*
  - Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 5 lan. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm. Li mo nou antoure nan lis lèt la pou klas la byen fò.**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv pou li mo yo antoure a. Si elèv yo gen difikilte pou li ekri mo ki korèk la, mande yo pou yo konpare mo yo ekri a ak kamarad yo, epi mande elèv ki te fè erè pou li efase mo ki pat korèk la epi pou li ekri li byen nan kaye a. Epi ekri mo a byen sou tablo a pou tout elèv yo ka korije menm jan.*

### Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)

☞ *Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*


#### 1. Lekti sou tablo (5 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*


#### 2. Lekti nan liv (5 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 32 a. Ekri # 32 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.*
- ☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**

Leson 18 ak 19 an AN

  
mango

  
manman

  
piman

  
letan

ILLiPpEeNnMm

★	I → an = lan	n → an = nan
	P → an = Pan	m → an = man

✂ pe me ap pa lim lam nap pil nip  
mal pip mil pile

👉 an lan pan nan man pan

👂 epi mimi Mama Meme pami papi  
mele papa Pamela

👁 elan anpil piman manmi nannan  
manman

👉 Alina pile piman an.  
Ana pa ale, papa li ale.  
Papa Ana pa pale anpil.  
Pa pile lam manman Ana a.

32 Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite Revèy (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.
  - ☞ Ekri tout lèt sa yo sou tablo : an, n, p, l, i, a, an.
- ☞ Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « an ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « n ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « p ».
- ☞ Kontinye menm jan an ak lèt lòt lòt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.

## Aktivite 6 Ekri lèt (11 mn)

### 1. Ekri lèt «an» sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5mn)

- ☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 98 la.
- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “an” sou tablo a sou liy sa yo?
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “an” miniskil sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon chak lèt yo pou yo.
  - ☞ Mande elèv yo pou yo ekri lèt « an » nan kaye bouyon yo.
- ☞ Ekri lèt “an” miniskil sou liy ki nan kaye bouyon nou an.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon lèt yo pou elèv yo.

### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 98 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt “an” miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

Leson 18

an
5- Kopye lèt yo ak mo yo sou liy kaye a.

an an an an

an

pan

lan

elan

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



### Egzèsis # 7-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)


- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 99 la ak nan egzèsis # 7 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt "an" miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### Aktivite 7 Vokabilè (4 mn)

#### Mo a se : « silans »


- ☞ **Nan istwa nou pral li jodi a gen mo silans. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo silans ? Èske ou konn kisa silans vle di ? Ki lè yon moun oubyen yon bèt fè silans ?**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn:*  
(1)... (2)... (3)...
- ☞ **Silans se lè pa gen pyès bri. Lè yon moun fèmen bouch li, li pa pale, li fè silans.**
- ☞ *Fòme 1 fraz kòm egzanp ak mo silans pou elèv yo.*
- Egzanp :**
- Pwofese a mande pou elèv yo fè silans, pou li ka fè lekti a.**
- ☞ *Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou fòme fraz ak mo "silans". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.*

### Aktivite 8 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)



#### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

- ☞ *Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 33 a, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*
- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**
- ☞ *Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :*
- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Ki moun nou wè nan imaj la ? Ki koulè rad ki sou moun yo ? Kisa moun yo ap fè ?**
- ☞ *Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a:*
- Egzanp :**
- Yon ti bèt k ap viv nan raje.**
- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**



Leson 18 ak 19 an AN

*Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

## 2. Koute istwa a (2 mn)

*Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.*

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

### Krikèt

Krikèt se yon ti bèt ki renmen kache nan twou, epi ki fè bri anpil. Kou l lannwit, li kòmanse chante. Depi li santi yon moun ap vini, li fè silans. Yon jou swa, yo tèlman fè bri, pèsonn pa ka dòmi. Yon ti founmi ki rele "Nono" deside al kote krikèt la pou li mande l : "Poukisa ou fè bri konsa ?" Krikèt la reponn : "Se chante m ap chante". Founmi an di : Ala ou chante fò papa! Pito ou chante pi ba, konsa tout moun va rive domi trankil. Krikèt la di : "Mesi anpil pou konsèy la".

## 3. Verifye prediksyon (2 mn)

☞ **Anvan mwen te li istwa a pou nou, kèk elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje sa? An nou retounen sou sa nou te imajine anvan nou te koute istwa a.**

*Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo pandan w ap sèvi ak repons ou te ekri yo.*

☞ **Èske sa nou te imajine ki pral pase nan istwa a te rive ?**

## 4. Reponn kesyon (8 mn)

*Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

*Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

### 1. De kiyès istwa a pale ?

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de yon kriket. (2) Istwa a pale de yon founmi ki rele Nono. (3) De yon kriket ak yon founmi yo rele Nono

### 2. Kisa Krikèt la t ap fè ?

(4) Krikèt la t ap chante byen fò.

### 3. Ki bò krikèt la te ye ?

(5) Kriket la te nan yon twou.

### 4. Kiyès ki te ale pale ak krikèt la ? Poukisa ?

**Repons posib :**

(6) Yon ti founmi yo rele Nono. (7) Paske li t ap fè twop bri.

### 5. Ki kesyon founmi an te poze krikèt la ?

### 6. Kisa krikèt la te reponn founmi an ?

### 7. Ki konsey founmi an te bay krikèt la ?

### 8. Èske krikèt la te dakò ?

**Repons posib :**

(8) Wi, pake li te di founmi an mesi pou konsèy la. (6) Wi, paske li te tande konsey la.

---

## Aktivite 9 **Evalyasyon (2 mn)**

☺ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /an/. (2) Nou te aprann ekri lèt « an » miniskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a. (4) Nou te koute istwa « Krikèt ».

# Leson 19 AN

## Objektif:


- Dekouvri son ak non lèt /AN/ majiskil.
- Distenge lèt « AN » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « AN » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 19 paj 32-33
- Kaye egzèsis, leson 19 paj 100-103

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Vag lanmè  
Toujou ap fè ale vini.  
Li fè bato panche,  
danse de bò.



-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : **mòn, matant, melon, manman, mache, anba, machin, akasan, malen**. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "m" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt "an" miniskil nan mo ki ekri sou tablo a ?
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « AN » majiskil.
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (4 mn)

### Di son ak non lèt la (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son ak non lèt /AN/majiskil.
-  *Ekri lèt "an" miniskil ak lèt "AN" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("an" ak "AN"). Fè yo repete son lèt /an/ miniskil la avan.*
-  *-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.*

☞ **Son lèt sa a se /an/, son lèt sa a tou se /AN/.**

☞ *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki son lèt sa a ? (/an/). Ki son lèt sa a tou ? (/AN/).**

☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /an/ ak son /AN/ se menm.*

☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("an"/ "AN").**

☞ *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.*

☞ **Non lèt sa a se "an" miniskil , non lèt sa a se "AN" majiskil .**

☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki non lèt sa a ? ("an") Ki non lèt sa ? ("AN")**

*Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « an » ak « AN ».  
Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt /an/ ak son lèt /AN/ se menm.*

**Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (16 mn)**

☞ *Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: AN, OU, UI, EN, AN, IN, AN, OUN, ON, AN. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "AN" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt "AN" majiskil . Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "AN" sou tablo a pou klas la.*

☞ **Èske se lèt "AN" majiskil elèv la antoure ?**

☞ *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "AN" majiskil yo.*

Leson 19 AN

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

AN	E	D	AN	E
E	AN	N	E	P
AN	R	W	AN	I
P	AN	N	AN	N

2- Antoure lèt AN majiskil yo.

B P AN P D AN W I P AN P

S AN R I O AN B V CH AN L

AN P M E M A B AN E P AN

AN M E AN O I M V P P AN

100 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**Egzèsis # 1 (4 mn)**

☞ *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

☞ *Ouvri kaye a nan paj 100 an egzèsis # 1. Ekri # 100 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifeye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib :**

(1) Lèt « AN » majiskil

☞ *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*


☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!**

☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifeye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*






☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm !**

☞ *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*






☞ **Èske lèt sa a se "AN" majiskil ?**

 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "AN" majiskil la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.


### Egzèsis # 2 (4 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "AN"majiskil. Toujou nan paj 100 an, nan kaye egzèsis la.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 100 an, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt "AN" majiskil ki menm jan ak modèl la.**
  -  Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt majiskil sa a, se "AN" ?**
  -  Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "AN". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.





### Egzèsis # 3 (4 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /AN/.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 101 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 101 an egzèsis # 3.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt /AN/ majiskil nan mo ki anba imaj yo.**
  -  Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?**
  -  Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ **Antoure lèt « AN » nan mo ki anba chak imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt « AN » majiskil yo antoure nan mo ki anba imaj yo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (4 mn)

- ☞ **Nou pral fè yon lòt egzèsis pou nou ka konekte lèt ki menm yo. Toujou nan paj 101 an, nan egzèsis # 4 la.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 101 an ak nan egzèsis # 4 la.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Konekte lèt ki menm yo.**

3- Antoure lèt AN majiskil yo.

PIMM MANGO MANMAN PLANT

---


4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

an l m e an p a n


N M L E AN A P AN

Aktivite lib


Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 101

 Li lèt yo pou tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.


☞ **Konekte lèt ki menm nan 2 liy yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm !**

 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)


 Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo (5 mn)


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 Ouvri liv lekti a nan paj 32 a. Ekri # 32 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**

 Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.




- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

Leson 18 ak 19 an AN

 mango
  manman
  piman
  letan

I L I P P e E n N m M

★ I → an = lan      n → an = nan  
P → an = Pan      m → an = man

✂ pe me ap pa lim lam nap pil nip  
mal pip mil pile

🗣 an lan pan nan man pan

👂 epi mimi Mama Meme pami papi  
mele papa Pamela

👁 elan anpil piman manmi nannan  
manman

➡ Alina pile piman an.  
Ana pa ale, papa li ale.  
Papa Ana pa pale anpil.  
Pa pile lam manman Ana a.

32 Liv lekli 1<sup>er</sup> A.F.

**Aktivite**

**Revèy (2 mn)**

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.
  - 💬 Ekri tout lèt sa yo sou tablo : an, n, an, l, an, a, p.
- ☞ Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « an ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « n ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « an ».
- 💬 Kontinye menm jan an ak lèt lòt lòt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.

**Aktivite 5 Ekri lèt (13 mn)**

**1. Ekri lèt «AN» sou tablo ak nan kaye bouyon (5 mn)**

- 💬 Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 102 a.
- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “AN” sou tablo a sou liy sa yo?
  - 💬 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “AN” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon chak lèt yo pou yo.
  - 💬 Mande elèv yo pou yo ekri lèt « AN » nan kaye bouyon yo.
- ☞ Ekri lèt “AN” sou liy ki nan kaye bouyon nou an.
  - 💬 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon lèt yo pou elèv yo.

AN 5-Kopye lèt yo ak fraz la sou liy kaye a.

AN AN AN

AN

Leson 19 AN

Anpil piman pile.

**Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)**

- 💬 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 102 a ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « AN » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
  - 💬 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

**Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)**

- 💬 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 103 a ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « An » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
  - 💬 Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.



## Aktivite 6 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (12 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)



Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 33 a, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**

☞ Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :

☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Konbyen moun nou wè nan imaj la ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa moun yo ap fè ? Kisa ki fè nou wè moun yo ap pale ?**

☞ Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a :

**Egzanp :**

**Manman youn ti gason ki ap pale ak papa li.**

☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.

☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

☞ Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papye, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

### 2. Li istwa (2 mn)

☞ Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 33 a.

Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo..

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

**Manman, Papa Emil ap pale**

Emil ap li, li pap pale.

Ana ap li anpil.

Papa Emil ap pale.


Manman Emil ap pile piman.

☞ Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. Fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

☞ Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo.

### 3. Reponn kesyon (6 mn)

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

**1. Sou kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de Emil. (2) Istwa a pale de manman ak papa Emil. (3) Istwa a pale de Emil, manman li ak papa li

**2. Kisa Emil ap fè ?**

**3. Kisa manman Emil ap fè ?**

**4. Kisa papa Emil ap fè ?**

**5. Kisa Ana ap fè ?**

**6. Konbyen moun ki pale ?**


### Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son lèt /An/. (2) Nou te aprann ekri lèt « AN » majiskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a. (4) Nou te li yon istwa.

### Aktivite Lib

 Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.

# Leson 20 Revizyon m, M, an, AN

## Objektif:


- Idantifye son ak non lèt (**m, M, an, AN**) .
- Distenge lèt (**m, M, an, AN**) pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil ak majiskil (**m, M, an, AN**) byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 20 paj 34-35
- Kaye egzèsis, leson 20 paj 104-105

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Vag lanmè  
Toujou ap fè ale vini.  
Li fè bato panche,  
danse de bò,  
Vag lanmè pa janm poze.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : epi, Milo, anana, Emil, Nina, ban, Eli, manje, pile, Natali. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt m, M, an, AN nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt m, M, an, AN nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifiye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral revize non ak son lèt m, M, an, AN nou te aprann yo.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Idantifye premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral idantifye premye son m, M, an, AN nan mo yo. M pral di kèk mo youn apre lòt epi n ap di m si mo sa yo kòmanse ak youn nan son sa yo (/m/, /M/, /an/, /AN/). Si li kòmanse ak youn nan son sa yo (/m/, /M/, /an/, /AN/), leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak youn nan son sa yo (/m/, /M/, /an/, /AN/), mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**

- ☞ Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ **Son an se /m/. Mo a se : melon.**
  - ☞ Verifye si elèv yo leve pou yo anlè.
- ☞ **Lòt mo a se : Pip.**
  - An n kontinye ak lòt pè mo pou son /m/: (machin/elikoptè); (moto/ bekàn).**
    - ☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an. Epi swiv menm modèl son (/m/,/M/) a pou son (/an/,/AN/). Itilize pè mo sa yo: (anlè/gòch); (anba/pantalon); (anbasad/biwo) sonje reprann konsiy nan lè w ap kontinye ak lòt son yo.
- ☞ **An n kontinye ak kèk mo ki genyen son /an/:** (anlè/gòch); (anba/pantalon); (anbasad/biwo)
  - ☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

## 2. Di son ak non lèt (2 mn)

- ☞ Ekri lèt sa yo (m, M, an, AN) sou tablo a. Fè elèv yo repete son ak non tout lèt yo.
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a pou yo repete yo byen.
  - Fè tout elèv yo pwononse son yo ak non lèt yo byen fò.
  - Chwazi kèk elèv pou repete son ak non lèt ki sou tablo a.
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (/m/). Ki non lèt sa a ? « m ».**  
**Ki son lèt sa a ? (/M/). Ki non lèt sa a ? « M ».**  
**Ki son lèt sa a ? (/an/). Ki non lèt sa a ? « an ».**  
**Ki son lèt sa a ? (/AN/). Ki non lèt sa a ? « AN ».**
  - ☞ Si kèk elèv gen difikilte, fè yon kamarad ede l, epi korije ansanm. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (17 mn)

- ☞ Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo: **M, l, M, an, m, AN, M, AN, N, an, m, M, an.** Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt (m, M, an, AN) pami lèt ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka vin idantifye lèt sa yo (m, M, an, AN) sou tablo a pou klas la.**
  - ☞ Bay elèv yo 1 mn pou antoure lèt yo sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt la. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt la sou tablo a pou klas la.
- ☞ **Èske se lèt "m" miniskil elèv la antoure ?**
  - ☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lòt lèt (M, an, AN) yo.
- ☞ **Kiyès ki ka vin idantifye lèt « M » majiskil ?**  
**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « an » miniskil ?**  
**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « AN » majiskil ?**

## Egzèsis # 1 (4 mn)

- ☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè. Ouvri kaye a nan paj 104 la egzèsis # 1. Ekri # 104 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou, koute byen pou nou ka fè egzèsis la !**  
**Nwasi kare ki anba silab ki gen son /an/.**
  - ☞ Fè elèv yo li chak mo yo, avan yo nwasi kare ki gen son /an/ an.
- ☞ **Kiyès ki ka li byen fò pou klas la chak mo ki nan bwat la?**

Leson 20 Revizyon m, M, an, AN


1- Nwasi kare ki anba silab ki gen son /an/ yo

anpil	piman	nannan	elan	manmi
-------	-------	--------	------	-------


2- Konekte mo ki sanble yo

elan	MANMI
pami	ELAN
manmi	EPI
nannan	PAMI
epi	NANNAN

104 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


 Chwazi kèk elèv pou li chak mo. Si gen elèv ki gen difikilte, ekri mo a sou tablo epi li mo a ansanm ak elèv la. Epi fè l li mo a pou kont li.

**☞ Nwasi kare ki anba silab ki gen son /an/. Nou konprann ? Kòmanse !**

 Pase verifye si elèv yo nwasi bon kare a. Si elèv yo gen difikilte pou fè l, mande yo pou yo konpare travay yo fè a ak kamarad yo. Si genyen ki fè erè mande elèv la korije erè a.

**Egzèsis # 2 (4 mn)**


**☞ N ap fè egzèsis # 2 a. Toujou nan paj 104 la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 104 la nan egzèsis # 2 a.


**☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte mo ki sanble yo.**

 Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.

**☞ Konekte mo ki sanble nan 2 kolòn yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

Leson 20 Revizyon m, M, an, AN

1- Nwasi kare ki anba silab ki gen son /an/ yo


anpil	piman	nannan	elan	manmi
-------	-------	--------	------	-------

2- Konekte mo ki sanble yo

elan	MANMI
pami	ELAN
manmi	EPI
nannan	PAMI
epi	NANNAN

104 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.


**Egzèsis # 3- Dikte (5 mn)**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 105 lan, nan egzèsis # 3 a. Fè elèv yo ekri kèk mo ou pral di pou yo. Mande yo pou yo li mo yo apre yo fin ekri yo.


**☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri mo sa yo. Koute byen pou nou ka ekri mo yo byen. M ap li yo youn pa youn pou nou ka ekri yo :**

**Dikte :**

**me, ma, mi, Manno, lan, pan, mil, lam, mal, pip, nan, Milo, n ap.**

 Pase verifye si tout elèv ap ekri mo yo byen. Si gen elèv ki mal ekri yon mo, ekri mo yo sou tablo a epi mande yo pou yo korije si yo te fè erè. Felisite epi ankouraje elèv yo.

**Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (15 mn)**

 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

**1. Lekti sou tablo (5 mn)**

**☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

**☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

Leson 20 Revizyon m M an AN

i I p P e E n N m M an AN

ap al la ne me ma mi lan  
pan mil lam mal pip nan nap

manman papa mele mimi Mama  
Meme pami elan anpil piman manmi  
nannan manman Pamela Alina

Papa Nina epi Lila ap li.  
Pamela ap pile anpil piman.  
Eli pa mele lam nan anana a.  
Emil pa pile lam Mina a.  
Ana ap pale epi manman ap li.

34 Liv lekli 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ Kounye a, nou pral fè lekli an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.


## 2. Lekli nan Liv (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekli a.
  - ☞ Ouvri liv lekli a nan paj 34 la. Ekri # 34 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekli a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?
  - ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite 5 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (10 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)


Ema ap li



Emil p ap li, li ap pale.  
Papa Emil ap pale.  
Ema pa pale, Ema ap li.  
Ema ap li anpil, Emil p ap li.  
Manman Emil ap pile piman.

35 Liv lekli 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ Pran liv lekli ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 35 lan, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :
  - ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.
    - ☞ Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :
  - ☞ Kisa nou wè nan desen an ? Konbyen moun nou wè nan imaj la ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa y ap fè ? Kisa Emil ap fè ? Ki kote moun yo ye ?
    - ☞ Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a:
- Egzanp :**  
Ema ap li epi Emil ap pale ak papa li.
- ☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.
    - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.
  - ☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?



Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

### 1. Li istwa (2 mn)

Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 35 la.

- ☞ Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respektive poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.
- ☞ Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon. Nou pare? M ap kòmanse li istwa a!

#### Ema ap li

Emil p ap li, li ap pale.  
Papa Emil ap pale.  
Ema pa pale, Ema ap li.  
Ema ap li anpil, Emil p ap li.  
Manman Emil ap pile piman.

Lè w fin li istwa pou elèv yo mete yo 2 pa 2, fè youn li pou lòt epi fè yo touche chak mo y ap li. Pase verifye si elèv yo ap li istwa.

- ☞ Kiyès ki ka li istwa byen fò pou klas la ?

Chwazi elèv nan klas la ki gen plis difikilte le yo ap li, pou yo li istwa byen fò youn pa youn. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Reponn kesyon (4 mn)

Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

- ☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn !

Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Kisa papa Emil ap fè ?
3. Kisa Manman Emil ap fè ?
4. Èske Ema renmen li ? Poukisa ?

Repons posib :

(1) Wi, paske Ema ap li. (2) Paske li kenbe yon liv nan men l.

### Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

Repons posib :

(1) Nou te revize lèt «m» miniskil ak «M» majiskil. (2) Nou te revize lèt «an» miniskil ak «AN» majiskil. (3) Nou te ekri yo. (4) Nou te li istwa a. (5) Nou te reponn kesyon sou Istwa a.

# Leson 21 t

## Objektif:


- Dekouvri son /t/ ak non lèt « t ».
- Distenge lèt « t » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « t » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 21 paj 36-37
- Kaye egzèsis, leson 21 paj 106-109

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**



Tanya genyen pasyans,  
li toujou tann.  
Lè tou pa li rive,  
menm si li prese.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : **piman, epi, nou, Pele, Emil, Mina, Mamit, pile pale, won, Eli, Pepe, Nana.** Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt (e, E, m, M, n, N, an, p, i) nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt (e, E, m, M, n, N, an, p, i) nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « t » miniskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

-  *Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.*
- ☞ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti a. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
-  *Ouvri liv la nan paj 36 la. Ekri # 36 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*



- ☞ **Mete lendèks nou sou desen tab la.**  
☞ *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen tiyo a.**  
☞ *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen tenis la.**  
☞ *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen tèt la.**  
☞ *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**  
☞ *Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman 4 mo nou sot di yo ?**  
☞ *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
- ☞ **Son an se /t/.**  
**Jodi a, nou pral aprann son /t/.**  
☞ *Ekri lèt la sou tablo a*

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /t/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /t/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /t/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**  
☞ *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /t/. Mo a se tas.**  
☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : mab.**  
☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo : naje, tab, rad, tape, non, tapi, epi, nich, pale, tan.**  
☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

- ☞ *Ekri lèt "t" miniskil sou tablo a. Fè yo repete son lèt /t/ miniskil la.*  
 -Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a  
 -Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /t/.**  
☞ *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa ? (/t/).**  
☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt « t ».**  
☞ *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a  
 -Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "t" miniskil.**

Leson 21 t

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	t	e	d	t	e
e	l	t	a	e	t
a	t	d	w	t	i
t	e	n	t	n	e

2- Antoure lèt t miniskil yo.

Ⓣ b a t n y w t p i d t  
s t r i o t b v t p l z f  
p m e t a b a n e p t m  
m e o i m v p l t t m

106 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa a ? ("t").**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « t ».*
- ☞ **Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou yo ka repete non ak son lèt la byen.**

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (16 mn)

- ☞ *Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo sou tablo : t, p, b, t, n, i, t, r, t, m, n, t, an, t. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "t" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "t". Mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "t" sou tablo a pou klas la.*
- ☞ **Èske se lèt "t" miniskil elèv la antoure ?**
  - ☞ *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "t" yo.*

### Egzèsis # 1 (4 mn)

- ☞ *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la ! Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
  - ☞ *Ouvri kaye a nan paj 106 nan egzèsis # 1. Ekri # 106 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**
  - ☞ *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, mande yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!**
  - ☞ *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm !**
  - ☞ *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a, se lèt "t" ?.**
  - ☞ *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè si li pa t sou lèt "t". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

### Egzèsis # 2 (4 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "t". Toujou nan paj 106 kaye egzèsis la.**
  - ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 106 la, nan egzèsis # 2.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "t" majiskil ki menm jan ak modèl la.**
  - ☞ *Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**

Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm !**

☞ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a se lèt "t"?**

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "t". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

3- Antoure imaj kote nou tande son /t/.

4- Antoure lèt miniskil t nan chak mo.

Aktivite lib

Kayè egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 107

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /t/. Ale nan paj 107.**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 107 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 107 la nan egzèsis # 3.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure imaj kote nou tande son /t/.**

☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.

☞ **Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?**

☞ Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la tout lòt imaj kote nou tande son /t/. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm !**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi / 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

**Egzèsis # 4 (3 mn)**

☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "t". Toujou nan paj 107, nan avan dènye egzèsis paj la.**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 107 la nan egzèsis # 4 la.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt miniskil "t" nan chak mo ki anba imaj yo.**

☞ Idantifye lèt yo ansanm ak tout klas la.

☞ **Antoure lèt miniskil "t" nan chak mo ki anba imaj yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè menm jan an pou tout lòt mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !**

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la. Ekri 4 mo sa yo sou tablo a : « tab, tiyo, tenis, tèt » pou ka korije egzèsis la ansanm ak elèv yo.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Pandan elèv yo ap travay ekri lèt yo sou tablo a nan de ranje. Apre sa chwazi 4 elèv (2 fi / 2 gason) pou eksplike ki lèt yo antoure epi poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

☞ Chwazi kèk elèv pou repete non lèt yo te antoure yo.

## Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)

Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.





### 1. Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  - ☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.
  - ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 36 la. Ekri # 36 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?
  - ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

Leson 21 ak 22 t T

i I p P e E n N m M an AN

a	= ta	a	- t	= at
an	= tan	l	- t	= lt
e	= te	an	- t	= ant

☞ li la lan pi pa pe pan pip nap lam pal

☞ te ti ta tan pat tape tant pant mant

☞ papa pale pile manman anpil anana


☞ piti tape pati pate mate patat  
malta matla matant tap tap lanati  
Ana mete tapi a la.

☞ Ni Pamela ni Ana p ap li.  
Pi ta, papa Emil ap pati.  
Ana te ale nan tap tap la.  
Anita, Emil, Tina epi Lina ap li.


36 Liv lekli 1<sup>e</sup> A.F.

## Aktivite Revèy (2 mn)


- ☞ Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.
  - ☞ Ekri tout lèt sa yo sou tablo : t, an, n, t, m, t, i, a, t, p.
- ☞ Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « t ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « an ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « n ».

 Kontinye menm jan an ak lòt lòt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.

## Aktivite 6 Ekri lèt (17 mn)

 Anvan ou kòmanse ak dezyèm pati leson an, chwazi plizyè elèv pou mande yo bay kèk mo ki genyen son /t/.


### 1. Trase lèt «t» ak dwèt nou anlè, sou ban (5 mn)

 Anvan ou kòmanse aktivite sa a prepare tablo a menm jan ak modèl # 5 ki nan paj 108, nan kaye egzèsis la. Epi di :


☞ Gade lèt miniskil « t » a byen. Konbyen liy vètikal ak liy orizontal nou wè ki fòme lèt « t » miniskil la ?

 Pran repons elèv yo, korije si yo fè erè.


☞ Toudabò, nou pral ekri lèt miniskil “t” ak dwèt nou anlè. Mwen pral fè yon jès, gade dwèt mwen byen pou nou ka fè menm jan avè m : Nou pare ? M ap fè jès la pou nou, gade dwèt mwen byen !

 Mande elèv yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou. Kanpe yon fason pou bò goch ou bay sou tablo a epi pou bò dwat ou bay sou elèv yo.


☞ Mwen trase yon liy vetikal avèk yon ti koub tou kout anba li sou bò dwat li. Apre sa mwen trase yon liy orizontal byen kout, nan tèt li. Nou konprann jès mwen sot fè a? Nou pral fè li ansanm :

 Toujou kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo pou yo ka suiv modèl w ap fè a byen. Reprann modèl la 2-3 fwa ak elèv yo pou yo ka byen metrize ekriti lèt la.

☞ Kounye a, nou pral trase lèt la sou ban an ak dwèt nou, jan nou te trase li anlè a. Pandan n ap repete jès la, n ap trase lèt la ansanm.


 Mande elèv yo mete dwèt yo sou ban an pou yo fè menm jès ak ou. Verifye si tout elèv yo ap trase lèt la sou ban an. Repete jès la 2 fwa pou elèv yo ka trase lèt la sou ban yo. Mande elèv yo fè jès la ansanm.

☞ Nou konprann! An nou kòmanse! Mwen trase yon liy vetikal avèk yon ti koub tou kout anba li sou bò dwat li. Apre sa mwen trase yon liy orizontal byen kout, prèske nan tèt li.


 Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban yo. Fè elèv yo fè jès la 3 fwa sou ban an.

### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)


☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “t” sou tablo a sou liy sa yo?

 Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “t” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :

☞ Mwen trase yon liy vetikal avèk yon ti koub tou kout anba li sou bò dwat li. Apre sa mwen trase yon liy orizontal byen kout, prèske nan tèt li.


 Si elèv yo gen difikilte reprann konsiy lan pou yo.


☞ Kounye a, nou pral ekri lèt “t” nan kaye bouyon nou.

 Verifye si elèv yo genyen kaye bouyon an devan yo epi gen yon kreyon nan men yo. Verifye si elèv yo ap byen ekri lèt “t” yo, epi si lèt yo byen chita sou liy yo.

☞ Lè yo fin ekri lèt la byen nan kaye bouyon yo, mande yo pran kaye egzèsis la pou yo kontinye ekri lèt la, nan paj 108 ak paj 108.

### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye a. (4 mn)

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 108 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « t » miniskil la. Apre sa fè elèv yo pran kaye egzèsis yo pou yo ekri lèt « t » miniskil. Mande yo pou suiv modèl yo.



6- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

t t t

Lina te li.

Ana te pile tapi a.

Leson 21 t

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 109

☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri lèt "t" miniskil ! Suiv modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la. Kopye yo sou liy kaye a.

☁ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye a. (4 mn)

☁ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 109 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « t » miniskil la. Apre sa fè elèv yo pran kaye egzèsis yo pou yo ekri lèt « t » miniskil. Mande yo pou suiv modèl yo.

☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri lèt "t" miniskil. Suiv modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la. Kopye yo sou liy kaye a.

☁ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 7 Vokabilè (4 mn)

☞ Nou pral li yon istwa. Avan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo matant. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo matant ? Èske ou konn kisa matant vle di ?

☁ Bay elèv yo tan pou reponn epi pran tout repons yo bay yo, epi di :

☞ Matant vle di : Sè papa oubyen sè manman.

☁ Fòme 1 fraz kòm egzanp ak mo matant pou elèv yo.


**Egzanp :**

**Chak dimach mwen toujou ale kay matant mwen, li se sè papa m.**


☁ Epi chwazi 3 fi ak 3 gason pou eseye di kèk fraz yo fòme ak mo "matant". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesesè.

## Aktivite 8 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)

Pile piman



Manman Ana ap pile piman an.  
Li pile piman matant Tina a.  
Li pile piman an pil pa pil.  
Ana mete piman an la.  
Ana ale, li pa pile piman an.



Leson 21 ak. 22 t T

Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F. 37

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

☁ Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou premye desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 37 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

☞ Kisa nou wè nan desen an ? Ki moun ki ladan li ? Kisa nou wè manman an ap fè ? Ki koulè rad ki sou li ? Kisa ki nan men tifi a ? Ki kote manman an ye ?

☁ Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a :


**Egzanp :**

**Mwen ap pile piman an pou m mete nan manje a.**


☞ Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa, dapre desen an.

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi / 2 gason) pou di kisa yo panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.

☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?

 *Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite sa a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

## 2. Koute istwa a (2 mn)

 *Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann yo pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.*

 **Kounye a, mwen pral li istwa a ! Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

### Pile piman

Manman Ana ap pile piman an.


Li pile piman matant Tina a.


Li pile piman an pil pa pil.

Ana mete piman an la.

Ana ale, li pa pile piman an.

## 4. Reponn kesyon (5 mn)

 *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*

 **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

### 1. De kisa istwa a pale ?

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de pile piman. (2) Istwa a pale sou manman k ap pile piman.

### 2. Kisa Ana te gen nan men l ?

(4) Ana te gen piman nan men l.

### 3. Kisa manman Ana t ap fè ?

### 4. Èske piman an te pou matant Tina ?

### 5. Kisa matant Tina ye pou manman Ana ?

---

## Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)


 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /t/. (2) Nou te aprann ekri lèt « t ». (3) Nou te aprann mo vokabilè nan istwa a. (4) Nou te koute istwa : Pile piman.

---

## Aktivite Lib

 *Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 22 T

## Objektif:


- Dekouvri son ak non lèt /T/ .
- Distenge lèt « T » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil «T » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa.

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 22 paj 36-37
- Kaye egzèsis, leson 22 paj 110-113

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1 Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap repete chak silab ki nan mo a ki nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Tanya genyen pasyans,  
li toujou tann.  
Lè tou pa li rive,  
menm si li prese.


-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)




-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : tant, matant, Telemak, melon, tapi, mache, Telisma, machin, malen. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "t" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt "t" nan mo ki ekri sou tablo a ?
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « T » majiskil.
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (16 mn)







### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son /T/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /T/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /T/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ Son an se /T/. Mo a se : « Tania ».





-  Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ **Lèt mo a se : « sitwon ».**
-  Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: tapi, anana, Tina, tab, asyèt, Toto, melon, tape.**
-  Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.



## 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

-  Ekri lèt "t" miniskil ak lèt "T" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("t" ak "T"). Fè yo repete son lèt /t/ miniskil la avan.
-  -Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /t/, son lèt sa a tou se /T/.**
-  Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki son lèt sa ? (/t/), ki son lèt sa a tou ? (T/).**
-  Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /n/ ak son /N/ se menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("t"; "T").**
-  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "t" miniskil , non lèt sa a se "T" majiskil .**
-  Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki non lèt sa a ? ("t"). Ki non lèt sa a ? ("T").**
- Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « t » ak « T ».
- Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt /t/ ak son lèt /T/ se menm.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (2 mn)

-  Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: **N, I, T, R, N, E, T, R, T, P, N, S T.** Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "T" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "T". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "T" sou tablo a pou klas la.
- ☞ **Èske se lèt "T" majiskil elèv la antoure ?**
-  Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "T" majiskil yo.

## Egzèsis # 1 (4 mn)

-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la ! Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
-  Ouvri kaye a nan paj 110 nan egzèsis # 1. Ekri # 110 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la !**

Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib :

Leson 22 T

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

A	T	W	D	T	E
E	L	T	A	G	T
N	T	D	W	T	I
T	E	N	T	N	E

2- Antoure lèt T majiskil yo.

T B A T N Y W T P I D T

S T R I O T B V T P L Z F

P M E T A B A N E P T M

M E O I M V P L T T M

110 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

(1) Yon lèt « T » majiskil

- Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa, di :
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!**
- Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Di non chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a, se lèt "T" ?**
- Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "N" nan. Si genyen kèk elèv ki fè erè, mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "T". Toujou nan paj 110 la, nan kaye egzèsis la.**
- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 110 la, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "T" majiskil ki menm jan ak modèl la.**
- Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse!**
- Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- Di non chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a, se lèt "T" ?**
- Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "T". Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

3- Antoure lèt majiskil T nan chak mo.

TAB	TIYO	TENIS	TÈT

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.


l m e p t i n

M E L T P N I


Aktivite lib

111 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /T/, nan paj 111 lan.**
- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 111 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 111 nan egzèsis # 3.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt majiskil "T" nan chak mo ki anba imaj yo.**
- Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?**
- Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ **Antoure tout lòt lèt « T » ki nan mo yo menm jan ak premye lèt ki nan premye mo a. Nou konprann ? Kòmanse!**


 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3 mn)


**☞ N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "T". Toujou nan paj 111, nan avan dènye egzèsis paj la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 111 la nan egzèsis # 4 la.


**☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Konekte lèt ki menm yo.**

 Li lèt yo liy pa liy ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.


**☞ Konekte lèt ki menm nan 2 liy yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)


 Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo (5 mn)


**☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


**☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

**☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

**☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

## 2. Lekti nan liv (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  - ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 36 la. Ekri # 36 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**
  - ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

### Aktivite Revèy (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.**
  - ☞ Ekri tout lèt sa yo sou tablo : **m, t, n, p, t, l, n, i, T, a, p, T**.
- ☞ **Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « m ». Apre sa, m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « t ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « n ».**
  - ☞ Kontinye menm jan an ak lòt lèt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.

### Aktivite 5 Ekri lèt (10 mn)

#### 1. Trase lèt «T» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3 mn)

- ☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 112 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /T/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «T» majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil «T» a byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou, gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m.**
  - ☞ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ **Toudabò, Mwen fè yon liy vètikal soti anba pou rive anwo epi mwen trase yon liy orizontal nan tèt liy vètikal la.**
  - ☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lèt « T » majiskil la ansanm : Mwen fè yon liy vètikal soti anba pou rive anwo epi mwen trase yon liy orizontal nan nan tèt liy vètikal la.**
  - ☞ Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « T » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
  - ☞ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (3 mn)

☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "T" sou tablo a sou liy sa yo?


☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "T" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difkilte, reprann eksplikasyon an pou yo :

☞ Mwen fè yon liy vètikal soti anba pou rive anwo epi mwen trase yon liy orizontal nan nan tèt liy vètikal la.

☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « T » majiskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.

☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "T" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difkilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.



### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 112 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « T » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.

☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difkilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.



### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 113 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « T » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difkilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 6 Vokabilè (4 mn)

### 1. Mo a se : « Piman »

☞ Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo piman. Èske nou konn mo sa a ? Nan ki moman nou konn tande mo piman ? Èske ou konn kisa piman vle di ?

☞ Bay elèv yo tan pou reponn:  
(1)... (2)... (3)...

☞ Piman se yon legim yo itilize kòm epis pou fè manje.

☞ Fòme 1 fraz kòm egzanp ak mo piman pou elèv yo.


**Egzanp :-**

**Manman m ap pile piman nan pilon an.**

☞ Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou fòme fraz ak mo "piman". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.

## Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (4-5 mn)



Pile piman



Manman Ana ap pile piman an.  
Li pile piman matant Tina a.  
Li pile piman an pil pa pil.  
Ana mete piman an la.  
Ana ale, li pa pile piman an.



Liv lekli 1° A.F.

37



Pran liv lekli ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral dekri a nan paj 37 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

- ☞ **Kounye a, nou pral dekri yon imaj pou nou ka ekri kèk mo ak kèk fraz sou imaj la. N ap sèvi ak imaj la pou nou fè sa. Gade imaj la byen pou nou ka di tout sa nou wè ladan l.**



Bay elèv yo 1 mn pou yo byen gade desen an, epi di :

- ☞ **Kisa nou wè nan imaj la ? Ki bèt nou wè nan imaj la ? Ki koulè bèt yo ? Kisa y ap fè ? Èske chat la menm jan ak chen an ? Ki non ou te ka bay chen an ? Ki non ou te ka bay chat la ? Ki kote yo ye ?**



Chwazi 6 elèv, mande yo pou yo di 6 mo dapre imaj nou sot dekri a. Ekri mo elèv yo bay sou tablo a.

- ☞ **kiyès ki ka jwenn 6 mo sou imaj nou sot dekri a ?**

**Egzanp :**

**Chen, chat...**



Chwazi 3 elèv, mande chak elèv pou yo fòme 1 fraz dapre imaj nou sot dekri a.

- ☞ **kiyès ki ka fòme 3 fraz sou imaj nou sot dekri a ?**



Ekri fraz elèv yo bay sou tablo a. Epi chwazi kèk lòt elèv pou li fraz yo byen fò pou klas la. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### 2. Koute istwa a (1-2 mn)



Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 33 a.

Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann istwa a ! Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

#### **Pile piman**

Manman Ana ap pile piman an.

Li pile piman matant Tina a.

Li pile piman an pil pa pil.

Ana mete piman an la.

Ana ale, li pa pile piman an.



Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.

- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**



Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo.

---

## Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

Repons posib :

(1) Nou te aprann son /T/. (2) Nou te aprann ekri lèt « T » majiskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a. (4) Nou te koute istwa « Pile piman ».

---

## Aktivite Lib

☁ *Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 23 pl

## Objektif:


Dekouvri son ak non konbinezon lèt « pl » .  
 Distenge konbinezon lèt « pl » pami plizyè senbòl.  
 Ekri konbinezon lèt « pl » byen.  
 Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:


Liv lekti, leson 23 paj 38-39  
 Kaye egzèsis, leson 23 paj 114-115

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap repete chak silab ki nan mo a nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Plante plant lan  
 Plop plop  
 Plimen poul la  
 Plop plop  
 Lave plat la  
 Plop plop.

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)





-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : mòn, Milo, melon, mache, machin, Emil, Manita, kann, tape. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "m" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt (n, N, m, M, e, E, an, t, T) nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri konbinezon lèt « pl ».**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)







### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son konbinezon lèt /pl/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son konbinezon lèt /pl/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son Konbinezon lèt /pl/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**





-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son konbinezon lèt la se /pl/. Mo a se : plante.**
-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : sab.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: ban, plato, tapi, plat, elan, lame, plim, anba, pliye.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*


## 2. Di son konbinezon lèt la ak non konbinezon lèt la (2 mn)

-  *Ekri konbinezon lèt "pl" sou tablo a. Fè yo repete son konbinezon lèt /pl/ la.*  
*-Touche chak lèt ki nan konbinezon lèt yo pou elèv yo sou tablo a lè y ap repete son an*  
*- Pwononse chak son ki nan konbinezon lèt yo byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Son konbinezon lèt sa a /pl/.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son konbinezon lèt sa a /pl/?**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non konbinezon lèt sa a « pl ».**
-  *Touche chak lèt ki nan konbinezon lèt yo pou elèv yo sou tablo a lè y ap repete son an.*
- ☞ **- Repete chak son ki nan konbinezon lèt yo byen fò pou tout klas la**  
**Non konbinezon lèt sa a se "pl".**
-  *Toujou sonje touche konbinezon lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non konbinezon lèt sa a ? "pl".**
-  *Chwazi kèk elèv pou repete "non konbinezon lèt" la. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non konbinezon lèt sa a se « pl ». Touche lèt ki nan konbinezon lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou yo ka di non ak son konbinezon lèt la byen.*

### Aktivite 3 Rekonèt konbinezon lèt yo (2 mn)

-  *Ale sou tablo a, ekri plizye lèt ak plizye konbinezon lèt tankou : en, pl, m, bl, i, an, l, p, pl, an, m, gl, n, an, pl, k, l, m, n, pl.*  
*Chwazi kèk elèv pou vin antoure konbinezon lèt "pl" pami lèt ak konbinezon lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lòt oubyen yon konbinezon lèt, mande klas la si se bon lèt la oswa bon konbinezon lèt la. Si se pa bon konbinezon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye konbinezon lèt "pl". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye konbinezon lèt "pl" sou tablo a pou klas la.*
- ☞ **Èske se bon konbinezon lèt la elèv la antoure ?**
-  *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.*

### Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (15 mn)

-  *Mande elèv yo pou yo gade imaj ki nan bwat la byen. Mande yo pou yo di non imaj la. Epi fè yo li mo a*  
*- Ekri mo ki nan kaye a jan li ye nan kaye a.*

### 1. Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  - ☞ *Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.*
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.*
- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.*
- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ *Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.*

### 2. Lekti nan liv (10 mn)





- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.
  - ☞ *Ouvri liv lekti a nan paj 38 la. Ekri # 38 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.*
- ☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?
  - ☞ *Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

### Aktivite Revèy (2 mn)



- ☞ Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.
  - ☞ *Ekri tout lèt sa yo sou tablo : t, an, m, n, p, l, i, a, an.*
- ☞ Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « t ». Apre sa, m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « an ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « m » .
  - ☞ *Kontinye menm jan an ak lòt lèt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.*

## Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)



### 1. Ekri konbinezon lèt «pl» sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

-  *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri konbinezon lèt “pl” sou tablo a sou liy sa yo?**
  -  *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri konbinezon lèt “pl” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon chak lèt yo pou yo.*
  -  *Mande elèv yo pou yo ekri konbinezon lèt “pl” nan kaye bouyon yo.*
- ☞ **Ekri konbinezon lèt “pl” sou liy ki nan kaye bouyon nou an.**
  -  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon lèt yo pou elèv yo.*

### Egzèsis # 1-Kopye mo ak fraz sou liy kaye egzèsis la. (5 mn)

-  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 114 la ak nan egzèsis # 1 an. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen konbinezon lèt «pl» la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
  -  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### Egzèsis # 2- Dikte. (5 mn)

-  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 115 lan, nan egzèsis # 2 a. Fè elèv yo ekri kèk mo ou pral di pou yo. Mande yo pou yo li mo yo apre yo fin ekri yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri mo sa yo. Koute byen pou nou ka ekri mo byen. M ap li yo youn pa youn pou nou ka ekri yo :**  
**Dikte :**  
**pla, pli, plat, plan, plim, lapli, plati, plane, plant, eple, plante.**
  -  *Pase verifye si tout elèv ap ekri mo yo byen. Si gen elèv ki mal ekri yon mo, ekri mo yo sou tablo a epi mande yo pou yo korije si yo te fè erè. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

2- Dikte (suiv eksplikasyon pwofesè a.)

Leson 23 Konbinezon lèt - pl

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 115

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**  
**Repons posib :**  
(1) Nou te aprann di son konbinezon lèt /pl/. (2) Nou te aprann ekri mo ki gen konbinezon lèt « pl ».

## Leson 24 Revizyon n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl

### Objektif:

Idantifye son ak non lèt epi konbinezon lèt (**n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl**).

Distenge lèt ak konbinezon lèt (**n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl**) pami plizyè senbòl.

Ekri lèt miniskil ak majiskil epi konbinezon lèt (**n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl**) byen.

Li epi konprann yon istwa


### Materyèl:

Liv lekti, leson 24 paj 40

Kaye egzèsis, leson 24 paj 116

### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

#### 1 Kontin (2 mn)

 *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*

- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap repete chak silab ki nan mo a ki nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


Tanya pa vle tann.

Tan pou l rete tann,


li pito pati.

Li di lè w tann twòp,


Ou tounen pwa tann.

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 2. Rapèl (3 mn)

 *Ekri plizyè mo sou tablo a : Nanòt, mòn, lapli, Milo, tritri, melon, mache, tapi, machin, Emil, Manita, parapli, kann, tape. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl nan mo ki sou tablo a.*

- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt n, N, m, M, e, E, an, t, T ak konbinezon lèt pl nan mo ki ekri sou tablo a ?**

 *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifie si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*

- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt n, N, m, M, e, E, an, t, T ak konbinezon lèt pl.**


## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Idantifye premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral idantifye premye son n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak youn nan son sa yo (n/N/m/M/e/E/an/t/T/ pl). Si li kòmanse ak youn nan son sa yo (n/N/m/M/e/E/an/t/T/ pl) leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak youn nan son sa yo (n/N/m/M/e/E/an/t/T/ pl) mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?


 Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.

- ☞ Son an se /e/. Mo a se : epi.

 Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.

- ☞ Lòt mo a se : Papa.

An n kontinye ak lòt pè mo pou son /n/: (Napòl/batiman).


 Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an. Epi swiv menm modèl son (/e/,/E/) a pou son (/n/,/N/; /m/,/M/; /an/; /t/,/T/; /pl/). Itilize pè mo sa yo: (Nap/lanmè); (machin/lwil); (ekòl/kaye); (toupi/plàn)(anpè/sèk); (plato/pansman) sonje reprann konsiy nan lè w ap kontinye ak lòt son yo.

- ☞ An n kontinye ak kèk mo ki kòmanse ak son sa yo (/n/,/N/; /m/,/M/; /e/,/E/; /an/; /t/,/T/; /pl/):

(nap/lanmè); (machin/lwil); (lekòl/kaye); (toupi/plàn)(anpè/sèk); (plato/pansman)

 Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

### 2. Di son ak non lèt (2 mn)

 Ekri lèt ak konbinezon lèt sa yo (n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl) sou tablo a. Fè elèv yo repete son ak non tout lèt ak konbinezon lèt yo.

- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a pou yo repete yo byen.

- Fè tout elèv yo di son ak non lèt ak konbinezon lèt yo byen fò.

- Chwazi kèk elèv pou di son ak non lèt ak konbinezon lèt ki sou tablo a.

- ☞ Ki son lèt sa a ? (/n/). Ki non lèt sa a ? « n ».

Ki son lèt sa a ? (/N/). Ki non lèt sa a ? « N ».


Ki son lèt sa a ? (/m/). Ki non lèt sa a ? « m ».

Ki son lèt sa a ? (/M/). Ki non lèt sa a ? « M ».


Ki son lèt sa a ? (/t/). Ki non lèt sa a ? « t ».

Ki son lèt sa a ? (/T/). Ki non lèt sa a ? « T ».

Ki son konbinezon lèt sa bay ? (/pl/) Ki non konbinezon lèt sa a ? « pl »

 Si kèk elèv gen difikilte, fè yon kamarad ede l, epi korije ansanm. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 3 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)

 Prepare tablo a menm jan ak yon paj ekriti ki vid pou elèv yo ka pratike ekriti lèt, silab ak mo, anvan ou kòmanse.

Ekri lèt silab ak mo sa yo sou tablo a.

- ☞ - lèt : n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl

- silab : na, na, ni, mi, te, ple, tan, pli

- mo : Nana, Mami, Eli, epi, plim, tant.

kiyès ki ka li lèt, silab, mo ak fraz ki ekri sou tablo a ?

Peryòd Revizyon Leson 24

1- Nwasi kare ki anba silab ki gen son /pl/ yo

plane	lapli	eple	plante
-------	-------	------	--------

2- Konekte mo ki menm yo

elan	MANMI
pami	ELAN
manmi	EPI
nannan	PAMI
epi	NANNAN

116 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

Chwazi kèk elèv pou vin li sa ki ekri sou tablo a. Toujou touche yo an dezòd lè w ap fè elèv yo li yo. Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt ak konbinezon lèt yo, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

**NB: Fè lekti sou tablo dabò epi apre fè lekti nan liv.**

### Egzèsis # 1 (4 mn)

Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè. Ouvri kaye a nan paj 116 nan egzèsis # 1. Ekri # 116 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

**Mwen pral li konsiy lan pou nou, koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Nwasi kare ki anba silab ki gen son /pl/ la.**

Mande elèv yo li chak mo, avan yo nwasi kare ki gen son /pl/ an.

**Kiyès ki ka li byen fò pou klas la chak mo ki nan bwat la ?**

Chwazi kèk elèv pou li chak mo. Si gen elèv ki gen difikilte, ekri mo a sou tablo epi li mo a ansanm ak elèv la. Epi fè l li mo a pou kont li.

**Nwasi kare ki anba silab ki gen son /pl/. Nou konprann ? Kòmanse !**

Pase verifye si elèv yo nwasi bon kare a. Si elèv yo gen difikilte pou fè l, mande yo pou yo konpare travay yo fè a ak kamarad yo. Si genyen ki fè erè mande elèv la korije erè a.

### Egzèsis # 2 (4 mn)

**N ap fè egzèsis # 2 a. Toujou nan paj 116 la.**

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 116 la ak nan egzèsis # 2 a.

**Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte mo ki sanble yo.**

Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.

**Konekte mo ki sanble nan 2 kolòn yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse !**



Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

**Kounye a, nou pral korije ansanm.**



Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 4 Ekri lèt (10 mn)

### 1. Ekri lèt, silab ak mo sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

-  *Prepare tablo a menm jan ak liy ki nan kaye a. Chwazi kèk elèv pou vin ekri silab, mo ak fraz sa yo sou tablo a*
- ☞ **kiyès ki ka vin ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo sa yo sou tablo a**
  - lèt : n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl
  - silab : na, na, ni, mi, te, ple, tan, pli
  - mo : Nana, Mami, Eli, epi, plim, tant.
-  *Chwazi plizyè elèv pou ekri lèt, silab ak mo sa yo sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt yo.*

### 2. Ekri lèt, silab ak mo nan kaye bouyon. (4-5 mn)

-  *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri menm lèt, menm silab ak menm mo ki ekri sou tablo a nan kaye bouyon yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt, konbinezon lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo yo ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt ak konbinezon lèt yo : (: n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl).*

## Aktivite 5 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (16 mn)

Leson 24 Peryòd Revizyon






Emil ap li




Emil ap li epi li eple.  
 Ana ap li, li pa eple.  
 Emil li anpil, Ana pa li anpil.  
 Ana pa eple, li ap li.  
 Matant Emil la, papa Ana pa la.  
 Matant Emil ap li epi papa Ana pa la.

40 Liv lekli 1.A.F

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

-  *Pran liv lekli ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 40 lan, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*
  - ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**
  -  *Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :*
  - ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Konbyen moun nou wè nan imaj la ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa timoun yo ap fè ? Kòman nou wè yo ap li ? Ki kote istwa a ap pase ?**
  -  *Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a:*
- Egzanp :**  
**Manman yon ti gason ki ap pale ak papa li.**
- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.**
  -  *Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.*
  - ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
  -  *Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

## 2. Li istwa (4 mn)

 *Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 40 la.*

*Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.*

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

### Emil ap li

Emil ap li epi li ap eple.


Ana ap li, li pa eple.

Emil li anpil epi Ana pa li anpil.


Ana pa eple, li ap li.

Matant Emil la, papa Ana pa la.


Matant Emil ap li epi papa Ana pa la.

 *Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.*

- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

 *Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo.*

## 4. Reponn kesyon (8 mn)

 *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*

- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

### 1. De kiyès istwa a pale ?

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de Eli. (2) Istwa a pale de manman ak papa Eli. (3) Istwa a pale de Eli, manman li ak papa li. (4) Eli ap li, Ana ap li epi manman Eli ap li.

### 2. Kisa Emil ap fè ?

### 3. Kisa Ana ap fè ?

### 4. Èske matant Emil te la lè li t ap li a?

### 5. Èske papa Ana te la lè li t ap li a?

### 6. Kisa matant Emil te fè ?

### 7. Èske matant Emil te ede l li ?

### 8. Èske papa Ana te ede l li ?

## Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)

 *Si gen tan ki rete lè w fin fè lesan ou ka fè egzèsis sa a.*

- ☞ **Kisa nou te aprann nan lesan jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te revize lèt ak konbinezon lèt : n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl. (2) Nou te aprann ekri lèt ak konbinezon lèt : n, N, m, M, e, E, an, t, T, pl. (4) Nou te li yon istwa.



# Leson 25 Revizyon a, A, i, I, e, E, pl

## Objektif:

Idantifye son ak non lèt epi konbinezon lèt (a, A, i, I, e, E, pl) .

Distenge lèt ak konbinezon lèt (a, A, i, I, e, E, pl) pami plizyè senbòl.

Ekri lèt miniskil ak majiskil epi konbinezon lèt (a, A, i, I, e, E, pl) byen.

Li epi konprann yon istwa


## Materyèl:

Liv lekti, leson 25 paj 41

Kaye egzèsis, leson 25 paj 117

## Aktivite 1 Mizantren (2 mn)

### 1 Kontin (2 mn)

 Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.


- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap repete chak silab ki nan mo a ki nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Tout moun pote kole,  
pou nou fè lapwòpte.

N ap wouze, bale.

N ap jete fatra nan poubèl.

Konsa katye a va pi bèl.

 Felisite epi ankouraje elèv yo.


## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Idantifye premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral idantifye premye son a, A, i, I, e, E, pl. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak youn nan son sa yo (/a/, /A/, /i/, /I/, /e/, /E/, /pl/). Si li kòmanse ak youn nan son sa yo (/a/, /A/, /i/, /I/, /e/, /E/, /pl/) leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak youn nan son sa yo (/a/, /A/, /i/, /I/, /e/, /E/, /pl/) mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?


 Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.

- ☞ Son an se /a/ Mo a se : « apa ».

 Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.

- ☞ Lòt mo a se : « Papi ».

An n kontinye ak lòt pè mo pou son /a/: (avi/bato).

 Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an. Epi swiv menm modèl son (/a/, /A/) a pou son (/i/, /I/, /e/, /E/, /pl/). Itilize pè mo sa yo: (itil/pele); (eple/sik); (plat/ lapli) sonje reprann konsiy nan lè w ap kontinye ak lòt son yo.

- ☞ An n kontinye ak kèk mo ki kòmanse ak son sa yo (/i/,/I/; /e/,/E/; /pl/): (itil/pele); (eple/sik); (plat/ lapli).

☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

## 2. Di son ak non lèt (2 mn)

☞ Ekri lèt ak konbinezon lèt sa yo (a, A, i, I, e, E, pl) sou tablo a. Fè elèv yo repete son ak non tout lèt yo ak konbinezon lèt la.

- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a pou yo repete yo byen.

- Mande tout elèv yo repete son ak non lèt yo ak konbinezon lèt la byen fò.

- Chwazi kèk elèv pou repete son ak non lèt ak konbinezon lèt ki sou tablo a.

- ☞ Ki son lèt sa a ? (/a/). Ki non lèt sa a ? « a ».

Ki son lèt sa a ? (/A/). Ki non lèt sa a ? « A ».

Ki son lèt sa a ? (/i/). Ki non lèt sa a ? « i ».

Ki son lèt sa a (/I/). Ki non lèt sa a ? « I ».

Ki son lèt sa a ? (/e/). Ki non lèt sa a ? « e ».

Ki son lèt sa a ? (/E/). Ki non lèt sa a ? « E ».

Ki son konbinezon lèt sa bay ? (/pl/). Ki non konbinezon lèt sa a ? « pl ».

☞ Si kèk elèv gen difikilte, fè yon kamarad ede l, epi korije ansanm. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 3 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)

☞ Prepare tablo a menm jan ak yon paj ekriti ki vid pou elèv yo ka pratike ekriti lèt, konbinezon lèt, silab ak mo, anvan ou kòmanse.

Ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo sa yo sou tablo a.

- ☞ - lèt : a, A, i, I, e, E, pl
- silab : na, ne, ni, ple, pli
- mo : Nana, pla, Eli, pli, apla.

Kiyès ki ka li lèt, silab, mo ak fraz ki ekri sou tablo a ?

☞ Chwazi kèk elèv pou vin li sa ki ekri sou tablo a. Toujou touche yo an dezòd lè w ap fè elèv yo li yo. Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt ak konbinezon lèt yo, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt ak konbinezon lèt yo pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la oubyen konbinezon lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

☞ NB: Fè lekti sou tablo dabò epi apre fè lekti nan liv.

## Aktivite 4 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Ekri lèt, silab ak mo sou tablo ak nan kaye bouyon (5 mn)

- ☝ *Prepare tablo a menm jan ak liy ki nan kaye a. Chwazi kèk elèv pou vin ekri silab, mo ak fraz sa yo sou tablo a*
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo sa yo sou tablo a?**
  - lèt, konbinezon lèt : a, A, i, l, e, E, pl
  - silab : na, ne, ni, ple, pli
  - mo : Nana, pla, Eli, pli, apla.
- ☝ *Chwazi plizyè elèv pou ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo sa yo sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt yo.*

### 2. Ekri lèt, silab ak mo nan kaye bouyon.

- ☝ *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri menm lèt, menm konbinezon lèt, menm silab ak menm mo ki ekri sou tablo a nan kaye bouyon yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade lèt, silab ak mo byen pou nou ka fè menm jan.**
- ☝ *Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo yo ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt yo : (:a, A, i, l, e, E, pl).*

### Egzèsis # 1- Dikte. (5 mn)

- ☝ *Metey kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 117 la, nan egzèsis # 1 a. Fè elèv yo ekri kèk mo ou pral di pou yo. Mande yo pou yo li mo yo apre yo fin ekri yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri mo sa yo. Koute byen pou nou ka ekri mo byen. M ap li yo youn pa youn pou nou ka ekri yo : Itali, Nini, Ana, plati, anana, plan, Manno.**
- ☝ *Pase verifye si tout elèv ap ekri mo yo byen. Si gen elèv ki mal ekri yon mo, ekri mo yo sou tablo a epi mande yo pou yo korije si yo te fè erè. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

Peryòd Revizyon Leson 25

1- Dikte (suiv eksplikasyon pwofesè a.)

Peryòd Revizyon Leson 24 ak 25

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 117

## Aktivite 5 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

- ☝ *Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 41 an, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*
- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**
- ☝ *Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :*
- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Kisa tifi a ap fè ? Ki bò tifi a chita ?**
- ☝ *Chwazi 3 elèv pou fòmeyon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòmeyon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòmeyon fraz yo epi bay yo egzanzp sa a:*

- Egzanzp :**  
**Manman yon ti gason ki ap pale ak papa li.**
- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.**


Leson 25 Peryòd Revizyon

Anita ap eple


Anita li anpil, li eple anpil.  
 Manman Anita pa la, li p ap li.  
 Papa Anita pa la, li p ap li.  
 Anita li : lapli, pile, piman, plim.  
 Anita eple lam epi li eple plane.

Peryòd Revizyon Leson 24 ak 25


Liv lekti 1 A.F. 41

 Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 1 mn pou reponn.

**☞ Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

**2. Li istwa (4 mn)**


 Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 41 an.

*Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo..*


**☞ Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

**Anita ap eple**


Anita li anpil, li eple anpil.  
 Manman Anita pa la, li p ap li.  
 Papa Anita pa la, li p ap li.  
 Anita li : lapli, pile, piman, plim.  
 Anita eple : lam epi li eple plane.

 Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.

**☞ Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

 Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo.

**3. Reponn kesyon (8 mn)**

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

**☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

**1. De kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de Emil. (2) Istwa a pale de manman ak papa Emil. (3) Istwa a pale de Emil, manman li ak papa li

**2. Kisa Anita a ap fè ?**

**3. Èske Anita renmen li ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

(4) Wi, paske Anita li anpil, li eple anpil.

**4. Kisa manman Anita ap fè ?**

**5. Èske papa Anita te ede anita pou li ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

(5) Non, paske papa Anita pat la li pat ap li.

**6. Kisa Anita te fè ?**

**7. Site mo Anita te li yo ?**

**8. Ki mo Anita te eple yo ? Epi eple yo.**

---

## Aktivite 6 **Evalyasyon (2 mn)**

☺ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te revize lèt ak konbinezon lèt : a, A, i, I, e, E, pl. (2) Nou te aprann ekri lèt ak konbinezon lèt : a, A, i, I, e, E, pl. (4) Nou te li yon istwa.

## Leson 26 Revizyon i, I, p, P, an, t, T, l, L, pl

### Objektif:

Idantifye son ak non lèt ak konbinezon lèt : **i, I, p, P, t, T, l, L, an, pl.**

Distenge lèt ak konbinezon lèt **i, I, p, P, t, T, l, L, an, pl** pami plizyè senbòl.

Ekri lèt miniskil ak majiskil, epi konbinezon lèt **i, I, p, P, t, T, l, L, an, pl** byen.

Li epi konprann yon istwa


### Materyèl:

Liv lekti, leson 26 paj 42


Kaye egzèsis, leson 26 paj 118

### Aktivite 1 Mizantren (4 mn)

#### 1 Kontin (3 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap repete chak silab ki nan mo a ki nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Tout moun pote kole.  
Pou nou fè lapwòpte.  
N ap wouze, n ap bale.  
N ap pwopte lari a.  
Konsa, katye a va pi bèl.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*


### Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Idantifye premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral idantifye premye son **i, l, p, P, an, t, T, l, L, pl**. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak youn nan son sa yo (**i, l, p, P, an, t, T, l, L, pl**). Si li kòmanse ak youn nan son sa yo (**i, l, p, P, an, t, T, l, L, pl**) leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak youn nan son sa yo (**i, l, p, P, an, t, T, l, L, pl**) mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?


-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*


- ☞ Son an se /i/. Mo a se : inifòm.

-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*

- ☞ Lòt mo a se : fab.


An n kontinye ak lòt pè mo pou son /i/: (izin/sèvis); (bale/ijans).

 Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an. Epi swiv menm modèl son (/i/,/l/) a pou son (/p/, /P/; /an/; /t/,/T/; /l/,/L/; /pl/). Itilize pè mo sa yo: (pale/leve); (ansanm/sale); (tab/ nap); (liv/sante); (plante/randevou) sonje reprann konsiy nan lè w ap kontinye ak lòt son yo.

 **An n kontinye ak kèk mo ki genyen son (/i/,/l/):**  
(pale/leve); (ansanm/sale); (tab/ nap); (liv/sante); (plante/randevou)

 Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.


## 2. Di son ak non lèt (2 mn)

 Ekri lèt ak konbinezon lèt sa yo (i, l, p, P, an, t, T, l, L, pl) sou tablo a. Fè elèv yo repete son ak non tout lèt yo ak konbinezon lèt la.

- Touche lèt yo ak konbinezon lèt la pou elèv yo sou tablo a pou yo repete yo byen.

- Mande tout elèv yo repete son ak non lèt yo ak konbinezon lèt la byen fò.

- Chwazi kèk elèv pou repete son ak non lèt ak konbinezon lèt ki sou tablo a.

 **Ki son lèt sa a ? (/i/). Ki non lèt sa a ? « i ».**

**Ki son lèt sa a ? (/l/). Ki non lèt sa a ? « l ».**

**Ki son lèt sa a ? (/p/). Ki non lèt sa a ? « p ».**

**Ki son lèt sa a ? (/P/). Ki non lèt sa a ? « P ».**


**Ki son lèt sa a ? (/an/). Ki non lèt sa a ? « an ».**

**Ki son lèt sa a ? (/t/). Ki non lèt sa a ? « t ».**


**Ki son lèt sa a ? (/T/). Ki non lèt sa a ? « T ».**

**Ki son lèt sa a ? (/l/). Ki non lèt sa a ? « l ».**

**Ki son lèt sa a ? (/L/). Ki non lèt sa a ? « L ».**

 Si kèk elèv gen difikilte, fè yon kamarad ede l, epi korije ansanm. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 3 Lekti lèt, mo ak fraz (9 mn)

 Prepare tablo a menm jan ak yon paj ekriti ki vid pou elèv yo ka pratike ekriti lèt, konbinezon lèt, silab ak mo, anvan ou kòmanse.


Ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo sa yo sou tablo a.

 **- lèt, konbinezon lèt : i, l, p, P, an, t, T, l, L**

**- silab : nan, pa, pan, ti, li, lan, tan, pli**

**- mo : lanbi, papi, pli, tati, plan, tant.**

**Kiyès ki ka li lèt, konbinezon lèt, silab, mo ak fraz ki ekri sou tablo a ?**

 Chwazi kèk elèv pou vin li sa ki ekri sou tablo a. Toujou touche yo an dezòd lè w ap fè elèv yo li yo. Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt ak yon konbinezon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt ak konbinezon lèt yo byen pou l li lèt ak konbinezon lèt pou kamarad li a. Apre sa, fè elèv ki pat ka li lèt la oubyen konbinezon lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.







## Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (8 mn)


Peryòd Revizyon Leson 26  
Leson 24 okt 25

**1- Konekte mo ki menm yo.**

pla	Lapli	Eple
EPLÉ	PLIM	PLA
lapli	Eple	plim
Plim	Pla	LAPLI

**2- Chwazi mo ki reprezante imaj la.**

 patat	 pile tape mate	 pat pil tant
 nat pate lapli	 pip plim piman	 ne mant pli

118 Kaye egzèsis 1<sup>a</sup> A.F. 

### Egzèsis # 1 (4 mn)

- ☞ N ap fè yon dènye egzèsis sou mo. Toujou nan paj 118, nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 118 la nan egzèsis # 1 la.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Konekte mo ki menm yo.
  - ☞ Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.
- ☞ Konekte mo ki menm nan 3 kolòn yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse!
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 1 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak mo yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

### Egzèsis # 2 (4 mn)

- ☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis sou mo nan paj 118.
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 118 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 118 la ak nan egzèsis # 2 a.
- ☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Chwazi mo ki reprezante imaj la.
  - ☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat la.
- ☞ Kiyès ki ka idantifye imaj yo wè ki nan bwat la ?
  - ☞ Chwazi plizyè elèv pou idantifye imaj ki nan bwat la. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ Antoure mo ki koresponn ak imaj la pami mo ki ekri anba imaj la. Nou konprann ? Kòmanse!
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak mo ki koresponn ak imaj la yo antoure, Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

## Aktivite 5 Ekri lèt (10 mn)

- ☞ Ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo sou tablo ak nan kaye bouyon.
  - ☞ Prepare tablo a menm jan ak liy ki nan kaye a. Chwazi kèk elèv pou vin ekri silab, mo ak fraz sa yo sou tablo a
- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo sa yo sou tablo a
  - lèt, konbinezon lèt : i, l, p, P, an, t, T, l, L, pl.
  - silab : nan, pa, pan, ti, li, lan, tan, pli.
  - mo : lanbi, papi, pli, tati, plan, tant.



☞ Chwazi plizyè elèv pou ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo sa yo sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt yo.

Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri menm lèt, menm konbinezon lèt, menm silab ak menm mo ki ekri sou tablo a nan kaye bouyon yo.

- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo ! Suiv modèl ki sou tablo a. Gade lèt, konbinezon lèt, silab ak mo byen pou nou ka fè menm jan.**


☞ Pase verifye si tout elèv ap ekri lèt, konbinezon lèt, silab ak mo yo ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt ak konbinezon lèt yo : (i, l, p, P, an, t, T, l, L, pl).

## Aktivite 6 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (15 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

Leson 26 Peryòd Revizyon

Papa Emil ap pile



Papa Emil ap pile lam.  
Manman Lina p ap pile lam.  
Manman Lina p ap plante, li ap pale.  
Lina pa la, li p ap pale.  
Lina p ap pile lam, li p ap plante piman.  
Papa Emil ap pile, pi ta li ap plante.

42 Liv lekli 1 AF

☞ Pran liv lekli ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 42 lan, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :

- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**

☞ Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :

- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Konbyen moun nou wè nan imaj la ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa papa a ap fè ? kisa manman an ap fè ?**

☞ Chwazi 3 elèv pou yo fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a :

**Egzanp :**

**Manman yon ti gason ki ap pale ak papa li.**

- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.

- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

☞ Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

### 2. Li istwa (4 mn)

☞ Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 42 a.

Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.

- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

#### **Papa Emil ap pile**


Papa Emil ap pile lam.

Manman Lina p ap pile lam.


Manman Lina p ap plante, li ap pale.

Lina pa la, li p ap pale.


Lina p ap pile lam, li p ap plante piman.  
Papa Emil ap pile, pi ta li ap plante.


 Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.

 **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

 Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo.

#### 4. Reponn kesyon (8 mn)

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

 **Koute kesyon sa yo byen epi reponn !**

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

**1. De kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib :**

(1) Istwa pale de papa Emil. (2) Istwa a pale de manman ak papa Lina.

**2. Kisa papa Lina ap fè ?**

**3. Kisa manman Lina ap fè ?**

**4. Èske Lina ap plante ? Poukisa ?**

(3) Non, paske Lina pa la.

**5. Kisa papa Lina pral fè pita ?**

#### Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)

 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te revize lèt ak konbinerzon lèt : i, I, p, P, an, t, T, l, L, . (2) Nou te aprann ekri lèt ak konbinezon lèt : i, I, p, P, an, t, T, l, L, (4) Nou te li yon istwa.

# Leson 27 Revizyon

Leson 27 Peryòd Revizyon

Manman Anita



Manman Anita ap plante piman.  
Anita ap plante piman.  
Manman Anita plante ogil piman.

Peryòd Revizyon: Leson 26 ak 27

## Objektif:

- Li mo, silab ak fraz.
- Ekri mo, silab ak fraz.
- Li epi konprann yon istwa

## Materyèl:

- Liv lekti, lesan 27 paj 43
- Kaye egzèsis, lesan 27 paj 119

## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### 1 Kontin

- Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.
- Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap repete chak silab ki nan mo a ki nan kontin nan. Dènye fwa a n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


Nou gen kè kontan.  
Nou pral plante pyebwa nan Nip.  
Nou pral plante legim nan Nò.  
N ap plante, n ap manje.

- Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 2 Lektè silab ak mo (8 mn)

- Prepare tablo a menm jan ak yon paj ekriti ki vid pou elèv yo ka, silab ak mo, avan ou kòmanse.  
Ekri lèt silab ak mo sa yo sou tablo a.
- silab : na, na, ni, mi, te, ple, tan, pli, nan, pa, pan, ti, li, lan,  
- mo : Nana, Mami, Eli, epi, plim, lanbi, papi, pli, tati, plan, tant, pla, apla.  
Kiyès ki ka li silab, mo ki ekri sou tablo a ?
- Chwazi kèk elèv pou vin li sa ki ekri sou tablo a. Toujou touche yo an dezòd lè w ap fè elèv yo li yo. Bay elèv yo 3-4 mn pou yo li.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Rekòmanse ak menm demach la pou lekti nan liv.

### Aktivite 3 Egzèsis nan kaye (10 mn)



#### Egzèsis # 1 (4 mn)

- ☁ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè. Ouvri kaye a nan paj 119 nan egzèsis # 1. Ekri # 119 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou, koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Nwasi kare ki anba silab ki gen son /pl/ la.**
- ☁ Fè elèv li chak mo yo, avan yo nwasi kare ki gen son /pl/ la.
- ☞ **Kiyès ki ka li byen fò pou klas la chak mo ki nan bwat la.**
- ☁ Chwazi kèk elèv pou li chak mo. Si gen elèv ki gen difikilte, ekri mo a sou tablo epi li mo a ansanm ak elèv la. Epi fè l li mo a pou kont li.
- ☞ **Nwasi kare ki anba silab ki gen son /an/. Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☁ Pase verifye si elèv yo nwasi bon kare a. Si elèv yo gen difikilte pou fè l, mande yo pou yo konpare travay yo fè a ak kamarad yo. Si genyen ki fè erè mande elèv la korije erè a.

#### Egzèsis # 2- Dikte. (5 mn)

- ☁ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 119 la, nan egzèsis # 2 a.
- Fe elèv yo pran kaye egzèsis yo pou yo kèk mo ou pral di pou yo. Mande yo pou yo li mo yo apre yo fin ekri yo. Chwazi anviwon 6 mo pami mo yo pou Bay elèv yo dikte a.
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri mo sa yo. Koute byen pou nou ka ekri mo byen. M ap li yo youn pa youn pou nou ka ekri yo :**
- Dikte :**
- pil, pla, plat, mi, Manno, lan, pan, mil, tapi, til, lam, mal, pip, nan, Milo, n ap.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv ap ekri mo yo byen. Si gen elèv ki mal ekri yon mo, ekri mo yo sou tablo a epi mande yo pou yo korije si yo te fè erè. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### Aktivite 4 Ekri lèt (15 mn)

#### 1. Ekri silab, mo sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

- ☁ Prepare tablo a menm jan ak liy ki nan kaye a. Chwazi kèk elèv pou vin ekri silab, mo ak fraz sa yo sou tablo a
- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri silab ak mo sa yo sou tablo a**
- silab : na, na, ni, mi, te, ple, tan, pli, nan, pa, pan, ti, li, lan,
- mo : Nana, Mami, Eli, epi, plim, lanbi, papi, pli, tati, plan, tant, pla, apla
- ☁ Chwazi plizyè elèv pou ekri, silab ak mo sa yo sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon sou jan pou yo ekri lèt yo.

#### 2. Ekri silab ak mo nan kaye bouyon.

- ☁ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri menm silab ak menm mo ki ekri sou tablo a nan kaye bouyon yo.
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri silab ak mo. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade lèt, silab ak mo byen pou nou ka fè menm jan.**
- ☁ Pase verifye si tout elèv ap ekri silab ak mo yo ak kreyon yo nan kaye bouyon yo.

## Aktivite 5 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)

Leson 27 Peryòd Revizyon

Manman Anita



Manman Anita ap plante piman.  
Anita ap plante piman.  
Manman Anita plante anpil piman.  
Papa Anita p ap plante piman.  
Pi ta, papa Anita pap plante lam.  
Anita ap plante, manman li ap plante.

Peryòd Revizyon Leson 26 ak 27

Liv lekli 1 AF 43

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

- Pran liv lekli ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 43 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifeye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*
- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**
  - Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :*
  - ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? kiyès nou wè nan desen an ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa l ap fè ?**
  - Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a:*

#### Egzanp :

**Yon madanm ki ap plante piman.**

- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.**
- Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**
- Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

### 2. Li istwa (4 mn)


- Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifeye si elèv yo nan paj 43 la.*
- Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo..*
- ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

#### Manman Anita


Manman Anita ap plante piman.  
Anita ap plante piman.  
Manman Anita plante anpil piman.  
Papa Anita p ap plante piman.  
Pi ta, papa Anita ap plante lam.  
Anita ap plante, manman li ap plante.

- Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.*
- ☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**
  - Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifeye si elèv yo ap li byen. Chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo.*

#### 4. Reponn kesyon (8 mn)

- 

*Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*
- ☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

  - 

*Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*
  - 1. De kiyès istwa a pale ?
  - 2. Kisa manman Anita ap fè ?
  - 3. Kisa Anita ap fè ?
  - 4. Kisa papa Anita pral fè pita ?
  - 5. Kisa Anita ak manman l te plante ?

#### Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

- ☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te ekri silab ak mo (2) Nou te li yon istwa (4) Nou te reponn kesyon.

# Leson 28 o

## Objektif :


- Dekouvri son ak non lèt « o » .
- Distenge lèt « o » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « o » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 28 paj 44-45
- Kaye egzèsis, leson 28 paj 120-123

### Aktivite 1 Mizantren (3 mn)






#### Kontin (3 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap li chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Oye! oye!  
Tout elèv prese prese,  
y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.  
Tout elèv ap chante.  
Lekti se limyè. Oye!.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

-  *Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.*
- ☞ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti a. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
-  *Ouvri liv la nan paj 44 la. Ekri # 44 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen oslè a.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen oto a.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen towò a.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen moto a.**

- ☞ *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**
  - ☞ *Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande plis nan 4 mo nou sot di yo ?**
  - ☞ *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
- ☞ **Son an se /o/.**
  - ☞ *Jodi a, nou pral aprann son /o/.*

### Aktivite 3 **Konsyans fonemik (6 mn)**

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son /o/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /o/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /o/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
  - ☞ *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /o/. Mo a se : oto.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : lapli.**
  - ☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: oto, manje, ona, ola, otomatik, mamit, epi, opa, mil, nwèl, opinyon.**
  - ☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

- ☞ *Ekri lèt "o" miniskil sou tablo a. Fè yo repete son lèt /o/ miniskil la.*
  - Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /o/.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa ? (/o/)**
  - ☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt « o » miniskil.**
  - ☞ *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a.*
  - Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "o" miniskil.**
  - ☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non li ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa a ? ("o")**
  - ☞ *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « o » miniskil.*
- ☞ **Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou yo ka repete non ak son lèt la byen.**



## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (16 mn)

☞ Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: o, e, an, i, o, l, pl, o, m, o, t, k, o, l, a, n, i. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "o" miniskil pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "o". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "o" miniskil sou tablo a pou klas la.

☞ Èske se lèt "o" miniskil elèv la antoure ?

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.

Lesson 28 O

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

r	o	e	r	o	s
e	l	o	o	R	s
o	v	r	z	t	o
s	o	è	r	o	e

Lesson 28 o

2- Antoure lèt O miniskil yo.

t b a o m y w o p i d o

s o r i o b s v t o l z f

y t a t n y w b t i d t

s t r i o t b v y t l z t

120 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 1 (4 mn)

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.

☞ Ouvri kaye a nan paj 120 an egzèsis # 1. Ekri # 120 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib :

Yon lèt « o » miniskil

☞ Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :

☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la ! Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt "o" miniskil ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "o" miniskil lan. Mande elèv kifè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)

☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "o" miniskil, toujou nan paj 120 an, nan kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 120 an, nan egzèsis # 2 a.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt "o" miniskil ki menm jan ak modèl la.

☞ Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.


☞ Nou konprann ? Kòmanse !

☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.






☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :






☞ Èske lèt sa a se lèt "o" miniskil ?

 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "o" miniskil la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.


### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /o/ toujou nan menm paj la.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 121 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 121 egzèsis # 3.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure imaj kote nou tande son /o/.**
  -  Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.
- ☞ **\Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?**
  -  Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /o/. Nou konprann ? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.





### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "o" miniskil. Toujou nan paj 121, nan avan dènye egzèsis paj la.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 121 an ak nan egzèsis # 4 la. Epi fè elèv yo idantifye chak imaj yo pou yo ka antoure lèt miniskil nan chak mo ki anba yo.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka idantifye imaj yo epi antoure lèt miniskil « o » ki nan mo anba imaj yo.**
  -  Chwazi kèk elèv pou fè aktivite a, ba yo yon mn pou yo fè sa.
- ☞ **kiyès ka di m kisa premye imaj la ye?**
  -  Bay elèv yo 1-2 mn pou yo reponn. Fè menm jan an pou lòt imaj yo.
- ☞ **Antoure lèt « o » chak fwa nou wè li nan yon mo anba imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè travay la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm !**
  -  Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo te antoure nan yon mo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.



## Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (15 mn)

 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.



### 1 Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  -  Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.
  -  Ouvri liv lekti a nan paj 44 la. Ekri # 44 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?
  -  Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite Revèy (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.
  -  Ekri tout lèt sa yo sou tablo : o, e, an, i, o, l, pl, o, m, o, t, k, o, l, a, n, i..
- ☞ Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « o ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « e ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « an ».
  -  Kontinye menm jan an ak lòt lèt yo.

**Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)**

**1. Trase lèt «o» miniskil ak dwèt nou anlè epi sou ban (3 mn)**

- ☞ *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 122 a. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt "o" miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt la anlè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «o» miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil «o» a byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m**
- ☞ *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
- ☞ **Mwen fè yon ti won k ap kòmanse nan yon pwen pou li fini nan menm pwen an.**
- ☞ *Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lèt « o » miniskil la ansanm : Mwen fè yon ti won k ap kòmanse nan yon pwen pou li fini nan menm pwen an.**
- ☞ *Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «o» miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
- ☞ *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

**2. Trase lèt «o» sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)**

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "o" miniskil sou tablo a sou liy sa yo?**
- ☞ *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "o" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :*
- ☞ **Mwen fè yon ti won k ap kòmanse nan yon pwen pou li fini nan menm pwen an.**
- ☞ *Bay elèv yo yon mn pou yo trase lèt la sou ban an.*
- ☞ **Ekri lèt "o" miniskil nan kaye bouyon.**
- ☞ *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « o » miniskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "o" miniskil ! Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

**Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4 mn)**

- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 122 an ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « o » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

6- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

o

Ana pito oto.

Polo pote plim nan.

Kaye egzèsis 1° A.F. 123

**Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la.**

- Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 123 a ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « o » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
- Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
- Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo..

**Aktivite 7 Vokabilè (7-8 mn)**

**Mo a se : oto**

- Nou pral li yon istwa. Avan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo oto. Èske nou konn wè yon oto ? Ki bò nou konn wè oto ? Èske ou konn kondui oto ?
- Bay elèv yo tan pou reponn: (1)... (2)... (3)...
- Oto : se machin ki gen yon motè ak 4 kawotchou ki pèmet moun deplase.
- Fòm 1 fraz kòm egzanp ak mo oto pou elèv yo.
- Egzanp :  
Mwen wè yon bel oto k ap pase nan lari a.
- Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou fòm fraz ak mo "oto". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.

**Aktivite 9 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)**

**1. Prediksyon dapre desen (4 mn)**


Papa Emil pati

Papa Emil pa la, li pati.  
Emil la, manman Emil la.  
Emil ap li, manman li ap pale.  
Oto papa Emil la pa la.  
Papa Emil pati nan oto li a.


Leson 28 ak 29 0-0


Liv lekri 1° A.F. 48

- Pran liv lekri ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou premye desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 45 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :
- Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.
- Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :
- Kisa nou wè nan desen an ? Ki moun ki ladan li ? Kisa nou wè moun yo ap fè ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa nou wè bò kote chak moun yo ?
- Chwazi 3 elèv pou fòm yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòm yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòm fraz yo epi bay yo egzanp sa a :
- Egzanp :  
Mwen wè yon mesye ki pral monte yon oto pou li al travay.
- Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.
- Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 1 mn pou reponn.
- Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?

 *Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

## 2. Koute istwa a (1-2 mn)


 *Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.*

 **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

### Papa Emil pati

Papa Emil pa la, li pati.  
Emil la, manman Emil la.  
Emil ap li, manman li ap pale.  
Oto papa Emil la pa la.  
Papa Emil pati nan oto li a.

## 3. Reponn kesyon (8 mn)

 *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*

 **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

### 1. De kiyès istwa a pale ?

**Repons posib :**

(1) Istwa a pale de papa Emil. (2) Istwa a pale de papa Emil ki pral monte oto. (3) Istwa a pale de papa Emil ki pral pati.

### 2. Kisa papa Emil pral fè ?

### 3. Èske papa Emil la ?

**Repons posib :**

(4) papa Emil pa la. (5) Papa Emil pati.

### 4. Nan kisa papa Emil pati ?

### 5. kiyès ki te rete ak Emil ?

### 6. Kisa Emil t ap fè ?

### 7. Èske manman Emil te ede l li ?


## Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)

 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /o/. (2) Nou te aprann ekri lèt « o » miniskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a. (4) Nou te koute istwa : « Papa Emil pati ».

## Aktivite Lib

 *Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy “**aktivite lib yo**” ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 29 O

## Objektif:


- Dekouvri son ak non lèt /O/ .
- Distenge lèt « O » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « O » byen.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:

- Liv lekti, leson 29 paj 44-45
- Kaye egzèsis, leson 29 paj 124-127

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Oye! oye!  
Tout elèv prese prese,  
y ap li san kè kase.  
Son ak mo mete gete.  
Tout elèv ap chante.  
Lekti se limyè. Oye!.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*





### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : mo, kafe, moto, melon, bato, kabann, foto, machin, poto. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "o" miniskil nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt "o" miniskil nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « O » majiskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*








## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)



- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt /O/ majiskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt /O/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt /O/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**

-  Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.
- ☞ **Son an se /O/. Mo a se : otan.**
  -  Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.
- ☞ **Lòt mo a se : pate.**
  -  Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: Oto, melon, otomatik, Okay, patat, okenn, sandal, orikilè.**
  -  Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.


## 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

-  Ekri lèt "o" miniskil ak lèt "O" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("o" ak "O"). Fè yo repete son lèt /o/ miniskil la avan.
-  -Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
  - Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /o/, son lèt sa a tou se /O/.**
  -  Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (/o/), ki son lèt sa a tou ? (O/)**
  -  Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /o/ ak son /O/ se menm.
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("o"; "O").**
  -  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
    - Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Non lèt sa a se "o" miniskil, non lèt sa a se "O" majiskil.**
  -  Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :
- ☞ **Ki non lèt sa a ? ("o") ? Ki non lèt sa ? "O".**
  -  Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « o » miniskil, non lèt sa a se « O » majiskil.
  - Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt /o/ ak son lèt /O/ se menm.

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (16 mn)

-  Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo : **O, P, D, O, B, O, K, O, L, AN, O.** Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "O" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "O". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "O" sou tablo a pou klas la.
- ☞ **Èske se lèt "O" majiskil elèv la antoure ?**
  -  Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "O" majiskil yo.

## Egzèsis # 1 (4 mn)

-  Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la ! Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**



Ouvri kaye a nan paj 124 nan egzèsis # 1. Ekri # 124 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

**Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib :**

yon lèt « O » majiskil

Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :

**Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!**

Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

**Kounye a, nou pral korije ansanm.**

Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

**Èske lèt sa a se lèt "O" majiskil ?**

Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "O" a. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)

**Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "O" majiskil. Toujou nan paj 124 la, nan kaye egzèsis la.**

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 124 la, nan egzèsis # 2 a.

**Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt "O" majiskil ki menm jan ak modèl la.**

Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

**Nou konprann ? Kòmanse!**

Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

**Kounye a, nou pral korije ansanm !**

Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

**Èske lèt sa a se lèt "O" majiskil ?**

Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "O". Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

Leson 29 O

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

R	Y	E	O	È	O
O	L	O	È	R	S
A	O	R	Z	O	R
S	R	O	O	È	E

2- Antoure lèt O majiskil yo.

T B A O M Y W O P I D O

S O R I O B S V T O L Z F

Y T A T N Y W B T I D T

S T R I O T B V Y T L Z T

124 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

3- Antoure lèt majiskil O nan chak mo.

GAT O

TOW O

BAT O

MOT O

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

o l m t p a n

M L O AN P T A

Aktivite lib

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

125 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

### Egzèsis # 3 (3 mn)


**N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /O/. Nan paj 125 lan.**

Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 125 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 125 nan egzèsis # 3.


**Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt majiskil "O" nan chak mo ki anba imaj yo.**

Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.


**Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**

 Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

- ☞ **Antoure menm jan ak premye lèt ki nan premye mo a, tout lòt lòt «O» ki nan mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !**


 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm !**

 Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3 mn)


- ☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "O". Toujou nan paj 125 lan.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 125 la nan egzèsis # 4 la.


- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte lèt ki menm yo.**

 Li lèt yo liy pa liy ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.


- ☞ **Konekte lèt ki menm nan 2 liy yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse !**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)


 Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo (5 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

## 2. Lekti nan liv (5 mn)

Leson 28 ak 29      o O



o s l è      o t o      t o w o      m o t o

P P e E n N m M a n A N t T

★ P \_ o = P o      t \_ o = t o      n \_ o = n o  
Pl \_ o = P lo      m \_ o = m o

✂ pi nan pli mant plat tant mete  
lo po mo no to plo lo po mo  
epi tape eple pile pate mitan  
lapli plati manti matant

mas oto opa pota Polo Lolo Toto  
loto pito plato manto titato

➤ Pi ta, matant Tina ap pati.  
Mona, pa pile plim Ana a.  
Nina pito moto papa li a.  
Nina mete lam nan plat la.  
Plim Emil la nan oto papa Ana a.

44      Liv lekli 1<sup>er</sup> A.F.

☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekli a.

☞ Ouvri liv lekli a nan paj 44 la. Ekri # 44 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekli a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòm silab pou klas la ?

- ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite Revèy (2 mn)

☞ Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.

☞ Ekri tout lèt sa yo sou tablo : **O, E, AN, I, O, L, PL, O, M, O, T, K, O, L, A, N, I.**

☞ Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « o ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « e ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « an ».

☞ Kontinye menm jan an ak lèt lòt lòt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.

## Aktivite 5 Ekri lèt (13 mn)

### 1. Trase lèt «O» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3 mn)

5- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

Leson 29 O

Oto Emil la pa pati.

Lola ap plante piman.

126 Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.

☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 126 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /O/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.

☞ Kounye a, nou pral trase lèt «O» majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil «O» nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou, gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m

☞ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.

☞ Mwen fè yon gwo won k ap kòmanse nan yon pwen pou li fini nan menm pwen an.

☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.

☞ Kounye a, nou pral fè lèt « O » majiskil la ansanm : Mwen fè yon gwo won k ap kòmanse nan yon pwen pou li fini nan menm pwen an.


☞ Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.

☞ Kounye a, nou pral trase lèt «O» majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.

☞ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

**2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)**

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "O" sou tablo a sou liy sa yo?**
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "O" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eskplikasyon an pou yo :
- ☞ **Mwen fè yon gwo sèk tou won k ap kòmanse nan yon pwen pou li fini nan menm pwen an.**
  - ☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « O » majiskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "O" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.



**Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**


- ☞ **Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 126 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « O » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.



**Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**

- ☞ **Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 127 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « O » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.**
  - ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.


**Aktivite 6 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (10 mn)**




- ☞ **Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 45 la.**
  - ☞ **Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.**
    - ☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

**Papa Emil pati**

Papa Emil pa la, li pati.  
Emil la, manman Emil la.  
Emil ap li, manman li ap pale.  
Oto papa Emil la pa la.  
Papa Emil pati nan oto li a.

 Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. Fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

 Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi 10 elèv ki poko li pou fè yo li istwa a pou kont yo.

---

## Aktivite 7 **Evalyasyon (2 mn)**


☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /O/. (2) Nou te aprann ekri lèt « O » majiskil. (3) Nou te reli istwa « Papa Emil pati ».

---

## Aktivite **Lib**

 Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "**aktivite lib yo**" ki nan nan kaye egzèsis la.

# Leson 30 ou

## Objektif:


- Idantifye son ak non lèt /ou/ .
- Distenge lèt « ou » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « ou » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 30 paj 46-47
- Kaye egzèsis, leson 30 paj 128-131

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**



Tout timoun avanse, avanse.  
 Nou pral nan mache.  
 N ap machande, n ap achte.  
 Makout chaje n ap tounen lakay.  
 Wololoy ! Fè mache se bèl bagay.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : oto, Otwou, otomatik, Okay, patat, Okap, sandal, orikilè. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "o" ak « O » nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt "o" ak « O » nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifie si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « ou » miniskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

-  *Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.*
- ☞ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti a. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
-  *Ouvri liv la nan paj 46 la. Ekri # 46 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifie si elèv yo nan menm paj avèk ou.*

- ☞ **Metè lendèks nou sou desen chou a.**  
☞ *Verifye si yo metè dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Metè lemajè nou sou desen bouch la.**  
☞ *Verifye si yo metè dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Metè lanilè nou sou desen kawoutchou a.**  
☞ *Verifye si yo metè dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Metè orikilè nou sou desen kalalou la.**  
☞ *Verifye si yo metè dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon desen, n ap di m kisa li ye.**  
☞ *Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*
- ☞ **Kounye a, ki son nou tande plis nan 4 mo nou sot di yo ?**  
☞ *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*
- ☞ **Son an se /ou/.**  
☞ *Jodi a, nou pral aprann son /ou/.*

### Aktivite 3 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt /ou/miniskil. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son lèt /ou/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son lèt /ou/ metè de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**  
☞ *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /an/. Mo a se : ouvriye.**  
☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lòt mo a se : tapi.**  
☞ *Verifye si elèv yo metè men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: ouvri, oto, ouragan, toupì, oubyen, patat, ouswa.**  
☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*


#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

- ☞ *Ekri lèt "ou" miniskil sou tablo a. Fè yo repete son lèt /ou/ miniskil la.*  
☞ *-Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a*  
☞ *-Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Son lèt sa a se /ou/.**  
☞ *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa ? (/ou/)**  
☞ *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt « ou » !**  
☞ *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*  
☞ *-Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "ou" miniskil.**  
☞ *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa "ou" ?**


 Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt la”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « ou » miniskil.

Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou yo ka repete non ak son lèt la byen.


## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (16 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: ou, m, o, ou, an, l, ou, p, ou, m, n, ou, k. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt “ou” pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil “ou”. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “ou” sou tablo a pou klas la.


☞ Èske se lèt “ou” miniskil elèv la antoure ?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.

### Egzèsis # 1 (4 mn)

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.


☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.

 Ouvri kaye a nan paj 128 nan egzèsis # 1. Ekri # 128 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.


☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib :

Yon lèt « ou » miniskil

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :


☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.


 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a, se lèt “ou” ?


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “ou” nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)

☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt “ou”. Toujou nan paj 128 la, nan kaye egzèsis la.


 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 128 la, nan egzèsis # 2 a.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt “ou” miniskil ki menm jan ak modèl la.


 Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ Nou konprann ? Kòmanse!




 Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.


☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :


☞ **Èske lèt sa a se lèt “ou” miniskil ?**

 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt “ou”. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

3- Antoure imaj kote nou tande son /OU/.



4- Antoure lèt miniskil ou nan chak mo.




kala, kawotchou, chou, bouch

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 129

### Egzèsis # 3 (3 mn)


☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /ou/. Nan paj 129 la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 129 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 129 nan egzèsis # 3.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure imaj kote nou tande son /ou/.**

 Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.


☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**

 Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ **Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /ou/. Nou konprann ? Kòmanse!**


 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

### Egzèsis # 4 (3 mn)

☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt “ou”miniskil. Toujou nan paj 129, nan kaye egzèsis la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 129 la ak nan egzèsis # 4 la. Epi fè elèv yo idantifye chak imaj yo pou yo ka antoure lèt miniskil nan chak mo ki anba yo.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka idantifye imaj yo epi antoure lèt miniskil « ou » ki nan mo anba imaj yo.**

 Chwazi kèk elèv pou fè aktivite a, ba yo yon mn pou yo fè sa.


☞ **Kiyès ki ka di m kisa premye imaj la ye ?**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo reponn. Fè menm jan an pou lòt imaj yo.


☞ **Antoure lèt miniskil « ou » chak fwa nou wè li nan yon mo anba imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè travay la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.





☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo te antoure nan yon mo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande lòt elèv pou ede l.



**Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (15-... mn)**

 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.



**1. Lekti sou tablo (5 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  -  Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2. Lekti nan liv (5 mn)**





- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  -  Ouvri liv lekti a nan paj 46 la. Ekri # 46 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**
  -  Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li liy **palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.


**Aktivite Revèy (2 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.**
  -  Ekri tout lèt sa yo sou tablo : ou, o, an, m, ou, n, p, o, l, n, o, ou.
- ☞ **Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « ou ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « o ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « an ».**
  -  Kontinye menm jan an ak lèt lòt lòt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.



## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Ekri lèt «ou» sou tablo ak nan kaye bouyon. (4 mn)

-  *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 130 lan.*
- ☛ **Kiyès ki ka vin ekri lèt “ou” miniskil sou tablo a sou liy sa yo?**
-  *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “ou” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon chak lèt yo pou yo.*
-  *Mande elèv yo pou yo ekri lèt « ou » nan kaye bouyon yo.*
- ☛ **Ekri lèt “ou” sou liy ki nan kaye bouyon nou an.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon lèt yo pou elèv yo.*





### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4-5 mn)

-  *Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 130 la nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « ou » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.*
- ☛ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*






### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (4-5 mn)

-  *Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 131 an ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt «ou» miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☛ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

## Aktivite 7 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-17 mn)

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

-  *Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 47 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*
- ☛ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**
-  *Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :*
- ☛ **Kisa nou wè nan desen an ? Ki moun nou wè nan imaj la ? Kisa moun yo ap fè ?**
-  *Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a:*

**Egzanp :**

**Yon manman k ap li ak pitit li.**

☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa.**

☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 15-20 segonn pou reponn.*

☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

☞ *Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

**2. Koute istwa a (2 mn)**

☞ *Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.*

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

**Tani ap eple**

Tani ap li pou manman li.

Tani ap li anpil, manman li pa pale.

Manman Tani la, manman an pa li.

Tani li, epi li ap eple mo tou.

Tani eple: toupri, toupatou epi alantou.

**3. Reponn kesyon (8 mn)**

☞ *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

☞ *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

**1. De kiyès istwa a pale ?**

**Repons posib :**

(1) Istwa a pale de Tani k ap eple. (2) Istwa a pale de Tani k ap li.

**2. Kisa Tani ap fè ?**

**3. Kisa manman an ap fè ?**

(3) Manman Tani ap koute Tani k ap li

**4. Èske Tani renmen li ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

(4) Wi, li renmen li. (5) Wi, Tani renmen li paske li li anpil.

**5. Èske Tani t ap li sèlman ?**

(6) Non, Tani pa t ap li sèlman, li t ap eple mo yo tou.

**6. Ki mo Tani eple ?**

---

## Aktivite 8 Evalyasyon (2 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

Repons posib :

(1) Nou te aprann son /ou/. (2) Nou te aprann ekri lèt « ou » miniskil. (3) Nou te koute istwa « **Anita ap eple** ».

---


## Aktivite Lib



*Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy “**aktivite lib yo**” ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 31 OU

Leson 30 ak 31 ou OU



chou bouch kawoutchou kalalou

e E n N m M an AN t T o O

★ p — ou = pou t — ou = tou m — ou = mou  
n — ou = nou n — ou = nou l — ou = lou

✂ pli plan lanp tant plim mant plant  
ou out pou nou lou tou mou poul tout  
moul loup moun

🍷 plato poto pito plante plati lapli eple  
pote moto lanati

🐘 toupri patou toutou timoun alantou  
toupatou

➤ Ema pito pope Ana pote a.  
Nou eple anpil mo pou papa nou.  
Anita, pa pile toupri Ema a.  
Papa Eli plante poto nan alantou a.

## Objektif:


- Idantifye son ak non lèt /OU/ .
- Distenge lèt « **OU** » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « **OU** » byen.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:


- Liv lekti, lesan 31 paj 46-47
- Kaye egzèsis, lesan 19 paj 132-135

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap li chak silab ki nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Tout timoun avanse, avanse.  
Nou pral nan mache.  
N ap machande, n ap achte.  
Makout chaje n ap tounen lakay.  
Wololoy ! Fè mache se bèl bagay.



-  Felisite epi ankouraje elèv yo.






### 2. Rapèl (3 mn)

-  Ekri plizyè mo sou tablo a : *ouvri, oto, ouragan, toupri, oubyen, patat, ouswa*. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "m" nan mo ki sou tablo a.
- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt "ou" nan mo ki ekri sou tablo a ?  
 Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.
- ☞ Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « **OU** » majiskil.  
 Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan lesan ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (4 mn)



### 1. Di son ak non lèt la (2 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral aprann son ak non lèt /OU/majiskil.  
 Ekri lèt "ou" miniskil ak lèt "OU" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("ou" ak "OU"). Fè yo repete son lèt /ou/ miniskil la avan.  
 -Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a  
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ Son lèt sa a se /ou/, son lèt sa a tou se /OU/.

-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (/ou/), ki son lèt sa a tou ? (/OU/).**
  -  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /ou/ ak son OU/ se menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo (“ou”/“OU”).**
  -  *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*
  - Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se “ou” miniskil , non lèt sa a se “OU” majiskil .**
  -  *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa a ? (“ou”). Ki non lèt sa ? (“OU”).**
  -  *Chwazi kèk elèv pou repete “non lèt yo”. Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « ou » ak « OU ».*

*Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt / ou/ ak son lèt /OU/ se menm.*

### Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (16 mn)

-  *Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: AN, OU, UI, OU, AN, IN, OU, OUN, ON, OU. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt “OU” pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt “OU” majiskil . Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt “OU” sou tablo a pou klas la.*
- ☞ **Èske se lèt “OU” majiskil elèv la antoure ?**
  -  *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt “OU” majiskil yo.*

Lesson 31 OU

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

AN	OU	UI	S	T	UI
UI	L	OU	AN	UI	S
A	UI	D	UI	OU	I
S	OU	ON	T	S	UI


2- Antoure lèt OU majiskil yo.

D **OU** A T O U Y W O U P I D



O U T R I O T B V O U P L Z

P O U E T A O U A N E P T O U




O U E O U I M V P L O U T M


132 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

#### Egzèsis # 1 (4 mn)






-  *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la ! Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
  -  *Ouvri kaye a nan paj 132 a egzèsis # 1. Ekri # 132 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifie si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib :**  
Lèt « OU » majiskil






  -  *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :*
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**
  -  *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifie si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a se “OU” majiskil ?**

 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "OU" majiskil la. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.





### Egzèsis # 2 (4 mn)

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "OU" majiskil. Toujou nan paj 132 a, nan kaye egzèsis la.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 132 a, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt "OU" majiskil ki menm jan ak modèl la.**
  -  Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt majiskil sa a se "OU" ?**
  -  Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou w ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "OU". Si genyen kèk elèv ki fè erè mande yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 3 (3 mn)

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /OU/.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 133 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 133 nan egzèsis # 3.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt /OU/ majiskil nan mo ki anba imaj yo.**
  -  Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**
  -  Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ **Antoure lèt « OU » nan mo ki anba chak imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt « OU » majiskil yo antoure nan mo ki anba imaj yo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

3- Antoure lèt majiskil OU nan chak mo.

			
KALALOU	KAWOTCHOU	CHOU	BOUCH

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.


ou o l m t p an

M L O OU P T AN


Aktivite lib

Leson 31 OU


### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ **Nou pral fè yon lòt egzèsis pou nou ka konekte lèt ki menm yo. Toujou nan paj 133 a, nan egzèsis # 4 la.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 133 a ak nan egzèsis # 4 la.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Konekte lèt ki menm yo.**




 Li lèt yo pou tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.


☞ **Konekte lèt ki menm nan 2 liy yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

## Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (15 mn)


 Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1. Lekti sou tablo (3 mn)


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

 Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.


☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**


 Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2. Lekti nan liv (3 mn)

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

 Ouvri liv lekti a nan paj 46 la. Ekri # 46 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**

 Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.





- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pat ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

Leson 30 ak 31      ou OU

chou      bouch      kawoutchou      kalalou

e E n N m M an AN t T o O

★ p — ou = pou    t — ou = tou    m — ou = mou  
n — ou = nou    n — ou = nou    l — ou = lou

✂ pli plan lanp tant plim mant plant

☞ ou out pou nou lou tou mou poul tout  
moul loup moun

☞ plato poto pito plante plati lapli eple  
pote moto lanati

☞ toupri patou toutou timoun alantou  
toupatou

☞ Ema pito pope Ana pote a.  
Nou eple anpil mo pou papa nou.  
Anita, pa pile toupri Ema a.  
Papa Eli plante poto nan alantou a.  
Emil te pote poul pou papa li.

46      Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

**Aktivite Revèy (2 mn)**

- ☞ Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.
  - ☞ Ekri tout lèt sa yo sou tablo : an, ou, i, ou, an, pou, ou, on, ou.
- ☞ Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « an ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « ou ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « i ».
  - ☞ Kontinye menm jan an ak lèt lòt lòt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.

**Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)**

- ☞ Ekri lèt «OU»majiskil sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)
  - ☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 134 la.
- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt “OU” majiskil sou tablo a sou liy sa yo?
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “OU” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eskplikasyon chak lèt yo pou yo.
  - Mande elèv yo pou yo ekri lèt « OU » nan kaye bouyon yo.
- ☞ Ekri lèt “OU” majiskil sou liy ki nan kaye bouyon nou an.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon lèt yo pou elèv yo.

5- Kopye lèt yo ak fraz yo sou liy kaye a.

OU OU OU

OU

Tout moun la.

Ou pa pale anpil.

Leson 31 OU

**Egzèsis # 5 - Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (5 mn)**

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 134 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « OU » majiskil la. Apre sa, mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

6- Kopye fraz sa a sou liy kaye a.

Loulou pa pile Natou.

Leson 31 OU

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 135

**Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (5 mn)**

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 135 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « OU » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
- ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 6 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (4 mn)

Tani ap eple



Tani ap li pou manman li.  
Tani ap li anpil, manman li p ap pale.  
Manman Tani la, manman an p ap li.  
Tani ap li, epi li ap eple mo tou.  
Tani eple: toupi, toupatou epi alantou.

Leson 30 ak 31 ou-OU

### 1. Li istwa (4 mn)

*Metè liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 47 a.*

*Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.*

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

### Tani ap eple

Tani ap li pou manman li.  
Tani ap li anpil, manman li p ap pale.  
Manman Tani la, manman an p ap li.  
Tani ap li, epi li ap eple mo tou.  
Tani eple: toupiti, toupatou epi alantou.

*Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.*

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

*Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi 10 elèv pou li istwa a pou kont yo.*

## Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)

☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son lèt majiskil /OU/. (2) Nou te aprann ekri lèt « OU » majiskil. (3) Nou te li yon istwa « **Anita ap eple** ».

## Aktivite Lib

*Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.*

## Leson 32 Revizyon o, O ou, OU

### Objektif:


- Idantifye son ak non lèt (o, O, ou, OU) .
- Distenge lèt (o, O, ou, OU) pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniski lak majiskil (o, O, ou, OU) byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa

### Materyèl:


- Liv lekti, leson 32 paj 48-49
- Kaye egzèsis, leson 32 paj 136-137

### Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




#### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou chak fwa n ap di yon silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?

Alina ale lekòl,  
avèk valiz li sou do li.  
Alen li menm vini,  
ak yon anana nan valiz li.


-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

#### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : **ouvri, oto, ouragan, kacho, toupri, titato, oubyen, moto.** Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt o, O, ou, OU nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ Kiyès ki ka vin antoure lèt o, O, ou, OU nan mo ki ekri sou tablo a ?
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifie si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ Jodi a, nou pral revize non ak son lèt o, O, ou, OU nou te aprann yo.
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

### Aktivite 2 Konsyans fonemik (15 mn)

#### 1. Idantifye premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral idantifye premye son lèt o, O, ou, OU. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak youn nan son sa yo (/o/, /O/, /ou/, /OU/). Si li kòmanse ak youn nan son sa yo (/o/, /O/, /ou/, /OU/). Leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak youn nan son sa yo (/o/, /O/, /ou/, /OU/). Mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*

☞ **Son an se /o/. Mo a se : oktòb.**

☞ *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*

☞ **Lòt mo a se : pita.**

**An n kontinye ak lòt pè mo pou son /o/: (Oliv/separe); (chemiz/opera).**

☞ *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an. Epi swiv menm modèl son /o/ a pou son (/ou/,/OU/). Itilize pè mo sa yo: (kouto/Patat); (Lori/klou); (poubèl/soule) sonje reprann konsiy nan lè w ap kontinye ak lòt son yo.*

☞ **An n kontinye ak kèk mo ki genyen son (/ou/,/OU/): (kouto/Patat); (Lori/klou); (poubèl/soule)**

☞ *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*

**2. Di son ak non lèt (2 mn)**

☞ *Ekri lèt (o, O, ou, OU) sa yo sou tablo a. Fè elèv yo repete son ak non tout lèt yo.*

☞ *-Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a pou yo repete yo byen.*

*- Mande tout elèv yo repete son ak non lèt yo byen fò.*

*- Chwazi kèk elèv pou di son ak non lèt ki sou tablo a.*

☞ **Ki son lèt sa a ? (/o/). Ki non lèt sa a ? « o ».**

**Ki son lèt sa a ? (/O/). Ki non lèt sa a ? « O ».**

**Ki son lèt sa a ? (/ou/). Ki non lèt sa a ? « ou ».**

**Ki son lèt sa a ? /OU/. Ki non lèt sa a ? « OU ».**

☞ *Si kèk elèv gen difikilte, fè yon kamarad ede l, epi korije ansanm. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

**Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (15 mn)**

☞ *Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo: o, OU, EN, O, ou, AN, O, IN, ou, OUN, o, OU. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt (o, O, ou, OU) pami lèt ki sou tablo a.*

☞ **Kiyès ki ka vin idantifye lèt (o, O, ou, OU) sou tablo a pou klas la?**

☞ *Bay elèv yo 1 mn pou antoure lèt yo sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt la. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt la sou tablo a pou klas la.*

☞ **Èske se lèt "o" miniskil elèv la antoure ?**

☞ *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lòt lèt (o, ou, OU) yo.*

☞ **Kiyès ki ka vin idantifye lèt « O » majiskil ?**

**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « ou » miniskil ?**

**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « OU » majiskil ?**

Leson 32 Revizyon o, O, ou, OU

1- Ranje lèt yo nan lòd pou ou ekri yon mo ou konnen.

ali papa lala

i a l ali

a p p a

l a a l

2- Kopye fraz yo sou lly kaye a.

Lila ap pile piman.

Pope Ema a la.

136 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**Egzèsis # 1 (4 mn)**

☞ *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*

☞ **Nou pral fè egzèsis pou nou ranje lèt nan lòd pou ou ekri yon mo nou konnen. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwèn.**

☞ *Ouvri kaye a nan paj 136 nan egzèsis # 1. Ekri # 136 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Ranje lèt yo nan lòd pou ou ekri yon mo ki sanble ak youn ki nan rektang lan. Koute byen pou nou ka fè eg-**

**zèsis la! Gade egzèsis la byen epi ekri mo ki kòrèk la sou liy nan.**

*Fè elèv yo idantifye chak lèt yo, avan yo ekri mo a.*


**☞ Kiyès ki ka di non ak son tout lèt li wè nan premye liy lèt yo?**

**Repons posib :**

Nan premye liy lèt yo, mwen wè lèt : i, a, l.

**☞ Ekri yon mo ak lèt sa yo.**

*Pase verifye si elèv yo ap ekri mo a nan kaye yo. Si elèv yo gen difikilte pou li ekri mo ki kòrèk la, mande yo pou yo konpare mo yo ekri a ak kamarad yo, epi mande elèv ki te fè erè pou li efase mo ki pat kòrèk la epi pou li ekri li byen nan kaye. Epi ekri mo a byen sou tablo a pou tout elèv yo ka korije menm jan.*



**Egzèsis # 2 (4 mn)**

**☞ N ap fè egzèsis # 2 a. Toujou nan paj 136 la.**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 136 la ak nan egzèsis # 2 a.*

**☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Mete mo yo nan lòd pou ou fòme fraz.**


*Fè elèv yo li chak liy mo ki an dezod yo byen anvan yo mete mo yo nan lod. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.*

**☞ Mete mo yo nan lòd pou ou fòme fraz. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse!**

*Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

**☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.**

*Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike kijan yo ranje mo yo pou yo fè fraz la. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.*



**Egzèsis # 3- Dikte. (4 mn)**

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 137 la, nan egzèsis # 3 a.*

*Fe elèv yo pran kaye egzèsis yo pou yo ekri kèk mo ou pral li pou yo. Chwazi 6 oubyen 7 mo nan lis mo ki anba a epi mande yo pou yo li mo yo apre yo fin ekri yo.*

**☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri mo sa yo. Koute byen pou nou ka ekri mo byen. M ap li yo youn pa youn pou nou ka ekri yo : tapi, poto, plati, plato, manti, mitan, matant, timoun, ansanm, anana, titato, aliman alantou, toupatou.**

*Pase verifye si tout elèv ap ekri mo yo byen. Si gen elèv ki mal ekri yon mo, ekri mo yo sou tablo a epi mande yo pou yo korije si yo te fè erè. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

**Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)**

*Mande elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.*

### 1 Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.
  - ☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.
  - ☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2 Lekti nan liv (5 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.
  - ☞ Ouvri liv lekti a nan paj 48 la. Ekri # 48 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?
  - ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

Leson 32 Revizyon o O ou OU

m M an AN t T o O ou OU

pat nou plan poul tout pant lanp mant plat moun loup plim plant

tapi poto plati plato manti mitan matant timoun ansanm anana titato aliman alantou toupatou

Ana pito pope Ema pote a.  
Eli ap eple anpil mo pou papa li.  
Plim Eli a nan oto papa Emil la.  
Nina mete anana a nan plat la.  
Anita, pa mete lanp la sou tapi a.  
Papa Ana plante poto tout alantou a.  
Ana ap pote poul pou papa li pi ta.

48 Liv lekti 1<sup>er</sup> A.F.

## Aktivite 5 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (12 mn)

Tout moun pote pitimi



Ana pote pitimi pou poul manman li a.  
Ali pote pitimi pou poul papa li a tou.  
Manman Ana pati al plante lam.  
Papa Ali pati tou nan oto li.  
Ana epi Ali pote pitimi pou poul.

Leson 32 Revizyon o-O ou-OU

Liv lekti 1<sup>er</sup> A.F. 49

### 1. Prediksyon dapre desen (4 mn)

- ☞ Pran liv lekti ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou dezyèm desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 49 lan, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :
  - ☞ Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.
    - ☞ Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an. Epi di :
  - ☞ Kisa nou wè nan desen an ? Konbyen moun nou wè nan imaj la ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa timoun yo ap fè ?

Tout moun pote pitimi



Ana pote pitimi pou poul manman li a.  
Ali pote pitimi pou poul papa li a tou.  
Manman Ana pati al plante lam.  
Papa Ali pati tou nan oto li.  
Ana epi Ali pote pitimi pou poul.

Leson 32 Revizyon o-O ou-OU

Liv lekòl 1<sup>e</sup> A.F. 49

☁ Chwazi 3 elèv pou fòmè yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòmè yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòmè fraz yo epi bay yo egzanp sa a:

**Egzanp :**

**Ana avèk Ali ap bay poul yo manje.**

☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a.**

☁ Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 1 mn pou reponn.

☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase dapre desen an ?**

☁ Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.

## 2. Li istwa (4 mn)

☁ Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 49 la.

Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respektè poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

### Tout moun pote pitimi

Ana pote pitimi pou poul manman li a.

Ali pote pitimi pou poul papa li a tou.

Manman Ana pati al plante lam.

Papa Ali pati tou nan oto li.

Ana epi Ali pote pitimi pou poul.

☁ Lè w fin li istwa pou elèv yo mete yo 2 pa 2, fè youn li pou lòt epi fè yo touche chak mo y ap li. Pase verifye si elèv yo ap li istwa.

☞ **Kiyès ki ka li istwa byen fò pou klas la?**

☁ Chwazi elèv nan klas la ki gen plis difikilte lè yo ap li, pou yo li istwa byen fò youn pa youn. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## 3. Reponn kesyon (4 mn)

☁ Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

☁ Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

**1. De kisa istwa a pale ?**

**2. Pou kiyès Ana ak Ali te pote pitimi an ?**

**3. Kisa manman Ana al fè ?**

**4. Kisa papa Ali fè ?**



---

## Aktivite 6 Evalyasyon (2 mn)

☺ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

Repons posib :

(1) Nou te revize son lèt (o, O, ou, OU). (2) Nou te ekri lèt (o, O, ou, OU). (3) Nou te li yon istwa « **tout moun pote poul.** »

# Leson 33 s

## Objektif :


- Dekouvri son ak non lèt « s » .
- Distenge lèt « s » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « s » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 33 paj 50-51
- Kaye egzèsis, leson 33 paj 138-141

## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)







### Kontin (3 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap li chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


Tout timoun avanse.  
Fèt la pral kòmanse.  
N ap maske pou nou danse.  
San kè sote n ap danse:  
Banm pase chaloska !

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

-  *Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.*
- ☞ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti a. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
-  *Ouvri liv la nan paj 50 la. Ekri # 50 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen solèy la.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen sak la.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen chif sèt lan.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen tas la.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon**

desen, n ap di m kisa li ye.

 *Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*

☞ **Kounye a, ki son nou tande plis nan 4 mo nou sot di yo ?**

 *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*

☞ **Son an se /s/.**

Jodi a, nou pral aprann son /s/.


### Aktivite 3 Konsyans fonemik (6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)


☞ **Kounye a, nou pral aprann son /s/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak son /s/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /s/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**

 *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*

☞ **Son an se /s/. Mo a se : sote.**

 *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*


☞ **Lòt mo a se : lanp.**

 *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*

☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: sale, oto, touse, soupe, ola, soti, santi, pouse, plise, souse, panse, souple.**

 *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*


#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

 *Ekri lèt "s" miniskil sou tablo a. Fè yo repete son lèt /s/ miniskil la.*

☞ **-Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a**

- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.


☞ **Son lèt sa a se /s/.**

 *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki son lèt sa ? (/s/)**


 *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*

☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt « s »**


 *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*

- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se "s" miniskil.**


 *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki non lèt sa a ? ("s")**


 *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « s »*

☞ **Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou yo ka repete non ak son lèt la byen.**

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (16 mn)

 Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: **s, ou, o, s, e, s, ou, s, i, o, s, l, pl, s, o**. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "s" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "s". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "s" sou tablo a pou klas la.

☞ **Èske se lèt "s" miniskil elèv la antoure ?**

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.


Leson 33 S

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.


a	s	e	s	t	e
e	l	s	a	e	s
a	s	d	s	t	i
s	e	n	t	s	e

2- Antoure lèt S miniskil yo.


z b a **s** n y w s p i d s  
s t r i o s b v t s l z f  
s o u s t a s a n e p t s  
o u s s i m v s l o u t m

138 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

### Egzèsis # 1 (4 mn)

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.


☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

 Ouvri kaye a nan paj 138 la egzèsis # 1. Ekri # 138 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

Repons posib :


(1) Yon lèt « s » miniskil

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :


☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**


 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ **Èske lèt sa a se lèt "s" miniskil ?**


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "s" nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)


☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "s". Toujou nan paj 138 la, nan kaye egzèsis la.**

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 138 la, nan egzèsis # 2 a.


☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt "s" miniskil ki menm jan ak modèl la.**

 Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ **Nou konprann ? Kòmanse!**

 Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :


Leson 33 S

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

a	s	e	s	t	e
e	l	s	a	e	s
a	s	d	s	t	i
s	e	n	t	s	e

2- Antoure lèt S miniskil yo.

z b a **s** n y w s p i d s  
s t r i o s b v t s l z f  
s o u s t a s a n e p t s  
o u s s i m v s l o u t m

138 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 

☞ Èske lèt sa a se lèt "s" miniskil ?

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "s". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /s/. Nan paj 139 la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 139 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 139 egzèsis # 3.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure imaj kote nou tande son /s/.

☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.

☞ Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?

☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ Antoure menm jan ak premye imaj la, tout lòt imaj kote nou tande son /s/. Nou konprann ? Kòmanse!

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

**Egzèsis # 4 (3 mn)**

☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "s". Toujou nan paj 139, nan kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 139 la ak nan egzèsis # 4 la. Epi fè elèv yo idantifye chak imaj yo pou yo ka antoure lèt miniskil « s » nan chak mo ki anba yo.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka idantifye imaj yo epi antoure lèt miniskil « s » ki nan mo yo.

☞ Chwazi kèk elèv pou fè aktivite a, ba yo yon mn pou yo fè sa.

☞ Kiyès ka di m kisa premye imaj la ye?

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo reponn. fè menm jan an pou lòt imaj yo.


☞ Antoure lèt « s » chak fwa nou wè li nan yon mo anba imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse!

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè travay la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.


☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo te antoure nan yon mo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

3- Antoure imaj kote nou tande son /s/.



4- Antoure lèt miniskil S nan chak mo.




Aktivite lib





Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 139

Lesson 33 s



## Aktivite 5 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)

 Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.



### 1 Lekti sou tablo (5 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  -  Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2 Lekti nan liv (5 mn)






- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  -  Ouvri liv lekti a nan paj 50 lan. Ekri # 50 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**
  -  Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
    - Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

## Aktivite Revèy (2 mn)





- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.**
  -  Ekri tout lèt sa yo sou tablo : s, o, e, s, i, s, o, l, t, s, o, m, s, o.
- ☞ **Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « s ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « o ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « e ».**
  -  Kontinye menm jan an ak lòt lèt yo.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)



### 1. Trase lèt «s» miniskil ak dwèt nou anlè epi sou ban (3 mn)

-  *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 140 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /s/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt la anlè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « s » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « s » nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m**
-  *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
- ☞ **Mwen fè yon koub kouche ki ouvri adwat, nan pwent anba li mwen fè yon lòt koub kouche ki ouvri agoch.**
-  *Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lèt « s » miniskil la ansanm : Mwen fè yon koub kouche ki ouvri adwat, nan pwent anba li mwen fè yon lòt koub kouche ki ouvri agoch.**
-  *mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « s » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
-  *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye (4 mn)

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt “s” sou tablo a sou liy sa yo?**
-  *Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “o” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :*
- ☞ **Mwen fè yon koub kouche ki ouvri adwat, nan pwent anba li mwen fè yon lòt koub kouche ki ouvri agoch.**
-  *Bay elèv yo yon mn pou yo trase lèt la sou ban an.*
- ☞ **Ekri lèt “s” miniskil nan kaye bouyon.**
-  *Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt «s» miniskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt “s” miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

-  *Metè kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 140 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « s » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
-  *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*

**Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**

- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 141 an ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « s » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri ! Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo*

**Aktivite 7 Vokabilè (4 mn)**

**Mo a se : « sal »**

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Avan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo sal ? Èske ou konn sa yon sal ye ? Ki sal nou ka bay kòm egzanp ? Konbyen sal nou gen lakay nou ?**
- ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn:*  
(1)... (2)... (3)...
- ☞ **Sal se : Yon pyès nan yon kay.**
- ☞ *Fòm 1 fraz kòm egzanp ak mo sal pou elèv yo.*
- Egzanp :**
- Nou chita nan yon gwo sal pou nou gade televizyon.**
- ☞ *Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou fòm fraz ak mo "sal". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.*


**Aktivite 8 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (13-15 mn)**

**1. Prediksyon dapre desen (4 mn)**




- ☞ *Pran liv lekli ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou premye desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 51 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*
- ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**
- ☞ *Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an, epi di :*
- ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Ki bò moun yo ye ? Kisa moun yo ap fè ? Ki koulè rad ki sou yo ?**
- ☞ *Chwazi 3 elèv pou fòm yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòm yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòm fraz yo epi bay yo egzanp sa a :*
- Egzanp :**
- Mwen wè yon mesye ki pral manje.**
- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa a.**
- ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 1 mn pou reponn.*
- ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**



 *Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

## 2. Koute istwa a (3 mn)

 *Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.*

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare? M ap kòmanse li istwa a!**

### Papa Eli pito soup


Papa Eli nan sal la.

Pitit li a pote soup, pate epi pitimi.

Papa Eli pito soup pase pate.

Li mete anpil soup pou papa li.

## 3. Reponn kesyon (5 mn)

 *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*

☞ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

1. De kiyès istwa a pale ?

2. Ki bò papa Eli ye ?

Repons posib :

(1) Papa Eli pa nan sal la. (2) Papa Eli soti. (3) Papa Eli ale nan salamanje.

3. Kisa Eli pote pou papa li ?

4. Kisa papa Eli renmen plis ?

5. Nan kisa papa Eli t ap bwe soup la ?

---

## Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)


☞ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

Repons posib :

(1) Nou te aprann son /s/. (2) Nou te aprann ekri lèt « s » miniskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a. (4) Nou te koute istwa : « **Papa Eli pito soup** ».

---

## Aktivite Lib

 *Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy “**aktivite lib yo**” ki nan nan kaye egzèsis la.*

# Leson 34 S

## Objektif:


- Dekouvri son ak non lèt /S/.
- Distenge lèt « S » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « S » byen.
- Koute epi konprann yon istwa pou reponn kesyon

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 34 paj 50-51
- Kaye egzèsis, leson 34 paj 142-145

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)




### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**

Tout timoun avanse.  
 Fèt la pral kòmanse  
 N ap maske pou n danse  
 san kè sote n ap danse:  
 Banm pase Chaloska!


-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*




### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : **soup, mo, kafe, tas, moto, melon, soukoup, bato, sous, foto, sòs, poto**. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "s" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt "s" nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « S » majiskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*







## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)



- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt majiskil /S/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /S/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /S/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /S/. Mo a se : soti.**

-  *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*
- ☞ **Lèt mo a se : kann.**
-  *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*
- ☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: sitwon, matant, kite, tas, moto, anana, savan, bato, savon, foto, sòs, poto.**
-  *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*



## 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

-  *Ekri lèt "s" miniskil ak lèt "S" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("s" ak "S"). Fè yo repete son lèt /s/ miniskil la avan.*
- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a
- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.
- ☞ **Son lèt sa a se /s/, son lèt sa a tou se /S/.**
-  *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (/s/), ki son lèt sa a tou ? /S/**
-  *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /s/ ak son /S/ se menm.*
- ☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("s" / "S").**
-  *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*
- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.*
- ☞ **Non lèt sa a se "s" miniskil , non lèt sa a se " S " majiskil .**
-  *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*
- ☞ **Ki non lèt sa a ? "s" ? Ki non lèt sa a ? "S"**
-  *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « s » ak « S ».*
- Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt /s/ ak son lèt /S/ se menm.*

## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (16 mn)

-  *Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: S, O, U, S, P, s, M, O, S, N, A, S, K, s, O, L, S, T, O. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "S" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "S". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "S" sou tablo a pou klas la.*
- ☞ **Èske se lèt "S" majiskil elèv la antoure ?**
-  *Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "S" majiskil yo.*





## Egzèsis # 1 (4 mn)

-  *Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.*
- ☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
-  *Ouvri kaye a nan paj 142 a egzèsis # 1. Ekri # 142 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt**

**nou wè agoch ?**

**Repons posib :**

Yon lèt « S » majiskil

-  *Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa, di :*
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmnanse!**
-  *Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "S" majiskil ?**
-  *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "S" nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

Leson 34 S

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.






A	S	E	S	T	E
E	L	S	A	E	S
A	S	D	S	T	I
S	E	N	T	S	E

2- Antoure lèt S majiskil yo.





Z B A (S) N Y W S P I D S  
 S T R I O S B V T S L Z F  
 S O U S T A S A N E P T S  
 O U S S I M V S L O U T M

142 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "S". Toujou nan paj 142 a, nan kaye egzèsis la.**
-  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 142 a, nan egzèsis # 2 a.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt "S" majiskil ki menm jan ak modèl la.**
-  *Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.*
- ☞ **Nou konprann ? Kòmnanse!**
-  *Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
-  *Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :*
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "S" majiskil ?**
-  *Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "S". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.*

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /S/. Nan paj 143 a.**
-  *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 143 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 143 a egzèsis # 3.*
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt majiskil "S" nan chak mo ki anba imaj yo.**
-  *Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.*
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?**
-  *Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :*
- ☞ **Antoure menm jan ak premye lèt ki nan premye mo a, tout lòt lèt « S » ki nan mo yo. Nou konprann ? Kòmnanse!**
-  *Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.*

3- Antoure lèt majiskil S nan chak mo.

 SOLÈY
  SAK
  SÈT
  POUS

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

m o l s p a n  
 M L O P S A N

Aktivite lib

143 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

3- Antoure lèt majiskil S nan chak mo.

SOLÈY SAK SÈT POUSS

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

m o l s p an  
M L O P S AN

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F. 143

**Egzèsis # 4 (3 mn)**

☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "S". Toujou nan paj 143 a.**

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 143 a ak nan egzèsis # 4 la.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Konekte lèt ki menm yo.**

☞ Li lèt yo liy pa liy ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.

☞ **Konekte lèt ki menm nan 2 liy yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse!**

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

**Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (15 mn)**

☞ Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

**1. Lekti sou tablo (5 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**

☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2. Lekti nan liv (5 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 50 lan. Ekri # 50 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**

- ☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
  - Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

### Aktivite **Revèy (2 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.**
  - ☞ Ekri tout lèt sa yo sou tablo : **S, O, E, S, I, D, L, B, S, OU, N, S, O.**
- ☞ **Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « S ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « O ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « E ».**
  - ☞ Kontinye menm jan an ak lèt lòt lòt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.

### Aktivite 5 **Ekri lèt (13 mn)**

#### 1. Trase lèt «S» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3 mn)

- ☞ Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 144 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /S/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «S» majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil «S» nan byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou, gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m**
  - ☞ Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.
- ☞ **Mwen fè yon gwo koub kouche ki ouvri adwat nan pwent anba li mwen fè yon lòt gwo koub kouche ki ouvri agoch.**
  - ☞ Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lèt « S » majiskil la ansanm : Mwen fè yon gwo koub kouche ki ouvri adwat nan pwent anba li mwen fè yon lòt gwo koub kouche ki ouvri agoch.**
  - ☞ Mande elèv yo trase lèt la sou ban an.
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « S » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
  - ☞ Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.

#### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4 mn)

- ☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt “S” sou tablo a sou liy sa yo?**
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt “S” sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :
- ☞ **Mwen fè yon gwo koub kouche ki ouvri adwat nan pwent anba li mwen fè yon lòt gwo koub kouche ki ouvri agoch.**

☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « S » majiskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.

☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "S" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 144 la ak nan egzèsis # 5 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « S » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 145 la nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « S » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Aktivite 6 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (15 mn)



### Li Istwa (12 mn)

☞ Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 51 an.

Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.

☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare? M ap kòmanse li istwa a!**

#### Papa Eli pito soup

Papa Eli nan sal la.

Pitit li a pote soup, pate epi pitimi.

Papa Eli pito soup pase pate.


Li mete anpil soup pou papa li.

☞ Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.

☞ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

☞ Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi 10 elèv ki poko li pou fè yo li istwa a pou kont yo.

## 2. Reponn Kesyon (5 mn)

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

☞ Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

1. Kisa papa Eli pi renmen ?
2. Kisa papa Eli pral fè ?
3. Kisa pitit papa Eli a pote pou li ?
4. Kisa pitit papa Eli a fè lè li rive ?
5. E ou menm kisa ou pi renmen : Soup oubyen pate ?


## Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)

☞ Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?

Repons posib :

- (1) Nou te aprann son /S/. (2) Nou te aprann ekri lèt « S » majiskil. (3) Nou te li istwa « Papa Eli pito soup ».

## Aktivite Lib

 Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.



# Leson 35 è

## Objektif :


- Dekouvri son ak non lèt « è » .
- Distenge lèt « è » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt miniskil « è » byen.
- Dekri yon imaj an detay avèk pwòp mo pa w.
- Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl:


- Liv lekti, leson 35 paj 52-53
- Kaye egzèsis, leson 35 paj 146-149

## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)







### Kontin (3 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap li chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


O !! gade yon lakansyèl !  
Li bèl, li gen koulè  
ble, jòn, vèt, wouj, vyolèt.  
Li pa ni moun, ni bèt.  
Mwen renmen gade lakansyèl.

-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*


## Aktivite 2 An n jwe ak imaj (5 mn)

-  *Pou chak aktivite ou pral fè nan liv lekti a, toujou vire liv la anfas klas la epi mete dwèt ou sou imaj ou pral travay la, pou tout klas la ka wè nan ki paj ou ye.*
- ☞ **Nou pral fè yon aktivite sou son nou pral aprann nan. Pran liv lekti a. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**
-  *Ouvri liv la nan paj 52 la. Ekri # 52 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj ou ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj avèk ou.*
- ☞ **Mete lendèks nou sou desen kè a.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lemajè nou sou desen tèt la.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete lanilè nou sou desen chif sèt la.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Mete orikilè nou sou desen mèt la.**
-  *Verifye si yo mete dwèt yo sou bon imaj la epi korije si li nesesè.*
- ☞ **Kounye a, mwen pral touche desen yo. Chak fwa mwen touche yon**

desen, n ap di m kisa li ye.

 *Vire liv la pou montre elèv yo desen an. Touche chak desen yo pandan w ap mande elèv yo kisa li ye. Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre sa mande yo repete mo yo.*

☞ **Kounye a, ki son nou tande plis nan 4 mo nou sot di yo ?**

 *Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son ki repete plis la pou elèv yo.*

☞ **Son an se /è/.**

Jodi a, nou pral aprann son /è/.


### Aktivite 3 Konsyans fonemik (5-6 mn)

#### 1. Rekonèt premye son (4 mn)


☞ **Kounye a, nou pral aprann son /è/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /è/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /è/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**

 *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*


☞ **Son an se / è /. Mo a se : èpòt.**

 *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*


☞ **Lòt mo a se : kabrit.**

 *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.*

☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: èg, sale, èd, touse, mab, èni, ola, soti, santi, èn, plise.**

 *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*


#### 2. Di son ak non lèt la (2 mn)

 *Ekri lèt "è" miniskil sou tablo a. Fè yo repete son lèt /è/ miniskil la.*

-Touche lèt la pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse son lèt la byen fò pou tout klas la.


☞ **Son lèt sa a se /è/.**

 *Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki son lèt sa a ? /è/**


 *Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons lan.*

☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt « è »**


 *- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a*

- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se "è" miniskil.**

 *Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :*

☞ **Ki non lèt sa a ? "è" miniskil.**

 *Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt la". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt sa a se « è » miniskil*

☞ **Touche lèt la yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou yo ka repete non ak son lèt la byen.**

## Aktivite 4 Rekonèt lèt yo (16 mn)

Leson 35 è

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.


a	s	è	s	t	è
è	l	s	a	è	s
a	s	d	s	t	i
s	è	n	t	s	è

Leson 35 è


2- Antoure lèt è miniskil yo.

è b a è z y w è p i d t  
s t è i o è b v è p l z è  
è o u s t a s a n e p t s è  
è s s è m v s è o u t è


146 Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F.

 Ale sou tablo a, ekri lèt miniskil sa yo: è, s, ou, è, s, e, s, è, s, i, è, s, è. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "è" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt miniskil "è". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "è" sou tablo a pou klas la.


☞ Èske se lèt "è" miniskil elèv la antoure ?

 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an.

### Egzèsis # 1 (4 mn)

 Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.


☞ Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la. Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.

 Ouvri kaye a nan paj 146 la egzèsis # 1. Ekri # 146 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.


☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?

Repons posib :

Yon lèt « è » miniskil

 Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :


☞ Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm !


 Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a se lèt "è" miniskil ?


 Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "è" nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

### Egzèsis # 2 (4 mn)


☞ Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "è". Toujou nan paj 146, nan kaye egzèsis la.

 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 146 la, nan egzèsis # 2 a.


☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure lèt "è" miniskil ki menm jan ak modèl la.

 Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.

☞ Nou konprann ? Kòmanse !

 Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm !

 Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :

☞ Èske lèt sa a, se lèt "è".

☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "è". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesèsè.

3- Antoure imaj kote nou tande son /è/ yo.

4- Antoure lèt miniskil è nan chak mo.

Aktivite lib

Kaye egzèsis 1<sup>er</sup> A.F. 147

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

☞ N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou lèt /è/. Nan paj 147 la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 147 byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 147 egzèsis # 3.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Antoure imaj kote nou tande son /è/.

☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.

☞ Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo?

☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :

☞ Antoure imaj kote nou tande son /è/. Nou konprann ? Kòmanse!

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm.

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.

**Egzèsis # 4 (3 mn)**

☞ N ap fè yon lòt egzèsis sou lèt "è". Toujou nan paj 147, nan kaye egzèsis la.

☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 147 la ak nan egzèsis # 4 la. Epi fè elèv yo idantifye chak imaj yo pou yo ka antoure lèt miniskil nan chak mo ki anba yo.

☞ Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka idantifye imaj yo epi antoure lèt miniskil « è » ki nan mo yo.

☞ Chwazi kèk elèv pou fè aktivite a, ba yo yon mn pou yo fè sa.

☞ Kiyès ka di m kisa premye imaj la ye ?

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo reponn. fè menm jan an pou lòt imaj yo.

☞ Antoure lèt « è » chak fwa nou wè li nan yon mo anba imaj yo. Nou konprann ? Kòmanse!

☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè travay la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.

☞ Kounye a, nou pral korije ansanm !

☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo te antoure nan yon mo. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

### 1 Lekti sou tablo

Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.

Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.

Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

### 2 Lekti nan liv

Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.

Ouvri liv lekti a nan paj 53 a. Ekri # 53 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?


Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.

- Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.



### Aktivite Revèy (2 mn)

Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.


Ekri tout lèt sa yo sou tablo : a, s, ou, è, s, e, s, è, i, è.

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « a ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « s ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « ou ».

Kontinye menm jan an ak lòt lèt yo.

## Aktivite 6 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Trase lèt «è» miniskil ak dwèt nou anlè epi sou ban (3-5 mn)



*Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 148 la. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /è/ miniskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt la anlè.*

☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « è » miniskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt miniskil « è » a byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m**

*Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*

☞ **Mwen trase yon demi sèk louvri sou bò dwat, nan pwent anlè demi sèk la m ap fè yon tikoub desann pou rive nan mitan demi sèk la. Apre sa mwen fè yon liy toukout panche agoch sou tèt li.**

*Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*

☞ **Kounye a, nou pral fè lèt « è » miniskil la ansanm : Mwen trase yon demi sèk louvri sou bò dwat, nan pwent anlè demi sèk la m ap fè yon tikoub desann pou rive nan mitan demi sèk la. Apre sa mwen fè yon liy toukout panche agoch sou tèt li.**

*mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*

☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « è » miniskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**

*Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

### 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

☞ **Kiyès ki ka vin ekri lèt "è" sou tablo a sou liy sa yo?**

*Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "è" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :*

☞ **Mwen trase yon demi sèk louvri sou bò dwat, nan pwent anlè demi sèk la m ap fè yon tikoub desann pou rive nan mitan demi sèk la. Apre sa mwen fè yon liy toukout panche agoch sou tèt li.**

*Bay elèv yo yon mn pou yo trase lèt la sou ban an.*

*Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt «è» miniskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.*

☞ **Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "è" miniskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.**


*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.*

### Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

*Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 148 la ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « è » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.*

☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**

*Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*



È - 6- Kopye lèt la ak fraz yo sou liy kaye a.

è \_\_\_\_\_

Mèt la ap pale.

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Ana mete pous li anlè.

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Lesson 35 è

Kaye egzèsis 1<sup>o</sup> A.F. 149

### Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la.

- ☞ *Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 149 la ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « è » miniskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.*
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.**
- ☞ *Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.*


### Aktivite 7 Vokabilè (4 mn)

#### Mo a se : « linèt »

- ☞ **Nou pral li yon istwa. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans mo ki nan istwa a. Nan istwa nou pral li jodi a gen mo linèt ? Èske nou konn wè linèt ? Kilè nou konn tande yo pale de linèt ? Poukisa yon moun konn mete linèt ?**
  - ☞ *Bay elèv yo tan pou reponn:*  
(1)... (2)... (3)...
  - ☞ **Linèt se : Yon objè moun mete nan vizaj pou pwoteje zye oubyen pou pèmèt yo wè pi byen.**
  - ☞ *Fòme 1 fraz kòm egzanp ak mo linèt pou elèv yo.*
- Egzanp :**  
**Papa mwen mete linèt li a pou l li.**
- ☞ *Epi chwazi 2 fi ak 2 gason pou fòme fraz ak mo "linèt". Lòt elèv yo ap koute byen, pou yo ede oswa korije si nesèsè.*

### Aktivite 8 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (10 mn)

Ènès ap li




Ènès ap li pou mèt la.  
Mèt la mete linèt pou li tou.  
Mèt la ap li, Ènès ap li tou.  
Ènès ap pale sou tout sa li ap li.  
Pi ta, Ènès ap li pou manman li.

Lesson 35 ak 36 è-È


Liv lekri 1<sup>o</sup> A.F. 58

#### 1. Prediksyon dapre desen (4-5 mn)

- ☞ *Pran liv lekri ou a, vire li anfas klas la, mete dwèt ou sou premye desen elèv yo pral fè prediksyon sou li a nan paj 53 la, pou tout klas la ka wè l byen. Pase verifye si tout elèv yo nan bon paj la. Epi di :*
  - ☞ **Kounye a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. N ap sèvi ak desen an pou nou fè sa. Gade desen an byen pou nou ka di kisa ki pral pase nan istwa a.**
  - ☞ *Bay elèv yo yon mn pou yo byen gade desen an. Epi di :*
  - ☞ **Kisa nou wè nan desen an ? Ki bò moun yo ye ? Ki koulè rad ki sou yo ? Kisa yo gen nan men yo ? Kisa moun yo ap fè ?**
  - ☞ *Chwazi 3 elèv pou fòme yon fraz ki dekri imaj la. Chak elèv dwe fòme yon fraz. Si yo gen difikilte pou yo reponn, chwazi lòt elèv pou ede yo fòme fraz yo epi bay yo egzanp sa a :*
- Egzanp :**  
**Mwen wè yon mèt ki kanpe ak linèt nan zye li k ap li.**
- ☞ **Kounye a, nou pral di kisa ki pral pase nan istwa !**
  - ☞ *Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou di kisa li panse ki pral pase nan istwa. Bay elèv yo 1 mn pou reponn.*
  - ☞ **Kiyès ki ka di nou kisa li panse ki pral pase nan istwa a ?**

 *Ekri nan yon kaye oubyen sou yon fèy papyè, non elèv yo bò kote repons yo bay yo, pou fè aktivite a. Felisite elèv ki bay anpil lide sou sa ki pral pase nan istwa a dapre desen an. Ankouraje elèv ki pa patisipe yo pou yo fè plis efò.*

## 2. Koute istwa a (3 mn)


 *Lè w ap li istwa pou elèv yo, mande tout elèv fè silans. Lè yo byen konsantre pou koute w, li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo. Li chak pati ki nan istwa a 2 fwa.*

 **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

### Ènès ap li

Ènès ap li pou mèt la.  
Mèt la mete linèt pou li li tou.  
Mèt la ap li, Ènès ap li tou.  
Ènès ap pale sou tout sa li ap li.  
Pi ta, Ènès ap li pou manman li.

## 3. Reponn kesyon (3 mn)

 *Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.*

 **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 *Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.*

**1. De kiyès istwa a pale ?**

**2. Kisa Ènès ap fè ?**

**3. Kisa mèt la mete nan zye l pou l li ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

(1) Mèt la mete linèt nan zye l pou l ka wè byen. (2) Mèt la mete linèt nan zye l pou l ka li byen.

**4. Kisa Ènès te fè pita ?**

**5. Èske Ènès renmen li ? Poukisa ?**

**Repons posib :**

(3) Wi, Ènès renmen li, paske li toujou pale de sa li sot li. (4)...


## Aktivite 9 Evalyasyon (2 mn)

 **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

**Repons posib :**

(1) Nou te aprann son /è/. (2) Nou te aprann ekri lèt « è » miniskil. (3) Nou te aprann mo vokabilè ki nan istwa a. (4) Nou te koute istwa : « Emil ap li pou mèt la ».

## Aktivite Lib

 *Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy "aktivite lib yo" ki nan nan kaye egzèsis la.*



# Leson 36 È

## Objektif:


- Dekouvri son ak non lèt /È/ .
- Distenge lèt « È » pami plizyè senbòl.
- Ekri lèt majiskil « È » byen.
- Koute epi konprann yon istwa pou reponn kesyon

## Materyèl :

- Liv lekti, leson 36 paj 52-53
- Kaye egzèsis, leson 36 paj 150-153

## Aktivite 1 Mizantren (5 mn)

### 1. Kontin (2 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa, li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou yo repete apre ou.*
- ☞ **Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou pandan n ap di chak silab nan kontin nan. Dènye fwa a, n ap di l pou kont nou. Nou konprann?**


O !! gade yon lakansyèl !

Li bèl, li gen koulè :




ble, jòn, vèt, wouj, vyolèt.

Li pa ni moun, ni bèt.

Mwen renmen gade lakansyèl.



-  *Felisite epi ankouraje elèv yo.*

### 2. Rapèl (3 mn)

-  *Ekri plizyè mo sou tablo a : Kè, soup, flannè, kafe, amè, tas, aktè, moto, lanmè, soukoup, mè. Chwazi 5 elèv pou yo vin antoure lèt "è" nan mo ki sou tablo a.*
- ☞ **Kiyès ki ka vin antoure lèt "è" nan mo ki ekri sou tablo a ?**
-  *Chwazi menm kantite fi ak gason pou fè aktivite sa a. Ankouraje elèv yo, verifiye si elèv yo antoure bon lèt la. Si yo gen difikilte fè yon lòt elèv ede yo.*
- ☞ **Jodi a, nou pral aprann idantifye epi ekri lèt « È » majiskil.**
-  *Toujou prepare tablo lekti a menm jan ak paj lekti « lèt, silab ak mo » ki nan liv lekti a, nan leson ou pral fè jodi a, anvan ou kòmanse.*

## Aktivite 2 Konsyans fonemik (6 mn)

### 1. Rekonèt premye son (4 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral aprann son lèt majiskil /È/. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Si mo sa yo kòmanse ak son /È/, leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak son /È/ mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?**
-  *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*
- ☞ **Son an se /È/. Mo a se : « Èlsi ».**
-  *Verifiye si elèv yo leve pous yo anlè.*

☞ **Lèt mo a se : « siman ».**

☞ Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an.

☞ **An n kontinye ak kèk lòt mo: Èla, sous, Ènès, Enòk, Ali, Èlsi, Andre, Nò, Èv.**

☞ Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.

**2. Di son ak non lèt la (2 mn)**

☞ Ekri lèt "è" miniskil ak lèt "È" majiskil sou tablo a. Fè elèv yo repete son tou lè 2 lèt yo : ("è" ak "È"). Fè yo repete son lèt /è/ miniskil la avan.

- Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse son lèt yo byen fò pou tout klas la.

☞ **Son lèt sa a se /è/, son lèt sa a tou se /È/.**

☞ Toujou sonje touche lèt yo sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse son lèt yo epi repete son yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :

☞ **Ki son lèt sa a ? (/è/). Ki son lèt sa a tou ? (/È/).**

☞ Si elèv yo gen difikilte, ba yo repons la. Fè elèv yo wè son /o/ ak son /O/ se menm.

☞ **Kounye a, nou pral aprann di non lèt yo ("è", "È").**

☞ - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a

- Pwononse non lèt yo byen fò pou tout klas la.

☞ **Non lèt sa a se "è" miniskil , non lèt sa a se " È " majiskil .**

☞ Toujou sonje touche lèt la sou tablo a pou elèv yo. Mande elèv yo pwononse non lèt yo epi repete non yo ansanm avèk yo. Poze elèv yo kesyon sa a :

☞ **Ki non lèt sa a ? ("è"), Ki non lèt sa a ? ("È") ?**

☞ Chwazi kèk elèv pou repete "non lèt yo". Si elèv yo gen difikilte pou reponn, di yo non lèt « è » ak « È ».

Touche lèt yo yon dènye fwa pou elèv yo sou tablo a pou ka fè yo konnen son lèt /è/ ak son lèt /È/ se menm.

**Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (16 mn)**

☞ Ale sou tablo a, ekri lèt majiskil sa yo: È, OU, È, S, È, P, È, s, M, È, O, S, N, È, A, S, È, K. Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt "È" pami lèt ki sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt majiskil "È". Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt "È" sou tablo a pou klas la.

☞ **Èske se lèt "È" majiskil elèv la antoure ?**

☞ Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt "È" majiskil yo.

**Egzèsis # 1 (4 mn)**

☞ Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè.

☞ **Nou pral fè egzèsis sou lèt ak son nou sot aprann nan. Pran kaye egzèsis la ! Nou pral ouvri liv la nan menm paj avèk mwen.**

☞ Ouvri kaye a nan paj 150 lan egzèsis # 1. Ekri # 150 lan byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.

☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Gade egzèsis la byen epi antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la. Ki lèt nou wè agoch ?**

**Repons posib :**

Yon lèt « È » majiskil

- ☞ Si elèv yo gen difikilte pou reponn, chwazi yon lòt elèv pou reponn. Apre sa di :
- ☞ **Chèche pami lèt ki nan bwat la, lèt ki menm ak modèl la. Antoure lèt ki menm ak sa ki nan wonn agoch la. Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ Bay elèv yo 2-3 mn pou yo fè egzèsis # 1 an. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Touche chak lèt ki nan bwat la pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "È" majiskil ?**
- ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt ki nan bwat la pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la. Epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "È" nan. Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

**Egzèsis # 2 (4 mn)**

- ☞ **Nou pral kontinye ak lòt egzèsis sou lèt "È". Toujou nan paj 150 lan, nan kaye egzèsis la.**
- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo toujou nan paj 150 lan, nan egzèsis # 2 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt "È" majiskil ki menm jan ak modèl la.**
- ☞ Mande elèv yo pou yo mete dwèt lendèks yo sou premye lèt ki antoure nan lis lèt yo. Verifye si elèv yo fè sa w mande a.
- ☞ **Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ Bay elèv yo 4-5 mn pou yo fè egzèsis # 2 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
- ☞ Touche chak lèt yo pou elèv yo epi mande yo :
- ☞ **Èske lèt sa a se lèt "È" majiskil ?**
- ☞ Poze elèv yo kesyon sa a pou chak lèt pou ka verifye si elèv yo antoure bon lèt la epi di yo efase wonn yo te fè a si li pa t sou lèt "È". Mande elèv ki fè erè yo pou yo konpare lèt yo antoure a ak modèl la, epi mande yon kamarad pou ede yo si nesesè.

Lesson 36 È

1- Antoure lèt ki menm ak sa ki agoch la.

A	È	E	S	È	S
È	L	È	È	E	S
A	È	D	S	T	È
S	E	È	T	È	E

2- Antoure lèt È majiskil yo.

È B A È N Y W È P I D T  
S T È I O È B V È P L Z È  
È O U S T A S A N E P T S È  
È S S È M V S È O U T È

150 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

3- Antoure lèt majiskil È nan chak mo.

KÈ	TÈT	SÈT	SÈPÈT

4- Konekte chak lèt miniskil ak lèt majiskil li.

l o è s p an


È L O P S AN

Aktivite lib





151 Kaye egzèsis 1<sup>e</sup> A.F.

**Egzèsis # 3 (3 mn)**


- ☞ **N ap kontinye ak lòt egzèsis toujou sou son /È/. Nan paj 151 an.**
- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Ekri # 151 an byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Pase verifye si elèv yo nan paj 151 an egzèsis # 3.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Antoure lèt majiskil "È" nan chak mo ki anba imaj yo.**
- ☞ Idantifye ansanm ak tout klas la tout imaj ki nan bwat yo.
- ☞ **Kiyès ki ka di klas la ki imaj li wè ki nan chak bwat yo ?**
- ☞ Chwazi plizyè elèv pou di ki imaj ki nan chak bwat yo. Ede yo si yo gen difikilte. Epi di :
- ☞ **Antoure menm jan ak premye lèt ki nan premye mo a, tout lòt lèt « È » ki nan mo yo. Nou konprann ? Kòmanse !**
- ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis #3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**

 Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak imaj yo antoure, ak chak imaj yo pa antoure epi di poukisa. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo.





### Egzèsis # 4 (3 mn)

- ☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou lèt "È". Toujou nan paj 151 an.**
  -  Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 151 an ak nan egzèsis # 4 la.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la! Konekte lèt ak konbinezon lèt ki menm yo.**
  -  Li lèt yo liy pa liy ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.
- ☞ **Konekte lèt ak konbinezon lèt ki menm nan 2 liy yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse!**
  -  Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 4 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  -  Chwazi 4 elèv (2 fi/2 gason) pou yo eksplike chak lèt yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.


## Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)

 Fè elèv yo reli liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la reli tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.


### 1. Lekti sou tablo (5 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  -  Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.
- ☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**
  -  Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.


### 2. Lekti nan liv (5 mn)


- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**
  -  Ouvri liv lekti a nan paj 52. Ekri # 52 a byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.
- ☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòme silab pou klas la ?**

Leson 35 ak 36      è È




  
kà


  
tèt


  
sèt


  
mèt

★ t → = -tè    s → = -sè    l → = -lè  
m → = -mè    n → = -nè    pl → = -plè

 an AN t T o O ou OU s S  
 tou tan tout sou sant sans sis soup soti sote tas  
 pè sè lè tè sèt lèt mè pèp mèt tèt nèp pèl tèt tè sès

 touse pansè lansè plati sante plato tennis plase timoun

 atè setè palè malè talè pèpè motè lasèt sèpèt palèt malèt linèt petèt planèt

 Li setè, mè la ap eple mo.  
Pa mete malèt Sam nan atè a.  
Ana, pote tas soup la pou papi.  
Petèt matant Eli ap soti talè.  
Papa Anita mete linèt pou li li.

52      Liv lekti 1<sup>e</sup> A.F.

- ☞ *Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.*
  - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.*
  - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.*
  - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.*
  - *Si yon elèv gen difikilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.*

## Aktivite Revèy (2 mn)

- ☞ **Kounye a, nou pral fè yon ti egzèsis.**
  - ☞ *Ekri tout lèt sa yo sou tablo : è, ou, e, s, è, p, è, m, è, o, s.*
- ☞ **Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la ki se « è ». Apre sa m ap chwazi yon elèv nan klas la. Elèv mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la ki se lèt « ou ». Apre sa, menm elèv la ap chwazi yon lòt elèv k ap gen pou di yon mo ki kòmanse ak lèt « e ».**
  - ☞ *Kontinye menm jan an ak lèt lòt lòt yo. Pa kite elèv yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.*

## Aktivite 5 Ekri lèt (15 mn)

### 1. Trase lèt «È» majiskil ak dwèt nou anlè, sou ban (3-5 mn)

- ☞ *Prepare tablo a menm jan ak paj ekriti ki nan kaye egzèsis la, nan paj 152 an. Avan elèv yo ekri lèt sou tablo a, fè yo trase lèt /È/ majiskil la ak dwèt yo anlè ak sou ban an. Kanpe nan menm pozisyon ak elèv yo lè w ap aprann yo trase lèt anlè.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt «È» majiskil anlè ak dwèt nou. Gade lèt majiskil «È» la byen. Mwen pral fè yon modèl pou nou, gade byen pou nou ka fè l menm jan avè m**
  - ☞ *Bay elèv yo 30 segonn pou yo suiv jès w ap fè a.*
- ☞ **Mwen trase yon liy vètikal soti anwo rive anba, apre sa trase twa liy orizontal menm longè, youn nan pwent anwo kole ak liy vètikal la, youn nan mitan kole ak liy vètikal la ak youn nan pwent anba kole ak liy vètikal la. Apre sa mwen fè yon liy toukout panche agoch sou tèt li.**
  - ☞ *Mande elèv trase lèt la anlè ak dwèt yo ansanm avèk ou. Kanpe an kan lè w ap trase lèt la anlè ansanm ak elèv yo, pou ka verifye si elèv yo ap trase lèt la byen.*
- ☞ **Kounye a, nou pral fè lèt « È » majiskil la ansanm : Mwen trase yon liy vètikal soti anwo rive anba, apre sa trase twa liy orizontal menm longè, youn nan pwent anwo kole ak liy vètikal la, youn nan mitan kole ak liy vètikal la ak youn nan pwent anba kole ak liy vètikal la. Apre sa mwen fè yon liy toukout panche agoch sou tèt li.**
  - ☞ *mande elèv yo trase lèt la sou ban an.*
- ☞ **Kounye a, nou pral trase lèt « È » majiskil la ak dwèt nou sou ban an pou kont nou.**
  - ☞ *Verifye si tout elèv ap trase lèt la ak dwèt yo sou ban an.*

## 2. Trase lèt sou tablo ak nan kaye bouyon (4-5 mn)

- ☞ Kiyès ki ka vin ekri lèt "È" sou tablo a sou liy sa yo?
  - ☞ Chwazi 2 fi ak 2 gason pou ekri lèt "È" sou liy ki sou tablo a. Si yo gen difikilte, reprann eksplikasyon an pou yo :
- ☞ Mwen trase yon liy vètikal soti anwo rive anba, apre sa trase twa liy orizontal menm longè, youn nan pwent anwo kole ak liy vètikal la, youn nan mitan kole ak liy vètikal la ak youn nan pwent anba kole ak liy vètikal la. Apre sa, mwen fè yon liy toukout panche agoch sou tèt li.
  - ☞ Fè elèv yo pran kaye bouyon yo pou yo ekri lèt « È » majiskil. fè yon modèl sou tablo pou elèv yo.
- ☞ Tout elèv pran kaye bouyon nou pou nou ekri lèt "È" majiskil. Suiv modèl ki sou tablo a. Gade l byen pou nou ka fè menm jan ak modèl la.
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye bouyon yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo.

## Egzèsis # 5-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 152 a ak nan egzèsis # 5 lan. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « È » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab ak mo ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

## Egzèsis # 6-Ekri lèt yo sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 153 a ak nan egzèsis # 6 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen lèt « È » majiskil la. Apre sa mande elèv yo pou yo kopye modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la.
  - ☞ Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri. Gade modèl lèt, silab, mo ak fraz ki nan kaye egzèsis la epi kopye yo sou liy kaye a.
    - ☞ Pase verifye si tout elèv ap trase lèt la ak kreyon yo nan kaye egzèsis la. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, reprann eskplikasyon pou elèv yo. Felisite epi ankouraje elèv yo

## Aktivite 6 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (11 mn)

Ènès ap li



Ènès ap li pou mèt la.  
Mèt la mete linèt pou li tou.  
Mèt la ap li, Ènès ap li tou.  
Ènès ap pale sou tout sa li ap li.  
Pi ta, Ènès ap li pou manman li.

Leson 35 ak 36 È-È


### 1. Li Istwa (5 mn)

- ☞ Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 53 la.
  - ☞ Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tande yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.
- ☞ Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!


### Ènès ap li

Ènès ap li pou mèt la.  
Mèt la mete linèt pou li li tou.


Mèt la ap li, Ènès ap li tou.  
Ènès ap pale sou tout sa li ap li.  
Pi ta, Ènès ap li pou manman li.

 Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. Mande youn li pou lòt epi pou yo touche chak mo y ap li.

☺ **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

 Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi 10 elèv ki poko li pou fè yo li istwa a pou kont yo.

**2. Reponn kesyon (8 mn)**

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

☺ **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

1. Ki tit istwa a ?
2. Pou kiyès Ènès ap li ?
3. Kisa mèt la ak Ènès ap fè ?
4. De kisa Ènès ap pale ?
5. Kisa Ènès pral fè pita ?
6. Kisa ou fè lè ou sot lekòl ?


**Aktivite 7 Evalyasyon (2 mn)**

☺ **Kisa nou te aprann nan leson jodi a ?**

Repons posib :

(1) Nou te aprann son /È/. (2) Nou te aprann ekri lèt « È » majiskil. (3) Nou te li istwa « **Emil ap li pou mèt la** ».

**Aktivite Lib**

 Si gen tan, fè elèv yo kontinye ekri lèt yo sot aprann nan sou liy “**aktivite lib yo**” ki nan nan kaye egzèsis la.

# Leson 37 Revizyon s, S, è, È

## Objektif :


Rekonèt son ak non lèt (s, S / è, È) .  
Distenge lèt (s, S / è, È) pami plizyè senbòl.  
Ekri lèt miniskil ak majiskil (s, S / è, È) byen.  
Koute epi konprann yon istwa

## Materyèl :

Liv lekti, leson 37 paj 54-55  
Kaye egzèsis, leson 37 paj 154-155

## Aktivite 1 Mizantren (3 mn)

### Kontin (3 mn)

-  *Rakonte tout kontin nan. Apre sa li l yon dezyèm fwa. Mande elèv yo pou repete apre ou.*
- ☞ Mwen pral li yon kontin pou nou. Koute byen. M ap li kontin nan yon premye fwa, sou dezyèm fwa a n ap repete l avèk mwen. Bat men nou chak fwa n ap di yon silab nan kontin nan. Dènye fwa a n ap di l pou kont nou. Nou konprann?


O !! gade yon lakansyèl !

Li bèl, li gen koulè :

ble, jòn, vèt, wouj, vyolèt.

Li pa ni moun, ni bèt.

Mwen renmen gade lakansyèl.

 *Felisite epi ankouraje elèv yo.*


## Aktivite 2 Konsyans fonemik (5-6 mn)

### 1. Idantifye premye son (4 mn)

- ☞ Kounye a, nou pral idantifye premye son s, S / è, È. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo sa yo kòmanse ak youn nan son sa yo /s/, /S/, /è/, /È/. Si li kòmanse ak youn nan son sa yo (/s/, /S/, /è/, /È/) leve pous nou anlè, si li pa kòmanse ak youn nan son sa yo (/s/, /S/, /è/, /È/) mete de men nou sou ban an. Èske nou konprann ?


 *Si gen kèk elèv ki pa konprann, bay yo plis eksplikasyon.*

- ☞ Son an se /è/. Mo a se : « Ève ».

 *Verifye si elèv yo leve pous yo anlè.*


- ☞ Lòt mo a se : « Tant ».

An n kontinye ak lòt pè mo pou son /è/: (amè/tas); (chat/Ènès).

 *Verifye si elèv yo mete men yo sou ban an. Epi swiv menm modèl son /è/ a pou son (/s/, /S/). Itilize pè mo sa yo: (Sèvis/tomat); (lapen/soup); (Serèt/ kawòt) sonje reprann konsiy nan lè w ap kontinye ak lòt son yo.*



- ☞ An n kontinye ak kèk mo ki genyen son (/s/, /S/):

Sèvis/tomat); (lapen/soup); (Serèt/ kawòt)




 *Si yon elèv gen difikilte fè yon lòt elèv ede l oubyen ede li ou menm.*







## 2. Di son ak non lèt (2 mn)

- 
 Ekri lèt sa yo (s, S / è, È) sou tablo a. Fè elèv yo repete son ak non tout lèt yo.
  - Touche lèt yo pou elèv yo sou tablo a pou yo repete yo byen.
  - Fè tout elèv yo repete son ak non lèt yo byen fò.
  - Chwazi kèk elèv pou di son ak non lèt ki sou tablo a.
- ☞ **Ki son lèt sa a ? (/s/) Ki non lèt sa a ? « s »**  
**Ki son lèt sa a ? (/S/) Ki non lèt sa a ? « S »**  
**Ki son lèt sa a ? (/è/) Ki non lèt sa a ? « è »**  
**Ki son lèt sa a ? (/È/) Ki non lèt sa a ? « È »**
- 
 Si kèk elèv gen difikilte, fè yon kamarad ede l, epi korije ansanm. Felisite epi ankouraje elèv yo.


## Aktivite 3 Rekonèt lèt yo (16 mn)

- 
 Ale sou tablo a, ekri lèt sa yo: S, I, s, R, è, S, È, R, S, è, s, S, È.  
 Chwazi kèk elèv pou vin antoure lèt (s, S / è, È) pami lèt ki sou tablo a.
- ☞ **Kiyès ki ka vin idantifye lèt « s » sou tablo a pou klas la.**
- 
 Bay elèv yon mn pou antoure lèt la sou tablo a. Apre chak elèv fin antoure yon lèt, mande klas la si se bon lèt la. Si se pa bon lèt la, fè yon lòt elèv pase sou tablo a pou korije epi idantifye lèt la. Retounen mande elèv ki te gen difikilte a pou l idantifye lèt la sou tablo a pou klas la.
- ☞ **Èske se lèt “e” miniskil elèv la antoure ?**
- 
 Site non elèv la lè w ap poze kesyon an. Kontinye menm jan an ak tout lèt (S, è, È) yo.
- ☞ **Kiyès ki ka vin idantifye lèt « S » majiskil ?**  
**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « è » miniskil ?**  
**Kiyès ki ka vin idantifye lèt « È » majiskil ?**

### Egzèsis # 1 (4 mn)

- 
 Pou chak egzèsis toujou vire kaye ou a anfas klas la epi mete dwèt ou sou egzèsis w ap fè a, pou tout klas la ka wè ki egzèsis pou yo fè. Ouvri kaye a nan paj 154 la egzèsis # 1. Ekri # 154 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete kaye a anfas klas la pou elèv yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan menm paj ak nan menm egzèsis ak ou.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Nwasi kare ki anba silab ki gen son /è/.**
- 
 Mande elèv li chak mo yo, avan yo nwasi kare ki gen son /è/ la.
- ☞ **Kiyès ki ka li byen fò pou klas la chak mo ki nan bwat la.**
- 
 Chwazi kèk elèv pou li chak mo. Si gen elèv ki gen difikilte, ekri mo a sou tablo epi li mo a ansanm ak elèv la. Epi fè l li mo a pou kont li.
- ☞ **Nwasi kare ki anba silab ki gen son /è/. Nou konprann ? Kòmanse !**
- 
 Pase verifye si elèv yo nwasi bon kare a. Si elèv yo gen difikilte pou fè l, mande yo pou yo konpare travay yo fè a ak kamarad yo. Si genyen ki fè erè mande elèv la korije erè a.

### Egzèsis # 2 (4 mn)

- ☞ **N ap fè yon dènye egzèsis sou mo. Toujou nan paj 154, nan kaye egzèsis la.**
- 
 Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 154 la nan egzèsis # 2 la.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte mo ki menm yo.**

3- Konekte mo ki sanble yo.

atè	• touse	• Touse
PANSE	• LASÈT	• ATÈ
lasèt	• Atè	• pansè
touse	• PANSE	• LASÈT

4- Kopye fraz la sou liy kaye a.

Mèt la mete lasèt la atè.

Leson 37 Revizyon s, s, è, è

- ☞ Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.
- ☞ **Konekte mo ki menm nan 2 kolòn yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 1 la. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

**Egzèsis # 3 (3 mn)**

- ☞ **N ap fè egzèsis # 3 a. Nan paj 155 lan.**
  - ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 155 la nan egzèsis # 3 a.
- ☞ **Mwen pral li konsiy lan pou nou. Koute byen pou nou ka fè egzèsis la ! Konekte mo ki sanble yo.**
  - ☞ Li mo yo kolòn pa kolòn ak tout klas la. Montre elèv yo modèl la epi di yo fè menm jan ak modèl la.
- ☞ **Konekte mo ki sanble nan 3 kolòn yo. Gade modèl la byen pou nou ka fè egzèsis la. Nou konprann ? Kòmanse !**
  - ☞ Bay elèv yo 1-2 mn pou yo fè egzèsis # 3 a. Pase nan ranje yo pou verifye si tout elèv yo konprann epi si yo ap fè egzèsis la.
- ☞ **Kounye a, nou pral korije ansanm.**
  - ☞ Chwazi 4 elèv (2 fi/ 2 gason) pou yo eksplike chak mo yo konekte. Mande lòt elèv yo korije erè yo te fè yo. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, mande yon lòt elèv pou ede l.

**Egzèsis # 4 - Kopye fraz sou liy kaye egzèsis la. (3 mn)**

- ☞ Mete kaye a anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj egzèsis la ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 155 la ak nan egzèsis # 4 la. Epi fè elèv yo idantifye paj ekriti ki genyen fraz la. Apre sa fè elèv yo pran kaye egzèsis yo pou yo ekri fraz la. Mande yo pou suiv modèl fraz la.
- ☞ **Tout elèv pran kaye egzèsis nou pou nou ekri fraz la. Suiv modèl fraz ki nan kaye egzèsis la. Kopye li sou liy kaye a.**
  - ☞ Pase verifye si tout elèv ap kopye fraz la nan kaye egzèsis. Si gen kèk elèv ki gen difikilte, ede yo. Felisite epi ankouraje elèv yo.

**Aktivite 4 Lekti lèt, mo ak fraz (10 mn)**

- ☞ Fè elèv yo li liy lèt, silab ak mo ou te ekri sou tablo a pou leson jodi a. Touche chak lèt/silab/mo nan lòd pou elèv yo ka wè ki mo pou yo li. Fè klas la li tout liy (lèt/silab/mo) yo ansanm epi chwazi kèk elèv pou li an dezòd lèt, silab ak mo yo.

**1 Lekti sou tablo (5 mn)**

- ☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab ak mo yo ansanm. Mwen pral touche chak lèt, silab ak mo yo pou nou ka li yo byen. Apre nou fin li liy lèt yo, nou pral fè lekti an etwal. Sa vle di, nou pral marye yo ansanm pou nou fòme epi li silab.**
  - ☞ Apre ou fin fè elèv yo li liy lèt la, kopye modèl lekti an etwal ki nan liv la sou tablo a pou yo ka fòme epi li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt elèv yo ap li.

☞ **Kounye a, nou pral fè lekti an etwal. Nou pral marye lèt yo pou nou li silab sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak lèt w ap marye pou fè elèv yo li silab yo.

☞ **Kounye a, nou pral li mo yo ansanm sou tablo a.**

☞ Bay elèv yo 2 mn pou yo li lèt yo sou tablo a. Pa bliye touche chak mo elèv yo ap li.

**2 Lekti nan liv (5 mn)**

☞ **Kounye a, nou pral li liy lèt, silab, mo ak fraz nan liv lekti a.**

☞ Ouvri liv lekti a nan paj 54 la. Ekri # 54 la byen gwo sou tablo a pou elèv yo ka wè l. Mete liv la anfas klas la pou elèv yo ka wè paj la byen. Pase verifye si elèv yo nan bon paj la. Chwazi kèk elèv pou li lèt, silab, mo ak fraz yo nan liv lekti a. Mande yo pou yo touche ak dwèt yo chak lèt, silab, mo ak fraz yo pral li.

☞ **Kiyès ki ka li liy etwal la pou li marye lèt yo pou li fòm silab pou klas la ?**

☞ Verifye si elèv yo ap marye lèt pou yo li silab yo byen. Epi fè yo li **liy palmis, bis, anana, chat ak pwason**. Toujou sonje fè elèv yo li liy yo an dezòd.

- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon lèt, mande yon lòt elèv ki li lèt la byen pou l li lèt pou kamarad li a. Apre sa fè elèv ki pa t ka li lèt la, li l byen pou tout klas la.
- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon silab, dekoupe silab la an lèt sou tablo a. Fè l li chak son lèt yo, fè l marye yo ansanm pou l di silab la.
- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon mo, dekoupe mo a an silab. Fè l li chak silab, fè l marye yo ansanm pou l ka li mo a.
- Si yon elèv gen difkilte pou l li yon fraz. Fè l li chak mo ki nan fraz la apa. Apre sa, fè l li fraz la vit.

**Aktivite 5 Konprann istwa pou nou reponn kesyon (8 mn)**

Soup Lina a



Lina mete poul epi patat nan soup la .  
Li pa mete ni piman, ni anpil pèsì.  
Li pa mete anpil epis nan soup la.  
Li mete anpil soup pou papa li. Li mete anpil

Leson 37 Revizyon s-S è-È

**1. Koute epi li istwa (1-2 mn)**


☞ Mete liv la anfas elèv yo pou yo ka wè nan ki paj istwa a ye. Pase verifye si elèv yo nan paj 55 la.

Li istwa pou elèv yo byen fò yon sèl fwa. Apre sa fè yo li istwa a 2 pa 2. Alafen chwazi kèk elèv pou li istwa a pou kont yo, byen fò, pou klas la. Mande tout elèv fè silans. Li ak bon ton, byen fò, nan bon rit, epi respekte poz yo. Si yo pa byen tandè yon fraz oubyen yon mo, reprann li pou elèv yo.


☞ **Kounye a, mwen pral li istwa a. Koute byen pou nou ka konprann epi reponn kèk kesyon sou istwa a. Nou pare ? M ap kòmanse li istwa a!**

**Soup Lina a**


Lina mete poul epi patat nan soup la .  
Li pa mete ni piman, ni anpil pèsì.  
Li pa mete anpil epis nan soup la.  
Li mete anpil soup pou papa li. Li mete anpil pou matant li tou.  
Li mete soup pou Tant Nina.  
Epi li mete soup pou li tou.

 Fè elèv yo li istwa a 2 pa 2. fè youn li pou lòt epi mande yo pou yo touche chak mo y ap li.


 **Kounye a, nou pral li istwa a 2 pa 2.**

 Bay elèv yo 4 mn pou yo li istwa a. Pase verifye si elèv yo ap li byen. Chwazi 10 elèv ki poko li pou fè yo li istwa a pou kont yo.

## 2. Reponn kesyon (4 mn)

 Toujou mande elèv yo pou reponn ak fraz ki konplè. Epi sonje chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou. Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si gen yon elèv ki genyen difikilte pou yo reponn yon kesyon reli pati ki gen repons lan pou li.

 **Koute kesyon sa yo byen epi reponn.**

 Chwazi elèv ki poko reponn kesyon ditou.

1. De kisa istwa a pale ?
2. Kisa Lina mete nan soup la ?
3. Kiyès Lina bay nan soup la ?
4. Èske yo konn fè soup lakay ou ? Kijan yo fè l ?

2018